



- 1 (Ki Arisbaya nglajêngakên dongèngipun kadhaton Kabarehan)
Ki Arisbaya nglajêngakên dongèngipun kadhaton Kabarehan. Sèh
Amongraga kairid manjing prênahing swantên anggêgiris, gumuruh pating
jalêrit kados lampahipun tiyang boyongan angili. Sèh Amongraga 4 dalu
wontên ing ngriku manungku puja.
Lampahipun kalajêngakên, andarung nurut ardi Sakêthi (gunung Sèwu),
ngambah rêdi Bungkak, Bau, Lèrèk, Kunci, Patak, Tekong lss. Dumugi ing
guwa Kalak, kapanggih Ki Lokasraya. Ing ngriku lèrêm 21 dintên, adus ing
patukan toya, lajêng tumurun dhatêng jêrambah badhe lumêbêt ing Song-
putri. Arêpit rakiting guwa, pintu guwa kados ruji karang mênconong.
Manjing Song-putri sumêrap langêning song, sangkêp kadi raja kaputrèn
endah, wontên ingkang kados pasareyan, sumbul lan pratula, kasur, bantal,
guling, pêponcèn lan pêthi. Mangandhap katingal kados langêning kaputrèn
amêpêksi.
Ki Lokasraya pratela bilih margi ing Song-putri rungsit sangêt, botên sagêd
mlêbêt kajawi ingkang katarimah.
Kaca 01 - 13

Jilid 8 - Kaca : 1

SÊRAT CÊNTHINI VIII

404 Wirangrong

1. Sèh Mongraga ngandika ris |
marang Ki Arisbaya lon |
yèn mangkono paman anira yun |
pan arsa udani |
têlênging Kabarèhan |
ayo paman Arisbaya ||
2. Muga tuduhna wak-mami |
marang prênahê kèdhaton |
Risbaya turira sandika wus |
tumindak lumaris |
mring wana Kabarèhan |
tan kari Ki Jamal Jamil ||
3. Mangalèr malipir wukir |
lêmpat-lêmpiting lèlêmpong |
prapta kayangan têtêngipun |
Kabarèhan wingit |
kèh têtuh taragnyana |

sawulu-wuluning wana ||

4. Pan dadi setan myang bêlis |
rumab sambang lélês jorong |
tuwêg jajanggitan blêg-kêthêkur |
thong-thongsot pipindhir |
lêlêmbut jajalanat |
menje kêlunthung thèthèkan ||
5. Bajangkêrèk olang-aling |
anja-anja lan bêbêthoh |
cicir myang kêmamang ilu-ilu |
kêblak banas-pati |
tulah gêladrang lekrang |
antu grêgês tulah-braja ||
6. Mangkana Sèh Amongragi |
nèng paseban rawa rumpot |
lire pawêrangan rawa rumbut |
nulya ngalèr malih |
wana ing kêrabyakan |
tambak calêrong bêbêgan ||
7. Rawa Pakuwon awingit |
lêrês têtênging kédhaton |
langkung wingitira lêbêtipun |
kédhaton kang wus nis |
wontên saka satunggal |
agêng nèng têngahing rawa ||
8. Kinubêng wit cangkring-cangkring |
myang druju gabus lan mendhong |
sobrah dukut rawa ganggêng tunjung |
biru putih kuning |
toyanya wêning maya |
-maya nyarong kadya kaca ||
9. Sèh Mongraga kawan ratri |
nèng Kuwon têtêng kédhaton |
wana Kêbarèhan lamun surup |
swara lir yaksa ngrik |
myang sima agêluran |
kadya surak mawurahan ||
10. Umyung swara gora tri |
muring lêmut lawan jingklong |
golongan pêpanthan agrêgunuk |
salumbung gêngnèki |
lumampah awêwêngan |
jêjagowan kêkêbowan ||
11. Kumêrab amyang tinggi |
pacêt lingsêng rês-êrêspoh |
bêlatung kêpinjal sêmut-latu |

Jilid 8 - Kaca : 2

- caplak lalêr wilis |
 mabyungan tanpa rungwang |
 sawêr ulêr ting sêlasar ||
12. Kêtonggèng myang kalajêngking |
 kêlabang dan babak-salo |
 tuma tumpa-tumpa uyêl timbun |
 angrèp ngêsèt ngintip |
 gumrêmêt pal-êmpalan |
 wêl-wêlan sabodhag-bodhag ||
13. Jamal Jamil kirig-kirig |
 cêbrik sarwi atêtakon |
 marang Arisbaya marmanipun |
 kèh kang (ng)gêgilani |
 dêdulon nora kaprah |
 sukêr jênês jêjêmbêgan ||
14. Arisbaya anauri |
 sarwi bisik-bisik alon |
 têtêng Kabarèhan (ng)gih puniku |
 wus adat kadyèki |
 kabèh pan brêkasakan |
 rupa sawiyahing rupa ||
15. Rawa ing Pakuwon nguni |
 tilas kêdhaton ajêmblong |
 sang ratu Mahraja Sasrabau |
 katêlah samangkin |
 malah angkêr kaliwat |
 tan kenging kambah ing janma ||
16. Yèn ta sampuna wong èdi |
 bëndara-(n)dika nèng kono |
 amêsthi yèn gagrag kari balung |
 kewala ngalithik |
 (n)dika mangsa suweya |
 sakêdhap netranging sirna ||
17. Gêtih dagingira gusis |
 pinangan ing porang potho |
 tan kari samêrang dalah sungsum |
 balung kari aking |
 kang sato nora pêjah |
 jilma mara jilma pêjah ||
18. Dhêlêg-dhêlêg Jamal Jamil |
 anjonblong ulate cêlom |
 karo pandirangan myarsa tutur |
 tyasnya samya miris |
 yata Sèh Amongraga |
 nèng Pakuwon pakarêman ||
19. Kèh swarane sabên ratri |
 pating jlêrit kadya uwong |

jalwèstri nom tuwa sru gumuruh |
lir wong ngalih-alih |
usung-usung dandanan |
durung gambuh panggenannya ||

Jilid 8 - Kaca : 3

405 Gambuh

1. Samya gègèr gumuruh |
setan mêmêdi lawan lélêmbut |
kêblak anggas têluh tula-braja cicir |
janggitan lan ilu-ilu |
thèthèkan thong-thongsot gonggo ||
2. Bêbêthuh blêg-kêthuthur |
gidrah-gêladrah ludrêg kalunthung |
wèl-wèl lêthêg kulekah lêngkrah pipidhir |
budhur bênglêng lêngêr saput |
rumab anja-anja jorong ||
3. Mangkana swaranipun |
payo kabèh padha lunga gupuh |
ngungsi paran awêdi têmên nèng ngriki |
ana tumbal kang linuhung |
lah payo gage ambolos ||
4. Tan bêtah akukuwu |
anèng kene awak rêmak-rêmpu |
nora kuwat bêbalung lir dènlolosi |
ting jarêlih nguwuh-uwuh |
payo padha ngalih ênggon ||
5. Gumêdêr swaranipun |
sawusira praptèng kawan dalu |
Sèh Mongraga nabda mring Arisbayèki |
èndi malih kang dinulu |
kang angkêr-angkêr ing kono ||
6. Arisbaya umatur |
datan wontên malih mung puniku |
ing Pakuwon tilasing têtênging puri |
wingit pribadi kalangkung |
Sèh Mongraga lajêng menggok ||
7. Mangetan marang gunung |
gunung Watulakar wastanipun |
punthuk alit anèng pipinggiring rawi |
praptèng nginggil wontên watu |
lir blandar lagya cinathok ||
8. Sadalu anèng ngriku |
samy bubar-bubar dhêmitipun |
ingkang saking Pakuwon akesah malih |
samy jrih marang kang rawuh |
sadya anglês alolos ||

9. Sèh Mongraga amuwus |
payo paman Arisbaya mudhun |
lan kang êndi margane ingkang abêcik |
karsèngsun kewala laju |
dalane ingkang mangulon ||
10. Mring guwa Kalak têngsun |
Ki Arisbaya alon umatur |
inggih ardi Sèdhèng punika ing mangkin |
mangidul (n)jok ing Selakarung |
nuntên mangilèn kemawon ||
11. Risbaya wusnya matur |
Sèh Mongraga anulya tumurun |
lèngsèr saking wana Kabarèhan nênggih |
ardi Sèdhèng menggok ngidul |
praptèng Selakarung ngaso ||
12. Pan punthuk Selakarung |
apan guwa Sraboja ing riku |
Sèh Mongraga alon dènnya ngandika ris |
paman Arisbaya uwus |
wangsulèng-ngriku kemawon ||
13. Paman manirarsa laju |
maring Kalak mung tuduhna têngsun |
Arisbaya umatur sarwi nor-ragi |
lamun parêng sang abagus |
saparan tan nêdya adoh ||
14. Sèh Mongraga amuwus |
ya wus bangêt paman tarimèngsun |
samyandum salamêt lunga kang kari |
Arisbaya lon umatur |
inggih kawula rumojong ||
15. Nulya salaman gupuh |
Arisbaya anungkul (n)dhêkukul |
gantya asêsalaman Ki Jamal Jamil |
wus samyandum rahayu |
Arisbaya kantun ing (ng)gon ||
16. Laju ing lampahipun |
saking Selakarung (n)jujur gunung |
lêlêmpitan jurang pèrèng lêmah miring |
nusup rêngkêding wanagung |
mangalèr anungsun sunglon ||
17. Sungloning samodra gung |
ngêlojok sabêngawan gêngipun |
lir narmada tukang kêlangkung jronèki |
kadhang sinabrangan prau |
kadhang nut kewala menggok ||

Jilid 8 - Kaca : 4

18. Ing klathak wastanipun |
 ngalèr-ngilèn lampahé andarung |
 tan ana dirgamèng wanadri kaèsthi |
 anasak galagah rayung |
 kang ruwêd ing wana bondhot ||
19. Prapta ing ardi Puthut |
 tanah wana Sidakêrsa nêngguh |
 kalih ratri dènnya rêrêm anênêpi |
 sawusnya nulyènjing laju |
 lampahé anduduk-wuloh ||

406 Mègatruh

1. Sèh Mongraga andarung lampah lêstantun |
 nut tirah ardi Sakêthi |
 ardi Bungkak ardi Bau |
 ardi Lèrèg ardi Kunci |
 ardi Papak ardi Tekong ||
2. Ardi Patra ardi Gita ardi Bêruk |
 ardi Kèrèn ardi Cawik |
 ardi Dhandhang ardi Srumpung |
 ardi Lunjar ardi Dadi |
 ardi Sanga ardi Terong ||
3. Ardi Anggamaya ardi Karangulu |
 ardi Bodhèh ardi Mrunggi |
 mêngga nut ngidêri gunung |
 prapta ing Kalak Mongragi |
 tumamèng guwa amanggon ||
4. Langkung sangêt karênan dènnya andulu |
 pasang rakiting guwa sri |
 lir paseban singupipun |
 guwa Kalak tinon wingit |
 majêng ngetan mujur ngalor ||
5. Wiyaripun pangalore pêcak satus |
 wiyare pangilènnèki |
 apan pêcak pitungpuluh |
 pinggir lir langse ngalêngkin |
 angayu-apu wiwiron ||
6. Langiting paseban pan inggilipun |
 sangang dhêpa winatawis |
 wiwarane wiyaripun |
 pêcak kawandasa nênggih |
 têngah kori watu togog ||
7. Ing paseban rakite lir wong mêmantu |
 lir gubah ngalèmbèh asri |
 tuwuhan pisang lan têbu |
 cêngkir samya karangputih |

Jilid 8 - Kaca : 5

gatra tumèmplok anggêbyog ||

8. Karang putih barêsih lir gulabatu |
pêthak sumilak gumringing |
sadaya rurupanipun |
kang lir ulam jrohan daging |
sangkêp saulaming kêbo ||
9. Kang sumêlap kang cumanthèl myang gumantung |
warna-warna lir sayêkti |
ambêngan pênak bubucu |
panggang sumêlap atharik |
myang asahan lir sêsugoh ||
10. Samya watu-karang pêthak sadayèku |
yata Ki Sèh Amongragi |
sakêlangkung sukèng kalbu |
ningali rekaning rakit |
rakit lir lagya mêmanton ||
11. Nèng gigilang sela langking dènya lungguh |
pinggir pisan lèr gyannèki |
ing dhampèng rong anyakêdhung |
wus rêtêm Sèh Amongragi |
nulya tumamèng marang jro ||
12. Ironing guwa kèh kèsi-kèsi kadulu |
wiyaripun winatawis |
apan pêcak kawanatus |
kilèn sapêngetannèki |
godhange mujur mangulon ||
13. Pangidule pêcak satus-pitungpuluh |
rolas dhêpa inggilnèki |
Prabadalêm wastanipun |
ingapit pagêr kakêlir |
kiwa têngên mujur ngalor ||
14. Kang sagodhag kilèn pêtamanan agung |
kang godhag wetan Song-putri |
Prabadalêm têngahipun |
dene sakilèning kori |
jêmbangan carat mancorong ||
15. Isi toya kêbak apan tundha têlu |
satundha jêmbangan katri |
nyalodhok ngubêngi lumbung |
kang satundha malih katri |
dadya pitu gêng sawiyos ||
16. Sèh Mongragi siram nèng jêmbangan agung |
tan labêt têtêsing warih |
asêgêr sariranipun |
nging tan têtês dening warih |

Jilid 8 - Kaca : 6

srêp ayêm angganya raos ||

17. Langkung rahmat raose sariranipun |
pirêna nikmating kapti |
Jamal Jamil datan adus |
awak kêbês dening warih |
têlês rambute kumocor ||
18. Suprandene gêrah-uyang raosipun |
panas rungsang angganèki |
Mongraga mèsêm andulu |
mring wong roro Jamal Jamil |
ing sasmita wus karaos ||
19. Nulya mring taman kilèn asri dinulu |
reka-rekane lir kitri |
samya jinêmbangan nglajur |
kang lir gagarmayang rakit |
ana kang kadya paidon ||
20. Kang lir pendah kursi lawan payung-agung |
kang kadya gênthong kalênthing |
miwah kadya sumbul wakul |
ana lir kurungan paksi |
ana kang kadya garêbong ||
21. Samya sela pêthak maya-maya mancur |
ingajêngan sadayèki |
sangkep sining taman-santun |
gumilap pating parêlik |
samya ngrêrênjêp amompyor ||
22. Miwah kang lir gangsa sarancakanipun |
kathah kang kadya tup saji |
tuwin lir palangkan payung |
nulya Ki Sèh Amongragi |
mucung lampahe mangulon ||

Jilid 8 - Kaca : 7

407 Pocung

1. Yata wau nyabrang kali mili ngidul |
pan sapênggêlangan |
jrone kang lèlèpèn alit |
wiyarira apan amung salumpatan ||
2. Nulya (n)dulu rakite wisma lir tajug |
ingapit balumbang |
alit pêsagi bot-rawi |
ingubêngan kakêmbangan jinêmbangan ||
3. Pan ing ngayun wrana gapura palêngkung |
lir rinênggèng patra |
patrapan anut ing pinggir |
winastanan punika ing Pasanggaran ||

4. Anèng ngriku Sèh Mongraga wolung dalu |
atangat palilah |
ing dalu tahjut lan tèsbih |
amunajat salat mualat kiparat ||
5. Pan sumungku kalangan dènnira sèkung |
anèng Pasanggaran |
tokit mansuh ing Hyang Widdhi |
anêlaskên suhulira mring Hyang Suksma ||
6. Sawusipun anutug dènnya sumungku |
Ki Sèh Amongraga |
nulya angayêngi malih |
wontên ingkang kapyarsa lir muni gêntha ||
7. Tinarutus ing lèr-wetan prênahipun |
nut têpi laleyan |
tigang tikung pan kêpanggih |
apan tètèsing tirta kang tibèng toya ||
8. Saking luhur tumètès clêrènging ranu |
cumêngkling lir gêntha |
mèsêm Ki Sèh Amongraga |
Jamal Jamil ngucap jawane ngumandhang ||
9. Tètèsipun kang muni lir gêntha tuhu |
Ki Sèh Amongraga |
anapis taman tulya sri |
kang sêngkêran kabèh mancorong lir gèdhah ||
10. Nulya wangsul mring têngah jarambahipun |
wontên karang saka |
kadya tambining kang wringin |
agêngira cinakêpan gangsal dhêpa ||
11. Kang (m)bing kidul karang gêng-agêng kadulu |
ingkang kadya kothak |
gêrobog kêmbu myang pêthi |
ting janggêlêg mèpèt ing pinggir atata ||
12. Nginggilipun kamar agêng tilam arum |
apan inggilira |
saking jêrambah watawis |
kawan dhêpa yèn minggah mèdal ing andha ||
13. Andhahipun agilig kadya galugu |
sendhe pojok wêtah |
tar mawi tataran kèdhik |
lus kewala mompyor lir galugu gèdhah ||
14. Duk andulu Mongraga ciptaning kalbu |
kalangkung sukèng tyas |
dangu tumênga manginggil |
iku paran baya panggonanning apa ||

15. Lawang luhur ingapit lir payung-agung |
mancur amarkata |
rênyêp lir gêdhah sinuji |
têka ngêndi margane bisa amungguh ||
16. Baya iku kang sumendhe lir galugu |
nèng pojok ing wetan |
dene tan tutug mênginggil |
kadung kurang sadêdêg têka ing lawang ||
17. Yata wau Sèh Mongraga karsanipun |
amanjat ing andha |
wus puput ing andha nginggil |
kadung kirang inggilipun salunjakan ||
18. Astanipun gagap-gagap kang mêngdhukul |
myang kêrowok ingkang |
kinarya gondhèlan nginggil |
nulya antuk cêlowokan ingayatan ||
19. Kang mêngdhukul ginujêngan mancad gupuh |
Mongraga wus mungguh |
praptèng satêpining kori |
myang rakiting anjurudêmung tyasira ||

408 Jurudêmung

1. Yata wau Sèh Mongraga |
karênan dènnya andulu |
guwa nginggil lir tilam-rum |
tumamèng jro patilaman |
rêngggane kumêngdhung-kêdhung |
lir pinajang lèk murwèndah |
samyã gumêbyar umancur ||
2. Ingapit ing gagar-mayang |
kalangkung asri dinulu |
karang mancorong lir murub |
awor gêbyaring sêsaka |
sangkêp rêngganing jinêm rum |
sumbul kang kêngdhi pratula |
kasur guguling krang ulu ||
3. Lêlangitan ingkang têngah |
tulyèndah lir payung-agung |
wiwiron tundha tri luhung |
myang kang anèng kering kanan |
kêngdhaga lante tutunggul |
sangkêp ingkang upacara |
samyã gumêbyar sadarum ||
4. Mangilèn ujuring kamar |
jêrambah kang pinggir kidul |
karang mundri kadya gênuh |
drês katètèsan ing toya |

saking nginggil tukung ranu |
kêbês rêmbês umês toya |
katandha ilining ranu ||

5. Ambêlik anèng jêrambah |
Sèh Mongraga sukèng kalbu |
cipta jênak anèng ngriku |
tumingal langêning kamar |
ngunandika jroning kalbu |
baya ingkang karya tilam |
sujanma ingkang linuhung ||

Jilid 8 - Kaca : 9

6. Punjul sêsaminging guwa |
guwa tan ana kadyèku |
karya langêning pandulu |
wau Ki Sèh Amongraga |
nèng kamar dènnya sumungku |
priyangga ngêningkên tingal |
tan kacambor ing pandulu ||

7. Anungge maring Hyang Suksma |
anjamak kasraning wêktu |
dadya neka wêktu-wêktu |
ing dalêm sêlikur dina |
mupid wiridira mansuh |
tanjèhing wêktu ijabah |
wus tan aroro pandulu ||

8. Layap cêngêng kalêngengan |
kang cipta rasa wus luyut |
wilayat gaibul guyub |
kumplang plêng tan kumalêndhang |
mulyèng wang-wang wung-uwung |
tan wawêngkon datan tuwang |
judhêg cunthêl thok-thêl munthu ||

9. Tan kêjêp liyêp tan kêdhap |
ewuh murading asuhul |
tan kêna dinugèng kalbu |
yèku jaman ing kahnêngan |
mênêng sakalir tan mujud |
tan sirna tan kawistara |
mung Hyang Suksma kang Maha Gung ||

10. Anèng jaman kaelokan |
kewala pribadinipun |
wus langgêng nora sakuthu |
mangkana Sèh Amongraga |
jênêk dènnira manêkung |
lepya wus tan kawêranan |
angga lir kayu katunu ||

11. Santri ro Ki Jamal Jamil Jamal |
tan sagêd minggah mandhuwur |

anèng sor kewala mupus |
pan sasuka-sukanira |
kalamun karasa lêsu |
mêdal mring jawi ngupaya |
wohwohan katela gantung ||

12. Tan pati ana nyamikan |
ing Gunung Kalak pan suwung |
mung pring pirang-pirang dhapur |
tan ana lyaning wit-witan |
namung sawiji pring apus |
ardi ingkang kering kanan |
akathah nyamikanipun ||

13. Ardi Lawa ardi Buntal |
ardi Kêmbang ardi Pagut |
ardi Wire ardi Brayut |
ardi Bunar ardi Pada |
ardi Sanggar ardi Têruh |
ardi Wênang ardi Simbar |
ardi Candha ardi Puguh ||

14. Anjajah Ki Jamil Jamal |
tulatèn angundhuh-unduh |
nangka kuwèni kêlayu |
nanas bendha pisang kidang |
suwêg uwi gadhung walur |
gowok kêtos lan widara |
lo wilada têbu sawur ||

15. Apan kongsi patang dina |
angubêngi gunung-gunung |
ngambil wowohan ingundhuh |
kang matêng-matêng pinangan |
karone suka ing kalbu |
tan eling tunggu bêtandara |
Ki Jamal alon amuwus ||

Jilid 8 - Kaca : 10

16. Jamil payo maring guwa |
lamun bêtandara andulu |
ring manira lan sirèku |
manawa winastan minggat |
sumaur ya payo wangsul |
mring guwa ngadhêp bêtandara |
kang mirongrong amung kayun ||

409 Wirangrong

1. Yata wau sang Mongragi |
nèng guwa Kalak amanggon |
wus salikur dina anèng ngriku |
luwaran Mongragi |
asiram nèng patukan |
sêgêr angga mari lupa ||

2. Sawusnya siram anuli |
Mongraga tumurun alon |
prapta ing jêrambah karsanipun |
malbèng ing Songputri |
gogodhag ingkang wetan |
mêdal saking lor marginya ||
3. Ngandika mring Jamal Jamil |
lah payo malbèng marono |
samyat tur sandika sigra laju |
marang ing Songputri |
tumama ing wiwara |
arêpit rakiting guwa ||
4. Lawang ing guwa lir ruji |
ruji karang amêncorong |
tan sêdhêng dinuga langkung ciut |
korining Song-putri |
mangkana Sèh Mongraga |
umangsuk sêdhêng kewala ||
5. Ki Jamal Jamil tan kenging |
masuk samya sêsak karo |
tan kêna pinêksa dadya kantun |
wong roro nêng (n)jawi |
pan anganti kewala |
yata Ki Sèh Amongraga ||
6. Myat langênipun guwa putri |
sangkêp saliring perabot |
raja kaputrèndah rekanipun |
kang kadya tilam mrik |
angapit kêmbat-mayang |
sumbul kawalan pratala ||
7. Parsikan kasur-guguling |
reka gatrane lir yêktos |
kêndhaga kêkawal karangulu |
poponjèn lan pêthi |
nginggil têngahing tilam |
lir sagung agung sajuga ||
8. Sumilak putih nêlahi |
kabèh mancorong sri tinon |
sira Sèh Mongraga nulyandulu |
wontên kori malih |
malang lawanging guwa |
patute kadya salêpa ||
9. Nulya linêbêtan aglis |
sumusup sarwi angesot |
pan kalih landheyan têbihipun |
butule kang kori |
apan anjog mangandhap |

wiyar godhaging gêdhongan ||

10. Tan pae ingkang kaèksi |
rakiting tilam kinaot |
sangsaya murwèndah kaputrèn mêmêki |
nulya na malih lawang |
arêpit pipit lêmplitan ||

Jilid 8 - Kaca : 11

11. Kadya gubahan lélêngkin |
sigra linêbêtan ing jro |
nut wironing karang siluk-siluk |
têkukaning margi |
anjok malih mangandhap |
wiyar godhaging jarambah ||
12. Tan prabeda rakitnèki |
tilam sangsaya di kaot |
mubyaring parêngga sri dinulu |
lir maniking warih |
sabên sawiji tilam |
lir payung agung kêmbaran ||
13. Wontên karang anaritis |
ing luhur pinggir kang kulon |
kumucur toyanya tètèsipun |
tibèng sor lir grimis |
kirihi ngalèn lir talang |
cêlowok dadya bêtêngan ||
14. Balumbang alit ambêlik |
Sèh Mongraga duk sira non |
tirta ing antara sukèng kalbu |
ngambil toyastuti |
salat nèng karang kamar |
ambengatkên tangatira ||
15. Pan tigang ari tri ratri |
dènnya nênpèpi ing kono |
tan na katingalan jroning nêkung |
ing sasmita tunggil |
tan ewah kadya saban |
têrate tuwuhing tawang ||
16. Anungge langgêng tan gingsir |
ing sasmita wus anggathok |
ing cipta tan mamang trusing kalbu |
mangkana Mongragi |
sawusira tri dina |
luwar saking pajungkungan ||
17. Asiram pèrês nèng bèji |
toya tilasing rêraos |
sawusnya siram karsanipun trus |
tumulya umijil |

cipta laju kewala |
tan giris andarung lampah ||

410 Girisa

1. Yata Ki Sèh Amongraga |
wus mijil saking jro guwa |
prapta ing (n)jawi kêpanggya |
mring santri ro Jamil Jamal |
Mongraga alon ngandika |
lah payo laju kewala |
ngalor nut paraning karsa |
santri ro matur sandika ||
2. Nulya wontên janma prapta |
satêngah kapara tuwa |
saking dhukuh Wanasêkar |
Sèh Mongraga lon ngandika |
ki sanak ngêndi wismanya |
lawan sapa arannira |
umatur ingkang liningan |
kawula pun Lokasraya ||
3. Marêk kula ing paduka |
(n)tuk punapa anèng guwa |
alon dènnya angandika |
manira santri ngumbara |
moyang ing saparan-paran |
Jamil Jamal nambung sabda |
kula sojar ingandika |
(ng)gih wakane Lokasraya ||
4. Apan wus salikur dina |
(ng)gubêk jroning guwa Kalak |
rèh pun adate ing Kalak |
pundi kang dadya mampangat |
Lokasraya naur sabda |
adate kang kalampahan |
sadaya dadi pratandha |
uwuk lan angsaling karya ||
5. Yèn masuk sajroning guwa |
apadhang tan mawi pandam |
barang rurupan katingal |
tandha lamun kinalilan |
luwar tyase kang asusah |
yèn tiyang tan angsal karya |
guwa pêtênge kaliwat |
obor kadhang asring pêjah ||
6. Dene kang angkêr priyangga |
pêpundhèn ing guwa Kalak |
apan sêkawan panggenan |
kang dhingin Jêmbangan carat |
ping kalih ing Pasanggaran |

Jilid 8 - Kaca : 12

ping tiga ing Kamar-dalêm |
ing Song-putri sêkawannya |
pan samya dadya ngalamat ||

7. Yèn Jêmbangan gêng akêbak |
adus utawa kêramas |
barang kajate glis prapta |
lan malih ing Pasanggaran |
kucur balumbang bak toya |
kaline mili bantaran |
tamtu enggal kang sinêdya |
yèn tan manggih bêgja asat ||
8. Pucêt sakèhing rurupan |
lan malih ing Kamar-dalêm |
yèn tiyang kang bisa mungguh |
yêkti gêng nugrahanira |
kèh tiba lajêng pralaya |
ingkang tan sinungan bêgja |
dene ing Êsong-putri ka |
kang sêdhêng utawa longgar ||
9. Lujêng sasêdyane têka |
yèn tiyang datan kalilan |
pêsthi sêsak sariranya |
lêngêne mangsa sêdhênga |
de lampah (n)dika punika |
kalangkung angsal nugraha |
Mongraga mèsêm ngandika |
paman donga pakênira ||
10. Manira iki supaya |
olèh sawabing sasmita |
wus paman rika kariya |
andum waluya kewala |
manirarsa alêlana |
nuruti paranning karsa |
tan wruh wêkasaning lampah |
umatur ingkang liningan ||
11. Lamun parêng ingkang karsa |
ngong-aturi mring wismamba |
kawula atur sugata |
angling ya wis sun-tarima |
gya pining sêsalaman |
myang Jamal Jamil salaman |
Lokasraya myat Mongraga |
lir mas tumimbaling toya ||

Jilid 8 - Kaca : 13

411 Maskumambang

1. Gya umangkat wau Ki Sèh Amongragi |
pan angalor-ngetan |
nut awan ardi Sakêthi |

- Lokasraya tuduh marga ||
2. Tigang èdhèng dènnira atuduh margi |
nèng ardi Salumbat |
rarywan Mongraga lingnya ris |
wus paman rika baliya ||
 3. Anèng kene kewala pan wus utami |
rika tuduh marga |
Lokasraya matur aris |
inggih kang margi punika ||
 4. Lamun wontên margi sisimpangan ngarsi |
nyidhat ngilèn ngiwa |
sampun paduka margèni |
kang têngên kewala ngetan ||
 5. Anjog ardi Bêlah ngêncêng ngalèr mangkin |
margi gêng kang kambah |
tiyang papasaran sami |
Sèh Mongraga angandika ||
 6. Bangêt trimèngsun mring pakênirèki |
saksana umangkat |
lan santri ro Jamal Jamil |
kapungkur ingkang tinilar ||
 7. Sèh Mongraga mahawan ing wana wukir |
nabrang kali Kêrta |
nut tirah-tirahing wukir |
jujurang sêngkan sinêngkan ||
 8. Ardi Curak ardi Purak ardi Mangir |
ardi Surawana |
ardi Jaya ardi Lusi |
ardi Burat ardi Dara ||
 9. Ardi Singgat ardi Putat ardi Kili |
ardi Watukapa |
ardi Susur ardi Putri |
ardi Bêrèk ardi Setra ||
 10. Ardi Rapang ardi Borang ardi Cicil |
ardi Sukadana |
ardi Kamal ardi Jubris |
ardi Kawat ardi Sarang ||
 11. Pan andarung lampahe Sèh Amongragi |
pan samarga-marga |
guwardi kèh dènampiri |
guwa Prècèt guwa Wawal ||
 12. Guwa Karas guwa Kakar guwa Riris |
myang guwa Saroja |
guwa Gonjak guwa Têlik |

guwa Tasik guwa Sulang ||

13. Guwa Kolor guwa Sumbêr guwa Titis |
guwa Padhangbulan |
guwa Tèlèng guwa Kingkin |
guwa Traya guwa Gatra ||

2 (Laju ngalèr-ngetan turut rêdi Sakêthi, ngambah rêdi Salumbat)
Laju ngalèr-ngetan turut rêdi Sakêthi, ngambah rêdi Salumbat, Curak, Purak,
Bêlah, nyabrang lèpèn Bêndha, manjat malih dhatêng Sênggami ningali Tlaga
Madirda, pangombening kuda sêmbrani. Nuntên minggah dhatêng pratapan
Andong-dhadhapan ing wukir Rêtawu. Wontên ng ngriku sêkawan dalu.
Kaca 14 – 15.

Jilid 8 - Kaca : 14

411 Maskumambang

14. Praptèng ardi Bêlah Ki Sèh Amongragi |
aso samya rarywan |
byar enjang umangkat malih |
lampahe lir pêksi nila ||

412 Dhandhinggula

1. Prabaning Hyang Surya duk umijil |
mabang ngujwala sumirat ing rat |
andipani ron rumêmbe |
prêdapa lung mabangun |
sumaringah katrangan dening |
Hyang Aruna sumunar |
narawung sawêgung |
kèsi-kèsining kanangrat |
gambiraya lir wadya pinatuk ing sih |
kabênang ing narendra ||
2. Parintising bun tumamèng sari |
-sari ruru sinrang ing sadpada |
panjrah têtêp nèng têpi we |
sêndhang lwah-lwahing parung |
tirta wêning maya mêlangit |
alangan tiningalan |
myang pêksi munyarum |
jêgigèring sata-wana |
mrak manguwuh nyangungong nèng êpang garing |
dêruk munya sauran ||
3. Kapyarsa sri swarèng pêksi-pêksi |
mawurahan lir samya nêmbra |
mring sang mahawan marang ke |
pupujèng harjèng laku |
miwah sato kewan wanadri |
kabrasat asak-sakan |
mangsit rowangipun |
aywa na wani nukarta |
mring janma di kang lagya lèlana anis |

nastapa brangtêng Suksma ||

4. Sèh Mongraga ing lampah lêstari |
anabrang ing lèpèn Kalibêndha |
ardi Bayangan sukune |
manjat malih ing ngayun |
praptèng puncak ardi Sênggami |
ninggil wontên têtalaga |
Madirda rannipun |
bungase watu pêtatar |
tuwin watu canthèng watu kènthèng langking |
pèrèng jurang lorodan ||
5. Kiwa têngên ing ardi Sênggami |
kinubênging ardi lit-alitan |
lêt jujurang èrèng-èrèng |
ardi Gêdhong ardi Puh |
ardi Ambên ardi Cêmêthi |
nulya ardi tataban |
ardi Palon nêngguh |
kandhane kang kuna-kuna |
pratapane Arjuna ardi Sênggami |
padhepok ing Andong-bang ||
6. Sèh Mongraga karênan umèksi |
ing têtèping talaga Mandirda |
anyarong wênèng toyane |
wontên gigilang agung |
anèng ranu kapering pinggir |
kalembakaning toya |
koplak-kaplikan sru |
lir kêploking tandhak raras |
ingayoman wrêksa gêng trênggulun bibis |
ngarongkop sagayuhan ||
7. Sèh Mongraga nèng gilang tri ratri |
samyang anglangi angiras siram |
enggal nglanting busanane |
sawusnya anèng ngriku |
Sèh Mongraga ngidèri têtèpi |
-ning têtalaga Madirda |
kalangkung kayungyun |
nulya minggah mring pratapan |
ing Andong-bang anèng sapucaking wukir |
Rêtawu kang asrama ||
8. Sela kumalasa gêng amagir |
sri kinubêng ing sêkar sêtaman |
mirir mrik arum gandane |
kathah swaraning manuk |
samyang rêbut wowohan sami |
prêkutut acêngklungan |
manggung ukung langu |
Sèh Mongraga nèng Andong-bang |

Jilid 8 - Kaca : 15

kawan dalu sumungku suhuling Widdhi |
anêrang-nêrang cipta ||

9. Wusnya kawan (n) dalu anèng wukir |
nulya tumurun saking pratapan |
laju kewala lampahe |
ngalèr ngetan nut gunung |
wus kapungkur gunung Sênggami |
praptèng dhusun Wiraka |
wontên wong mêmacul |
Ki Jamal Jamil tatanya |
lah kang pundi prênahe ardi Dalêpih |
sinauran kêdhatwan ||
10. Datan kenging ngriki ginagampil |
sasat angoko tan mawi krama |
sampun (n) dika gluwah-gluwèh |
Ki Jamal mèsêm manthuk |
(ng)gih apuntên (n) dika kiyai |
kang pundi ing kêdhatyan |
manirarsa (n) jujuk |
nauri inggih punika |
nanging ingkang ngatos-atos yèn kêsarik |
owêl maksih taruna ||

413 Sinom

1. Sira Ki Sèh Amongraga |
laju lampahira aris |
saking ing dhusun Wiraka |
ngidul ngetan mring Dalêpih |
wana ing Pilangputih |
anarêcêl rêdinipun |
margi sungil silukan |
lêlêmpong sukuning ardi |
ardi Gawar ardi Rêngu ardi Tantra ||
2. Ardi Cuwak ardi Girang |
ardi Cênthung ardi Upih |
ardi Kopyah ardi Growah |
ingkang cêlak ing Dalêpih |
cêlangaping bènawi |
ing Dalêpih sirahipun |
kêdhung Grunggung sibêkan |
gugulune kang bènawi |
pan ingapit ardi Jalak ardi Pasah ||

3 (Tumuju rêdi Dalêpih pinanggih tiyang macul suka pmut supados ngatos-atos)
Lajêng tumuju rêdi Dalêpih pinanggih tiyang macul ingkang suka pmut supados ngatos-atos. Ngambah dhusun Wiraka (têlatah Wanagiri), lajêng ngidul-ngetan dhatêng Dalêpih. Marginipun rumpil sangêt. Sakêthênging Dalêpih kasêbut wana Tirêban. Lampahipun nurut Bêngawan dumugi Dalêpih ingkang kinubêng ing rêdi alit-alit. Katingal kewan-kewan agêng-agêng kathah sangêt. Sèh Amongraga lajêng manungku puja, wêkasan sagung ingkang katingal sirna. Inggang kaping kantun swantênging lurah lélêmbut.

Saluwaring manungku puja, Sèh Amongraga angsal sasmita sumêrap sêkar sumringah ing Calêrèng. Toyanipun bêning sangêt, ing lèbêtipun katingal krikil manca-warna mawi cahya, lajêng dumugi ing guwa Sela-munggul, katingal kados danawa agêng. Ing lèbêtipun katingal sela langking kadosdene rakiting patilêman. Wontên guwa nama Jatha-ratu Kênyapuri. Miturut dèdongengan Dalêpih punika kèdhatonipun ratu Widanangga, ip. putranipun ratu Kidul ing Tunjungbang (sêgantên Kidul) patutan saking Prabu Angin-angin. Sang Ratu Kidul anggêntosi dados ratu ing sagantên Kidul, lajêng kagarwa dening Panêmbahan Senapati. Putranipun, ratu Widanangga ugi kagarwa Panêmbahan Senapati, ibu lan putra dados maru. Sakalih-kalihipun anjagi wahyuning kraton Mataram. Ratu Widanangga ing dharatan, Ratu Kidul ing samodra.

Kaca 16 - 19

Jilid 8 - Kaca : 16

413 Sinom

3. Arumpil karang kêrakal |
 cucuri rangah angêri |
 ardi Jamak kang pinangka |
 sakèthènge ing Dalêpih |
 wus langkung ardi kalih |
 ing Tirêban wananipun |
 nut têtipping bêngawan |
 kang kilèn dènya manginggil |
 prapta ing Calêrèng Dêlpih Sèh Mongraga ||
4. Kinubêng ing ardi Anak |
 ardi Gajah ardi Kuning |
 ardi Tundha ardi Rujak |
 ardi Babal ardi Putri |
 ardi Kêkêp ardi Brit |
 ardi Dhandhang ardi Gêlung |
 praptèng pakêming arga |
 Sèh Mongraga aningali |
 buron wana watara ngêbêki arga ||
5. Sato gêng jibêg kumêrap |
 buron alit pênuh pipit |
 sungsun timbun nêng kêkaywan |
 sangkêp sèsining wanadri |
 kêkayon tan rupa wit |
 gèbèl dening kêthêk lutung |
 wahu wa warangutan |
 luwak trênggulung trênggiling |
 wrêgul rase kuwuk garangan jêlarang ||
6. Apêpanthan tan caruban |
 myang kidang mênjangan kancil |
 kikik mawar ajag yungyang |
 mesa lawung danu nunggil |
 macan bêlacan sing-sing |
 gogor sênggrut samya ngumpul |
 wirog wraha lan landhak |
 bajing cirurut myang pithi |

jêjêl jibêg supênuh swara ruhara ||

7. Tan kèksi siti kèbêkan |
ing sato kewan wanadri |
mangkana Sèh Amongraga |
rêgu tyasira tan wingwrin |
myat godhaning pangèksi |
laju tumama mring ranu |
anèng sela gigilang |
Jamal Jamil tansèng wuri |
samy marêp ngidul-ngilèn dènya lênggah ||
8. Sêkala ardi swabawa |
jumêglug gumlêgêr ping tri |
sigra buron wana sigra |
lir Hyang Kaladurga angrik |
buron kang alit-alit |
angabyag ambyur ing ranu |
samy anyirab tirta |
sarta swaranya gora ngrik |
lir udan drês sinêmèni mawurahan ||
9. Sakwèh kênas buron wana |
mrih goda anggigilani |
sêjatine brêkasakan |
awarni sato gêng alit |
yata Sèh Amongraga |
angipatakên ru-biru |
mêgêng napas sêsangat |
ngusap walikate kering |
nir syuh sirna tan ana labêting godha ||
10. Nora na kari samêndhang |
puluh lir duk wingi uni |
Jamal Jamil arêrasan |
bênêr jare kang nuturi |
luwih amamêdèni |
ing Dlêpih prabawanipun |
baya dhayang lulurah |
marentah sakèhing pidhir |
bêthur dhuruk kèh (ng)gêgodha mring wong brangta ||

Jilid 8 - Kaca : 17

414 Asmaradana

1. Wau Ki Sèh Amongragi |
nênggak anêngan nèng sela |
gigilang têngah Calêrèng |
cêngêng sawêngi rong dina |
dènya angikis driya |
luwar dènnira têpakur |
sukur ing Hyang Mahamulya ||
2. Wontên sasmita kaèksi |
têrate sêkar sumringah |
anèng têngahing Calêrèng |

- maya-maya kawistara |
tyas nuksma ing sasmita |
tawakup narimèng kalbu |
luyut paningal mawantah ||
3. Mangkana Sah Amongragi |
rêsêp dènnira tumingal |
ing Dlêpih botrawining we |
kêlangkung wêninging toya |
lir tan ana kang toya |
têlêsing udaling ranu |
katiyungan ing selarga ||
4. Nyakêdhung singub ngaubi |
maring sapalihing sêndhang |
sumingêp atis toyane |
ulam gêng-agêng liwêran |
sangkêp warnining ulam |
myang ulam ing samodra gung |
samyã gantya manjing mêtal ||
5. Ki Jamal Jamil ningali |
kêrikil sadhasar toya |
awarna-warna tulise |
krêsna seta pita rêta |
dadu myang kapuranta |
ijo biru miwah wungu |
tuwin ingkang manca-warna ||
6. Mancur kaujwalèng warih |
sêndhang krikile sêsotya |
gêng alit samya mênçorong |
wong roro angum ing toya |
krikile samya lumayu |
gogo karikil sotya |
kêsit tan kêna cinandhak ||
7. Kang anèng pêtasan pinggir |
jinumput mring Jamil Jamal |
milar mancolot krikile |
mring Calêrèng mor ing kathah |
ginagap datan kêna |
wong roro samya gumuyu |
sarwi mojar garundêlan ||
8. Bilah ngakokakên ati |
iki apane kang mawa |
lir urip ana matane |
wêruh yèn arsa cinandhak |
kumalepat akêbat |
kongsi (ng)gêbibir tan antuk |
ah payo wus padha mêtas ||
9. Gya ngrasuk bêbêd kulambi |
Sèh Mongraga mèsêm mulat |

mring wong roro lon dêlinge |
lah payo mangkat mahawan |
midêr-midêr ngasrama |
santri ro ngandika gupuh |
umangkat Sèh Amongraga ||

10. Ngajênging ardi Dalêpih |
pan tanah wana ing Pilang |
-putih Dlêpih têtatahe |
salêbak sukuning arga |
sangkêp kang sêkar-sêkar |
sumrik mirir gandanya rum |
rumêsêp angraras driya ||

Jilid 8 - Kaca : 18

415 Mijil

1. Sang wingit myat asrining kang wukir |
kèh kitri nêdhêng woh |
pisang sinang suluh ing uwite |
isthanira lir cadhang binukti |
tuduh raos manis |
marang sang marlêsu ||
2. supayane rêrêm tyas mangun sih |
labêting kawahyon |
lir mangkana pra wowoh isthane |
nanging Ki Sèh Mongraga tan ngèsthi |
mring raos angikis |
kalising pênyatu ||
3. Namung Jamal Jamil kang ngucêmil |
tansah ngundhoh-undhoh |
woh-wohan kang matêng-matêng pinèt |
laju dènnya ngayêng Sèh Mongragi |
yata aningali |
guwa gêng asingup ||
4. Lêlêmpênging ing ardi Dalêpih |
ingkang kidul kulon |
kadya cangkêming buta patute |
sela kêbo pan sundhul ing nginggil |
jèjèr nêm angapit |
kadya untunipun ||
5. Kanan kiri balêdhuging ardi |
lir pipi yèn tinon |
nginggil guwa sela munggul gêdhe |
magir kadya irunging rasêksi |
gumuk sela putih |
kiwa têngênipun ||
6. Kadi netrane Hyang Kala runtik |
anguyap jagad wor |
tarulata rawudan dhukute |
simbar pakis wisa-marta wiring |

- jêjalèn pênjalin |
lir wok bris anjêmbrung ||
7. Sèh Mongraga mèsêm myat ing ardi |
rakite mangkono |
lir ringgiting dhalang buta gêdhe |
Kumbakarna mên dhêm ing pratiwi |
pupucaking ardi |
lir makuthanipun ||
8. Gya tumamèng jro guwa Mongragi |
karênan tumonton |
kadya cêthak têlak sayêktine |
kanan kering sela gêng atharik |
kadya bam sayêkti |
pasang patutipun ||
9. jrambah sela kasap têngah margi |
mulu ngetan ngulon |
kadya ilat madal bam rakite |
ing lak-lakan wontên kang kaèksi |
sela-lus amundri |
satilam gêngipun ||
10. rakit langse tilase lalangking |
lir gubah sinerong |
sela êmbam ambêlik toyane |
guwa jatha ratu kênyapuri |
Dalêpih kinanthi |
marang Ratu Kidul ||

Jilid 8 - Kaca : 19

416 Kinanthi

1. Sajarah ratu lêlêmbut |
ratu Wida-nangga Dlêpih |
ngadhaton ing guwa Jatha |
Ratu Kidul kang sisiwi |
ngadhaton anèng ing Tunjungbang |
sami ratuning dhêdhêmit ||
2. Putra dadya marunipun |
Ratu Kidul Ratu Dlêpih |
puniku patutannira |
lêlêmbut Prabu Ngin-angin |
kinarya sirna dening Hyang |
Ratu Kidul gumantya Ji ||
3. Kramantuk ratu linuhung |
Panêmbahan Senapati |
ing alaga Ngèksiganda |
mulyakkên agama Nabi |
winahyu sura jayèngprang |
kang sinêmbah ing Matawis ||

4. Ratu Dlêpih Ratu Kidul |
kagarwa (n)Jêng Senapati |
dadya bu maru lan putra |
rumêksa wahyuning aji |
tah-têlatah nungsa Jawa |
ing dharatan Ratu Dlêpih ||
5. Ing samodra Ratu Kidul |
samyâ rumêksèng narpati |
Senapati ing alaga |
awayuh prayangan pêri |
ratu-ratuning lèlêmbut |
ing dharatan ing jêladri ||
6. Apan wus ubayanipun |
prapta ingaluri-luri |
narendra ing tanah Jawi |
satrahe (n)Jêng Senapati |
maksih dadya garwanira |
tan pae pangrêksanèki ||
7. Mangsuli caritanipun |
yata Ki Sèh Amongragi |
nèng sajroning guwa Jatha |
dènnya nènèpi nèm ratri |
nènègês ngèningkên cipta |
prapta ing wêkasan jati ||
8. Luwaran dènnya manêkung |
ngandika mring Jamal Jamil |
lah payo laju kewala |
matur sandika umiring |
wus linggar saking ing guwa |
ngalor-ngetan anut wukir ||
9. Ardi Suwêng ardi Sêrung |
ardi Burêng ardi Bêdhil |
ardi Ngok ardi warangan |
ardi Ponjèn ardi Cangkring |
ardi Rob ardi Pangantyan |
ardi Kitha ardi Bathil ||
10. Ardi Grabah ardi Kêthu |
ardi Wangsa ardi Kaki |
ing Cêmpurung ardi Gêdhang |
ardi Krêsna ardi Abrit |
mudhun ardi Sêkarjingga |
kapungkur ardi lit-alit ||

4 (Anjajah rêdi Lawu, kacariyos punika pakayanganipun para dewa)
II. Sèh Amongragi minggah lan anjajah rêdi Lawu, kacariyos punika
pakayanganipun para dewa ing cariyos ringgit purwa.
Sèh Amongragi dalah pandhèrèkipun nglajêngakên lampah ngalèr-ngetan
dumugi ing rêdi Lawu, langkung wot-watu (andha sela) dumugi Pangaribaya,
manjat dumugi ing Marcukundha, watu (cakra) Srêngenge, kèndêl wontên ing

Pakêlêngan, nuntên wontên prabawa, kaping suwantên jumêgur, pêtêng ndhêdhêt anglimputi, raos kékês asrêp anglangkungi, sarta kaping kados suwantênipun tiyang surak-surak ing têngahing paprangan.

Lampahipun kalajêngakên minggah dhatêng Arga-dalêm nglangkungi Prêpat-kapanasan, dumugi Arga Diyèng, Sèh Amongraga lèrêm ing Arga-dalêm 3 dalu, lajêng nêrusakên lampah dhatêng Arga-dumilah dumugi Pakayangan ing puncak sela binatur sinangga ing kajêng tajug. Dumadakan sumêrap jalak gadhing (jêne) sajodho niyup rêbut dhucung, ing pratingkah tédah margi. Sanalika jalak kaêtutakên arahipun saengga kadosdene sumêrêp ingkang kédah katuju. Lampahipun anjog ing kawah Candradimuka. Salajêngipun tansah manut aburipun jalak gadhing. Ing ngriku lajêng lènggah ing sela Mandragini; ing dèdongengan punika papan panyiksan. Lampahipun lajêng dumugi ing Karang-kawidadarèn, têrus dhatêng Sanggar-gung lan rêdi Pêthapralaya, laju ngidul-ngetan dumugi Tinjomaya, têrus dhatêng Cêmara-sèwu, mandhap anjog Têlaga-pasir, têrus dumugi ing Têlaga-sandi, Jalak gadhing tansah pitédah margi.

Lajêng manjat malih saking dhusun Gandasuli, nuntên dumugi ing Sela-banthèng, Cêmara-lawang, guwa padhas. Kacariyos sabên Wuku Galungan, ingriku kathah sima ingkang anggêrogoti padhas lajêng kinêmah-kêmah, dhatêngipun sima ingriku andulur kathah. Lampah katêrusakên tumuju Arga-dalêm. Dumugi ing Jati Jêmpina ing puncak rêdi Tiling pakarêman ingkang wingit sangêt, janma mara janma mati; punika pakayanganipun Sanghyang Giri-nata. Botên wontên tiyang ingkang ngambah ing ngriku kajawi ingkang sampun linangkung, botên giris manahipun. Ing ngriku Sèh Amongraga, botên giris manahipun, lajêng manêkung, katarimah.

Kaca 20 - 31

Jilid 8 - Kaca : 20

417 Pangkur

1. Praptèng tunggangan balumbang |
ing bëlumbang kèndhiting Pringgadani |
tanah Pancot lurahipun |
ing Gandasuli wetan |
mangkat sing bëlumbang manjat ardi Lawu |
mêdal ing Cêmarawayang |
ing Bukur pêngarip-arip ||
2. (n)Dêdêr ing jurang mangungang |
watu goling lire wot ugal-agil |
Jamal-Jamil gringgah-grungguh |
kidih-kidih anapak |
gagrunêngan bilah priye kiye iku |
jurang jro tan lumrah-lumrah |
wot dènciki golang-galing ||
3. Mandah apa kacêmplunga |
Jamal (m)bêkuh (m)buh-êmbuh kang dera ngling |
wus kêlangkung ing wot wau |
praptèng Pangaribaya |
manjat malih ing Marcukundha mandhuwur |
ing watu srêngenge prapta |
jangkêp tundha pitu kori ||
4. Kèndêl anèng Pakêlêngan |
wusnya raywan arsa nêtêr manginggil |

- gya prabawa ardi Lawu |
sirêp sidhêm sakala |
pan jumêgur swabawane ardi Lawu |
baskara tan kawistara |
pêtêng (n)dhêdhêt anglimputi ||
5. Laban thathit aliwêran |
gumaludhug dhêg-dhèr wawar wor riris |
mêsês bayu bajra lesus |
angidit maputêran |
nêmpuh parang jurang jro sigrong gumrungung |
sumruwung asru srang-srangan |
sumiyut pancawora writ ||
6. Gênjot jêt-jêt bumi kontrag |
lindhu pêtak rag-rêg arga grak-grik |
rêg gung agra guntur kêtuk |
pêpangon sela gêmpal |
sol wrêksa pang sêmpal kapêrapal pupul |
sru kasrêg ing angin gora |
gara-gara rêh kagiri ||
7. Gêlap kumupak mabungkak |
ngakak anglir panjriting nagagini |
pêcut pracalita lacut |
pracandha mawalikan |
pan kumocak muncat talaga jumêgur |
mahagni ing palirangan |
kumukus mulêg nampêki ||
8. Gandarum sangêt sumêngak |
suwat-suwut balêdhèg ambrêbêgi |
dhêg dhèr gêdhor mawa lindhu |
lêlêdhèk anggêladhag |
tanpa rungyan gora-godha syuh gumuruh |
pêpêdhut mangampak-ampak |
têdhuh dhêdhêt irawati ||
9. Kumêrut kang rungkat larat |
lon swara sru lir janma surak jurit |
kulon lor wetan myang kidul |
gumêrah anêrambah |
barung ruring arga gogrog sru gumêbruk |
brag-brêg orêg anggrêg-grêgan |
bumi gonjit gonjang-ganjing ||
10. Kadya cêpol gumalimpang |
ron-ron rontog mambrak anjrah ing siti |
ardi Lawu lir sinêrtu |
binirat ing Hyang Kala |
ngamah-amah ing rat arga wera ngêjur |
Sèh Mongraga tyas tan wang-wang |
wawêngkon durmaning ardi ||

Jilid 8 - Kaca : 21

418 Durma

1. Sangsaya sru tatêruhing pancabaya |
sakêdhap tan ngêndhani |
swara byung barungan |
jumêbrèt abrèt-brêtan |
sumêlèt gumrêbêg angrik |
sindhung prakêmpa |
kampita tang pratiwi ||
2. Lir tinawu talagardi makêburan |
watu kol kumba têmbis |
mètyagni makantar |
lon paloning parbata |
pucak thêl bêtur samyardi |
byaha ru-ara |
pok wukir moglak-maglik ||
3. Bumi bêlah watu cêplok sing bantala |
kajêblèsing wiyati |
lir gêlap sayuta |
malêdug anggalêpang |
lirna kang kayu-kayu wit |
jadhêl kabungkah |
rungkat kèrit ing angin ||
4. Siwat-siwut sumêbut kadya sêsawat |
sabêtan samya sêbit |
bat-bêt ababitan |
bongkoting wit tan bangkat |
bangêt kabuncang ing angin |
datanpa rungyan |
bantala ngawiyati ||
5. Ing akasa balêdhèg galudhug gêlap |
bubungkak tan ngêgopi |
ring pratala arga |
gograg barubuh |
kasrambah prahara tarik |
angantariksa |
lir pangriking rasêksi ||
6. Mèwu-èwu barêng gro sakêthi yuta |
gumlêgêr manêngkêri |
ngêbêki bawana |
ngumandhang anèng tawang |
mina sato wana pêksi |
brusah bur buwah |
kabrasat mèsat posit ||
7. Kumarutug nyêblok saking ngawang-awang |
sato kewan wanadri |
lir udan mangambak |
sungsun atumpa-tumpa |
myang udan sela karikil |

Jilid 8 - Kaca : 22

udan wrêksa swal |
barung adrês dan riris ||

8. Miwah jawah wêlirang murub kantaran |
tumpêr wangwa kaywa king |
yayah lir kiyamat |
kairub angin topan |
barat pangruwat sakalir |
bajra pênjara |
ngasut ngebat-ebati ||
9. Makêtêring buwana kabina-bina |
Jamal Jamil (n)drêmimil |
gumêtêr plok-plokan |
sira Ki Jamil Jamal |
rumasa tan manggih urip |
Sèh Amongraga |
ngikis tyasira wingit ||
10. Luyut lêngut tan kêjêp dènnira layap |
sang monêng tyasnya wèning |
kongsi tigang sangat |
danguning gora godha |
tan antara riris-aris |
sirna byuh ilang |
anggambuh lir winuni ||

419 Gambuh

1. Tan ana labêtipun |
sakêdhik kang ron mirungga runtuh |
miwah ewah-ewahe sadayanèki |
tan ana singsal salêmut |
bumi kayu watu wutoh ||
2. Mongraga luwar ing kung |
Jamal Jamil bingar ulatipun |
alon angandika marang santri kalih |
lah payo manjat mandhuwur |
maring arga Dalêm kono ||
3. Sandika aturipun |
nulya mangkat lon-lonan wong têlu |
langkung arga Rêpat-kêpanasan nênggih |
arga Dièng gya manguntur |
praptèng arga Dalêm manggon ||
4. Pan kongsi tigang dalu |
anèng arga Dalêm pan sumungku |
bakda Subuh umangkat manjat manginggil |
ngidul ngilèn inggahipun |
mring arga Dumilah kaot ||
5. Korinya sungsun têlu |
ing bantal têngên ping kalhipun |
satu tapa lan kawi-rêja kang kori |

praptèng pêkayanganipun |
arga Dumilah minaon ||

Jilid 8 - Kaca : 23

6. Pucak sela binatur |
sinanggar ing wrêksa têkang tajug |
anèng riku Sèh Mongraga kalih ratri |
karsanira laju-laju |
angayêngi kang wawêngkon ||
7. Ing pawukiranipun |
lêbak punthuke ing ardi Lawu |
wus mangkana umangkat lampahira ris |
nulya na pêci kadulu |
jalak gadhing niup mencok ||
8. Colot-colot nèng ngayan |
pan sajodho mibêr rêbut dhucung |
lamun têbih jalak gadhing angêntèni |
isthanya lir tuduh-tuduh |
marga simpangan kang menggok ||
9. Yata wau tinurut |
jalak gadhing wruh paranning laku |
datan têbih tan cêlak kang jalak gadhing |
munggah tinurun tinurut |
cipta tan watir katlangso ||
10. Karsanira ing kalbu |
mring kawah Candradimuka nêngguh |
saking arga Dumilah kang jalak gadhing |
sapanan kewala tinut |
amêgat margi mangisor ||

420 Mêgatruh

1. Praptèng kawah Candradimuka alungguh |
anèng sela Mandragini |
ing kuna pirantinipun |
duk masih jaman Dewarsi |
ênggèn pasiksan ing kono ||
2. Yèn wus santi makidhupuh anèng ngriku |
anèng sela Mandragini |
sigra cinêmplungkên gupuh |
mring kawah kang molak-malik |
lêbur tanpa dadi tinon ||
3. Sèh Mongraga dènnya nêpèpi tri dalu |
sawusnya gya mangkat malih |
umanjat ngetan mandhuwur |
masih jalak gadhing prapti |
anggrêmani lampahnya lon ||

Jilid 8 - Kaca : 24

4. Sêdya mring Karang-kawidadarèn nêngguh |
ardi Mayang dênayêngi |
kawah Candradimuka gung |
atêpung sukuning ardi |
Dumilah kang kidul-kulon ||
5. Saubênge arga Mayang sadayèku |
ing Pawidadarèn wingit |
sakèhing kang dhukut kruwut |
samyang angambar mrik wangi |
tan ana ganda kang awon ||
6. Sukêt-sukêt lang-alang galagah rayung |
kaywan gêng alit mawangi |
lir tilam ingukupan rum |
kasilir maruta milir |
lir jêjêbadan marbuk wor ||
7. Prapta ingkang wêkas kilèn wastanipun |
ing Cakrakêmbang tulyasri |
sangkêp sawarnining santun |
nagasari widasari |
puring patramênggala gong ||
8. Parijatha manis rêja-rêja sagung |
atata marik maripit |
ngubêngi sela sanggar gung |
sanggar Ginêng ranirèki |
Mongraga nèng kono manggon ||
9. Anèng Sanggar Gênêng amung kalih dalu |
bakda Subuh lajêng malih |
ingkang sinêdya ing kalbu |
ing Pêthaprêlaya ardi |
mucung jalak gadhing katon ||

421 Pocung

1. Anèng ngayun jalak tuduh marga ayu |
Jamal Jamil ing tyas |
lir jalma si jalak gadhing |
yèn wus tutug si jalak anuli ilang ||
2. Lampahipun nulya prapta kang jinujug |
ing Pêthapralaya |
nèng ngriku namung saratri |
laju ngidul ngetan marang Tinjomaya ||
3. Mung sadalu laju mring Cêmarasèwu |
mudhun malih ngetan |
maring ing têtêga pasir |
sadalu gya mring tlaga Sandi sadina ||
4. Jalak pingul tansah tuduh margèng ngayun |
wangsul malih manjat |
saking dhukuh Gandasuli |

5. Lampahipun menggok ngilèn margi ciyut |
rumpil mung satapak |
trêjunging jurang ambamping |
sêdyanira mring guwa Sagala-gala ||
6. Nèng margèwuh pipitan kang watu-watu |
pangol ginocèkan |
nulya non (n)dhampèng andhêmping |
padhas putih sela gêlur wastanira ||
7. Jamal Jamil wong roro kandhêg ing laku |
ningali pragalba |
wêkasan samya (ng)garoti |
mamah padhas nèng dhampèng pating kalemprak ||
8. Ciptèng kalbu iku paran marmanipun |
macan doyan padhas |
athèmol lir mangan daging |
sami kagyat mulat ing janma manungsa ||
9. Asru gugup pakewuh palayunipun |
tan ana simpangan |
sor jurang jro nginggil ardi |
dadya mèpèt muringis ngisis siyungnya ||
10. Sèh Amongkung tar wangwang mahawan laju |
sima tan nukarta |
mung gêrêng-gêrêng muringis |
Jamal Jamil tyase pyang-pyang maskumambang ||

422 Maskumambang

1. Wus kalangkung (ng)gyanning sima kang (ng)gêroti |
kang Sidadya guwa |
yèn nuju wuku sawiji |
Galungan parase sima ||
2. Jamal Jamil lumampah sarwi anolih |
aningali sima |
lumaku ngetan nut margi |
lunga prapta gènti mara ||
3. (n)Dulur lima (n)dulur nêmbang anggènti margi |
marang Selapasah |
ing arga Gêlur (ng)garoti |
padhas kang kinêmah-kêmah ||
4. Lamun ora Galungan têrkadhang kadhing |
marang Selapasah |
siji loro datan pati |
kaya yèn wuku Galungan ||

5. Yata Amongraga lampahira ririh |
wus ombèr kang marga |
luk-lukan manjat sakèdhik |
tantara anulya prapta ||
6. Anèng guwa Sêgala-gala Mongragi |
wiwaraning guwa |
abuwêng lir lènging bédhil |
winatara kawan dhêpa ||
7. Majêng ngidul-ngetan ngongkang jurang trêbis |
ngarsèng kori guwa |
sela gêng-agêng namung tri |
sela Kandhêm sela Gajah ||
8. Sela Pakan minangka tutup ngalingi |
kang pama wêrana |
jèjèr sumbul lan sela tri |
kang kêkaywan pakis gêlar ||
9. Arèn majêr tan owah amung sauwit |
sira Sèh Mongraga |
tumama mring guwa wingit |
jro kêncêng datan (n)jlêgodhah ||
10. Datan pati kaot wiyare lan kori |
lir lènging sanjata |
lêbêtira winatawis |
saonjotan wirangrongan ||

423 Wirangrong

1. Alêmpêng sumingêp wingit |
jrone mujur ngalor ngulon |
pan sela kewala sadayèku |
sela blêg lan siti |
ing kanan kering kathah |
gêng alit têrusan guwa ||
2. Kang samipa wiyarnèki |
tan petungan ting palongo |
Ki Sèh Amongraga anèng ngriku |
apan pitung ratri |
angandhas nèng pantongan |
lawange katon sabendha ||
3. Tan ana toya saprintis |
sumuk panas lir dèn-obong |
Ki Sèh Amongraga sru sumungku |
sukurirèng Widdhi |
nikmat tyas kajênêkan |
nèng guwa Sagala-gala ||
4. Agorèh Ki Jamal Jamil |
tan tahan grah lir ginodhog |

tansah manjing mêdal sadayèku |
angupaya warih |
tan antuk mung wowohan |
manis-rêja parijatha ||

5. Tan patya kèh angsalnèki |
sawusnya ngundhuh-undhuh woh |
masuk jroning guwa cêlak pintu |
ingkang radi isis |
yèn kajêron tan kuwat |
panas grah kadya pinanggung ||

Jilid 8 - Kaca : 27

6. Mangkana wus pitung ratri |
Mongraga dènnira manggon |
luwar sing gwannira arsa mêtù |
pangguh santrinèki |
aris dènnya ngandika |
lah payo laju lêlampah ||
7. Samya matur sandika glis |
mijil lampahira alon |
wangsul marginira pinggir trêjung |
jurang jro ambanging |
prapta ing Selapasah |
wetaning song wontên singa ||
8. Pipitu ulur ing margi |
tumingal jalma kaprêgok |
kandhêg lampahira sima nêkuk |
wangsul ngetan malih |
wus ombèr asar-saran |
laju lampahe Mongraga ||
9. Wangsul arga Dalêm malih |
dènnya minggah ngonjot-onjot |
sarira kalêswan karsanipun |
ngaso ngaring-aring |
anèng sela Pundhutan |
sagênuh pitu tumpukan ||
10. Bundêr sela alus langking |
nèng kumlasa mujur ngulon |
sumendhe Mongraga akrang ulu |
ing sela kang mundri |
jrambah sor sumayana |
undhakan sela balabak ||

424 Balabak

1. Sèh Mongraga layap nèng sela Pundhutan |
ênggonne |
Jamal Jamil wruh bendarane kuwayon |
anggane ||

2. Jamil mojar Jamal kariya sadhela |
nèng kene |
manira yun ngambil wowohan kang matêng |
yèn olèh ||
3. Rika dhewe tungguwa kang lagyaendra |
bêcike |
Jamal manthuk pan sarwi amêmêtêki |
padane ||
4. Tan adangu sakêdhap dènnira layap |
nulya-ge |
angandika si Jamil mau nèng ngêndi |
paranne ||
5. Alon matur pun Jamil kesah ngupaya |
sêdyane |
ngambil woh-woh kang matêng mênawi angsal |
ing mangke ||
6. Dangu dènnya anganti maring Ki Jamil |
suwene |
kang inganti-anti tan antara prapta |
lampahhe ||

Jilid 8 - Kaca : 28

7. Angsal wohing parijatha manis-rêja |
kan pange |
Sèh Mongraga mèsêm ningali Ki Jamil |
gupuhe ||
8. Ki Jamil matur punika woh manis-rêja |
tunggile |
parijatha kang matêng kang lagya nyadham |
sêgêre ||
9. Sèh Mongraga narima lampahing santri |
gugupe |
wohing manis-rêja kang dhinahar kêdhik |
sarate ||
10. Wusnya dhahar santrinya kinèn amangan |
karone |
samyasêgêr sarira bisa anjuru |
-dêmunge ||

425 Jurudêmung

1. Yata wau Sèh Mongraga |
karsanya kewala laju |
santri ro tansah ing pungkur |
ing Arga-dalêm wus prapta |
rarywan sakêdhap awêktu |
bakda salat gya umangkat |
mangalor ing puncakipun ||

2. Arga Tiling kang sinêdya |
ing arga Dalêm tumurun |
praptèng lalêngkèhing gunung |
pan langkung ing arga Pasar |
nulya wit manjat mandhuwur |
arêsik tan ana wrêksa |
mung lang-alang glagah rayung ||
3. Kèndêl anèng sela Canggih |
kawit andêdêr mandhuwur |
rumambat watu susulur |
kongyarga Tiling titiga |
sela Canggih sela Lumur |
ing sela Gêsêng kantrinya |
saya nênggêl sêngkanipun ||
4. Kèndêl nèng ngriku Mongraga |
kêparag gêng Prabawagung |
panasing surya kêlangkung |
cêlak saking pucak arga |
sadungkapan inggilipun |
sumuk bangêt ambêrandang |
sor panasing agni murub ||
5. Jamal Jamil datan kuwat |
nèng sela Gêsêng samyambruk |
tan bisa manjat mandhuwur |
Sèh Mongraga wlas tumingal |
gya (n)dêdonga ing Hyang Agung |
mèt toya mum gya istika |
katrima pandonganipun ||
6. Santrinya sakala saras |
datan panas raosipun |
gya jalak gadhing kadulu |
wus samya lêga tyasira |
andulu mring jalak pinggul |
angling suwe datan prapta |
gus jalak gadhing wus rawuh ||
7. Sanalika gya katingal |
margane manjat mandhuwur |
pêpangol (ng)gujêngi watu |
nètèr anggujêngi pucak |
kèndêl anèng sela lungguh |
watêsanipun ing pucak |
saisinya wus kadulu ||
8. Sela itêm blêg sadaya |
wutuh alus anglulumut |
tan kêna tinapak lunyu |
jalak gadhing lincak-lincak |
asung marga kang tan lunyu |
tinurut pèrêt marganya |

Jilid 8 - Kaca : 29

prapta têtaraking gunung ||

9. kêtaywan pucaking arga |
jati jêmpina lan kêpuh |
kusambi tolak trênggulun |
pan arga Tiling punika |
nênggih pêkayanganipun |
Hyang Pramêsthi Girinata |
marma angkêre kêlangkung ||
10. Arga Tiling pakarêman |
jalma mara jalma lampus |
sato mara sato lampus |
pan tan kêna ingambaha |
kajawi kang wus linuhung |
wawênang mungguh ing arga |
katrantang giris tyasipun ||

426 Girisa

1. Mangkana Sèh Amongraga |
nèng arga Tiling nêdina |
ngêning tyas kang kawawas |
wusanane sanalika |
nulya na sasmitaning Hyang |
jagad komplang tan katingal |
sêgarardi sèsiningrat |
surya sasi pon tan ana ||
2. Mung padhang tan kumalêndhang |
aningali dhawakira |
lan garwa ni Tambangraras |
tingaling dalêm sasmita |
sarju roroning atunggal |
nèng tirahing tarate-bang |
wusnya pagut byar wèntèhan |
Sèh Mongraga sukur ing Hyang ||
3. Nulya ngling mring Jamil Jamal |
payo tumurun sing arga |
santri ro matur sandika |
nulya umangkat lon-lonan |
nut paraning jalak dênta |
tumurun lêngkèh kang wetan |
manjat malih maring arga |
Pamênang saratri siyang ||
4. Nulya mêdhun saking arga |
arga Bayu inganjatan |
praptèng pucak sêdalû gya |
tumurun malih sumêngka |
mring pucak arga Sadewa |
sadintên sadalu sigra |
mangandhap pan ngalèr-ngetan |
ing lèlêngkèh malih minggah ||

5. Pucak arga Candhirêngga |
 tri ratri nulya mahawan |
 tumurun kêndhit tênggangan |
 laju tumurun sumêngka |
 arga Rimbi pucakira |
 sadalu nulya umangkat |
 tumurun lajêng sumêngka |
 arga Kalithi pucaknya ||

6. Tri ratri sigra mangandhap |
 sumêngka malih mring arga |
 arga Aji kalih dina |
 tumurun lêngkèh sumêngka |
 arga Bintulu sadina |
 pan wus kajajah sadaya |
 nulya tumurun Mongraga |
 ngilèn nut lêngkèhing arga ||

7. Arga Tiling sukunira |
 têngbing kawah palirangan |
 tumurun mring gunung Anak |
 mring ardi Sுகuh myang Tambak |
 kèh brahala rêca-rêca |
 rakit-rakite lir pura |
 tilas talêsing kéliran |
 labêt cêpuri kadhatyan ||

8. Pilaring kori pinatra |
 wiwindon ukir-ukiran |
 kèh rineka samya sela |
 blumbang binotrawi patra |
 gapura rinaja wêtha |
 ingukir bintulu praba |
 caritane puranira |
 sang Aprabu Brajadênta ||

9. Brajamusthi gunung Tambak |
 dening Pringgadani pura |
 kadhatonnya Sri Arimba |
 lan ari ran Prabakesa |
 kadang pan sami rasêksa |
 sawiji Arimbi kenya |
 yata wau Sèh Mongraga |
 kalih ratri gya umangkat ||

10. Mangidul mring ardi Tambak |
 samya kathah ardinira |
 lan Sுகuh tan pati beda |
 sadintên sadalu sigra |
 ngidul-ngetan jurang sêngkan |
 mring Pringgadani sinêdya |
 praptèng puncaking aldaka |
 arêrêp mung kalih dintên ||

11. Têmbing kidul langkung arga |
 sela gêng lir gunung-anak |
 ing sela Rimbag wastanya |
 munggul nginggiling jujurang |
 têngah malêkah lir bêngkah |
 angudal jurang toyanya |
 gumrajag sru kumêrangsang |
 kali Bandhul sirahira ||
12. Byar enjing laju kewala |
 sêdya wangsul mring balumbang |
 tumurun pèrènging jurang |
 rarywan nèng lorog cêlangap |
 nèng sela Brajamusthi ka |
 langkung gêng mèh jujul jurang |
 ing kuna kèpêlanira |
 sira sang Prabu Tutuka ||

Jilid 8 - Kaca : 31

13. Lir gajah andhêkêm jurang |
 kakalih mèh sami gêngnya |
 ran sela Parabakesa |
 Sèh Mongnêng mulat kacaryan |
 sèyub katawangan jurang |
 ajênak dènnira lènggah |
 Sèh Mongraga nging prayoga |
 santri matur lir kukila ||

427 Dhandhanggula

1. Lon ngandika Ki Sèh Amongragi |
 paran wus tapis arga sadaya |
 ing gunung Lawu pucake |
 Jamal Jamil umatur |
 kados sampun tan wontên kari |
 pupunthuk pawukiran |
 pucak ardi Lawu |
 lèlêngkèh lêmpong lèlêbak |
 kaidêran waradin bubucu wukir |
 kidul sapêngalèrnya ||
2. Yata wontên wong sawiji prapti |
 saking kidul tumurun ing jurang |
 angênêr gati lampaha |
 murugi ing (ng)gwannipun |
 ingkang lagya eca alinggih |
 dèn-adhêp santrinira |
 nèng ngandhap tumungkul |
 kang sêdya mara gya prapta |
 anut lungguh sêmune adingkik-dingkik |
 asandi abipraya ||
3. Anèng sela Prabakesa linggih |
 sarwi amangku kudhi têtantang |
 polèng kênthing pênganggone |
 ing wayah têngah tuwuh |

pan kêpara lingsir sakêdhik |
kêthu sinjang puntiran |
ngaluwêr lir unthuk |
-ing cacing nyakot kiyongan |
athi-athi marênthil gimbal ing sumping |
jenggot mèh ngangkat gimbal ||

4. Sabuk talidhatu tasbèh kranthing |
mawi kathok kayu tutup rasa |
nging maksih nganggo jarite |
wayah sêdhêng agêntur |
mangkya dèrèng lagya anitik |
dhepok samangsa-mangsa |
dènnira anggêntur |
anggrit kêlèng nèng pakuman |
Sèh Mongraga tatajêm jatmika wingit |
Jamal Jamil duk mulat ||
5. Marang ingkang lagya prapta linggih |
sarwi bisik-bisik arêrasan |
wong iku pego wangune |
yèn ta aja akêthu |
patut wor lan Widigunèki |
bagor ing Wanamarta |
mendah dening bêsus |
mara bêdhèk iku ajar |
suprandene rada tuwa ambêsusi |
susumping iku apa ||

5 (Ngambah rêdi-rêdi, kadosta: Arga Pawênang, Arga Bayu, Arga Sadewa)
Salajêngipun ngambah rêdi-rêdi, kadosta: Arga Pawênang, Arga Bayu, Arga
Sadewa, Arga Candhirêngga, Arga Rimbi, Arga Kalithi, Arga Aji, Arga
Bintulu, Arga Suku, sarta Arga Tambak. Ing ngriku kathah brahala lan rêca-
rêca. Tata-rakitipun kadosdene pura, tilas cêpuri kadhaton. Kacariyos punika
kratonipun Brajamusti. Dene Arimba ing Pringgadani, makatên ugi
rayinipun nama Prabakesa lan Dèwi Arimbi, sadaya wontên ing Pringgadani.
Wontên ing balumbang kèndêl lènggah ing sela Brajanusti ingkang agêng
sangêt mèh jujul jurang. Wontên ing ngriku pinanggih ingkang rumêksa ing
rêdi, nama Ki Wrêgasana. Ajar punika nyariyosakên pucaking rêdi Lawu
sadaya wontên 15, ing sisih kidul 7 lan ing sisih lèr 8.
Kaca 32

Jilid 8 - Kaca : 32

427 Dhandhanggula

6. Jamal gumuyu (ng)giligik lirih |
dudu sumping iku rambut gimbal |
nadyan mangkonoa kae |
rada gawe dol bagus |
sor kang sumping gajah angoling |
mendah duk nonomannya |
pêthèkku ambêsur |
Mongraga mèsêm sasmita |
ingkang lagya prapta rumakêt umèksi |
alon dènnya manabda ||

7. Anambrama kawih ngasih-asih |
 tigas kawuryan rèh katambêtan |
 atur raharjêng pagute |
 saking tême andulu |
 sapa sintên sinambat ing sih |
 wingking pundi sananta |
 kang sinêdyèng ayun |
 Sèh Mongraga rum ngandika |
 manirèki tan pinangka tan wruh ngarsi |
 lir kinjêng tanpa sotya ||
8. Mëndhang kabarat tanpa siring |
 apanêngran gus santri kewala |
 kaulane Hyang kèh lire |
 balik paman sirèku |
 ngêndi padhukuhaning wingking |
 sapa sintên sinambat |
 paman parabipun |
 kang liningan aturira |
 manawi wontên kang sudi amastani |
 pun Wasi Wrêgasana ||
9. Kang misesa Totor wana wukir |
 ing ardi Lawu paragocara |
 ajar ingkang ajur-ajèr |
 janggan galuntung puthut |
 ing Talwiring pangèndhang mami |
 Ki Jamal nambung sabda |
 ih kalinganipun |
 andika punika ajar |
 sinauran Wrêgsana anganthuki |
 ênggèh mêkatên uga ||
10. Atêtanya Jamal Jamil |
 pintên kathahe pucaking arga |
 Wrêgasana lon saure |
 punapi dèrèng mriku |
 anginggahi pucaking ardi |
 Lawu sadayanira |
 nauri (ng)gih sampun |
 nanging dèrèng wruh namanya |
 Wrêgasana nauri pucaking ardi |
 cacache gangsalwêlas ||
11. Ingkang kidul sarta pucaknèki |
 arga Dalêm lan arga Dumilah |
 arga Pêthapralayane |
 arga Mayang patipun |
 arga Cakrakêmbang lan malih |
 ing arga Tinjomaya |
 de kapitunipun |
 arga Rêpatkêpanasan |
 pucak ingkang lèr wowolu kèhirèki |
 liyaning ardi Anak ||

12. Pêkarêman agêng arga Tiling |
 arga Sadewa arga Pamênang |
 myang arga Candhi rênggane |
 sêkawan arga Bayu |
 arga Rimbi arga Kalithi |
 arga Aji pitunya |
 lan arga Bintulu |
 dene kang agêng priyangga |
 lan pipitu kidul titiga kang inggil |
 arga Dalêm Dumilah ||

6 (Lampahing Kabudan tuwin petangan Pawukon lan sanès-sanèsipun)
 III. Bab lampahing Kabudan tuwin petangan Pawukon lan sanès-sanèsipun.
 Ajar Wrêgasana ngrasuk agami Islam, lajêng puruita lan ndhèrèk lampahipun
 Sèh Amongraga sêsarêngan Jamal Jamil.
 Ajar Wrêgasana ing rêdi Lawu ingkang agaminipun Buda nêrangakên
 lampahing Kabudan: botên nêdha ulam lan wohing dami. Lajêng
 anggêlarakên petangan Pawukon, Pranata-mangsa. Padewan, Padangon,
 Panca-suda, Sêngkan-turunan, Taliwangke, Samparwangke dalah têtulaking
 Paringkêlan (pangapêsan). Kasambêt bab: budi wadinipun tiyang agami
 Buda, pakêming maharsi, nugrahaning ngagêsang, gêntur tapaning maharsi
 lan lampahing kalêpasan sarta panitisan.
 Sèh Amongraga ambatang lampahing panitisan ingkang sampurna, sadaya
 kapanggih lèrês, Ajar Wrêgasana rumaos kawon ngèlmunipun sarta kalêgan
 manahipun, wêkasan nyuwun puruita kanthi ngrasuk agami Islam.
 Namanipun dipun gantos dening Sèh Amongraga dados: Wrêgajati, sarta
 lajêng dhèrèk lêlanabrata.
 Kaca 33 – 65

Jilid 8 - Kaca : 33

427 Dhandhanggula

13. Arga Pêthapralaya jangkêp tri |
 ingkang tênging lêngkèh lèr sêkawan |
 arga Tiling inggil dhewe |
 kalawan arga Bayu |
 arga Rimbi arga Kalithi |
 pupucak gangsalwêlas |
 sami angkêripun |
 sakèhe wasi jêjanggan |
 sami karêm pucak pribadi-pribadi |
 wangsite pinakêman ||
14. Jamal Jamil andrêmimil malih |
 kang dipun-pakêm punika napa |
 pra ajar janggan wasine |
 cantrik gocara cêthut |
 kawruh ingkang dipun-bathithil |
 punapa beda-beda |
 miwah saminipun |
 Ki Wawasi Wrêgasana |
 anauri kantênan beda sayêkti |
 wukir desa nagara ||
15. Bangsa ardi pakarêmanèki |
 kamuktène tata nêng panggrihan |

- pala poga kang ginape |
tan kadya wong prajèku |
abojana sarwa binukti |
sakèhing dèdagingan |
woh dami kinukus |
Sèh Mongraga angandika |
kadipundi kawruhe wong ahli ardi |
manira yun wikana ||
16. Wasi Wrêgasana matur aris |
mila tan wruh rasaning dagingan |
miwah ulam sadayane |
wohing dami kinukus |
dèn-olaha sadhengahnèki |
tata ardi tan kengang |
pala kang pinuluk |
pêndhêm gumantung kasimpar |
sawontêne liyanipun wohing dami |
tuwin ulam-ulaman ||
17. Rêsi ingkang wus samya linuwih |
tranging cipta sidiking paningal |
uning sadèrèng winalèh |
uningèng jawata gung |
kang tumurun ing siyang ratri |
alêlantaran dina |
wuku kang lumaku |
Jamal Jamil nambung sabda |
kadipundi pawukon pinuthi-puthi |
kadya mring kitab Kur'an ||
18. Wasi Wrêgasana lon nauri |
niku lantaraning kawaspadan |
ngaurip awon pênêde |
wit wuku têlungpuluh |
pêndhak Dite wuku satunggil |
Ngat Paing wuku Sinta |
godhonge nêng ngayun |
Dewane Yamadipatya |
suku kobok toya umbul-umbul ngarsi |
gagak wit kênndhayakan ||
19. Dite Wage wuku Landhêp nênggih |
Hyang Mahdewa kayu kênndhayakan |
nori gêdhong nêng ngarsane |
suku kêkobok ranu |
Dite Manis kang wuku Wukir |
Mahayêkti dewanya |
gêdhonge nêng ngayun |
suku wingking kobok toya |
manukipun manyar kayu nagasari |
Dite Pon kang gumantya ||

Jilid 8 - Kaca : 34

20. Wuku Kurantil Anggara Kasih |
 Bathara Langsur gêdhong lumumah |
 kayu ingas ing ngarsane |
 umbul-umbul nêng ngayun |
 kobok toya sukune wingking |
 manuke sulindhitan |
 Dite kliwonipun |
 wuku Tolu kang atampa |
 Sang Hyang Bayu kokobok sukune wingking |
 (m)bul-umbul gêdhong ngarsa ||
21. Kayu trênggulun branjangan pêksi |
 Dite Paing Gumbêng Sang Hyang Cakra |
 gêdhong minêp ing wurine |
 kobok toya ing ngayun |
 kayu gurda yam-alas pêksi |
 Dite Wage Wariga |
 Hyang Asmara luhung |
 sulastri pêksi kêpodhang |
 Dite Manis Wriga-gung Hyang Pancarêsi |
 gêdhong bèthèt cêmara ||
22. Dite Êpon ing Anggara-Kasih |
 Julungwangi Hyang Sambu dewanya |
 umbul-umbul ing ngarsane |
 toya jêmbangan ngayun |
 wit cêpaka kuthilang paksi |
 Dite Kaliwon Sungsang |
 gêdhong mlumah ngayun |
 dewane Bathara Gana |
 umbul-umbul ngarsa suku kobok warih |
 nori kayunya tangan ||
23. Dite Paing Galungan gumanti |
 Hyang Kamajaya anyangga toya |
 umbul-umbul nêng ngarsane |
 kayu tangan puniku |
 manuk bidho nulya aganti |
 Dite Wage Kuningan |
 Batharèndra nêngguh |
 kayunya jayakusuma |
 pêksi urang-urangan gêdhong nêng wuri |
 umbul-umbul nêng ngarsa ||
24. Dite Manis ingkang wuku Langkir |
 Bathara Kala kayunya ingas |
 cêmara sol satunggile |
 pan gêmak pêksinipun |
 Dite Êpon Anggara Kasih |
 kang wuku Mandhasiya |
 Brama dewanipun |
 gêdhonge anêng ing ngarsa |
 kayu asêm pêlatuk-bawang kang pêksi |
 gya Dite Kaliwon-nya ||

25. Julungpujud Hyang Guritna nênggih |
 ngarêpkên ardi pêksi pritbawang |
 pan rumbayut kêkayone |
 gya Dite Paing-ipun |
 wuku Pahang Hyang Tantra nênggih |
 amandhi kris liligan |
 kobok toyèng pungkur |
 cocok kayu kêndhayakan |
 Dite Kliwon Kruwêlut Hyang Wisnumurti |
 astanya ngagêm cakra ||
26. Toya ing jêmbangan anèng ngarsi |
 sêsêpahan kayu parijatha |
 Dite Paing wuku Mrakèh |
 amunggul gêdhongipun |
 umbul-umbulira ambalik |
 tigarón kayunira |
 nora duwe manuk |
 Dite Pon (ng)Gara-Kasih |
 wuku Tambir Hyang Siwah gêdhong nèng nginggil |
 parênjak kayu upas ||
27. Dite Kliwon Mêdhangkungan tampi |
 Hyang Basuki kayune pêlasa |
 gêdhong nèng nginggil pungkure |
 we wuri pêksi pêlung |
 Dite Paing Maktal gumanti |
 dewane Sang Hyang Cakra |
 umbul-umbul ngayun |
 gêdhonge anèng ing ngarsa |
 manuk ayam-alas kayu nagasari |
 Ngat Wage Wuye tanpa ||
28. Hyang Kuwera gêdhong lumah ngarsi |
 kayu êtal manuke kêpodhang |
 kris liligan ing ngarsane |
 gya Dite manis-ipun |
 Citragatra wuku Manail |
 mangku tumbak liligan |
 toyèng bokor pungkur |
 tigarón pêksi sêpahan |
 Dite Êpon Prangbakat Anggara Kasih |
 dewane Sang Hyang Bisma ||
29. Suku ngarsa akobok ing warih |
 wit tirisan pêksi rang-urangan |
 Dita Kaliwon Bala-ne |
 Bathari Durga rêngu |
 gêdhongira anèng ing ngarsi |
 manuke ayam-alas |
 cêmara kang kayu |
 Dite Paing wukutampa |
 Sang Hyang Singajalma gêdhonge nèng wingking |

Jilid 8 - Kaca : 35

wuni pêksi kêpodhang ||

30. Dite Wage wuku Wayang tampi |
Dèwi Êsri lungguh gêdhongira |
toyèng jêmbangan ngarsane |
kayu cêpaka arum |
paksirinara yam-alas nuli |
Dite Manis kang tampa |
kang wuku Kêlawu |
Hyang Saddhana kayu êtal |
pêksi nori tumbak liligan nèng wingking |
gêdhonge anèng ngarsa ||
31. Toya ing jêmbangan anèng wuri |
Dite Êpon Anggara Kasih-an |
Dhukut Hyang Sakri dewane |
kris ligan anèng pungkur |
sarwi manggul gêdhong winuri |
pandhan pêksi yam-alas |
Dite Kliwonipun |
selardi Hyang Antaboga |
lawan Nagagini ngarêpakên candhi |
wit Wijayakusuma ||
32. Paksinipun punika pan gogik |
sampun jangkêp wuku tigangdasa |
wuku nêmbong Anggara Kasih |
Kurantil Julung-arum |
Mandhasiya kalawan Tambir |
Prang-bakat Dhukut nêmnnya |
Dite Pon sadarum |
ingetang rumêksèng mangsa |
lawan bèncèt lawan dhêstha ing Kurantil |
sad sadha Julung-ngambar ||
33. Kasa sapta ing Mandhasiyèki |
duwi astha ing Tambir lampahnya |
tri nawa ing Prangbakate |
caturdasa ing Dhukut |
jangkêp nêmbong wuku (ng)Gra Kasih |
etang taun pasaran |
pintên Paing-ipun |
kalih warsa Pon sawarsa |
Wage kalih warsa Kliwon ugi kalih |
Manis-ipun sawarsa ||
34. Pangayuhing taun lan mangsèki |
awit sèrèn eka sad Ponira |
sèrèn dwi sapta ing Wage |
anulya sèrènipun |
ing tri astha Kaliwonèki |
sarèhning mangsa marang |
pêpêkananipun |
ing catur nawa Manis-nya |

Jilid 8 - Kaca : 36

- asèsèrèn kang mangka pasaranèki |
panca-windu Paing-nya ||
35. Kumpuling etang lan dintênèki |
taun Dal Dite Gumbrêk Paing-nya |
kalih warsa gya taun Be |
Galungan wukunipun |
Sukra Paing jangkêp rong warsi |
Je Buda Pon sawarsa |
wuku Julung-pujud |
Jimawal tumpak Wage-nya |
Julungwangi nulya Ehe ing Kurantil |
Soma Wage jangkêpnya ||
36. Kalih warsa nulya taun Alip |
Kêmis Kaliwon wuku Langkirnya |
Jimakir Tumpak Kliwone |
Pon Wuye wukunipun |
jangkêpipun ing kalih warsi |
nulya malih gumantya |
ingkang taun Wawu |
ing wuku Landêp punika |
ing Anggara Manis jangkêpe sawarsa |
etang mangsane warsa ||
37. Kanêm kapitu sadha kasèki |
patangpuluh-siji dinanira |
dhêstha karo tri-likure |
kalimaning kawolu |
ngênêm-likur dina winilis |
kapat lawan kasanga |
sami lima-likur |
kasapuluh lan katiga |
apan sami patlikur dina winilis |
tumbuk kawolu kapat ||
38. Pan pinetang wuku lan mangsèki |
Jamal Jamil nambung atêtanya |
dospundi bab Taliwangke |
ngong dèrèng patos surup |
warigapak lan warigamis |
dene mawi prabeda |
kang samyêtang wuku |
kula dèrèng pati cêtha |
sira Wasi Wrêgasana anauri |
ngriki kang wus kêlampah ||
39. Taliwangke wuku nêm kèhnèki |
kawit Landêp Warigalit ika |
Kuningan Kuruwêlute |
Wayang jangkêp nênipun |
sami Dite Wage puniki |
lan rangkêpe ingetang |
dina pasaripun |

Jilid 8 - Kaca : 37

- ing Paing Budandêpira |
Kaliwone Warigapak kang winilis |
ing Wage Sukra ningan ||
40. Pon ing Rêspati Lute marêngi |
ing Kliwon-sumaye punika |
ing Manis Anggara Yange |
jangkêp nênm ingetung |
Jamal Jamil nambungi angling |
yèn tanah kula ngrika |
pangetunge wuku |
Warigamis Tumpak-Lutnya |
dene sanès lan etang dina ing ngriki |
etange Warigapak ||
41. Manira tanya malih ki wasi |
pintên wuku ingkang Ringkêl jalma |
Wrêgasana lon ature |
lilima kathahipun |
Wuku Sinta ingkang rumiyin |
Soma Pon ringkêl jalma |
Warigalitipun |
Soma Kliwon ringkêl jalma |
wuku Langkir Soma Paing ringkêl jalma |
wuku Tambir ingetang ||
42. Anèng Soma Wage ringkêl jalmi |
Bala Soma Manis ringkêl jalma |
jangkêp gangsal paringkêle |
sabên Soma yèn nuju |
dina Aryang ringkêlejalmi |
ringkêl panunggilannya |
nênm kathahipun |
Aryang Wrukung Paningronnya |
Uwas Mawulu Tungle jangkêpnèki |
Ariyang ringkêl jalma ||
43. Pan Wurukung ringkêl sato nênggih |
Paningron ringkêl pêksi punika |
Uwas kang Ringkêl iwake |
Mawulu ringkêl wuku |
Tungle Ringkêl godhong (n)jangkêpi |
ringkêl si wa la ta ba |
(ng)gih puniku wau |
Sinta Warigalitira |
Langkir Tambir Bala jangkêp nênmnèki |
Soma Aryang sadaya ||
44. Wrukung ringkêl sato wukunèki |
kang wuku gangsal wu ju ju ma wa |
Wukir lan Julung-wangine |
kalawan Julung-pujud |
Maktal Wayang jangkêpirèki |
Dite Wrungkung sadaya |
gya Paningronipun |

ringkêl paksi wuku gangsal |
kang ingetang ku su pa wu ku anênggih |
Kurantil Sungsangira ||

Jilid 8 - Kaca : 38

45. Pahang Wuye Klawu gangsalnèki |
Paningron nèng Tumpak sadayana |
gantya Was ringkêl manuke |
apan la wa ma ma wu |
Landêp Warigungirèki |
Mandhasiya kalawan |
Mandhankungan Wugu |
nèng Budha Uwas sadaya |
nulya gantya Mawulu kang ringkêl wiji |
ta ga ku ma dhu gangsal ||
46. Wuku Tolu lan Galunganèki |
Kuruwêlut Makail Dhukut |
jangkêp lilima wukune |
kabèh Soma Mawulu |
nulya Tungle ringkêl ronèki |
gu ku ma lawan prang wa |
Gumbrêg kang rumuhun |
Kuningan Mrakèh Prangbakat |
Watugunung jangkêpe gangsal winilis |
Soma Tungle sadaya ||
47. Sampun jangkêp ringkêl nêm prakawis |
apan wontên malih kang ingetang |
ingaranan Kaladite |
nèng wuku tri wa ku wu |
Warigagung ing Dite Manis |
nuju Aryang Jagurnya |
lawan Kuruwêlut |
Dite Wage Was Jagurnya |
Wugu Dite Paing Aryang Jagur nênggih |
jangkêp wuku titiga ||
48. Walêr-sangkêr malih saprakawis |
wuku satunggil nuju Galungan |
nênggih Dhungulan wastane |
tigang dintên puniku |
Dite Soma Anggara-nèki |
dewa Kala tri dina |
ringkêl gung puniku |
ringkêling para jawata |
lamun nuju Galungan ing tigang ratri |
minggu tan ana obah ||
49. Sakèhing jawatèng ngawiyati |
miwah para jawatèng bantala |
jawatèng samodra dene |
dewaning kutu-kutu |
walang-taga tan ana kari |
ing dalêm tigang dina |

sumêne aminggu |
ingaran Dhandhan-kukudan |
barang karya tan bêcik kêna ing sarik |
pangapêsing jawata ||

50. Apan kêna soting jawata-di |
kasabêting ila-ila dina |
papa mala cintrakane |
sapu dhêndhanira gung |
sami walêr-sangkêr puniki |
apan sangêt priyangga |
iku sangar agung |
tinimbang lan ringkêl jalma |
Taliwangke Kaladite datan sami |
maksih angkêr Dhungulan ||

Jilid 8 - Kaca : 39

51. Sangêt Dhêndhan-kukudan puniki |
ingih yèn nuju wuku Galungan |
Dite Soma Anggara-ne |
dewa Kala Adhungul |
datan kenging dipun gagampil |
Sèh Mongraga sukèng tyas |
myarsetanging wuku |
sêsorah pakêming ajar |
kabudayaning Kabudan kang pinustha |
papasthèn winaskitha ||
52. Jamal Jamil atêtanya malih |
kadipundi bab Lampahing lintang |
Wuluh lawan Waluku-ne |
kang parêng mangsanipun |
bêncèt lawan wukunirèki |
punapa manut surya |
punapa nut wuku |
Ki Wawasi Wrêgasana |
anauri lampahing lintang kêkalih |
Wuluh Waluku-nira ||
53. Tanggalipun myang surupirèki |
anèng dintên sawiji tan owah |
sabên ing Soma Manis-e |
tanggal myang surupipun |
sami angsal wuku mangsèki |
lampahing ring-iringan |
Wuluh lan Waluku |
lintang Wuluh dènnya tanggal |
Soma Manis ing mangsa karo marêngi |
dwi astha ing Tambirnya ||
54. Soma Manis Mêdhangkunganèki |
nulya pèndhak Soma Manis-ira |
lintang Waluku tanggale |
nuju katiganipun |
ing tri-nawa Prangbakatnèki |

Soma Manis-ing Bala |
dene surupipun |
lintang Wuluh nuju mangsa |
ing ka-siji ka-sapta Mandhasiyèki |
Soma Manis wukunya ||

55. Julungpujud pëndhak Soma Manis |
lintang Waluku ing surupira |
anuju mangsa karone |
barêng mangsaning wuku |
duwiastha ing Tambir nênggih |
Waluku surupira |
ing tanggaling Wuluh |
puniku pan sasarêngan |
sontên lintang Wluku surup bêdhugnèki |
lintang Wuluh atanggal ||

56. Sèh Mongraga angandika aris |
rika tutugêna apêpajar |
ujare pawukon kabèh |
Wrêgasana asaguh |
sêmu langguk ciptaning galih |
dinuga puruita |
marang dhawakipun |
Jamal Jamil samya mojar |
kakang ajar kula andika jarwani |
Padangon Padewannya ||

57. Miwah sêngkan-turunaning Êsri |
lawan candranya ywa kaliwatan |
sadaya nèh jarwakake |
Wrêgasana amuwus |
inggih sampun andika watir |
dewa ingkang lumampah |
wolu gantya laku |
Êsri Endra Guru Yama |
Lodra Brama Kala Uma jangkêpnèki |
Sri rêjèki wardinya ||

Jilid 8 - Kaca : 40

58. Endra samar Guru karêp nênggih |
Yama singlu loroning atunggal |
Lodra gêtih pasêmone |
Brama gêni lirisun |
Kalamurka Uma pawèstri |
dewa Kala punika |
yèn nuju lumaku |
marêngi wuku Galungan |
inggih sabên Galungan ing tigang ari |
Dite Soma Anggara ||

59. Anèng ngriku Dhungule tri ari |
kang kula-ucap wau punika |
mila dhungul supayane |
dewa Sri mantukipun |

maring Sinta Dite-ne Paing |
Padangon sasanganya |
kawit saking Dangu |
Jagur Gigis lan Kerangan |
Nohan Wogan Tulus Wurung lawan Dadi |
pan wus jangkêp sasanga ||

60. Dangu watu Jagur macan nênggih |
Gigis bumi pan Kerangan surya |
Nohan rêmbulan wêrdine |
Wogan ulêr puniku |
Tulus banyu Wurung pan gêni |
Dadi kayu punika |
jangkêp kang ingetung |
sadaya amawa watak |
Jamil tanya lampahe ta kadipundi |
Wrêgasana wuwusnya ||
61. Inggih mangke pinetang rumiyin |
Sêngkan-turunan puniku gangsal |
kang rumiyin Srigatine |
Sami gumarangipun |
nulya Cèlèng-têmbalung nênggih |
tumuntên Kuthila-pas |
gya Suajagipun |
jangkêp gangsal kang ingêtang |
nulya Jabung-wuku yèn kula ingriki |
sanès lan kapujanggan ||
62. Yèn pujangga dènnya amastani |
Kalajaya-bumi petangira |
wuku tigang-dasa kabèh |
pan pinara sapuluh |
nêlu-nêlu sadumanèki |
siang dalu rumêksa |
ing jayaning wuku |
pitung dintên gênti mara |
sabên-sabên wuku kang lumaku nênggih |
punika petangira ||
63. Jabung-wuku Kalajaya-bumi |
kang rumêksa ing jagad purwèngrat |
wetan bènêr wuku trine |
pan Mèdhangkungan-ipun |
Sungsang Sêla-ardi (n)jangkêpi |
Bathara Mahadewa |
Mahadèwi puniku |
pasar Lêgi kutha perak |
langse seta kuntul santên kang jêladri |
sastra ha na ca ra ka ||
64. Jabung wuku Kalajaya-bumi |
kang rumêksa ing jagad duksina |
kidul bènêr wuku trine |

Jilid 8 - Kaca : 41

- Gumbrêg Pahang lan Wugu |
 Sang Hyang Sambu Swagnyana dèwi |
 Paing pasaranira |
 swasa kuthanipun |
 pan ulung bang paksinira |
 langse rêkta ludira punang jaladri |
 sastra da ta sa wa la ||
65. Jabung wuku Kalajaya-bumi |
 ingkang rumêksa anèng pracima |
 kulon bènêr wuku trine |
 Landêp Kuninganipun |
 Wuye Kamajaya lan Ratih |
 Êpon pasaranira |
 êmas kuthanipun |
 pan kêpodhang pêksinira |
 langse pita madu pan jaladrinèki |
 sastra pa dha ja ya nya ||
66. Jabung-wuku Kalajaya-bumi |
 kang rumêksa ing jagad utara |
 ing lor bènêr wuku trine |
 Mrakèh Klawu Wrigagung |
 Sang Hyang Wisnu Bathari Êsri |
 Wage pasaranira |
 wêsi kuthanipun |
 pêksi dhandhang pêksinira |
 langse wulung nila kang punang jaladri |
 sastra ma ga ba tha nga ||
67. Jabung-wuku Kalajaya-bumi |
 kang rumêksa jagad madyantara |
 têngah ngandhap wuku trine |
 Krantil Prangbakatipun |
 Mandhasiya Hyang Bayu Umi |
 Kaliwon pasarannya |
 prunggu kuthanipun |
 apan gogik pêksinira |
 langse mancawarna wedang kang jêladri |
 sastra ji ro lu pat ma ||
68. Jabung-wuku Kalajaya-bumi |
 kang rumêksa jagad ngantariksa |
 nginggil bènêr wuku trine |
 Kruwêlut Wayang-ipun |
 Wriga surya Suranggana-di |
 sastra e la pa ya o |
 (lang) nêngguh jabung wuku |
 Kalajaya-bumi ingkang |
 rumêksèngrat kidul-wetan kang wuku tri |
 wuku Wukir kalawan ||
69. Wuku Langkir lan wuku Manail |
 Hyang Kuwera sastra narasonya |
 nêng kidul-wetan prênahe |

gantya kang jabung-wuku |
Kalajaya-bumi anênggih |
ingkang rumêksa jagad |
kidul kilènipun |
wuku tri Julungwanginya |
Tambir Dhukut Sang Bathara Mahayêkti |
sastranipun galdheya ||

Jilid 8 - Kaca : 42

70. Jabung wuku Kalajaya-bumi |
kang rumêksa jagad lor-kilènnya |
apan titiga wukune |
Tolu lan Bala nêngguh |
Julungpuyud Hyang Siwah nênggih |
nurwitri sastranira |
gantya jabung wuku |
Kalajaya-bumi ingkang |
rumêksa ring jagad êlor-wetanèki |
apan wuku titiga ||
71. Sinta Maktal Galungan puniki |
Hyang Prit-anjala sastranya bya bya |
tamat sadaya kuthane |
ingkang samya ingetung |
jabung Kalajaya ing bumi |
yèn wus waspadèng etang |
wuku têlungpuluh |
sadayane kinawruhan |
dadya ruwat mala cintrakaning urip |
kêdah paham angetang ||
72. Langkir Wukir lan wuku Manail |
kidul-wetan jagad ênggènnira |
wuku Gumbrêg lan Pahange |
kidul bènêr (ng)gènnipun |
Julung-wangi Tambir Dhukuti |
kang kidul-kilènira |
Wuye Landêpipun |
Kuningan Tolu lan Bala |
kilèn bènêr Julung-pujud anênggani |
lor-kulon prênahira ||
73. Warigagung lan wuku Marakih |
lan Kulawu lor bènêr (ng)gonnira |
Sinta Maktal Galungane |
lor wetan prênahipun |
Madhankungan lan Sela-ardi |
Sungsang wetan (n)gonnira |
Kurantil lan wuku |
Prangbakat Mandhasiya-nya |
nèng pratala Kuruwêlut Wayang nênggih |
Warigalit ing tawang ||
74. Jangkêp etang wuku tri-dasèki |
dinum nyadasa aniga-niga |

anênggani ing prênahe |
watêking jabung wuku |
ing prang apês ungguling jurit |
nêrak apês jayanya |
kang ngênggèni unggul |
punika etanging lampah |
wuku ingkang katurunan ing Srigati |
pipitu kathahira ||

75. Wuku Tolu lawan Julungwangi |
Wukir Marakèh lan Wuye ika |
Wugu lan Watugunung-e |
jangkêp pitu ingetung |
gya arêsan ingkang winilis |
apan wuku lilima |
nênggih kang rumuhun |
Gumbrêg-an lawan Julung-an |
Mandhasiyan Galungan Dhukut anênggih |
jangkêp gangsal ingetang ||

Jilid 8 - Kaca : 43

76. Nulya Wrêgagêmêt-e winilis |
awit Dite Paing wuku Sinta |
dewa Sri Tungle Dangune |
Sinta Soma Pon-ipun |
Endra Aryang Dangu marêngi |
Soma Pon ringkêl jalma |
Mulya Sinta-nipun |
Anggara Wage punika |
Dewa Guru Wrukung Dangu Sinta nênggih |
Buda Kaliwon-ira ||

77. Kala Paningron Dangu ngêkêli |
Sinta ing Rêspati Manis-ira |
Lodra Uwas ing Jagure |
Sinta ing Sukranipun |
Paing Brama Mawalu Gigis |
sêngkaning Asu-ajag |
Sinta Tumpak-ipun |
Pon Kala Tungle Kerangan |
tuturipun Sapi-gumarang anênggih |
jabung ing wuku Sinta ||

78. Jayabumi nêng lor-wetan nênggih |
majêng ngidul-ngilèn pitung dina |
sampun nêrak kala gêdhe |
gantya ing Landêpipun |
Dite Wage Uma marêngi |
Aryang nuju Anohan |
Landêp Soma Kliwun |
dewa Sri wurukung Wogan |
anulya wuku Landêp ingkang Amanis |
Dewèndra Paningronnya ||

79. Tulus nulya Landêp Buda Paing |
 Dewa Guru Uwas Wurung ika |
 apan nuju Taliwangke |
 Landêp Rêspatinipun |
 Êpon Uma Mawulu Dadi |
 Landêp Sukra Wagenya |
 Lodra Tungle Dangu |
 Cèlèng-têmbalung sumêngka |
 Landêp Tumpuk Kaliwon dewanirèki |
 Brama Aryang Jagurnya ||
80. Turunning Kuthila-pas mring bumi |
 jabung wuku Landêp kilèn (ng)gènnya |
 marêp mangetan bènêre |
 ing petung dintên sampun |
 anêrajang kala tan bêcik |
 gantya wuku Wukir-nya |
 Dite Manis-ipun |
 dewa Kala Wurukungnya |
 apan Gigis nuju sêngkaning Srigati |
 Wukir Soma Paing-nya ||
81. Uma Paningron Kerangan nênggih |
 Wukir ing Anggara Pon punika |
 dewi Sri Uwas Nohan-e |
 Wukir Budawanèku |
 Endra Wogan Mawulunèki |
 Wukir ing Rêspatinya |
 Kliwon dewa Guru |
 anuju Tungle Tulusnya |
 nulya wuku Wukir ingkang Sukra Manis |
 Yama Aryang Wurungnya ||
82. Nulya Wukir ing ri Tumpak Paing |
 dewa Endra Wurukung Dadi-nya |
 turunning Asu-ajage |
 jabung waktu anêngguh |
 Kalajaya-bumi ing Wukir |
 wontên ing kidul-wetan |
 pitung dintên sampun |
 purun amurugi kala |
 gantya wuku Kurantil Dite Pon nênggih |
 anuju dewa Brama ||
83. Paningron Dangu Sêngkan-irèki |
 Sapi-gumarang mêsat mring wiyat |
 [...] |
 [...] |
 Kurantil ing Anggara Kasih |
 anuju dewa Uma |
 mula Gigisipun |
 Karantil Buda Manis-nya |
 dewa Êsri Tungle Kerangan anuli |

Jilid 8 - Kaca : 44

Krantil Kêmis Paing-nya ||

84. Dewa Endra Aryang Nohan nênggih |
Kurantil-ing Sukra Pon punika |
Guru Wurukung Wogan-e |
Krantil Tumpak Wage-ku |
dewa Yama Paningronèki |
Tulus tumurunnira |
ing Cèlèng-têmbalung |
jabung wuku Kurantil-nya |
anèng ngandhap majêng nginggil pitung ari |
sampun murugi kala ||
85. Gantya Tolu Dite Kliwon nênggih |
dewa Lodra Uwas Wurung ika |
sêngkaning Kuthila-pas-e |
Tolu ing Soma Madu |
dewa Brama Mawulu Dadi |
sang Srigati tumêndhak |
pawon dènnya nurun |
Tolu Anggara Paing-nya |
dewa Kala nuju Tungle Dangu nênggih |
Tolu Buda Pon-nira ||
86. Dewa Uma Aryang Jagurnèki |
Tolu ing Rêspati Wage-nira |
dewa Sri Wrukung Gigise |
Tolu Sukra Kaliwun |
Endra Ningron Keranganèki |
Tolu Tumpak Manis-nya |
nuju dewa Guru |
marêngi Uwasing Nohan |
Jabung-wuku Tolu lèr-kilèn (ng)gènnèki |
pan majêng ngidul-ngetan ||
87. Pitung dintên pitung dalu nênggih |
sampun purun amurugi kala |
gantya gya wuku Gumbrêg-e |
ing Dite Paing-ipun |
Yama Mawulu Wogan-èki |
Sêngkaning Asu-ajag |
Gumbrêg Soma-nipun |
Lodra Pon Tungle Tulus-nya |
turunnipun Sapi-gumarang mring bumi |
Gumbrêg (ng)Gara Wage-nya ||
88. Dewa Brama Aryang Wurung nênggih |
Gumbrêg Buda Kliwon dewa Kala |
Warukung nuju Dadi-ne |
Gumbrêg Rêspati Madu |
Uma Paningron Dangunèki |
Gumbrêg Sukra Paing-nya |
ing Sri Uwas Jagur |
Gumbrêg tumpak dewa Endra |
amarêngi Mawulu anuju Gigis |

Jabung-wuku Gumbrêg-nya ||

89. Anèng kidul bènêr (ng)gonnirèki |
pitung dina ywa murugi kala |
gantya wuku Wrigalite |
ing Dite Wage Guru |
nuju Tungle Kerangan nênggih |
Sêngkan Cèlèng mring wiyat |
Warigalitipun |
Soma Kliwon dewa Yama |
Aryang Nohan marêngi kang ringkêl jalmi |
turuning Kuthila-pas ||

Jilid 8 - Kaca : 45

90. Warigalit ing Anggara Manis |
dewa Lodra ing Wurukung Wogan |
nuju Sêngkan Srigati-ne |
ing Warigalitipun |
Buda Paing Brama marêngi |
Paningron Tulusira |
Warigalitipun |
Rêspati Pon dewa Kala |
Uwas Wurung nuju Taliwangke nênggih |
Warigalit ing Sukra ||

91. Wage Uma ing Mawulu Dadi |
Warigalit Tumpak Kaliwon-nya |
dewa Sri Tungle Dangu-ne |
nênggih kang Jabung wuku |
Warigalit anèng ing nginggil |
ing pitung ditên aywa |
murugi kala gung |
gantya wuku Wrigagungnya |
Dite Manis Endra Aryang Jagur nênggih |
Kala-dite punika ||

92. Wuku Warigagung Soma Paing |
dewa Guru Wurukung Gigis-nya |
turuning Asu-ajag-e |
ing Warigagung-ipun |
Anggara Pon Yama marêngi |
ing Paningron Kerangan |
nuju Sêngkannipun |
Sapi-gumarang mring wiyat |
Warigagung ing Buda Wage marêngi |
Lodra ing Uwas Nohan ||

93. Wrigagung Rêspati Kliwon-èki |
dewa Brama ing Mawulu Nohan |
Wrigagung Sukra Manis-e |
Kala ing Tungle Tulus |
Warigagung ing Tumpak Paing |
Uma Aryang Wurung-nya |
ingkang Jabung-wuku |
Wrigagung nèng lèr (ng)gènnira |

majêng ngidul pitung dina pitung ratri |
aywa murugi kala ||

94. Gantya ingkang wuku Julungwangi |
Dite Êpon Sri Wrukung Dadinya |
Julungwangi Soma Wage |
Endra Paningron Dangu |
turunnipun Cèlèng mring bumi |
Julungwangi Anggara |
Kasih dewa Guru |
Uwas Jagur sêngkanira |
ing Kuthila-êpas mêsat maring langit |
wuku Julungwangi-nya ||
95. Buda Manis dewa Yama nênggih |
amarêngi Mawulu Gigisnya |
tumuruning Srigati-ne |
ing paturon (ng)gènnipun |
Julungwangi Rêspati Paing |
Lodra Tungle Kerangan |
Julungwangi-nipun |
ing Sukra Pon dewa Brama |
Aryang Nohan ingkang wuku Julungwangi |
ing Tumpak Wage-nira ||
96. Dewa Kala Wrukung Wogan nênggih |
Jabung-wuku Julungwangi-nira |
apan anèng kidul-kilèn |
majêng lèr-wetanipun |
pitung dintên ing pitung ratri |
sampun murugi kala |
tan pênêt tinêmu |
gantya ingkang wuku Sungsang |
Dite Kliwon Uma Ningron Tulus nênggih |
Sungsang Soma Manis-nya ||
97. Dewa Êsri Uwas Wurung nênggih |
wuku Sungsang Anggara Paing-nya |
Endra Mawulu Dadi ne |
Su-ajag Sêngkannipun |
Sungsang Buda Êpon marêngi |
Guru Tungle Dangu-nya |
Gumarang tumurun |
Sungsang Rêspati Wage-nya |
dewa Yama Aryang nuju Jagur nênggih |
Sungsang Sukra Kliwon nya ||
98. Dewa Lodra ing Wurukung Gigis |
wuku Susang ing Tumpak Manis-nya |
Brama Ningron Kerangan-e |
anênggih Jabung-wuku |
Sungsang wetan ênggonnirèki |
ing dalêm pitung dina |
sampun purun-purun |

Jilid 8 - Kaca : 46

nrajang kala tan prayoga |
gantya wuku Galungan ingkang gumanti |
ing Dite Paingira ||

99. Dewa Kala Uwas Nohan-èki |
Galungan ing Soma Pon punika |
Kala Mawulu Wogan-e |
wuku Galunganipun |
ing Anggara Wage nirèki |
Kala Tungle Tulusnya |
Sêngkaning Têmbalung |
puniku Dhungulanira |
dewa Kala tigang dintên Andhunguli |
Dite Soma Anggara ||
100. Galunganing Buda Kliwon nênggih |
dewa Uma Aryang Wurung ika |
turuning Kuthila-pas-e |
Galungan Kêmis Madu |
dewa Êsri Wurukung Dadi |
Sêngkan ing Srigatinya |
ing Galunganipun |
Sukra Paing dewa Endra |
Ningron Dangu Galungan Tumpak Ponèki |
Guru Uwas Jagurnya ||
101. Jabung wuku ing Galungan nênggih |
nèng lor wetan ngidul ngilèn rêpnya |
aywa murugi kalane |
gantya Kuningan-ipun |
Dite Wage Yama marêngi |
Mawulu Gigisira |
ing Kuninganipun |
ing Soma Kaliwon-ira |
dewa Lodra ing Tungle Kerangan-èki |
Ningan (ng)Gara Manis-nya ||
102. Dewa Brama Aryang Nohan nênggih |
Kuningan ing Buda Paingira |
Kala Wurukung Wogane |
Asu-ajag tumurun |
Kuningan Rêspati Pon nênggih |
marêngi dewa Uma |
ing Paningron Tulus |
Sêngkaning Sapi-gumarang |
Kuningan ing Sukra Wage dewanèki |
Êsri Uwas Wurung-nya ||
103. Apan nuju Taliwangke nênggih |
Kuningan ing Tumpak kaliwonnya |
Endra Mawulu Dadine |
pan Jabung-wukunipun |
Kuningan nèng kilèn (ng)gènnèki |
apan majêng mangetan |

Jilid 8 - Kaca : 47

- pitung dintên sampun |
 purun amurugi kala |
 gantya wuku Langkir ingkang Dite Manis |
 Guru Tungle Dangu-nya ||
104. Ingkang wuku Langkir Soma Paing |
 dewa Yama Aryang Jagurira |
 anuju ringkêl jalmane |
 Langkir (ng)Gra Pon-ipun |
 dewa Lodra Wurukung Gigis |
 Langkir Buda Wagenya |
 dewa Brama nuju |
 Paningron Keranganira |
 turunnipun Cèlèng-têmbalung mring siti |
 Langkir Kêmis Kliwon-nya ||
105. Dewa Kala Uwas Nohan-nèki |
 nuju sêngkaning Kuthila-êpas |
 Langkir ing Sukra Manis-e |
 dewa Uma Mawulu |
 Wogan turunnipun Srigati |
 tumurun padaringan |
 wuku Langkir-ipun |
 ing Tumpak Paing punika |
 dewa Êsri Tungle nuju Tulusnèki |
 jabung-wuku Langkirnya ||
106. Anèng kidul-wetan (ng)gyannirèki |
 majèng ngalèr-ngilèn pitung dina |
 sampun murugi kala-ne |
 gantya Mandhasiyèku |
 Dite Êpon Endra marêngi |
 nuju Aryang Wurungnya |
 Mandhasiyanipun |
 ing Soma Wage Guru-nya |
 amarêngi ing Wurukung nuju dadi |
 Madhasiyèng Anggara ||
107. Kaliwone apan (ng)Gara Kasih |
 dewa Yama Paningron Dangunya |
 Mandhasya Buda Manis-e |
 dewa Lodra Was Jagur |
 Mandhasiya Rêspati Paing |
 Brama Mawulu-nira |
 Gigis Sêngkanipun |
 kang Asu-ajag mring tawang |
 Mandhasiya ing Sukra Pon Kala nênggih |
 Tungle nuju Kerangan ||
108. Turun Sapi-gumarang mring siti |
 Mandhasiya ing Tumpak Wage-nya |
 Uma Ariyang Nohan-e |
 nênggih kang Jabung-wuku |
 anèng ngandhap majèng manginggil |
 ing pitung dintên aywa |

murugi kala gung |
gantya Julungpujud-ira |
Dite Kliwon Êsri Wrukung Wogan-èki |
Julungpujud ing Soma ||

Jilid 8 - Kaca : 48

109. Manis Endra Ningron Tulus nênggih |
Julungpujud Anggara Paing-nya |
dewa Guru Was Wurunge |
kang wuku Julungpujud |
ing Buda Pon Yama marêngi |
ing Mawulu Dadi-nya |
wuku Julung-pujud |
ing Rêspati Wage Lodra |
Tungle Dangu Cèlèng sumêngka mring langit |
Julungpujud ing Sukra ||
110. Kliwon Brama Aryang Jagurnèki |
turunipun ing Kuthila-êpas |
mring siti Julungpujud-e |
ing Tumpak Manis-ipun |
dewa Kala Wurukung Gigis |
Sêngkanning Srigati ka |
nênggih Jabung-wuku |
Julung-pujud ênggènnira |
nèng lèr-kilèn majêng ngidul-ngetan nênggih |
Guru Tungle Tulusnya ||
111. Aywa nêrak ing kala tan bêcik |
gantya Pahang Dite Paing tampa |
Uma Ningron Kerangane |
kang wuku Pahangipun |
ing Soma Pon dewanya Êsri |
marêngi Uwas Nohan |
wuku Pahangipun |
Anggara Wage Dewendra |
Mulu Wogan Pahang Buda Kliwon nênggih |
Guru Tungle Tulusnya ||
112. Wuku Pahang ing Rêspati Manis |
dewa Yama Aryang Wurungira |
Pahang ing Sukra Painge |
dewa Lodra Wurukung |
Dadi nuju turunirèki |
Su-ajag mring bantala |
wuku Pahangipun |
Tumpak Êpon dewa Brama |
Ningron Dangu Gumarang mèsat mring langit |
Jabung ing wuku Pahang ||
113. Anèng kidul marêp ngalor nênggih |
pitung dintên ywa murugi kala |
gantya wuku Kruwêlut-e |
ing Dite Wagenipun |
Kala Uwas Jagur marêngi |

Kala-dite punika |
wuku Kuruwêlut |
ing Soma Kaliwon-ira |
dewa Uma Mawulu anuju Gigis |
wuku Kuruwêlut-nya ||

114. Ingkang (ng)Gara Manis dewa Êsri |
amarêngi ing Tungle Kerangan |
Kruwêlut Buda Paing-e |
Dewèndra Aryang Jagur |
Nohan Kuruwêlut Rêspati |
Pon Guru Wrukung Wogan |
wuku Kuruwêlut |
Sukra Wage dewa Yama |
Ningron Tulus Cèlèng tumurun mring siti |
wuku Kuruwêlut-nya ||

115. Ing Tumpak Kaliwon amarêngi |
dewa Lodra Uwas Wurung ika |
Sêngkan ing Kuthila-pas-e |
Jabung-wuku Kruwêlut |
anèng nginggil lèrês (ng)gènnèki |
apan majêng mangandhap |
pitung dintên sampun |
purun amurugi kala |
gantya wuku Marakèh ing Dite Manis |
Brama Mawulu Dadya ||

Jilid 8 - Kaca : 49

116. Tumuruning Srigati mring bumi |
tumêdhakira anèng ing taman |
Marakèh Soma Paing-e |
Kala ing Tungle Dangu |
Marakèh Anggara Pon-èki |
marêngi dewa Uma |
Aryang nuju Jagur |
Marakèh Buda Wage-nya |
dewa Êsri marêngi Wurukung Gigis |
kang wuku Marakèh-nya ||

117. Ing Rêspati Kaliwon-irèki |
dewa Endra Paningron Kerangan |
Marakèh Sukra Manis-e |
Guru Was Nohan-ipun |
wuku Mrakèh ing Tumpak Paing |
Yama Mawulu Wogan |
Su-ajag mëndhuwur |
Jabung-wuku Marakèhnya |
nèng lor lèrês majêng ngidul pitung ari |
aywa murugi kala ||

118. Gantya ingkang wuku Tambir tampi |
Dite Pon Lodra Tungle Tulusnya |
Turun Sapi-gumarang-e |
Tambir Soma Wage-ku |

- Brama Aryang Wurung marêngi |
ringkêl jalma punika |
wuku Tambiripun |
ing Anggara Kasih-ira |
dewa Kala Wurukung anuju Dadi |
Buda Manis Tambir-nya ||
119. Uma ing Paningron Dangu nênggih |
Tambir ing Rêspati Paingira |
Sri Uwas nuju Jagure |
Tambir Sukra Pon-ipun |
dewa Lodra Mawulu Gigis |
Tambir Tumpak Wage-nya |
nuju dewa Guru |
Tungle Kêkerangan-ira |
Sasêngkaning Cèlèng-têmbalung mring langit |
jabung wuku Tambirnya ||
120. Anèng kidul kilèn (ng)gènnirèki |
majêng ngalèr ngetan pitung dina |
aywa nêrak kala gêdhe |
awon ingkang tinêmu |
gantya Mëndhankungan-irèki |
Dite Kaliwon Yama |
Aryang Nohanipun |
turuning Kuthila-êpas |
kang wuku Mëndhankungan ing Soma Manis |
Lodra Wurukung Wogan ||
121. Nuju Sêngkanira ing Srigati |
Mëndhankungan Anggara Paingnya |
Brama Paningron tuluse |
ing Mèdhankungan ipun |
Buda Êpon Kala marêngi |
Uwas nuju Wurungnya |
Mèdhankungan-ipun |
ing Rêspati Wagenira |
dewa Uma Mawulu anuju Dadi |
kang wuku Mëndhankungan ||
122. Ing Sukra Kaliwon dewi Êsri |
Tungle dangu wuku Mëndhankungan |
nuju ing Tumpak Manis-e |
Endra Ariyang Jagur |
Jabung-wuku Mëndhankunganing |
nèng wetan lèrês (ng)gènnya |
majêng ngilèn nêngguh |
pitung dintên ywa nêrajang |
kala gêdhe gantya Maktal Dite Paing |
Guru Wrukung Gigisnya ||
123. Turunipun Su-ajag mring siti |
wuku Maktal ing Soma Pon-ira |
dewa Yama Paningron-e |

- Kerangan Sêngkanipun |
 kang Sapi-gumarang mring langit |
 wuku Maktal Anggara |
 Wage dewanipun |
 Lodra nuju Uwas Nohan |
 wuku Maktal ing Buda Kaliwon-èki |
 Brama Mawulu Nogan ||
124. Wuku Maktal ing Rêspati Manis |
 dewa Kala Tungle Tulis-ira |
 Maktal ing Sukra Paing-e |
 Uma Ariyang Wurung |
 wuku Maktal Tumpak Pon-èki |
 Sri Wurukung Dadi-nya |
 nênggih Jabung-wuku |
 nèng lèr-wetan ênggènira |
 majêng ngidul ngilèn pan ing pitung ari |
 sampun murugi kala ||
125. Gantya ingkang wuku Wuye tampi |
 Dite Wage nuju dewa Endra |
 Paningron Dangu turunne |
 ingkang Cèlèng-têmbalung |
 Wuye Soma Kaliwon-èki |
 Guru Uwas Jagurnya |
 kuthila mandhuwur |
 nuju Taliwangkenira |
 Wuye Gara Manis Brama Wulu Gigis |
 turunning Srigati ka ||
126. Tumêdhak nèng kandhang dèn-ênggèni |
 wuku Wuye Buda Paing-ira |
 Lodra Tungle Kerangane |
 kang wuku Wuye-nipun |
 ing Rêspati Êpon marêngi |
 Brama Ariyang Nohan |
 Wuye Sukra-nipun |
 Wage Kala Wrukung Wogan |
 Wuye Tumpak Kaliwon lima marêngi |
 Paningron Tulus-ira ||
127. Jabung wuku Wuye (ng)gènnirèki |
 wontên kilèn lèrês majêng ngetan |
 sapta-ri sapta-ratrine |
 ywa nêrak kala agung |
 gantya ingkang wuku Manail |
 ing Dite Manis-ira |
 Êsri Uwas Wurung |
 Manail Soma Paingnya |
 dewa Endra Mawulu Dadi marêngi |
 Sêngkaning Asu-ajag ||
128. Manail ing Anggara Pon-èki |
 dewa Guru Tungle Dangu-nira |
 turun Sapi-gumarang-e |

wuku Manailipun |
Buda Wage Yama marêngi |
Ariyang Jagurira |
kang Manailipun |
Rêspati Kaliwonira |
dewa Lodra Wurukung anuju Gigis |
ing wuku Manailnya ||

129. Amarêngi ing Sukra-nya Manis |
dewa Brama Paningron Kerangan |
Manail Tumpak Paing-e |
kalawan Nohan-ipun |
pan jabunge wuku Manail |
nèng kidul wetan (ng)gènnya |
pitung dintên sampun |
purun amurugi kala |
gantya wuku Prangbakat Dite Pon nênggih |
Uma Mawulu Wogan ||

Jilid 8 - Kaca : 51

130. Prangbakat-e Soma Wage-nèki |
dewa Êsri ing Tungle Tulus-nya |
Sêngkan Cèlèng-têmbalunge |
wuku Prangbakatipun |
amarêngi Anggara Kasih |
Endra Aryang Wurungnya |
nuju turunnipun |
Kuthila-pas mring bantala |
Prangbakat ing Buda Manis Guru nênggih |
ing Wurukung Dadi-nya ||

131. Sêngkanning Srigati maring langit |
Prangbakat ing Rêspati Paingnya |
Yama Paningron Dangune |
wuku Prangbakatipun |
amarêngi Sukra Pon nênggih |
Lodra Uwas Jagurnya |
ing Prangbakat-ipun |
Tumpak Wage dewa Brama |
amarêngi Mawulu anuju Gigis |
Jabung wuku Prangbakat ||

132. Anèng ing ngandhap nuju manginggil |
pitung dintên ywa murugi kala |
kalawan aywa mêmênèk |
agantya ingkang wuku |
Bala Dite Kaliwon-èki |
Kala Tungle Kerangan |
Bala Soma Madu |
dewa Uma Aryang Nohan |
wuku Bala nalika Anggara Paing |
dewa Sri Wrukung Wogan ||

133. Tumuruning Asu-ajag nênggih |
wuku Bala ing Buda Pon-ira |

Endra Paningron Tuluse |
anuju Sêngkannipun |
ing Sapi-gumarang mring langit |
Bala ing Rêspatinya |
Wage dewa Guru |
marêngi Uwas Wurungnya |
Wuku Bala ing Sukra Kaliwon-èki |
Yama Mawulu Dadya ||

134. Kang wuku Bala ing Tumpak Manis |
dewa Lodra ing Tungle Dangu-nya |
Jabung ing wuku Balane |
nèng lèr-kilèn (ng)gènnipun |
pitung ari ing pitung ratri |
aywa murugi kala |
tan bêcik tinêmu |
gantya kang wuku Wugunya |
Dite Paing Brama Aryang Jagur nênggih |
Kala-dite punika ||

135. Wuku Wugu ing Soma Ponèki |
dewa Kala Wrukung Gigisira |
wuku ingkang (ng)Gara Wage |
Dewa Uma anuju |
ing Paningron Kerangan-èki |
marêngi turunnira |
kang Cèlèng-têmbalung |
Wugu Buda Kaliwon-nya |
Dewa Êsri Nohan Uwas amarêngi |
sêngkaning Kuthila-pas ||

Jilid 8 - Kaca : 52

136. Wuku Wugu ing Rêspati Manis |
dewa Endra ing Mawulu Wogan |
tumurunning Srigatine |
tumêdhak anèng lumbung |
wuku Wugu ing Sukra Paing |
Guru Tungle Tulus-nya |
Wugu Tumpakipun |
Pon Yama Wurung Aryangnya |
Jabung-wuku Wugu nèng kidul sapta-ri |
gantya kang wuku Wayang ||

137. Dite Wage Lodra Wrungkung Dadi |
wuku Wayang Soma Kliwon-èki |
Brama Paningron Dangun-e |
Wayang Anggara Madu |
Kala Uwas Jagur marêngi |
Taliwangke punika |
wuku Wayangipun |
pan ing Buda Paing-ira |
dewa Uma anuju Mawulu Gigis |
Sêngkaning Asu-ajag ||

138. Wuku Wayang Rêspati Pon-èki |
 Dewa Êsri ing Tungle Kerangan |
 turun Sapi-gumarang-e |
 ing wuku Wayangipun |
 Sukra Wage Endra marêngi |
 Ariyang Nohanira |
 Wayang Tumpak Kliwun |
 Guru ing Wurukung Wogan |
 ingkang Jabung-wuku Wayang anèng nginggil |
 apan majêng mangandhap ||
139. Apan pitung dina pitung ratri |
 sampun purun amurugi kala |
 gantya wuku Kulawune |
 Dite Manis anuju |
 Dewa Yama Paningronèki |
 Tulus ing Kulawu-nya |
 Soma Paing-ipun |
 Lodra Uwas ing Wurung-nya |
 wuku Kulawu Anggara Pon-èki |
 Brama Mawulu Dadya ||
140. Kulawu ing Buda Wage-nèki |
 Dewa Kala Tungle ing Dangu-nya |
 Sêngkan Cèlèng-têmbalung-e |
 ingkang wuku Kulawu |
 ing Rêspati Kaliwonèki |
 Uma Aryang Jagurnya |
 nuju turunnipun |
 Kuthila-pas ing bantala |
 ingkang wuku Kulawu ing Sukra Manis |
 Sri Wurukung Gigisnya ||
141. Amarêngi Sêngkaning Srigati |
 ing Kulawu Tumpak Paing-ira |
 dewa Endra Paningron-e |
 Kerangan Jabung-wuku |
 Kulawu nêng èlèr (ng)gènnèki |
 majêng ngidul lèrêsnya |
 pitung dintên sampun |
 purun amurugi kala |
 gantya wuku Dhukut Dite Pon-irèki |
 dewa Guru Was Nohan ||
142. Wuku Dhukut ing Soma Wage-ki |
 dewa Yama ing Mawulu Wogan |
 Dhukut Anggara Kasih-e |
 Lodra ing Tungle Tulus |
 wuku Dhukut ing Buda Manis |
 Brama Aryang Wurung-nya |
 ingkang wuku Dhukut |
 ing Rêspati Paing-ira |
 dewa Kala Wurukung anuju Dadi |

Jilid 8 - Kaca : 53

turunning Asu-ajag ||

143. Wuku Dhukut Sukra Pon-irèki |
dewa Endra Paningron Dangunya |
Sêngkan Sapi-gumarang-e |
Dhukut Tumpak Wage-ku |
Êsri Uwas Jagurirèki |
Jabung-wuku Dhukutnya |
kidul-kilènipun |
apan majêng ngalèr-ngetan |
pitung dintên sampun purun amurugi |
kala yèn kasêngkala ||
144. Gantya wuku Watugunung nênggih |
Dite Kaliwon-nya dewa Endra |
Mawulu nuju Gigis-e |
ing wuku Watugunung |
dina Soma Manis marêngi |
Guru Tungle Kerangan |
ingkang Watugunung |
ing Anggara Paing-ira |
dewa Yama nuju Aryang Nohan nênggih |
wuku Watugunung-nya ||
145. Ing Buda Pon Dewa Lodra-nèki |
anuju Wurukung Wogan-ira |
kang wuku Watugunung-e |
Rêspati Wage-nipun |
dewa Brama Paningronèki |
tulus tumurunnira |
kang Cèlèng-têmbalung |
Selardi Sukra Kliwon-nya |
dewa Kala ing Uwas Wurung marêngi |
Sêngkanning Kuthila-pas ||
146. Wuku Watugunung Tumpak Manis |
dewanira Endra kang lumampah |
nuju Mawulu Dadine |
marêngi turunnipun |
kang Srigati marang ing bumi |
anèng lêsung tumêdhak |
nênggih Jabung-wuku |
Watugunung anèng wetan |
majêng ngilèn pitung dintên pitung ratri |
sampun murugi kala ||
147. Sampun jangkêp wuku tridasèki |
lampahing wuku Wrêgagêmètnya |
inganggêrakên lampaha |
Jamal-Jamil gumuyu |
sarwi angling angumpak dhiri |
nora jamak kang ajar |
ujare ambubruk |
prasasat dhalang awayang |
paham kabèh boya wus luput ing lali |

148. Wasi Wrêgasana ambêdhidhig |
mathêm munthuk mèsêm sarwi mojar |
inggi kados pundi malèh |
tiyang wus damêlipun |
anèng wukir wuku pinikir |
lamun tan makatêna |
tan sagêd anggêntur |
tanpa damêl anèng arga |
yèn tan wruha pangulah lampahing budi |
kabudayan Kabudan ||
149. Panglêpase tyas marang Hyang Widdhi |
kamulyaning marcapadèng dibya |
sampurna ing dêlahane |
pratistha ing panggayuh |
tang tar giyuh marang pangaksi |
waskitha ing kasidan |
sasêdyaning kayun |
têtêsing panitisan |
Jamal Jamil anjawil têtanya malih |
mring Wasi Wrêgasana ||
150. Manira tanya kakang wawasi |
mungguh candranya ing Paringkêlan |
wuku tigangdasa kabèh |
nèh jarwakên sadarum |
tumbuk Sangar lan tumbuking Sri |
sampun tanggêl pêpajar |
kang gêmêt sadarum |
Ki Wêwasi Wrêgasana |
anauri lah inggih punika gampil |
patanyandika mringwang ||
151. Wuku Sinta patine wong awig |
sêmunira lintang karainan |
watêke sarèh budine |
sabarang tyase lêsû |
têngah tuwuh manggih bilai |
ruwate gêdhang sanga |
kang suluh satundhun |
sakèhe arês-arêsan |
saliyane dagingan lan wohing dami |
pêndhêm gumantung simpar ||
152. Sêlawate pan salikur picis |
wuku Landêp minapringga pêjah |
surating raditya lire |
atêrang manahipun |
amadhangi sasami-sami |
bilai karubuhan |
ing wrêksa puniku |
jalaranipun tan drêman |

ruwatipun maja têtlungpuluh iji |
lawan arès-arèsan ||

153. Sêlawate patang kèthèng nênggih |
candraning wuku wukir ringkêlnya |
lêsu wana-sata lire |
gunung asri kadulu |
pinaranan ambêbayani |
adigung-adiguna |
angèl budinipun |
bilai kêna niaya |
ruwatipun kalapa satabonèki |
pat gluntung lan arèsan ||
154. Sêlawate apan limang picis |
wuku Kurantil dhandhang angurag |
nuju ewahan sêmune |
tan lana budinipun |
amêmènèk bilainèki |
jalaran kèh cidranya |
pangruwatanipun |
nanas sakuncunge sapta |
lan arèsan tindhih pitung kèthèng nênggih |
wuku Tolu candranya ||
155. Pasareyan sakèh wuku nênggih |
lêngkawa kukuwung sêmunira |
apan kagêdhèn angkuhe |
bilaine kasiyung |
jalarane ajaga ati |
pangruwate sêmangka |
wutuhan pipitu |
rês-arèsan pinêpêkan |
wuku Gumbrêg patining wrêksa anênggih |
gêtêr-patêr sêmunya ||
156. Watak wong tinuku abanèki |
lumaku ingajèn wicaranya |
kabêlabak bilaine |
jalarane kumingsun |
ruwate bènêman gêmibili |
sapuluh lan arèsan |
pan sêlawatipun |
kawan kèthèng aywa kirang |
wugu Warigalit apan jalma mati |
tan kèndhat sandhang pangan ||
157. Sêmune kèh sandhang panganèki |
bilainira apan kahambat |
jalaran murka karone |
apan pangruwatipun |
nênggih pisang graita kuning |
satundhun lan arèsan |
apan tindhihipun |

Jilid 8 - Kaca : 55

patang kèthèng ingkang anyar |
wuku Warigagung mina lodan mati |
kêtuk lindhu sêmunya ||

158. Apan abot sêsangganirèki |
bilainira apan kabanda |
sumangkeyan jalarane |
dene pangruwatipun |
pan puniku dang-dangan uwi |
ingêdang wuwutuhan |
arèsan tan kantong |
limang kèthèng ingkang anyar |
Julungwangi lumpuhing banthèng anênggih |
sarwa rum bar-abirnya ||

159. Kèh kang asih kèh ngalamatnèki |
bilaine tinêbak ing macan |
jalaran lumuh asihe |
dene pangruwatipun |
apan durèn pitung galinting |
lawan arès-arèsan |
kucing tindhihipun |
Sungsang jaka wuru tiba |
mega mêngdhung sêmune sêtêngah ati |
kawêsèn bilainya ||

160. Jalarane wrêngkêng ruwatnèki |
jagung ontong patpuluh arèsan |
sapuluh kèthèng tindhine |
Galungan lata pruthul |
andhap-asor kalulun budi |
bilaine tukaran |
cêla jalaripun |
ruwate jêram gêng papat |
lan arèsan sangang kèthèng tindhihnèki |
ingkang wuku Kuningan ||

Jilid 8 - Kaca : 56

161. Pring anggagar nuju teja nênggih |
sêmunira sêlamêt budinya |
apan kamuk bilaine |
jalaran gêmipun |
apan nênggih ruwatirèki |
satundhun pisang êmas |
lan arèsanipun |
salawat nêmbicis kênthang |
nulya wuku Langkir lare andawani |
urip sarya oyodan ||

162. Sêmunira wangkot budinèki |
bilaine apan tutukaran |
jalaran kadurjanane |
dene pangruwatipun |
apan bêngdha nêmbicis galintir |
nêmbicis kèthèng lan arèsan |

- kang pêpak sadarum |
 ingkang wuku Mandhasiya |
 apan ringkêl mina tinar ing warih |
 kayu agung sêmunya ||
163. Dadi pangaubaning sêsami |
 nora kêna atut lan sêsanak |
 anadene bilaine |
 apan kêna ing siyung |
 jalarane cengkre ing budi |
 dene pangruwatira |
 jambu kluthuk satus |
 kalawan arès-arèsan |
 sêlawate satak kèthèng datan luwih |
 wuku Julungpujudnya ||
164. Kathah lara sambang rimbung nênggih |
 mega jodhog lêngkawa sêmunya |
 watêke bêrèt (m)bêlêre |
 bilaine katêluh |
 jalarane apan gumampil |
 pangruwatipun pisang |
 bêcici satundhun |
 kang sinang lawan arèsan |
 sêlawate nêm kèthèng wuku anênggih |
 Pahang kèh manuk Kêna ||
165. Sêmunira pan anuju ati |
 watêkipun pan panas-atènan |
 ana dene bilaine |
 kênaniayèng satru |
 jalarane asal kardi |
 dene ruruwatira |
 jambu klampok satus |
 pitung kèthèng lan arèsan |
 nulya wuku Kuruwêlut kapas agring |
 toya wêning jêmbangan ||
166. Sêmunira wong sêlamêt ati |
 bilaine kêna ing sanjata |
 jalaran pintêr budine |
 ruwatanipun têbu |
 irêng patang lonjor nêm picis |
 sawarnining arèsan |
 wuku Mrakèhipun |
 ringkêle baron asêmpal |
 ing liwawar damar agung amêrapit |
 padhang-atèn elingan ||
167. Kabêlabak bilainirèki |
 kêpara ngarêp jalaranira |
 ana-dene pangruwate |
 apan kêmiri satus |
 lan arèsan (ng)gih satus picis |
 ingkang wuku Tambirnya |

upas lawan racun |
lêsu lupa sariranya |
têgêsipun tan sarju budinirèki |
blai kenging pasangan ||

Jilid 8 - Kaca : 57

168. Jalaran kèdhêp ujarirèki |
ana-dene ruwatanira |
pan timun-watang sêlawe |
tindhihipun dom satus |
lawan pangot waja sarakit |
kang wuku Mandhangkungan |
baya ngurag nêngguh |
nèn-unèn barung sakatya |
sêmunira adêrês sora yèn angling |
bilai kasudukan ||
169. Jalarane kudu-kudu nênggih |
ruwatane kêlayu satampah |
kang pêpak arèsanane |
tindhih picis sapuluh |
nulya malih wuku gumanti |
Maktal macan alupa |
apan lesus agung |
awor angin pancawora |
têgêsipun wantêr angên-angênèki |
bilaine atukar ||
170. Kagêdhèn akal jalaranèki |
ruwatane manggis tigangdasa |
nêm kèthèng lan arèsane |
Wuye pasangan manuk |
gêtih tinyuh ing ruman nênggih |
wor kukusing sundawa |
ing pasêmonipun |
cugêtan-ati punika |
jalarane saking pakèwuhirèki |
dene pangruwatira ||
171. Apan kacang dhung-dhungan anênggih |
ênêm têkêm lan arès-arèsan |
ana-dene titindhihe |
pitung kèthèng punika |
gantya ingkang wuku Manail |
apan wiji kêpapas |
lawan lintang agung |
awor mungsuh sêmunira |
tansah jaga-ajaga atinirèki |
dene bilainira ||
172. Apan kawêsèn punika nênggih |
ingkang dadya jêjalaranira |
kadhuwurên panggayuhe |
pangruwate kapundhung |
satampah lan arèsannèki |

sangang kèthèng Prangbakat |
kaya wringin iku |
sêmpal dening aliwawar |
pasêmone wêsi katon purasani |
kakon-atèn wataknya ||

173. Bilaine pan mêmènèk nênggih |
jalaran tyas ngadi-adi ika |
pan rambutan pangruwate |
lawan arèsanipun |
sêlawate wêsi giligin |
wuku Bala pandhita |
angluwe punika |
sarwa tibèng kala mangsa |
asring karya gora-godha watêknèki |
katêluh kênèng upas ||

Jilid 8 - Kaca : 58

174. Jalar kagêdhèn nêpsu tan bêcik |
pangruwatipun kara satampah |
lan arèsan pitung kèthèng |
nulya kang wuku Wugu |
pan kêluyu kêrahan nênggih |
patine padha rowang |
akasa wang-uwung |
sêmu jêmbar budinira |
bilaine kacuwik jalaranèki |
pan saking lêngusira ||

175. Pangruwatipun kimpul satambir |
lan arèsan sadasa kèthèngnya |
dene kang wuku Wayange |
ringkêl pasêmonipun |
patining andaka wanadri |
praptanggapati ika |
mega kang lumaku |
watak jêmbar budinira |
bilaine pan kêna cidra puniki |
mênga daulatira ||

176. Pangruwatipun pêlêm satambir |
ingkang manis-manis lan arèsan |
sêlawate wolung kèthèng |
ingkang wuku Kulawu |
apan inggih rabiya malih |
wèt dening wêwayuhan |
pêksi dewata gung |
kumpuling bun tibèng sêndhang |
apan srêpan ing rêmbug kumpuling bêcik |
blai kênèng wisaya ||

177. Jalaranipun sring arêpanèki |
ruwate waluh loro ingêdang |
jro ginulan myang rosane |
pat kèthèng tindhihipun |

wuku Dhukut ringkêl candraning |
apan kitri tinata |
ingkang sukêt unggul |
asri larangan dipatya |
pasêmone akamot bêbudènèki |
blai kuthah ludira ||

178. Anèng rana têngahing ajurit |
jalarane cukêng puguhira |
ruwat ing pare-wêlute |
wuwutuhan kinulup |
satampir lan arèsanèki |
nêm kèthèng tindhihira |
wuku Watugunung |
patining wrêksa narendra |
apagêra jaga gêrah uripnèki |
blai kêna niaya ||
179. Jalarane kawigaran budi |
pangruwate apan pisang raja |
satundhun kang suluh jêne |
kêlawan pisang gabu |
sêtundhun lan mundhu kang kuning |
miwah arès-arèsan |
kang pêpak sadarum |
pêndhêm gumantung kasimpar |
sêlawate picis kênthang satak sawi |
ruwate citrakanya ||
180. Sampun jangkêp wuku tigangdèsi |
Jamal Jamil gawok dènaya mulat |
mring Ki Wêwasi pahame |
têrang pawukonipun |
Jamal nambung sabda mring wasi |
kula kalangkung eram |
paham (n)dika wuku |
nging kêdhik taksih sumêlang |
babing Taliwangke etang(n)dika sisip |
Wrigapak (n)dika lêpat ||

Jilid 8 - Kaca : 59

181. Kula miyarsa Kyai Sêbagi |
ing Wanamarta ragi pujangga |
alim arêsik etange |
sami sêdayanipun |
Taliwangke ing Warigamis |
pan wus pinalanggêran |
Taliwangke-nipun |
pan ana ing dina Uwas |
wasing Wrigalit nêng Rêspati Pon nênggih |
Kruwêlut Kliwon Tumpak ||
182. Pan mêkatên wuruke kiyai |
Sêbagi mring kula wus mupakat |
pra majusi ujum kabèh |

kang sami muthi wuku |
sampun limrah yèn Warigamis |
Ki Wasi Wrêgasana |
sêmu rada milu |
mring kawruhe Jamil Jamal |
Ki Wawasi Wrêgasana sêmu ering |
mring kang ahlul tirakat ||

183. Sèh Mongraga angandika aris |
kae wasi ngong tanya ing (n)dika |
mungguh palêpasaning rèh |
kang muhung mring Maha Gung |
wasisthaning pratisthèng wèsthi |
asthagina ginagap |
panganggêping kalbu |
budi wadining wong Buda |
kabudayan kang patitis ing panitis |
tusthaning kawaskithan ||
184. Kang kinantha-kantha ing ngaurip |
ayun sumurup ing kèdadeyan |
jarwa-a kajatènane |
ginêng-ginênging gunung |
dunungêna panuksmèng jati |
Ki Wasi Wrêgasana |
tyasira katuju |
ing sêmu pagut kêrasa |
mêdhar jarwa Ki Ajar ing Pringgadani |
mijilkên sabda-tama ||

Jilid 8 - Kaca : 60

428 Mijil

1. Datan wangwang dènnira ajarwi |
tatasing wiraos |
Wasi Wrêgasana lon dêlinge |
yèn paduka tanya ngudi-udi |
pakêming maharsi |
kang sampun linuhung ||
2. Kang winulang jatining aguling |
anggêgêr-grit totor |
kang ginusthi anggusthi papasthèn |
kamulyane ing dalêm sawiji |
nèng sajroning pati |
patitising laku ||
3. Kang tinalip ngariloka benjing |
wor jawata manggon |
tunggal laku tunggal panuksmane |
tunggal paribawa lan dewa di |
kang kadya cakraning |
gilingan lumintu ||
4. Ing dêlahan ing marcapadèki |
pamilihing ênggon |

- ing bantala ngakasa tan pae |
ingkang botên inang panuksmaning |
Hyang Soman manjanmi |
manising mring ratu ||
5. Mila ratu punika linuwih |
punjul sakèhing wong |
sêbab jiwa jawata wèntèhe |
jawata pan atmaning maharsi |
wiwinih barêsih |
sukêre wus tunu ||
6. Suksmaning rêsi dadya badaning |
ratu kang kinaot |
suksmaning ratu Hyang Soman mêne |
Narayana ya Hyang Wisnumurti |
Janardhana nitis |
suksma pulung luhung ||
7. Maring ratu dadya nugrahaning |
jawata winongwong |
Hyang Manon mring ratu panjanmane |
ratu ingkang wus badan suksmarsih |
langgêng salamining |
saturut kadyèku ||
8. Wus lir satu lan rimbaganèki |
rêsik lan Hyang Manon |
tan liyan marang ratu panuksmane |
mila maharsi agêntur tapi |
mumuja sêmadi |
benjang muksanipun ||
9. Supaya tan milih ing panitis |
têtêse mring sang katong |
adhingini dwija panusupe |
jawata di nitik ing maharsi |
maharsi anitik |
panuksmaning ratu ||
10. yèn rêsi tan wagêd nèng narpati |
luput ing panggayoh |
Hyang Manon tan arsa nukma dhewe |
yèn tan lambaran lawan maharsi |
kalihe tan dadi |
nuksmane mring ratu ||
11. Marma gêntur ing samadi êning |
pan tan kenging bengkong |
ing panêkung jinungkung pujane |
datan bunar angênêr narpati |
ing pati patitis |
panitising ratu ||

12. Dadya tan kêna ingaran mati |
 kewala ngalih (ng)gon |
 mila aran kadhaton samine |
 lawan wana wilisan kang wingit |
 tan kenging ginampil |
 janma mring kadhatun ||
13. Liya kang wus winênang narpati |
 ngambah ing kadhaton |
 sami lan ngambah wana wukire |
 karatone maharsi ing wukir |
 wukir sup anitis |
 kadhatoning ratu ||
14. Dening panitis isining wukir |
 angkêre kemawon |
 ingkang nuksma mring kadhaton rajèng |
 saisining nagri sining wukir |
 tan ana anilip |
 sadaya mariku ||

Jilid 8 - Kaca : 61

15. Kerut maring panuksmaning rêsi |
 tan têlangke mawor |
 manon-manon ing lêbak pundhunge |
 masuk dadya kagungan narpati |
 nyawaning maharsi |
 dadya badan ratu ||
16. Pan punika gêgathekanèki |
 kang pra gêntur totor |
 tan pepeka tan nimpang pahume |
 Sèh Mongraga mèsêm ngandika ris |
 yèn mêngkono ugi |
 kawruhe wong gunung ||
17. Luwih dening rêkasa binudi |
 wêkasane dhompo |
 tan maoni sun saking kèh-kèhe |
 kawulaning Hyang kang Maha Suci |
 asnapun mawarni |
 titahing Hyang Agung ||
18. Nora kaya agama (n)Jêng Nabi |
 dutaning Hyang Manon |
 nucèkake rahmating kapatèn |
 Nabi Muhammad Rasulullahi |
 tan mawi mimilih |
 wus pêpangcèn sinung ||
19. Ing ganjaran nut ahli tinaksir |
 kang ènthèng kang abot |
 datan kêna selak nampik milèh |
 ingkang kèdhik kathah anèng adil |
 kang akèh dosèki |

agêng siksaniipun ||

20. Inkgang bêcik gaganjaranèki |
anèng swarga manggon |
tanpa kira-kira tanpa tondhe |
nugrahaning pitung donya iki |
maksih luwih ngakir |
kang sinung swarga gung ||
21. Nikmat bae langgêng ing kamuktin |
tan kêcangkol-cangkol |
tan rêkasa salawas-lawase |
luput sukur luput ing sak-sêrik |
barang kang kaèksi |
tan ana kang saru ||
22. Kang kapyarsa aririh dumêling |
tan (m)blêbêgi rungon |
kang binukti tan ana paite |
kang ginanda tan ana mis-bacin |
kèh rasa tan risi |
tan kêpalang kayun ||
23. Warêg bae salaminirèki |
nir tan walang-atos |
yèn wus luhung amal jariyahe |
kaote lan wong ahli ing ardi |
manggilingan nitis |
susah nusup-nusup ||
24. Yèn mungguha ngèlmu sarak Nabi |
ambêg kang mangkono |
luwih saking sasar pangidhêpe |
owêl tapanira ingkang uwis |
mungguha kaywaking |
mung kari anunu ||
25. Iba-iba wruha Pangeran ing |
-kang amurbeng tuwuh |
baya-baya luwih utamane |
kawruhira iku Ki Wawasi |
lamun sisip sêmber |
mati kaping pitu ||
26. Krana ngèlmu ajar sun kawruhi |
kamuksan praptèng don |
kaya nora kalêmpit ngong rêke |
ingkang dadi ugêring kadadin |
duk lagi angikis |
ing panggênturipun ||
27. Cabar tiwas bènêr lawan sisip |
anèng gêntur kono |
nora kêna bêngkung salilahe |

Jilid 8 - Kaca : 62

- jroning gëntur amusthi sawiji |
lir ulêr upami |
lagya ambubuntu ||
28. Ungkêrira pinipit apipit |
angin tan marojol |
saking sangêt si ulêr sêdyane |
bosên dadi ulêr ambêg pati |
kêpati kêpengin |
salin dadya kupu ||
29. Pan anyuthêl pangan nyuthêl budi |
anyuthêl lêlakon |
dadya mungkêr saulêr nalare |
nora mingsêr ngêningkên sakalir |
lagya madya sasi |
gatra dadi ênthung ||
30. Prapta ing satêngah sasi malih |
pêndhak tanggal dados |
ulêr mijil saking pangênthunge |
pêpak busana sungut larnèki |
ambabar wus dadi |
kukupu abagus ||
31. Yèn tan rapêt pamêpêtirèki |
ungkêre sumrowong |
tanpa dadi ulêr pangênthunge |
sabab masih kapanjangan angin |
têmah kanin posit |
nora dadi kupu ||
32. Kadya mangkono uga rêsyardi |
tan beda lan gêndhon |
yèn ta luput iku panggênture |
yèn tan sura lêgawa ing pati |
anguk ulêr bêcik |
bisa dadi kupu ||
33. Lamun ijih ajar ajijirih |
nora wani obong |
ajar nora manjing ajur-ajèr |
tan mituhu ujaring kajatin |
jatining panitis |
têtêsing panggayuh ||
34. Inggang lumrah pra ajar ing ardi |
dènya samya obong |
sauwise padhêm pangobonge |
amêmêkas duk masihe urip |
yèn benjing sun mati |
tununên ragèngsun ||
35. Sapatine gêni awunèki |
titikên ing kono |

yèn awu iku ana tapake |
tapak bayi arêpe mring êndi |
yèku pêsthi mami |
manitis ing ratu ||

36. Lamun tapak janma iku mami |
pan panitisingong |
maring patih mantri bêr-abêre |
dene lamun liya tapak janmi |
tanpa sato pêksi |
tununên dèn-gupuh ||

37. Lamun maksih ya tununên malih |
ping pitu angobong |
yèn tan ilang ya uwis pêsthine |
ulatana yèn sira sêdyapti |
nut tapak kang kèksi |
tandha manuksmêngsun ||

Jilid 8 - Kaca : 63

38. Ya mangkono punapi tan sisip |
kang kadya lingingong |
Ki Wêwasi Wrêgasana sumèh |
matur inggih sêstu ya kadyèki |
sarya (ng)ling jro galih |
ah èdi wong iku ||

39. Surup tata sabasaning ardi |
anjantu lèlakon |
sasuwene ujar tan acèwèng |
Wrêgasana ewah dènya linggih |
marêpêk sêmu jrih |
pagut tanpandulu ||

40. Nundha atur mring Sèh Amongragi |
kang mugi sang anom |
kula nyuwun lajêngipun malèh |
supaya trang tyas kawula myarsi |
Sèh Mongraga angling |
ujar kang puniku ||

41. Pratingkahe kang samya ambêsmi |
kaliru le obong |
tuna dungkap jênggan panitise |
nora antuk pangupaya yêkti |
karahayon yêkti |
tuwas dadi awu ||

42. Atma sasar wiwinih anisir |
sire tiba asor |
sabab luput saking paobonge |
atma dadi wuta nora titis |
tapak molah-malih |
tan kêna binêstu ||

43. Pratandhane tan bènêr kaèksi |
 yêktine kablaso |
 kêkandhane iku yèn tiwase |
 nandhang mati kaping pitu pasthi |
 rêkasaning pati |
 têmah bliwar-bliwur ||
44. Yèn wis mati kaping pitu nuli |
 nitis maring uwong |
 wong ing gunung dadya tapa manèh |
 anggêgêntur pratingkahing nguni |
 dene kang sun-angling |
 pati kae mau ||
45. Rupaning pati ping pitu iki |
 dadi kewan sato |
 paksi nuli dadi sadhengahe |
 lalêr ulêr myang rês-rêsing bumi |
 salin rupa yèn wis |
 jangkêp kaping pitu ||
46. Yèku cakraning gilingan pati |
 pati kang mangkono |
 kangsi praptèng salawas-lawase |
 lamun tan kabênêran ing pati |
 mubêng bola-bali |
 kadya iku mau ||
47. Ana ingkang manggilingan bêcik |
 manggilingan awon |
 nora kêna binêstu bêcike |
 krana saking abote cinangking |
 wêgah anglakoni |
 ras-arasên nyangkul ||
48. Wus mangkono prabawaning bêcik |
 sru suguhe linyok |
 kaya iya-ya-a niyate |
 nuli mangkene bae ya uwis |
 arang kang nuhoni |
 mila sasar-susur ||
49. Beda lan kang maharsi linuwih |
 tan ana pakewoh |
 ambêg sura lêgawèng patine |
 pangugêre anggêntur pangèksi |
 waskitha ring pati |
 tan inang sêrambut ||
50. Yèn wus munthuk ing dina sawiji |
 tahên gya tinotor |
 pinauman gêtinha kakêlènge |
 puthut manguyu gocara cantrik |
 endhang angèndhangi |

Jilid 8 - Kaca : 64

rabuk ratus arum ||

51. Wus rinukti sakèh cantrik-cantrik |
piranti kaobong |
sarta samya angastuti kabèh |
samya santi thiri-thiriguthi |
hong ilahèng ahing |
hêm-hêm paum-paum ||
52. Sêdhêng andadi urubing gêni |
akatar tang totor |
nir tang kukus urube anungge |
sang maharsi nulya marêpêki |
mring agni sêmadi |
ngêningkên pandulu ||
53. Tan antara ana kang kaèksi |
nèng sajrone totor |
janma cahya awor lan urube |
kawistara narpati mandhiri |
nèng sajroning gêni |
sakaprabonipun ||
54. Kaèksi wantah lir prabu tinangkil |
maharsi duk anon |
ingkang dadya dêlinge ciptane |
tan têlangke umaksanèng agni |
murub anguladi |
angganya maha-pyu ||
55. Yèku (ng)gwaning panukmanira ring |
ratu kang kinnot |
wus pancaka tan ana labête |
nora nganggo tapak kang tinitik |
sanalika wus nir |
sampurna ing riku ||
56. Nora kumalêndhang wus anunggil |
panuksmaning katong |
dadya nora samar panitise |
maring ratu kang minulyèng bumi |
manikingrat yêkti |
panjênêngan ratu ||
57. Kang mangkono maharsi sêjati |
wasis wruh tumuwoh |
Wasi Wrêgasana nalikane |
myarsa sabdaning Sèh Amongragi |
gigal tyasirèki |
kaluhuran wuwus ||
58. Ngunandika jroning tyas Ki Wasi |
sayêkti kinnot |
kaya trahing maharsi kang gêdhe |
tatas maring sabdanira nênggih |

sun durung miyarsi |
kawruh kang linuhung ||

59. Sira Wasi Wrêgasana aglis |
linggih amalarot |
tunggil lungguh lan Jamal Jamil-e |
saha sêmbah atur patiurip |
panggusthining kapti |
mrih Sèh Amongluhung ||

Jilid 8 - Kaca : 65

60. Aturira sarwi ngasih-asih |
dhuh geyonganingong |
mulyakêna jiwamba ing mangke |
sumanggèng karsa tuwan asung sih |
ing wong kawlasasih |
tumutur sakayun ||

61. Kawula nut rèh paduka yêkti |
sumarah kemawon |
anêtêpna amêcata dene |
pan kawula darmi anglampahi |
ingkang mugi-mugi |
angsunga pituduh ||

62. Sèh Mongraga mêsêm lingira ris |
mring Ki Wasi alon |
yèn mangkono karêpira kuwe |
asalina ing agama suci |
sarengating Nabi |
duta kang linuhung ||

63. Anêbuta ya kalimah kalih |
Ki Wasi wus sagoh |
gya winuruk agama Islame |
wus mangkana Islam Ki Wawasi |
Sèh Mongraga angling |
ngaliha aranmu ||

64. Sun-arani sira Wrêgajati |
wus pantês mangkono |
Wrêgasana sandika ature |
pan sêkenjing dènnira papanggih |
kangsi Asar ngakir |
Sèh Mongraga wêktu ||

65. Wrêgajati umantuk sung warti |
mring nak rakyat kang wong |
pan wus samya mangêrti tuture |
sigra kinèn angrukti sêsaji |
arèsan mawarni |
palaboga agung ||

66. Kalih jodhang dènnira miranti |
rencange anggotong |

praptèng sela Prabakesa (ng)gonne |
Sèh Mongraga ingaturan bukti |
namung angenaki |
sarat kusung-kusung ||

67. Suruping surya asalat Mahrib |
Jamal Jamil wong ro |
amuruki salat pratingkahe |
maring Wrêgajati wus ginati |
pan manut ing ngarsi |
enggak-enggok lumbu ||
68. Kunêng dalu kawarna-a enjing |
bakda wêktu Suboh |
Sèh Mongraga alon ngandikane |
wus kariya sira Wrêgajati |
sun arsa lunga nis |
anutukkên kayun ||
69. Wrêgajati aturira aris |
nuwun yêkti lumoh |
datan nêdya kantun saparanne |
amba sampun dhumatêng kang sakit |
nadyan praptèng pati |
kawula tumutur ||
70. Sèh Mongraga suka myarsa turing |
Wrêgajati sagoh |
têka tilar marang sasanane |
adan mangkat saking Pringgadani |
ingiring santri tri |
amirangrong laku ||

7 (Jamal Jamil madêg dados guru ngèlmu, ngebarakên ngèlmu ojrat)
IV. Jamal Jamil madêg dados guru ngèlmu, ngebarakên ngèlmu ojrat (ngèlmu karang) damêl pengeram-eram. Pamrihipun milut tiyang kathah angguru anyungga-nyungga Sèh Amongraga. Sadaya lajêng lumampah ngênêr nyêlaki talatah Mataram.
Sèh Amongraga sapanthèrèkipun nglajêngakên lampah nyabrang Kali Sara, ngilèn dumugi rêdi Adêg, lajêng tirakat ing pucaking rêdi Bangun watawis satêngah wulan.
Kaca 66 - 68

Jilid 8 - Kaca : 66

429 Wirangrong

1. Mahawan sandhaping wukir |
andulur nurut lalêmpong |
mungguh pèrèng jurang ing rurungkud |
anêtêr ing bangbang |
Wrêgajati nèng ngarsa |
atuduh marga têrusan ||
2. Prapta ing balumbang margi |
mudhun mangilèn mring Poncot |
marganya abanar kèh kadulu |

- ing pagagan asri |
janma ing pagunungan |
mêruput magawe samya ||
3. Mabang Hyang Aruna mijil |
mingip saparo mancorot |
ngênani kanangrat nir tang têdhuh |
kaujwalèng rawi |
kakaywan kaididan |
ing angin sadaya mobah ||
4. Kèngêl kadya angindhani |
tiyuning pang kêtêling ron |
lir enggar gembira kayu-kayu |
kang katubing angin |
surya pênthèr wèh raras |
janma kèh samya kunduran ||
5. Mèluku pangirit sapi |
myang kang tugar amêmencong |
kang babad trataban glagah rayung |
binubak pinurih |
dadya pangupajiwa |
amanja tégâl pagagan ||
6. Kang lagya angluru wiji |
juwawut myang lombok terong |
pan aneka-neka boga jagung |
tiningalan asri |
bêrambang ing ingalêran |
sapandêlêng bêbanjêngan ||
7. Ingarug pinggir arêsik |
risig pinagêran waloh |
kinalèn tusan buncang ranu |
kinirih mring têmbing |
sumrambah ing pakisan |
rêna kang duwe brambangan ||
8. Amarik muyêk awilis |
pinalisir jagung ontong |
sangkêp jêjanganan kacang wulung |
kara lan kêcipir |
linanjaran ing carang (m)biyêt ngêmohi wohira ||
9. Kang duwe bungah ngundhuhi |
bocah lan wong lanang wadon |
ramya samya (m)bêkta cêthing wakul |
tumbu sênik rinjing |
ngundhuh-undhuh kumrayap |
asuka ngrêmbang tégalan ||
10. Akathah kang dèntingali |
palêstrèn pèrèng sri tinon |
lêstari lumampah nèng marga gung |

kèh pagaganèki |
kang samya pêpasaran |
andulur iring-iringan ||

Jilid 8 - Kaca : 67

11. Yata Ki Sèh Amongragi |
asêngsêm lampahira lon |
kathah kang kapyarsa kang kadulu |
langêning samargi |
myang têngal pasawahan |
pêpèrèng ing ngare desa ||
12. Swarane ngabani sapi |
kang maluku anggêgaron |
kang tamping tulakan amamacul |
tan ana mangsèki |
tandur malêcut mapak |
sawênèh lagya gumundha ||
13. Kang mrêkatak mêmping kuning |
miwah kang wus panèn kang wong |
kang lagya têba lan wênèh mupuk |
myang wus lêbar dami |
tan wus dèn ucapêna |
langgêng mahawan mawarna ||
14. Kêpungkur pèrènging wukir |
wus langkung ing pasar Pancot |
nabrang kali Sara laju ngidul |
-ngilèn anut margi |
sukuning ardi Kandha |
mrih marga cêlak padesan ||
15. Tan kêrsa sup ing wanadri |
mahwan têngalan kemawon |
kang wukir alitan ardi Bangun |
nèng riku Mongragi |
kakênthung pucak ngarga |
tan ana kêkayonira ||
16. Antara satêngah sasi |
dènnira nimpar nèng kono |
pucaking arga de santrinipun |
tan tumut nèng nginggil |
nèng dhusun ing Lêmahbang |
ngobalakên ngèlmi joprat ||
17. Supaya ngupaya bukti |
ngiras muruk Wrêgajatos |
sarak gama Islam pan wus pundhuh |
bisa-a nglakoni |
sasurasèng sarengat |
mêngkana wong desa-desa ||

18. Kathah ingkang sami prapti |
 samya (ng)guguru marono |
 kèh mumulènira kèndhuri gung |
 angrasakkèn sami |
 sêkul wuduk lêmbaran |
 myang woh-wrohan kang prayoga ||
19. Gêdhang rambutan lan manggis |
 pêlêm kuwèni lan sawo |
 kokosan srikaya myang kêpundhung |
 tan towang bèn ari |
 siyang dalu sêdhêkah |
 wibawa Ki Jamil Jamal ||
20. Kathah kang samya angaji |
 ojrat lanang miwah wadon |
 kang samya winulang elminipun |
 pan kalimah kalih |
 masalah sala silah |
 ojrat samya linakonon ||
21. Sêlawatan dèn-empraki |
 lan têrbang gong alit loro |
 kalangkung ramya wong kang (n)dudulu |
 akathah kang prapti |
 sarta janma uninga |
 mring Ki Wasi Wrêgasana ||
22. Mangke ngalih Wrêgajati |
 sangsaya kèh suyud kang wong |
 samya masuk ojrat yata wau |
 sira Jamal Jamal |
 mamèrkèn pangeraman |
 gêgabus antêp-antêpan ||
23. Mangunah ingkang ripangi |
 wong desa katêmbèn tumon |
 raryalit wong tuwa anggêgabus |
 sanadyan pawèstri |
 samyèmprak têt-antêpan |
 kang pasah ana wëntala ||
24. Kang mati bisa rip malih |
 kang wëntala tan kêraos |
 kèh patinggi desa samya kerut |
 umasuk birai |
 asèlèh kabêkêlan |
 milalu ojrat mul-mulan ||
25. Jamal Jamil Wrêgajati |
 lir kakaul mumah-mumoh |
 wus kasêbut kathah kyai guru |
 sira Jamal Jamal |
 minule mring pra sabat |

Jilid 8 - Kaca : 68

samya mumucung punjungan ||

430 Pocung

1. Sakêlangkung dènnira mukti wong têlu |
ing dalêm sapasar |
kabèh kang masuk birai |
lamun siyang winulang ing sala silah ||
2. Lamun dalu lèlagon ripangnipun |
samya sisingiran |
sèlawatan dèn-empraki |
jalu èstri wor-winor tan winangênan ||
3. Sabatipun wus ngêrti yèn kyai guru |
agadhah bëndara |
awasta Sèh Amongragi |
anèng pucak ardi Bangun tirakatnya ||
4. Kyai guru pan iku sakabatipun |
mring Sèh Amongraga |
kang guru samya ngêntèni |
pan sinambi mumulang anèng Lêmahbang ||
5. Saya wuwuh pra sabat ing sungkêmipun |
maring Jamil Jamal |
samya tumut nganti-anti |
mandah apa saktinya bëndaranira ||
6. Yata wau kang anèng ing arga Bangun |
Ki Sèh Amongraga |
wus sapta ri sapta ratri |
dènnya jamak krasan tan batal wulunya ||
7. dènnya nêkung sumungku ing siyang dalu |
angungkih wêkasan |
mulyane sajroning pati |
jalarane manjanma jaman walikan ||

8 (Ngèlmu karang kanthi malik paningalipun tiyang (sulap))
2. Jamal Jamil ngebarakên ngèlmu ojrat i.p. ngèlmu karang kanthi malik paningalipun tiyang (sulap). Têtayang dhusun ngungun sarta kayungyun dhatêng ngèlmu tuwin mangunahipun Jamal Jamil. Pramila dipun-akêni dados kyai guru, sinugun-sugun dipun-mêmule.
Sèh Amongraga kapanggih lurah dhusun Lêmahbang, wasta Sutagati, punika rèh-rèhanipun Pangeran Jayaraga. Jamal Jamil mapag Sèh Amongraga, kairing santri kathah sangêt. Kadhawuhan yasa masjid, sagêd enggal dados lan dipun-anyari. Jamal Jamil sabên dalu damêl pangeram-eram. Têtingalan emprak kanthi pêpujian slawatan damêl têtayang pênthung-pênthungan, malah pêjah-pinêjahan, nanging wasana sagêd waluya, pulih kados wingi uni. Tiyang jêjêl uyêl-uyêlan ningali kaelokan damêlan. Sèh Amongraga anggung jênêk ing pangimaman ing mèsjid, tansah wontên ing salêbêting krobongan. Jamal Jamil nata santri-santrnipun kapantha-pantha dados sangang pantha, sabên pantha katêtêpakên lurahipun piyambak-piyambak.
Kaca 69 – 70

430 Pocung

8. Wali kutup kang katiban wahyu luhung |
linuriyèng driya |
mêngkana Sèh Amongragi |
sanalika wontên sasmitaning Suksma ||
9. Pan andulu tunjung pêsat saking ranu |
tumuwuh ing tawang |
têrate sinurêng-pati |
uripira kang tunjung tanpa têtaga ||
10. Bakda Subuh sajroning bengat tapakur |
poting kaênêngan |
mêdhar panguswaning galih |
nora gêlah-gêlah sêmoning sasmita ||
11. Kêrsanipun tumurun saking ing gunung |
lon-lonan dènnira |
tikungan lampahira ris |
pan amiyak gêlagah ruyung kewala ||
12. Ardi Bangun alit numpêng patutipun |
andêdêr dègira |
tinênggêl lampah kang kenging |
mungghah mudhun ing lampah kêdah luk-lukan ||
13. dènnya mudhun praptèng ngandhap ardi Bangun |
Ki Sèh Amongraga |
raryan soring kayu wungli |
wrêksa gêng kang wetan wrêksa kalampeyan ||
14. Tan adangu wontên wong sawiji mriku |
ningali sujanma |
nèng sak-(n)dhaping kayu wungli |
wus dinuga ing tyas yèn Sèh Amongraga ||
15. Sêmunipun kêmayon sarira lêsu |
gya wangsul cêngkelak |
gupuh prentah rabinèki |
kinèn angêliwêt sakêdhik rikatan ||
16. Karo rabuk uyah gorèng bae uwus |
lan dhèndhèng bakaran |
loro gêpukan kang garing |
nulya nuding ing bocah mènèk dawêgan ||
17. Tan adangu dènnira angrukti sampun |
binakta priyangga |
nèng panjang-ilang tup saji |
sêkul anèng piring alit sinucènan ||
18. Mundhuk-mundhuk prapta sila anèng ngayun |
umatur punika |
kawula nyaosi kèdhik |

dhahar sêkul tanpa ulam sumapala ||

19. Nulya gupuh binuka tup sajinipun |
kang lagya kalêswan |
dènnira ngandika aris |
iya bangêt tarimèng-ngong marang sira ||
20. Dene parlu sih rika akusung-kusung |
suguh ring manira |
ing êndi wismanirèki |
lan maninge iya sapa arannira ||
21. Alon matur kawula inggih ing riku |
dhusun ing Lêmahbang |
santri kasêntanan nagri |
milêt marang ing Pangeran Jayaraga ||
22. Apan macung piyambak kagunganipun |
dèntèn ran kawula |
winastan pun Sutagati |
awon-awon pêtinggi dhusun Lêmahbang ||
23. Lingira rum iya paman bage sukur |
sih-rika maring wang |
muga winalêsing wingking |
tingalan cangkingan sugatanira ||
24. Kêndhi sêkul ulam dawêgan nèng ngriku |
lan pisang salirang |
suluh têlung ulêr kuning |
Sèh Mongraga ragi dhangsan karsanira ||
25. Sêkulipun angêt lawan dhèndhèng gêpuk |
rabuk yah gorèngan |
pikantuk dènnira bukti |
namung rabuk sarêm gorèng kang dhinahar ||
26. Tan adangu bukti sangang puluk tuwuk |
aturuh lantingan |
nginum toyanya sakêdhik |
pisang raja satugêl ulêr tan têlas ||
27. Kaduk tuwuk atobe kaping sapuluh |
alon angandika |
paman pa wruh santri mami |
wong têtêlu Wrêgajati Jamil Jamal ||
28. Alon matur inggih uninga nèng dhusun |
-kula ing Lêmahbang |
sawêg amumulang ngèlmi |
amba nyabat ing ki guru Jamil Jamal ||
29. Anak putu akathah ingkang (ng)guguru |
ojrat sala-silah |

Jilid 8 - Kaca : 70

inggih sampurnaning pati |
jalu èstri sêpuh anom sami nyabat ||

30. Mring ki guru Jamal Jamil pan sumuyut |
wus dêling pawarta |
paduka nêng pucak wukir |
samyang sangêt ngarsa-arsa jêng paduka ||
31. Yèn panuju ing karsa paduka nênggih |
katuran mring wisma |
Sèh Mongraga ngandika ris |
manira tan arsa nêng kene kewula ||
32. Mung sirèku muliha bae mring dhusun |
Sutagati sigra |
anyarik dhadharan aglis |
lèngsèr saking ngarsanira Amongraga ||
33. Praptanipun ing wisma nulya umatur |
mring guru Ki Jamal |
wus katur sadayanèki |
Jamil Jamal agambuh lêga tyasira ||

431 Gambuh

1. Alon dènnira muwus |
yèn mangkono iku sang linuhung |
wus luwaran dènnya sènêt anrang kapti |
nêng pucaking ardi Bangun |
wus pitung dina samengko ||

9 (Sèh Amongraga kêrsa linggar dhatêng talatah Mataram)
Sèh Amongraga kêrsa linggar dhatêng talatah Mataram. Lampahipun mêdal
Jatisaba, wana tarataban alit, rêdi Sarêmbat (Sapikul), Kabasèng, nyabrang
lèpèn Oya, mangidul lèrês dumugi wana Jakêrta anjog ing rêdi Pagutan, rêdi
Sakêthi, laju mangidul dumugi rêdi Jimbaran, lèrêm ing rêdi Sambiradin
(Sambirata). Lampahipun ginarubyug ing santri ngantos cacah 760 jiwa.
Kaca 71 – 90

Jilid 8 - Kaca : 71

431 Gambuh

2. Lah payo padha nusul |
apanjatan marang ardi Bangun |
gya lumampah Jamal Jamil Wrêgajati |
tan adangu praptèng ngayun |
Sèh Mongraga mèsèm tumon ||
3. Alon andikanipun |
sira lagya pa anèng ing dhusun |
Jamal Jamil umatur kawula inggih |
amumulang awon nganggur |
kang sami rêmên angaos ||
4. Ing birai ojrat dul |
ngalap barkah ing paduka nêngguh |
jalu èstri kang samya masuk birai |

- pan sangêt sumuyutipun |
Sèh Mongraga lingira lon ||
5. Lah iya sakarêpmu |
wong kang padha kajat ngaji ngèlmu |
sala silah birai ojrat ripangi |
banjurna (ng)gwanmu mumuruk |
ing ngèlmu mring sakèhing wong ||
6. Manira arsa wêruh |
kumpulêna kabèh pra sabatmu |
gêdhe cilik manira arsa udani |
Jamal Jamil nuding gupuh |
tinimbangan sadaya wong ||
7. Tan dangu prapta gupuh |
tuwa anom lanang wadon sampun |
pêpak anèng ngarsane Sèh Amongragi |
langkung bingah manahipun |
Sèh Mangraga ngandika lon ||
8. Hèh Jamil karsaningsun |
ingong arsa yasa masjid agung |
kang supaya rahaba sakèhing santri |
ya kabèh para sabatmu |
iku kang wus padha mansoh ||
9. Iya maring ngèlmu dul |
ing sala silah ripangi iku |
Jamal Jamil parentah sigra nandangi |
karya masjid apan sampun |
pagêr myang batur binanon ||
10. Tan lami dadosipun |
saengga pupujan masjid wau |
sing katri-manira Ki Sèh Amongragi |
dinarbo lajêng binatur |
ing dintên Kêmis pinayon ||
11. Pagêr balumbangipun |
ingilènan toya wêning sampun |
datan ana labête anyar kinardi |
kadya wus dadya sêtaun |
Sèh Mongraga nulya manggon ||
12. Malêm Jumungahipun |
inganyaran salawatan agung |
wus kawarta ngakathah yèn Sèh Mongragi |
amumuja masjid agung |
ing sami sadintên dados ||
13. Mangkana dalunipun |
kathah kang prapta samya andulu |
dhusun kiwa têngên urut ing Matesih |

mring Lêmahbang dalu-dalu |
pêtêng samya (m)bêkta obor ||

14. Ing sontên wancinipun |
bakda Ngisa wus samya ngalumpuk |
santrinira sadaya kang jalu èstri |
nèng masjid sadayanipun |
apan kalihatuse jodho ||
15. Atarap kalang têtung |
ingkang anèng pangimamanipun |
Sèh Mongraga kinarya pupundhènèki |
apan kang linuhur-luhur |
kadya rinatu dening wong ||
16. Langkung jrih sungkêmipun |
sadayanya wus samya akêbut |
pan Ki Agêng Amongraga ing Sitibrit |
dadya panêmbahanipun |
ing tanah Matesih kono ||
17. Jamal Jamil amuwus |
lah mara wong majua ring ngayun |
ambuka-a bengidira ing ripangi |
nèng têngah sabojonipun |
kang tinuding lanang wadon ||
18. Nulya majêng ing ngayun |
nêrbang nèng têngah sila sidhupuk |
nulya winèwèhan jimat rajah sami |
tinutupkên netranipun |
rajahe pambukaning raos ||
19. Sigra lêkas sadarum |
adhikiran kang lagonnya landhung |
sawusira lêlagon dhikirirèki |
arêmpêk swaranira sru |
gya santak anduduk-wuloh ||

432 Mègatruh

1. Langkung ing panggêjêgipun rapal tuhu |
amêgêng napasirèki |
sauni-uninya rusuh |
tan sarêng samya sarênti |
ak - ak ik - ik uk - uk ok - ok ||
2. Asru-sinru anêlaskên napasipun |
têlasing swara kang muni |
kari gobag-gabigipun |
gya blag-blêg samya gumlinting |
tindhah-tumindhah carub wor ||
3. Ujurira tan karuwan undhungipun |
pating karingkêl jalwèstri |

- wong nêmb kang binuka wau |
 samya sru pamuwusnèki |
 minta ngapura dosèngong ||
4. Sakathahing dosa ingkang uwus-uwus |
 barang kang wus dèn-lakoni |
 ngomèl lir mêngdêm kêcubung |
 dènnya bandrèk begal maling |
 miwah dènnira nyênolong ||
5. Kêdhik kathah awone pandamêlipun |
 sawuse têlas dènnya ngling |
 nulya nangis ting salênggruk |
 ningali Sèh Amongroggi |
 mungging dhampar mutyara byor ||
6. Pan ingayap pra widadari yu-ayu |
 myang janma nom adi-adi |
 sarwi ngandika dhêdhawuh |
 pangapura sadosèki |
 mring wong kang ambuka raos ||
7. Sarta nuduhakên ing ganjaranipun |
 swarga mring kang buka dhikir |
 katon sanalikanipun |
 mila sru nangis kapengin |
 tumêka-a swarga kono ||
8. Tan antara santri jalwèstri sadarum |
 kang samya pana ing dhikir |
 kang tangi kang maksih kantu |
 sadaya sampun anglilir |
 rumasa sampurnèng batos ||
9. Wong nêmb kang tinutupan netranipun |
 rajah nêng dluwang rong nyari |
 pan sakilan panjangipun |
 tinutup prapta ing kuping |
 sauwusira ing kono ||
10. Ingulapan kang rajah mring Jamal sampun |
 wong nêmb maksih anangis |
 katonton ingkang kadulu |
 anèng sajroning adhikir |
 Sèh Mongraga ingkang katon ||
11. Wusnya aris dènnya birai asuhul |
 kyai guru Jamal Jamil |
 amundhut têrbang pipitu |
 angklung nêmb kêngdhang kalih |
 tan dangu prapta sumaos ||
12. Wus sinêntak têrbang tinatab gumêmbrung |
 kêngdhang ro wus dèn-kêncêngi |
 wus katêmu gêdhugipun |

adan lêkas Jamal Jamil |
narêbang lawan wong wadon ||

13. Wus miranti kang nêrbang ngêndhang lan ngangklung |
lima kang nêrbang pawèstri |
kapitu lan kyai guru |
bawa singir Jamal Jamil |
wis maca sêlawat alon ||

Jilid 8 - Kaca : 74

14. Adan lêkas swara jalwèstri (m)barung rum |
lêlagon landhung mlas-asih |
lir kadêmung lan panêrus |
nganyut-anyut (n)dudut ati |
aris rarase nyalendro ||

15. Singirira ojrat mêrambat ing kayun |
ya hu Allah ya Ilahi |
ngulatana ngèlmu luhung |
pusakaning ing ngaurip |
ya hu Allah sauran wong ||

16. Nyai-nyai wong wus tuwa aja tungkul |
golèka ngèlmu sêjati |
ya hu Allah ya Ilahu |
salawase ya Ilahi |
anèng donya rewa-rewo ||

17. Kang dêlanggung roro paranning tan wurung |
siji marang ing swarga di |
siji marang naraka gung |
ya hu Allah ya Ilahi |
babadên ing ngèlmu raos ||

18. Ngèlmu rasa kang karasa ing sirèku |
rasakêna kang hakiki |
wong ngaurip ya Ilahu |
badan roh-nyawa suksma di |
angilo-a ing pasêmon ||

19. Allah Allah ya hu Allah ya Ilahu |
gudhe pandhak jannur kuning |
pandam têlas urubipun |
pupuse sajroning pati |
datan ana kang karaos ||

20. Siti lumêng surya kêmban wadanèku |
kali tan kalaban warih |
kasatmata ing swarga gung |
ya hu Allah ya Ilahi |
aramya sauran ing wong ||

21. Panêrbange imbal lêlamban ajêgur |
kêndhang ro ambêbanggèni |
tampèlan kêmpyang lan gêdhug |

angklungnya gojogan ngênthir |
anjurudêmung sri tinon ||

433 Jurudêmung

1. Kang nonton uyêl-uyêlan |
samyakarênan andulu |
kapengin mèlu masuk dul |
jare ngilangkên duraka |
olèh ganjaran swarga-gung |
saikine katingalan |
sajroning dhikir ing riku ||
2. Mêngkana dènya samyojrat |
nutuk sababakan suwuk |
angaring-aring sadarum |
nulya ngédalkên ambêngan |
kêndhuri rolas ngêndhukur |
miwah wedang pêpanganan |
nulya dinongan Majêmuks ||
3. Kyai guru kang andonga |
amine ambata-rubuh |
sawusnya donga ki guru |
parentah mring santrinira |
lah mara padha-a kèpung |
ambêngan kono Bismilah |
ywa etung èstri lan jalu ||
4. Lanang wadon tan prabeda |
ya lanang ya wadon iku |
aran padha tunggal ngèlmu |
kang liningan langkung bungah |
anggêpe samya nyadulur |
tan ana sumêlanging tyas |
nutug royoman akêmbul ||
5. Sawusnya samya anadhah |
ambêngan nulya ingêdum |
warata sadayanipun |
mung kari wedang panganan |
jaga nyanyamikan kantun |
mung sêkul kang binêrkatan |
wus samya wangsul (ng)gènnipun ||
6. Kyai guru Jamil Jamal |
lêkas salawatanipun |
lagu gèndhing Sêkar-gadhung |
berag santrine sadaya |
samyakantêp swara sru |
arêmpêk gèng alit sora |
la ilaha i-lêlahu ||
7. Muhamad Rasullolah |
rampak tan ana (m)barênjul |

Jilid 8 - Kaca : 75

gumêr gora sru gumuruh |
wor têrbang pitu gênturan |
abarang kêndhang lan angklung |
tung ting tung pyêk byang prung prung brang |
pêp pêp bah bah bah gur bah gur ||

8. Tung plêk tung plêk dhêng dhung dhung brang |
plak blang plak blang klur klu thir thur |
nampani singir wong pitu jalu kalih èstri gangsal |
kang sami narêbang bêsusu |
swarèstri gêtas arênyah |
anglik mêrit manis arum ||

9. Lir panêrus binarungan |
anggêndèr lawan kadêmung |
pating salênthuk angguguk |
ngapipir tangane kiprah |
kang emprak nêm somah maju |
liru rakit bojonira |
pan samya anyêpêng sumbu ||

10. Arame dènira emprak |
sajodho sumbu-sinumbu |
sajodho têb-têban watu |
sajodho agêgabusan |
sajodho pênthung-pinênthung |
sajodho urêk kris pêdhang |
sajodho awake murub ||

11. Sakathahe kang tumingal |
suka gêgêtun agumun |
kagawokaning pandulu |
sajêge tan wruh tontonan |
kang èdi-èdi kadyèku |
eram sakèh kang umiyat |
sadaya samya kayungyun ||

12. Wus dangu antaranira |
nulya salin sajakipun |
sêsêg têrbang kêndhang angklung |
myang kang emprak salin sajak |
carub wor dènnira (m)barung |
tan etang kancahanira |
arusuh mungsuh minungsuh ||

Jilid 8 - Kaca : 76

13. Kang ningali giris mulat |
tan mantra yèn karya guyu |
wus lir prang sayêktinipun |
sura sru samya bramantya |
sawiji èstri sinuduk |
jaja trus marang walikat |
niba blêg rahnya sumêmbur ||

14. Siji wong lanang pinêdhang |
mring èstri gulunya rampung |
tugêl bêl pisah lan gêmbung |
kêpalane galundhungan |
gêladrahan gêmbungipun |
sasomah kang kêkêprukan |
ing lilinggis wêsi sampyuh ||
15. Kumêpruk polone muncrat |
rênyêk babathuke sumyur |
jur mumur gêtih sumêmbur |
sasomah bakar-binakar |
gosong awake sakujur |
ambune sangit kêliwat |
kumronyos umob akumyus ||
16. Wong myat kèh kalêngêr niba |
kami-rurusên andulu |
wênèh kang nangis gumrumung |
myang kang mambu sanakira |
ana kang ambêngok asru |
e e e Allah Allah |
biyang biyang priye iki ||
17. Wênèh lumayu umpêtan |
tan tahan ningali marus |
samyajrih gila andulu |
tyase samya têtataban |
tan duwe ati salugud |
sadaya ulate biyas |
samyamicarèng jro kalbu ||
18. Sabêne nora kadyèku |
kangsi samya têtèng lampus |
dahad padha têtèguh timbul |
tan ana braja tumama |
ih nora dhêngêr satêngu |
têka mangkono akalnya |
tan ana bisa cêlathu ||
19. Kami-tênggêngên sadaya |
dalah têrbang kêngdhang angklung |
suwuk cêp nora tinabuh |
tan ana walang sisikan |
mêngkana kiyai guru |
nuduhpawèstri sajuga |
kinèn ngidêri atêpung ||
20. Sarta singir nabuh têrbang |
lan wong lanang siji tumut |
nèng pungkur anabuh angklung |
kang liningan sigra mentar |
angêlik swara mrik arum |
têrbang nibani irama |

angklung lamba ngêthur-êthur ||

21. Mêngkana sisingirira |
ana tangis layung-layung |
tangise wong wêdi lampus |
ya hu Allah gêdhongana |
kuncènana dèn-akukuh |
ing pati mangsa wurunga |
santri kèh nauri barung ||
22. Landhung rêmpêg swaranya |
hu Allah ya hu Allahu |
gya singir anganyut-anyut |
ya Nabi salawatulah |
ing sakate ya Illahu |
karamate Waliolah |
jalma luwih mêrga ayu ||
23. Ayu-ayu ya hu Allah |
mangkana sisingiripun |
ngubêngi kang samya lampus |
têpung gêlang kaping tiga |
anulya kiyai guru |
amundhut padupanira |
kang mênyan ingobor murub ||
24. Urube akantar-kantar |
sangsaya gêng urubipun |
gumrêbêg sundhul masjid gung |
nunu bangke ing kalangan |
swaranya pating jarêblug |
angimpun urubing brama |
pan wus antaranya dangu ||
25. Bêbangke mulya sêdaya |
lalu sirêp urubipun |
kang emprak pulih lir wau |
malah wuwuh rupanira |
barêsih lir mêngtas adus |
gya têrbang brung brung barungan |
sauranira gumuruh ||
26. Kang nonton abungah-bungah |
alatah-latah gumuyu |
ya talah ih sukur-sukur |
pênyanaku banjur modar |
nyata èdi kyai iku |
bisa gawe salah endah |
mandah (n)jêng ki agêngipun ||
27. Ing saktine baya ana |
pitung guru wolung guru |
gumêdêr nauri atur |
e lah mêsthi ta karuwan |

Jilid 8 - Kaca : 77

yèn ngluwihi kyai guru |
sumaur hêng êh karuwan |
wong sabate mono iku ||

28. Yata wau wayahira |
wus lingsir mèh tabuh têtlu |
samyã bubaran sadarum |
kang nonton mulih sowangan |
salong lajêng nginêp kantun |
ingkang mêngtas sêlawatan |
laju dhikiran sêdalũ ||
29. Kang mulih ya dhidhikiran |
ting karo-lah ting karê-hu |
kang mangalor wismanipun |
kang ngulon mangidul ngetan |
dhikiran turut dêlanggung |
kongsi praptêng wismanira |
mênêng tan dhikir yèn turu ||
30. Pan mangkana lumrahira |
adhikir ing siyang dalu |
sanadyan (ng)garu maluku |
yèn tan pêngat dhidhikiran |
mangkana salaminipun |
wong kathah dènnya dhikiran |
samyã wirangrongan ngèlmu ||

434 Wirangrong

1. Yata Kyagêng Sèh Mongraga |
anèng pangimanan manggon |
pan kinarobongan alus |
rinangkêp gubah brit |
jênêg nèng pangimanan |
sinaji dhahar dhaharan ||
2. Sabên wayahe abukti |
awis dhinahar tan kalong |
lêt rong dina kadhang sêkulipun |
kalong sa-kêmiri |
tan rêmpid rampadannya |
ulam dhadharan mung pisang ||
3. Satugêl ulêr binukti |
tilas lir sisaning codhot |
tan arsa umêdal lamun ayun |
ngandika mring santri |
kewala nèng krobongan |
matur sawijining gubah ||
4. Ing nalikanira enjing |
Jamal Jamil ingayap wong |
anèng plataran sandhapipun |
ingkang kayu wungli |

Jilid 8 - Kaca : 78

- Jamal Jamil paprentah |
 mring sakèhing santrinira ||
5. Pan samya dipun aranni |
 Jatiraga sawênèh wong |
 Ragajati miwah Jatiwuyung |
 wênèh Darmajati |
 Têlêngjati kalawan |
 Ragasuksma Suksmaraga ||
6. Langgêngjati Tuturjati |
 Mintajati Jatilewo |
 Ragalewo lawan Jatitupu |
 miwah Dulêngjati |
 kang kinarya lulurah |
 dinum sarèh-rèhanira ||
7. Sabat kawanatus nênggih |
 pinara sangalas rêko |
 lurah lèrèhannya anyèlikur |
 langkung wong sawiji |
 koyuping lurah ngarsa |
 sadaya nuwun sandika ||
8. Kang winênangakên sami |
 ambuka ing dhikir raos |
 amulang ing sabat ngayut-ayut |
 mrih masuk birai |
 mangka ki guru Jamal |
 Jamil Wrêgajati samya ||
9. yèn dalu ojrat ripangi |
 yèn rina akarya gawok |
 pangeraman sulap sarat masrut |
 singluning pangèksi |
 amêdhar ngèlmu karang |
 kabuyutan kang kinarya ||
10. Wong tani bêtîl (m)bêtîtil |
 ing rêpit rikoh tan wêroh |
 mung macul kewala (ng)garu-mluku |
 kapintêranèki |
 ing ngèlmu tan kabuka |
 manut margèng kagawokan ||
11. Wau ta ki guru kalih |
 akarsa karya guguyon |
 anuding bocah ro samya gundhul |
 umur limang warsi |
 thèsèl pancèn kèpalang |
 ingundang praptèng ing ngarsa ||
12. Mathêkêl awake kusi |
 ran si Thêngul lan Sêntolo |
 kang rare kalihnya rada mrusul |

kinèn mangan sami |
kang sêga ramês pindhang |
ngathêkul rare ro mangan ||

Jilid 8 - Kaca : 79

13. Binênturan blag-blêg kêni |
bathuk rai wêtêng bokong |
tan obah tan (n)jingkat eca nyamuk |
-nyamuk nyangga takir |
watu bata myang padhas |
samyamundur tan karasa ||
14. Ana ngunus tumbak kêris |
pêdhang kalewang myang bandhol |
sigra barêng mara sami nyuduk |
pêdhang ngênglewangi |
kang rare samya latah |
kapingkêl gumuyu suka ||
15. Kêri lir dèn-ilik-ilik |
alêkèk-lêkèk mêrongos |
cape tanganira kang ambêntur |
dhengah wong (m)bênturi |
watu lir dhêmpo kumba |
sumyur pêcah anggalêpang ||
16. Rare loro kinèn ngambil |
ambrengkal watu sagênthong |
sigra binarengkal wus kajunjung |
gya têb-têban sami |
kadya kapuk salamba |
watu ingumbulkên tawang ||
17. Muluk angungkuli krambil |
tinadhah gigir bokong |
miwah tinadhah ing gundhul |
myang sinikut bali |
kinarya gagathèngan |
kang watu sagênthong amfang ||
18. Tinonton sakèhing janmi |
dhengah mulat gawok-gawok |
tan dangu gègèran kêbo ngamuk |
kèh curnan binijig |
sinundhang ing maesa |
usus mrodhol kulawèran ||
19. Wong akèh pating jalêrit |
sru gumuruh lanang wadon |
ki guru angatag lah dèn-gupuh |
bocah ro sirèki |
papagên kêbo gidrah |
anglêburakên wong kathah ||

20. Gya tandang rare ro nuli |
 mapag abijig lan kêbo |
 ingêlokkên kathah sru gumuruh |
 kang jêblès abijig |
 binut ro kang maesa |
 kang siji (ng)gujêngi kêkah ||
21. Sikiling kêbo kang wingking |
 tan bisa (ng)gronjal si kêbo |
 ngarêp binijigan mring si Thêngul |
 dhag-dhêg dèn jêblèsi |
 sunguning kêbo pokah |
 gical karo tibèng lêmah ||
22. Kêbo ambruk (n)jrum ing siti |
 pêcah êndhase malopor |
 polone maesa lajêng lampus |
 andêladak gêtih |
 (n)dhas ajur lir ginêcak |
 bathang kêbo gya binuwang ||
23. Jinunjung sikile (m)huri |
 sinawatakên tibèng doh |
 mêlongok kang mulat gya kang tatu |
 anyuwun jêjampi |
 apan tiyang sêkawan |
 tatu tri pêjah satunggal ||
24. Ingaturkên guru kalih |
 sarwi tinangisan kang wong |
 sigra tinambanan wong kang tatu |
 marang Jamal Jamil |
 mênyêt indrênging pisang |
 ingusapakên minantran ||
25. Kang kinèn mulya lir nguni |
 kang mati ginudag kêbo |
 nulya ingusadan gya sinêbul |
 bun-êmbunanèki |
 rinaupan ing toya |
 ginugah nulya gumregah ||
26. Mulya kadya duk winuni |
 kang umiyat kabèh (n)jomblong |
 kagawokan marang kyai guru |
 nguripkên wong mati |
 misuwur ing ngakathah |
 èdi sêktine gurunya ||
27. Sanake bungah kêpati |
 mulya saking guru karo |
 mangkana karsanya kyai guru |
 mundhut walulang glis |
 dhadhalang kinèn natah |

Jilid 8 - Kaca : 80

jaran mawi lar kang kathah ||

28. Mangkana kabèh wus dadi |
jaran walulang rong puluh |
piningakên lurah sadaya wus |
kinèn anunggangi |
jaran walulang sigra |
ginêtak pan kinêplokkan ||
29. Gya mabur bêr ngawiyati |
têgar pucaking kêkayon |
sadaya kang nunggang raosipun |
pan jaran sêmbrani |
ulêt ijo mawi lar |
pakanne prêdapa kêmbang ||
30. Tutug sakarsanirèki |
mayêng-mayêng mibêr adoh |
kitêr nêng kêkaywan sabatipun |
gèdhèg-gèdhèg sami |
gawok eram mulat |
agiris mring gurunira ||

435 Girisa

1. Yata kang sami têtêgar |
mring awang-awang polatan |
wus dangu antaranira |
samyã maniap mangandhap |
prapta anèng ngarsanira |
ing guru santri sadaya |
mudhun saking panungngangan |
wus mulih jaran walulang ||
2. Uwus kawêntar ing desa |
kang doh-adoh sami prapta |
pan anyabat masuk ojrat |
kapengin sampurnèng titah |
tinêkan sakajatira |
kang linuwih ing ngakathah |
saking tuwajuh angalap |
saking wau bêrkahira ||
3. Kang minulya ing Lêmahbang |
Ki Agêng Sèh Amongraga |
ki guru kinarya lantaran |
wakil winênang mumulang |
kyagêng ngidèni kewala |
mangkana ki guru Jamal |
Jamil akarssa sasawah |
loroging Lêmahbang (ng)gènnya ||
4. Maluku tanpa maesa |
wêluku brujul priyanga |
singkal mingêr bêlundhusan |

Jilid 8 - Kaca : 81

- macule sami gacrokan |
 amalik nampingi bubak |
 sadina dadi lèlèran |
 sadina ngurid sumingkal |
 sadina dhaut banjaran ||
5. Sadina kudur tanêman |
 sadina ngilir gumundha |
 sadina gumadhung mapak |
 sadina mlèncut uraban |
 sadina angêmping jênar |
 sangang dinane panènan |
 sabên-sabên dènnya sawah |
 sangang dina pêpanènan ||
6. Dadya bungahing ngakathah |
 sabarang kang tinandura |
 pitung dina bae genjah |
 mêdal woh tulus andadya |
 nanêm jagung patang dina |
 miwah tanêm terong kacang |
 janganan nèng patêgalan |
 kang terong rong dina awah ||
7. Kabèh para lurah-lurah |
 kang wus samya kinalilan |
 sami kewala sasawah |
 genjah amung sangang dina |
 lawase nêmbèlas dina |
 anulya mêtuh wohira |
 tuwuk kang sami tinêdha |
 sarwi ngêmohi sêdaya ||
8. Wong desa asuka rêna |
 karya tan pati rêkasa |
 mung manggung dhikir kewala |
 tan pègat dalu lan siyang |
 mênêng-mênêng lamun nendra |
 tan pati angupajiwa |
 barang kang cinipta dadya |
 nadyan nanêm anèng jogan ||
9. Wohe genjah anèng têtgal |
 wus gumyah mangunahira |
 sawahe (n)Jêng Kyai Agêng |
 kang ngangsu mring sêndhang-sêndhang |
 jalu èstri miwah bocah |
 toyanira sinundukan |
 myang ngangsu pikulan banyu |
 miwah kathah pangeraman ||
10. Wong wadon kêkêmbênira |
 kinarya anggorèng kacang |
 ana satêngah akêlan |
 banyu ginembol ing sinjang |

wus matêng jangan pinangan |
wus lumrah kabudayannya |
mangkono wong pirang desa |
kiwa têngênging Lêmahbang ||

Jilid 8 - Kaca : 82

11. Uruting Matesih samya |
katutugan sakadarnya |
kang mênçul agêgêmlungan |
panjawile pênthung pêdhang |
panyêluke bandhil balang |
jalwèstri lan bocah-bocah |
tansah anêbut kalimah |
lumrah omah anèng sawah ||
12. Tan ewah kang sala-silah |
satêngahe mamah-mamah |
katêlah ulah kalimah |
amrih gênahing mangunah |
bungah luwih ing ngakathah |
tan ana kang solah-salah |
tan susah dènnira sawah |
agenjah pêndhak Jumuwah ||
13. Atuwah wohnya akathah |
tanah desa ing Lêmahbang |
agêmah ripah wong kathah |
santrine sangsaya wêwah |
pengin nyabat masuk ojrat |
mêngkana sêdina-dina |
gumyah wong sawah tan susah |
yèn dalu samya slawatan ||
14. yèn raina bubungahan |
kyai guru Jamil Jamal |
tan marentah mring sabatnya |
sadhengah kinongkon dadya |
uncêg pangot bae mara |
nadyan kêbo bèbèk ayam |
kenging kinongkon sadaya |
dalam kayu watu lêmah ||
15. Kewala kenging dinuta |
ki guru ingayap sabat |
pra lurah-lurah sadaya |
ki guru lon ngandika |
hèh ani-ani ta sira |
sun-kongkon têgorên enggal |
kabèh nangka kayu kawak |
dèn-kêbat ywa kêlayatan ||
16. Ani-ani sigra mentar |
opang-aping lampahira |
ki guru asru lingira |
hus-hus ni-ani baliya |

(m)bok aja nganggo pan-apan |
gumagus akêteyongan |
tinggalên pan-apanira |
ngrubêdi nora cancingan ||

17. Copotên pan-apanira |
lah wis dèn-kêbat mangkata |
ni-ani santiyêng mlêsat |
tinutakên mring wong kathah |
ni-ani anêgor nangka |
rinubung sakèhing janma |
ni-ani anggêgês nangka |
rong prangkul gênge wit nangka ||

18. Blas-blês bisa nêbal tatal |
ginuyu marang wong kathah |
ngêsorkên wadung nêmbêlas |
tatale sami malêsat |
anyiprati kang niningal |
wus mênggik panêrêsira |
amubêng panggêgêsira |
kumrètèk dhoyong kang wrêksa ||

19. Gumêbrug rêbah ngrêbatang |
ni-ani tumumpang nglekar |
sawusnya rêbah kayunya |
kyai guru sigra prapta |
gupuh piyak sabatira |
kiyai guru ngandika |
aranmu ni-ani ala |
tan duwe pangrasa pisan ||

Jilid 8 - Kaca : 83

20. Jamak pang-êpange ika |
padha dèn-tutuhi samya |
nora nguwis dinuta |
ni-ani ajrih kadukan |
sigra nutuhi pang-êpang |
gêng alit rampung sadaya |
ngling malih iku wasisan |
dêlêge sira tugêla ||

21. Sadhêpa bae kang papak |
ni-ani (ng)gêgêsi sigra |
wrêksa tugêl sakala |
sadaya gumuyu latah |
majad ni-ani tan bisa |
anêgor kayu wit nangka |
ki guru nulya ngandika |
mring wong nini-nini tuwa ||

22. Kêmpong untune wis gêm pang |
ki guru aris ngandika |
e la sira nini tuwa |
kayu iki garotana |

- bakal sun karya klowongan |
 bêdhuge masjid gêng ika |
 dadiya padha sadhela |
 mêngko kanggo-a Jumungah ||
23. Sigra nini-nini tuwa |
 anggaroti kayu nangka |
 themal-themol apilaran |
 myang tatale akêmahan |
 anênêm nyakoti wrêksa |
 tan dangu dadya klowongan |
 tabêt alus lir pinasah |
 datan mantra cinakotan ||
24. Sampun dadya kalowongan |
 kyai guru ngambil bocah |
 cilik maksih sinusonan |
 nulya prapta lan biyangnya |
 ki guru alon lingira |
 lah bocah bayi ta sira |
 wangkisên bêdhug sadhela |
 anuli kanggo dèn-kêbat ||
25. Bocah ingkang sinusonan |
 tangi saking pangojongan |
 mudhun mring lêmah lumampah |
 lumaku mêsat sakêdhap |
 tan dangu anulya prapta |
 ngirit bocah bayi kathah |
 sami pasuson slawe prah |
 pating carêngèk swaranya ||
26. Kang (ng)gawa bèji walulang |
 binayang ing rare bajang |
 siji nora na (m)bêrangkang |
 mangkis bêdhug kalowongan |
 sumriwêd gidrah grêjêgan |
 akale asor wong gêrang |
 walulang jinèrèng kathah |
 binèjèn sagadukira ||
27. Bèji manjing ginandhènan |
 ingubêngakên supaya |
 êndhèk dènnya nambut-karya |
 ting garêthok thag thêg samya |
 acêngèkan bayi kathah |
 kongkon tuding-tinudingan |
 èsthane atag-ingatag |
 sêngkut dènnya nambut karya ||
28. Tan dangu anulya dadya |
 wangkisan singsêt (m)bêngkayang |
 wus garing sami sakala |
 bêdhug cinoba tinêmbang |
 jumêglung kadya gong monggang |

janma kèh ngling biyang-biyang |
nora jamak uninira |
nulya laju kinèn (m)bêkta ||

Jilid 8 - Kaca : 84

29. Sigra bayi salawe prah |
bêdhug ingangkat ing kathah |
para bayi jabang-jabang |
sinunggi binayang-bayang |
ampang lir (ng)gawa daluwang |
pra jabang lakune gancang |
sêlang-tunjang tan sumêlang |
lajêng pinasang anganggrang ||
30. Sadaya abungah-bungah |
sakèhe sabat kang anyar |
gèdhèg nêbut tobat-tobat |
eram gumun gawok mulat |
samyà (ng)gunggung gurunira |
èdi saktine kaliwat |
cipta krasan nèng Lêmahbang |
kêpengin gampang pinangan ||
31. Kang bêdhug wuse pinasang |
santri kèh a-Jumungahan |
kumêrut kabèh santrinya |
jalwèstri rare nom-tuwa |
ring masjid a-Jumungahan |
agêng alit winatara |
kalih-bêlah èwu ana |
srambi èstri kering-kanan ||
32. Supênuh masjid malapar |
kêbak dalah pèlataran |
Ki Agêng Sèh Amongraga |
ngimami nèng pangimaman |
pan maksih kinarobongan |
guru Jamal mengasiral |
guru Jamil ingkang kutbah |
prapta kir bakda Jumungah ||
33. Kênduri kalangkung kathah |
godhong ancak kadya sarah |
(m)bêlabar sêkul lam-ulam |
waradin warêg ambrêkat |
mudhun bubar bar Jumungah |
sami mulih sowang-sowang |
sêmbari andhidhikiran |
nut panjang wêtuning napas ||
34. Wênèh dhikir nut tindaknya |
myang lagon sasênêngira |
wus lumrah wong pirang-pirang |
gumrêmêng dalu lan siyang |
satêngahing nambut-karya |

santri èstri kang wus bisa |
samyã karya pangeraman |
èstri barang karyanira ||

35. Anutu adang akêlan |
namung tinunggu kewala |
sarwa dhikir Allah Allah |
kang nutu asangga-uwang |
alune gêjug priyangga |
tampah napèni kêpyakan |
yèn wus rêsik anèng wadhah |
miwah ingkang olah-olah ||
36. Ajêngglu (n)jangur kewala |
mung nyalumik dhidhikiran |
kang la Ilaha Ilallah |
ana Ilalah Ilalah |
myang kang dhikir Allah Allah |
miwah hu hu dhikirira |
kang angi enthongge bisa |
anglêr sêga baludhusan ||
37. Ilirnya kopat-kapitan |
irus solèt munthunira |
samyã kluthukan priyangga |
myang kayu sumuguh dhawak |
kabèh tan susah anggrayang |
rampung dhewe pirantinya |
kang dadya kasukanira |
kang santri-santri sadaya ||
38. Saluran-saluranira |
ngadu-adu pangeraman |
cêmpe bijig lan maesa |
myang kancil kalawan macan |
gêmbar-gêmbor sima kalah |
kodhok ingabên lan ula |
ula dèn-êmplok inguntal |
kodhok (m)badhudhug sablungkang ||
39. Kyai guru Jamil-Jamal |
nuding raryalit satunggal |
ingacêng-acêng dakarnya |
pêlinya bocah amêkar |
ambêdhêdhêg mulur dawa |
malêmbung padha sadhela |
dinêlêng katon undhaknya |
pakênêng-pakênêng mêkar ||
40. Dawa kangsi limang dhêpa |
dêdêlêge gêng sakêndhang |
mung pawakane kewala |
kajaba gêgalêngira |
amêdhok rah-irahira |

Jilid 8 - Kaca : 85

jalèbère bulêdira |
sapayung bèbèk bawera |
kêngkèng atos ambêngkayang ||

41. Manggut-manggut ablag-blêgan |
janggute sumèlèh lêmah |
dadi rubungane kathah |
samyat myat ing poting bocah |
ki guru Jamil ngandika |
lah mara padha nunggang |
ing guthule mot wong pira |
pra lurah gumuyu latah ||

42. Sandika sigra anunggang |
sag-sêg samya jèjèr wayang |
raose walakang mangang |
mot wong salawe boncèngan |
pan maksih kapara longkang |
ingsat-ingsêting lungguhan |
watês gathoking lingiran |
ki guru Jamil lingira ||

43. Lah mara dhêngal-dhêngalna |
bandhamu kang limang dhêpa |
matur inggih sami latah |
nulya potinge anjêngat |
ngadêg têlung gégantar |
wong sêlawe kudhampêlan |
ngêthapêl dhogoling mêta |
kang lungguh cêngêlê guthul ||

44. Gendholan ikut akêkah |
sarwi jêlih-jêlih samar |
awang-awangên yèn tiba |
pating barêngok sadaya |
kêsêl ngemplok ing guthulnya |
ki guru alon lingira |
tiyungna bêngcolêngira |
nulya tinungkulkên sigra ||

45. Sumiyut wong slawe maras |
kuwatir manawa tiba |
lah wis concongên kewala |
dhêngalna ing sawêtara |
dimèn kang nunggang sakeca |
lumakua sisirigan |
tur sandika bocah mentar |
kinèn mubêng pakarangan ||

Jilid 8 - Kaca : 86

46. Ingaggut-anggut guthulnya |
sêdhêng dènnya dhêngal-dhêngal |
wong sêlawe cikrak-cikrak |
enak-ênuk nunggang guthul |
dèn iring ing santri kathah |

- lir wong angarak pangantyan |
gar-gêr samya gumyak-gumyak |
nèng lurung ngubêngi desa ||
47. Kêpapag kêbo bayakan |
kêbo sapi bubar-bubar |
wor sinurak ing ngakathah |
saya lumayu ambêdhal |
giras anêlasak dhawah |
wêdi mring guthul tan lumrah |
kang angarak bungah-bungah |
gumêrah ngêbêgi sawah ||
48. Tan adangu nulya jawah |
guthule saya sumringah |
mêngangah kaya kinumbah |
wong kathah alatah-latah |
kang nonton sangsaya gidrah |
nora mundur drêsing jawah |
potinge ngadêg andhêngal |
samya nguthapêl kang nunggang ||
49. Lir bencok rêmber ing papah |
nèng githok tênggoking dakar |
ngaubi thothok kang mêkar |
wong sêlawe tan kodanan |
lir ngangge payung kambangan |
wong akèh ngaup rêbutan |
nèng bongkot adhêdhêsêgan |
midêr-midêr turut dhadhah ||
50. Dhogol ngadêg sring kapêlak |
ing papringan palêthosan |
wangsul praptèng ngarsanira |
ki guru aris ngandika |
wus trang guthulmu tungkulna |
sigra potinge anglayang |
alon sumèlèh ing lêmah |
mudhun sadaya kang nunggang ||
51. Pan sarwi gumuyu suka |
ki guru malih ngandika |
potingmu guyangên kana |
ing kali Bandhul kang bêna |
wong sêlawe ngosokana |
guthule dimèn sêmbrana |
bisa bigar mrana-mrana |
wong sêlawe tan lênggana ||
52. Sandika mangkat saksana |
potinge ngadêg anulya |
sampun mentar saking marga |
pang-pang sêmpal wohnya gigal |
kêpranggal guthul andhêngal |

kumrutug kadya bêrangkal ||

53. Praptèng kali Bandhul enggal |
ginuyang wong sêlawe prah |
kinosokan ing gêlagah |
dhongole arunjah-runjah |
sêlulup kêdhung mêtêngah |
satêngah padhang abêtah |
tangi niba nêbah-nêbah |
lir bocah arunjah-runjah ||
54. Guthul sru dènnira polah |
lir kinêbur muncrat wutah |
kêbajong dhogol (n)jalêmpah |
toya gung sakêdhung bubrah |
poting ngolang-aling rêbah |
yèn janma-a kiprah-kiprah |
anglumba-nglumba gêgidrah |
ngalobak sapolah-polah ||
55. Bocah poting nangis susah |
agila ginawa solah |
si bocah langkung (ng)garêsah |
jêrit-jêrit mêksa tansah |
potinge sigra gumregah |
angodor adrêng mring dhadhah |
kêpapak ing kêbo ranggah |
sinondhol kalumah-lumah ||
56. Dhogole gêgabul lêmah |
sinurak-surak ing kathah |
jalwèstri nonton gumêrah |
poting mring wong wadon ngangkah |
dèn sundhul kalumah-lumah |
polahe guthul tan lumrah |
agawe sadhengah-dhengah |
gobag-gabig mutah nanah ||
57. Ambêlasak maring ngomah |
kang ambabah bubrah-bubrah |
abudi tan kêna ngampah |
kang duwe omah malêpah |
mupus tan rumasa gadhah |
pratingkah saking parentah |
ciptane samya sumarah |
ing manah sampun dalelah ||
58. Potinge tan têtayah-sayah |
kang andulu samya wêgah |
mring poting adhadhah-dhadhah |
wong kathah gêdrah gumêrah |
guthul bisa ngarah-arah |
mangkana ki guru Jamal |
potinge binalang sêpah |

Jilid 8 - Kaca : 87

poting mungkrêt kadya lintah ||

59. Mulih sauruting bocah |
gêgêtun gumun sadaya |
mangunahe gurunira |
ginugu sadina-dina |
tan dangu ki guru Jamal |
santrine matur gurunya |
paduka pan tinimbalan |
gupuh ki guru lumampah ||
60. Yata Kiyagêng Sèh Mongraga |
kang tinuding praptèng ngarsa |
ngandika nèng jro krobongan |
hèh Jamal manira tanya |
wus pirang dina samangkya |
nèng ardi Bangun Lêmahbang |
Jamal Jamil aturira |
èngêt kawula angetang ||
61. Sampun kawandasa dina |
kapriye saiki padha |
sabat-sabatmu pêpakna |
sun arsa nutukkên lampah |
linggar saking ing Lêmahbang |
kabèh padha poyanana |
kang liningan tur sandika |
gya amêpak sabatira ||
62. Kang samya lurah sangalas |
tan dangu prapta sadaya |
mring masjid lir Jumungahan |
dhinawuhan sadayanya |
yèn Kangjêng Kyagêng samangkya |
karsa linggar sing Lêmahbang |
nulya Kyagêng (m)bantu karsa |
kabèh santri-santri sira ||
63. Lah uwis padha kariya |
sun-arsa andon lèlana |
nutukkên paraning karsa |
andum salamêt kewala |
ingkang liningan sadaya |
kèndêl tumungkul tan nabda |
ki guru nambungi nabda |
mring pra sabat kang liningan ||
64. Lah mara padha matura |
maring Kangjêng Kiagêng samya |
mangkana kang para sabat |
samya umatur prasêtya |
ature samya lênggana |
kawula tan purun tilar |
kêdah tumutur ing tuwan |

Jilid 8 - Kaca : 88

manggiha lara lan pêjah ||

65. Tan nêdya amba suminggah |
sanadyan tan linilanan |
kawula mêksa tut-wuntat |
mangkana aturnya samya |
yata Kyagêng Sèh Mongraga |
ngandika mring Jamil Jamal |
hèh santri ro karsaning wang |
mring tanah nagri Mataram ||
66. Wus mangkono têtênging tyas |
takonna mring sabatira |
yèn ana kang wus angambah |
ing tanah Sampar-paliyan |
pasisir sapangulonnya |
Ki Jamal nulya tatanya |
mring sabatira sadaya |
samya matur tan uninga ||
67. Ki Wrêgajati amojar |
manira biyèn wus ninga |
Sèh Mongraga lon ngandika |
iya lakon pirang dina |
têka ing kene Lêmahbang |
Wrêgajati aturira |
apan tigang dalu marga |
manawi lampah lancaran ||
68. Saking nagri Ngèksiganda |
pan sadalu margi prapta |
Sèh Mongraga angandika |
yèn mangkono Jamil Jamal |
mêngko ing latri kewala |
sun-linggar saking Lêmahbang |
dene sabat-sabatira |
ya sakadare priyangga ||
69. Sêthithik sanadyan kathah |
jalwèstri anom myang tuwa |
kon dandan saiki padha |
ing mêngko ratri umangkat |
kang liningan tur sandika |
sobat samya lêngur sigra |
mulih dandan sowang-sowang |
tan etang ingkang tinilar ||
70. Pomahan tandurannira |
kang kuwat kêbo sapinya |
namung sangu kang ginawa |
bumbu bêras lawan arta |
samya-yêg sadayanira |
Sèh Mongraga angandika |
sira pinaring dening Hyang |

436 Kinanthi

1. Yata wau wayahipun |
bakda ngisa para santri |
sampun samapta sadaya |
santrinya jalu lan èstri |
kang para lurah sangalas |
tan ana kang nêdya kari ||
2. namung sabat-sabatipun |
kang tumut wontên kang kari |
kathah kang samya nut lampah |
mring Kyagêng Sèh Amongragi |
kathahira winatara |
tigangatus jalu èstri ||
3. Mangkana Sèh Amongluhung |
anglela dènnira linggih |
mijil saking karobongan |
ingayap santri jalwèstri |
sadaya gawok tumingal |
ing cahyanya Amongragi ||
4. Awênês jatmika ruruh |
sumilak pasêmon wingit |
jalwèstri tyasnya kakênan |
sumungkêm samya jrih-asih |
toh jiwambêk lara pêjah |
kukuh rêngkuhe anggusti ||
5. Sèh Mongraga ngandika rum |
mring Ki guru Jamal Jamil |
paran wus samya samapta |
kabèh sanak-sanak santri |
kang padha brangtêng Pangeran |
mrih utamaning ngaurip ||
6. Ki Jamal Jamil umatur |
katiga Ki Wrêgajati |
punika sampun sadaya |
sakathahing para santri |
angantos karsa-paduka |
umiring tan nêdya kari ||
7. Ki Agêng malih amuwus |
mring lurah santri sawiji |
hèh Ki Tisnaraga sira |
kariya aywa umiring |
rêksanên patilas-ingwang |
ngimanana santri-santri ||
8. Jumungah ing masjid agung |
supaya kang kari-kari |

padha sêngsêm ing agama |
lan saturunnira benjing |
ajênêng nganggowa rana |
nak-putumu ing Lêmahbrit ||

9. Kamituwaning ing Bangun |
poma aja walang-ati |
kang liningan saha sêmbah |
mring guru ingkang ginusti |
mênggah-mênggah Tisnaraga |
sêdyamba tan nêdya kari ||
10. Pan ajrih wêwalêripun |
Ki Agêng Sèh Amongragi |
umatur salurahira |
yèn parêng dalêm lilani |
tumutur saparan tuwan |
pêjah gêsang atut-wuri ||
11. Sèh Mongraga alon muwus |
ya wus suntrima sirèki |
lamun ana kajatira |
nusula kewala bécik |
yèn wus tamtu ing (ng)gwaningwang |
prapta-a ing Wanagiri ||
12. Kang sinung ngling nêmbah matur |
sandika tan walang-ati |
ngling malih mring Jamil Jamal |
katri lan Ki Wrêgajati |
lah mara payo Bismilah |
umangkat kang nglalana nis ||
13. Sapa kang wus wruhing laku |
anggrêmanana ing margi |
sigra nuduh Jamil Jamal |
marang santrine kêkalih |
Ragajati Jatiraga |
pinatah lumakwèng ngarsi ||
14. Adan mangkat Sèh Mongluhung |
saking dhusun ing Lêmahbrit |
ingiring santrinya kathah |
margi nut kèndhiting ardi |
(n)dulur lampah sêsêmutan |
sadaya sami adhikir ||
15. Tan rêmpêg sakadaripun |
dhikir sasênênge muni |
ririw bawane wong kathah |
gumêr lir gêdhor kang siti |
antara pitung pambalang |
ulure ingkang lumaris ||

Jilid 8 - Kaca : 90

16. Wus kapungkur ardi Bangun |
tidhêm kayon samya tis-tis |
tan ana angin sumrabat |
anjêgrêg dalan kasisir |
kadya gêgêtun sungkawa |
wêwêngkon wukir Bangun gring ||
17. Nir kêkênypira samun |
ardi Bangun lir ngêmasi |
kanisan suksma sakala |
singsal sasananing urip |
lir dyah kapugutan trêsna |
anjêtung sèsining wukir ||
18. Kadya bela atumutur |
mring sang andon lélana nis |
kup-angkupan munyêng wrêksa |
lir panjriting kang rarya lit |
kêlayu nguwuh sudarma |
sinauran ing kêdhasih ||
19. Angalik-alik mlas-ayun |
lir dyah angoso ing siwi |
wis cêp mênênga ywa beka |
tan kêna sira-klayoni |
sêpuluh milu-milu-a |
wus tan sira tan tinolih ||
20. Dolana pikiran tandhu |
lir sunu kang saya nangis |
têkèk nêng gawok sru munya |
lir mêtèni lare budi |
bangkong munya nêng pangrongan |
kadya kakine ngaruhi ||
21. Enêng-nêngana anakmu |
budi kêlaywèng sudarmi |
bapakmu lagya lélana |
nora lawas nuli bali |
yèn janma-a èsthanira |
sadaya mengarang kingkin ||

10 (Lumampah anyakêti Mataram, ginarubyug ingkang dados muridipun)
Sèh Amongraga kadhèrèkakên para santri lumampah anyakêti Mataram,
ginarubyug têtayang ingkang sami dados muridipun. Sabên kèndêl tansah
sami ojrak ngèlmu karang. Dumugi ing rêdi Celor, lajêng ngalèr-ngetan
nyabrang lèpèn Oya sisih kidul, têtèng lambenipun ngungkuli toya, ing
ngandhapipun guwa. Lumêbêt ing guwa wau, Sèh Amongraga sumêrêp
gêdubang tuwin susur sata alus tilasipun tiyang nginang dèrèng dangu. Punika
tilasipun Panêmbahan Senapati têtèki ing guwa Song-pati. Mêtal saking
guwa nêrusakên lampah ngalèr-ngilèn dumugi Maladan, kapanggih tiyang
nama Baulapa suka sumêrap wontênipun sela-undhi, sintèn ingkang kiyat
ngangkat lan manggul sela wau ngubêngi wit-witan agêng, yêkti kadumugèn
panuwunipun. Maladan punika papanipun Panêmbahan Senapati matiraga.
Lampah kalajêngakên dumugi pasisir, kèndêl ing rêdi Bungas cêlak lèpèn

Kelor, wontên grojogan toya ing ngandhapipun guwa Song-pati. Punika papanipun Panêmbahan Senapati tapa asêsilih Sèh Bêngkung. Ing ngriku Sèh Amongraga tirakat tigang dintên, têtus lumêbêt mangandhap. Para pandhèrèkipun botên sagêd lumêbêt. Ing ngriku sêlawe dintên. Jamal Jamil têtus ojrat emprak, lajêng yasa mèsjid.
Kaca 91 – 139

Jilid 8 - Kaca : 91

436 Kinanthi

22. Tan wus ucapên ing gunung |
kang karya upamèng kawi |
yata kang lagya mahawan |
ing ardi Bangun Lêmahbrit |
lêlêngkèhing pangareyan |
margi gêng anjog Matesih ||
23. Samya kumpul lampahipun |
adulur lumakwèng wuri |
tanapi nèng kering kanan |
Jatiraga Ragajati |
pêcalang lumakwèng ngarsa |
kang dadya gêrmaning margi ||
24. Lêpas lampahe andarung |
adhikir samargi-margi |
praptèng dhusun Sugat-salam |
angidul-ngilèn lêstari |
rêrêb wana Jati-saba |
wanci gagat bangun ratri ||
25. Mondhok anèng bana-lindu |
pra santri dènnya miranti |
anèng ra-ara bêbangan |
supênuh jalu lan èstri |
kunèng dènnya majêmukan |
adhikir ojrat ripangi ||
26. Ting garêlo guyêng junun |
sadaya buka pribadi |
jalwèstri atutup muka |
ing jarit putih rong nyari |
sinêrat ing rajah muka |
pambukaning roh ilapi ||
27. Samya sru pangguyêripun |
wang-wêng gèdhèg gubag-gubig |
manthuk krêp narêthêk nyêngka |
napas winotan ing dhikir |
sèwu kalimah sanapas |
kèh unèn-unènne ing dhikir ||
28. Laila ha Illalahu |
ha ilalah Illalahi |
wênèh Allah Allah Allah |
kang hu hu hu hi hi hi hi |

e e i i u u a a |
la la la la hak hik hak hik ||

29. Sarêng panarima junun |
ting karingkêl anggulingting |
saujur-ujare niba |
wor-wonor jalu lan èstri |
aundhung bantal-binantal |
tan ana walang alisik ||
30. Sêsangat dènnira kantu |
dènnya kalêngêr tan eling |
wus dangu antaranira |
kang samya padha birai |
tangi saking pajununan |
salong maksih anggulingting ||
31. Sidhêkus miwah sijujujur |
kang wus tangi samya nangis |
kang katon sajroning pana |
gurune ingkang ginusti |
Ki Agêng Sèh Amongragi |
lênggah ing dhêdhampar rukmi ||
32. Sarwi kinêbutan babut |
ingayap pra widadari |
andum nuduhkên sawarga |
cacadhanganira benjing |
ing pati manjing sawarga |
janma kang ambuka dhikir ||
33. Saban-saban kang kadulu |
datan ewah ing pangèksi |
tan kirang sêcacahira |
maksih kadya wingi uni |
wuse nglilir sadayanya |
pra santri jalu lan èstri ||
34. Samya nangis ting salênggruk |
wau Kyagêng Amongragi |
karya wêkasaning lampah |
amiwal sarengat Nabi |
sarate tan kawanguran |
limang wêktunira aib ||
35. Karya ampinganing ngèlmu |
ngungaskên karana lahir |
suprih kawêntar supaya |
winahon ing hukum-aji |
numpak ing antara mangsa |
mèsi pungkasing kadadin ||
36. Dadya tan ngibadah wêktu |
namung anggung guyêng dhikir |

Jilid 8 - Kaca : 92

- amutahakên mangunah |
tan liyan ciptane sang yogi |
sayoga nêng Ngèksiganda |
kamulyane katon gaib ||
37. Yata wau Sèh Mongluhung |
ngandika mring para santri |
rêrêp nêng kene kewala |
kang jênêk rèrèn sa-ari |
ing ratri bae lumampah |
padha agaweya bukti ||
38. Saanane kang tinêmu |
sakèhe iku rêjêki |
lah padha kukus-kukusa |
sêmbari bengt adhikir |
Kyai Guru Jamil mojar |
payo kono santri-santri ||
39. Lah-olaha sakadarmu |
sêga jangan kang miranti |
santri kang tan sangu bêras |
sukêt-sukêt bae dadi |
sêga panganên ya enak |
tan beda lan bêras pari ||
40. Gya santri pawèstri gupuh |
pasang dhingkêl ngrêratêngi |
kang sangu bêras dèn-êdang |
akêlan ngaliwêt sami |
ngêlandêng akêkêbula |
kang mêlarat santri miskin ||
41. Angliwêt lang-alang rumput |
bathok blungkang dadi kêndhil |
myang dadi kualo wajan |
godhong dadi iyan ilir |
toya kang minangka lênga |
pan dadya lisah sayêkti ||
42. Kiwa têngêne andulu |
mring tingkahe santri miskin |
matênge nora prabeda |
lan bêras kang dèn-pususi |
sadaya ciptaning driya |
bêrkahe kyagêng linuwih ||
43. Samya kapengin kadyèku |
kaduwung sangu bras pari |
anulya sami anadhah |
anutug dènnira bukti |
kyai guru kang dhinahar |
punjunganing para santri ||

44. Wus luwaran samya tuwuk |
nulya trap majê muk dhikir |
akupêng kêpung kalangan |
amasang tutup pangèksi |
ing jarit miwah daluwang |
Pambukaning dhikir supi ||
45. Angguyêr dhikiranipun |
kèh warnane solahnèki |
angêdên nênggak asêntak |
myang uninya warna-warni |
pan kongsi sadina bènthang |
dènnya guyêng ahli dhikir ||
46. Ingkang wus kalêngêr dangu |
tangi nangis dhikir malih |
pating jakêkêng kang pana |
wênèh masih gobag-gabig |
kèh warnane solahira |
sakèh santri jalu èstri ||
47. Wusing Asar surya sèyub |
samya so angaring-aring |
adhikir lir saban-saban |
kang tan kêna pot amuni |
kajawi waktu ambuka |
ambatêg dhikir ripangi ||
48. Samya ngayêm-ayêm kayun |
mentar mijil sing wanadri |
anunggang jaran walulang |
miwah nunggang jaran ilir |
wênèh nunggang jaran tampah |
kayu-kayu wilah dadi ||
49. Tinunggangen bisa mabur |
anapak kaywan wanadri |
pêngrasanira sêdaya |
anunggang jaran sêmbrani |
têtêgar muluk ing tawang |
kadulu langêning bumi ||
50. Kang bêblês mring mega biru |
wêruh saisining langit |
limrah kêkayon lir teja |
ngunguwung prêdapa-sari |
jarane mangan prêdapa |
-ning kayu teja ngramêsi ||
51. Saciptanira pan tutuk |
arikat lir kilat thathit |
kang endah-endah ajangkah |
pra santri jalu lan èstri |
tinimbang lan swarganira |

bêcik swargane pribadi ||

52. Wus lumrah pangrasanipun |
tan ana gèsèh kadyèki |
tur ta punika jatinya |
pratingkahing santri-santri |
anunggang jaran walulang |
wilah ilir tampah tampir ||

53. Mubêng kewala lumaku |
nèng ara-arèng wanadri |
lir wong nêgara Sêtonan |
têpung gêlang wira-wiri |
kaluyuran bêng-ubêngan |
salin pandêlênganèki ||

54. Pangrasane bisa mabur |
mumbul maring ngawiyati |
lamun mundur lampahira |
pangrasa mêsat mring langit |
yèn maju dènya lumampah |
pangrasa niyub mring siti ||

Jilid 8 - Kaca : 94

55. Mangkana wanci mèh surup |
pra santri sadayanèki |
mudhun sing turangganira |
kabèh jarane wus mulih |
jaran walulang bêlaka |
ingkang ilir mulih ilir ||

56. Wilah kayu mulih kayu |
tampah tampir mulih sami |
trêkadhang wong padhusunan |
uning wong ahli birai |
dhasar wus ngrungu pawarta |
samyà kèlu masuk murid ||

57. Wong papat lima nêmbu |
anyabat malbu birai |
kapencut mangunahira |
kasêbut jalma linuwih |
sarwa dadi kang sinêdya |
tuwa anom-anom prapti ||

437 Sinom

1. Yata Kyagêng Sèh Mongraga |
dènya rêrêp nèng wanadri |
bêbangkan ing Jatisabu |
wanalit trataban kédhik |
bakda Ngisa kang wanci |
Sèh Mongraga lon amudhun |
lah payo Jamil Jamal |
umangkat mumpung wus ratri |

kang liningan matur sandika sumangga ||

2. Adan samya lumaksana |
ingiring sakèhing santri |
ngidul-ngilèn lampahira |
anyabrang ing kali Samin |
angidul ngêncêng margi |
ngidul-ngilèn malih laju |
angambah pasawahan |
adulur lampahing santri |
atikungan lir taksaka gêng lumampah ||
3. Samya dhikir lilirihan |
gumêr gumalêgêr kadi |
pangakaknya naga lanang |
anglud mamangsan tan kenging |
yata nabrang bènawi |
gya prapta ardi Sapikul |
ing wanci bangun enjang |
rêrêb sakathahing santri |
nèng pucaking pupunthuk ardi Sarêmbat ||
4. Samya dhikir (m)buka rasa |
majmuk kupêng jalu èstri |
ramya angabên kang swara |
sru gumuruh manêngkêri |
wukir lir mogak-magik |
ginora wong têlung-atus |
kalangkung rahabira |
dènnya bubuka ripangi |
war-wêr mungsêr angguyêr kêpalanira ||
5. Wus kaduk pëndhadhakira |
blag-blêg tiba anggulingting |
kang kaglundhung ing pèrèngan |
tibèng sor maksih tan eling |
kathah ingkang kadyèki |
myang kang ngundhung sungsun timbun |
angglasah lir babadan |
saujur-ujurirèki |
mati atap kadya bangke nèng paprangan ||
6. Mung Ki Agêng Sèh Mongraga |
Jamal Jamil Wrêgajati |
kang maksih lênggah tan rêbah |
ajênak dènnira dhikir |
sakèhing para santri |
kang samya kalêngêr dangu |
antara wus sasangat |
pra santri samya ngalilir |
ting salênggruk lir saban panangisira ||
7. Kang samya kaglundhung jurang |
ngarèkèl ngumpul manginggil |

Jilid 8 - Kaca : 95

- wus pêpak somah-somahan |
 samya ngrêratêngi bukti |
 waradin jalu èstri |
 samya ngukus ting karêlun |
 samya abungah-bungah |
 sadhengah kang dèn-olahi |
 datan susah bêras ingkang pinususan ||
8. Sukêt galagah lang-alang |
 kinuwêl dipun-liwêti |
 sapraboting olah-olah |
 sabarang cinipta dadi |
 tan pae lan bras pari |
 mindhak wangèn raosipun |
 miwah boja nyamikan |
 barangkal cinipta gêndhis |
 dadi gêndhis godhong ciyut dadi amba ||
9. Miwah wingka kang cinipta |
 dadi ajang panjang piring |
 sawusnya kinarya nadhah |
 mulih dadi asalnèki |
 sabên-sabên kadyèki |
 sabat anyar kang andulu |
 kalangkung kagawokan |
 sangsaya suyud amurid |
 tan sumêlang kandhêm kèrêm anyênyabat ||
10. Mangkana ing wanci siyang |
 sadintên bangkêlêng dhikir |
 yèn wus samya abubuka |
 wus ing wanci Asar akir |
 samya angaring-arang |
 dodolan mabur mandhuwur |
 nunggang jaran walulang |
 ilir tebok tampah-tampir |
 kayu wilah-wilah papah tinungangan ||
11. Kumêrap jaran-jaranan |
 sawiji tan ana kari |
 jênak dêlênge kêpenak |
 lènggak-lènggak malang-kêrik |
 obah dhadha sêsirig |
 bêng-ubêngan maju mundur |
 tan owah pangrasanya |
 lir saban nitih turanggi |
 wit sawising Asar kongsi surup surya ||
12. Mudhun saking panungangan |
 pra santri samya alinggih |
 tansah amaca kalimah |
 ririh ukur angalêsik |
 Kyagêng Sèh Amongragi |
 pangandikanira arum |
 lah payo Jamal Jamil |

umangkat sêdhêng wus ratri |
kang liningan samya umatur sandika ||

13. Adan umangkat saksana |
sira Kyagêng Sèh Mongragi |
ingiring santrinya kathah |
lir sabèn dènnya lumaris |
mangilèn urut margi |
ing Kabasêng menggok ngidul |
manjat ardi Pyah-ilang |
kêndhêng ardi kidul nênggih |
lêngkèh ardi Gajahmungkur kilènira ||

Jilid 8 - Kaca : 96

14. Ngidul ngilèn lampahira |
lulukikan jurang ardi |
apan sarwi dhidhikiran |
swara sru gora ing ratri |
buron wana kèh wingwrin |
kêbrasat samya lumayu |
banthèng kidang mênjangan |
sak-sakan kagyat anggêndring |
jrih miyarsa swaraning santri dhikiran ||

15. Myang sima tinggal mêmangsan |
anggro sru lir ambarungi |
malumpat tinggal glagahan |
lutung gègèr gorèh ajrih |
gumrah wurahan wingwrin |
anuntung êpange kayu |
swarane agegokan |
ramya lir (m)bantoni dhikir |
mêrak ngakak mabur angalih pèncokan ||

16. Wau Kyagêng Sèh Mongraga |
ingkang mahawan ing ratri |
anusup wana wulusan |
randhat dening margi rumpil |
asiluk-siluk sungil |
pêtêng mangêp dening singub |
pandam wulan ping sanga |
rêmu-rêmênging pangèksi |
ngulap-ulap ing marga miyat lang-alang ||

17. Margi rupak mung sapêcak |
ulur tan kêna wong kalih |
ulur siji sêsêmutan |
ing ngarsa lan wingking têbih |
têtikungan watawis |
dohira sangang panyêluk |
tan ana pêdhotira |
tuntunan jalu lan èstri |
kang bubulên grigah-griguh napak krakal ||

18. Suprandene tan ngrêsula |
 saking maksude birai |
 abungah nêbut kalimah |
 tan ana sangsayèng margi |
 purun tunggangan ardi |
 tumurun suku kang kidul |
 angambah pangèmpèhan |
 angidul-ngilèn lastari |
 nabrang Oya ngidul praptèng dhusun Sampak ||
19. Maksih ngidul malbèng wana |
 wana Jatigonjèng anênggih |
 wontên bêbangkak awiyar |
 têngahing wana miranti |
 sêndhangira umili |
 kinubêng wit gayam agung |
 Kyagêng Sèh Amongraga |
 raryan nèng ra-ara radin |
 bêbangkaning wana Jatigonjèng (ng)gènyya ||
20. Ing wanci bangun raina |
 dènyya rêrêb wus miranti |
 majêjukan kêpung-kapang |
 nulya trap ambuka dhikir |
 langkung ramenirèki |
 lir makêtêr wukir rigung |
 kagyat wong mrapat desa |
 samya prapta aninitik |
 ingkang dadya gumêrah têngahing wana ||
21. Yata kang samya bubuka |
 matyatap susun atindhah |
 adangu kalêngêrira |
 wor sayah dènyya lumaris |
 kongsi siyang ngalilir |
 kanikmatên dènyya kantu |
 wus tangi sadayanya |
 nguculi tutup pangèksi |
 nulya samya olah-olah sêga jangan ||
22. Abusêkan kadya saban |
 barang kang cinipta dadi |
 sangkêp ulam rêrampadan |
 myang mamangsêg warni-warni |
 wowohan samya prapti |
 pribadi pating galundhung |
 pra samya winadhahan |
 ing dhulang myang panjang piring |
 sing lèr-wetan kidul-kilèn prapta dhawak ||
23. Wong desa-desa kang samya |
 anonton santri birai |
 sami agawok tumingal |
 waune tan kêlah-kêlih |

Jilid 8 - Kaca : 97

sakala rumat sami |
ajang panjang piring tuwung |
prabot pawon tan susah |
sadhengah cinipta dadi |
datan susah kang pinangan santri kathah ||

24. Sami kenyut manahira |
tuwa nom jalu lan èstri |
samyambyuk umasuk sabat |
mring ki guru kang sinêkti |
samy tan ana mulih |
malah mulih ngait batur |
sabayat masuk ojrat |
awon mimikul lan ngarit |
ngur masuk dul kang tan susah ngupajiwa ||
25. Mangkana sangsaya kathah |
wong kang malêbu birai |
kawarta sakèh padesan |
akathah kang sami prapti |
wong rusak dadya sêkti |
barang saciptanya sinung |
mulya donya akerat |
amukti tan nambut-kardi |
pan mangkana wartane kang dadya ojrat ||
26. Yata Kyagêng Sèh Mongraga |
nèng Jatigonjèng miranti |
dènnira rêrêp tri dina |
sangsaya-kèh santrinèki |
kathah pinangkanèki |
sauruting Ardi-Kidul |
samy kerut anyabat |
mring Ki Guru Jamal Jamil |
wus pinatah winuwuhkên ing lulurah ||
27. Matangpuluh salurahnya |
gunggung santri sadayèki |
pan pitung-atus-sawidak |
kang sami masuk birai |
lajêng kewala dhikir |
ing Jatigonjèng supênuh |
sadya wus sinungan |
rajah pambukaning dhikir |
tutup mata ing sinjang rong nyari pêthak ||
28. Sawênèh ingkang daluwang |
rajah tutuping pangèksi |
janma nyar nora bêbakal |
laju kang sinêdya dadi |
tan pae lan kang lami |
samy wruh sawarganipun |
cêcadhangane benjang |
katon sadurunging pati |

29. Lami tan ana sumêlang |
sumungkêm ing lair batin |
mathêm gêgeyonganira |
yata Kyagêng Sèh Mongragi |
angling mring Jamal Jamil |
sun-dulu santrimu wuwuh |
kang liningan turira |
inggih kathah ingkang prapti |
gunggungipun pan pitungatus-sawidak ||
30. Maksih wontên ingkang prapta |
lirna kang satunggal kalih |
kang dèrèng kawula-petung |
kyagêng angandika malih |
yèn mangkono inganti |
titane kang padha rawuh |
têka rong dina êngkas |
sêdhêng rêrêm para santri |
anèng Jatigonjèng bêbangkane wiyar ||
31. Araryan ing patang dina |
lan kurang pira sing ngriki |
ing tanah Sampar-paliyan |
umatur Ki Wrêgajati |
kirang sêdalun mêngi |
lamun lancar ing laku |
yèn kadya lampah tuwan |
kados tigang dintên prapti |
yèn mangkono payo nyêngka sawêtara ||
32. yèn wus ing rong dina êngkas |
mêndhane santri kang prapti |
umatur inggih sumangga |
ing karsa amba umiring |
mangkana para santri |
kalamun ing wanci bangun |
kabèh samya bêbuka |
bakdanya kongsi byar enjing |
laju samya olah-olah kang tinêdha ||
33. Tan owah lir sabênira |
dhêmênên sakèhing santri |
dadi kalawan cinipta |
sawarnane kang binukti |
datan cuwa ing ati |
enak tur anutug tuwuk |
yèn wus samya amangan |
dhikir sru kongsi sa-ari |
tan kêrasa panas anèng ara-ara ||
34. Prapta wanci bakda Ngasar |
samya têgar ngawiyati |

anunggang jaran walulang |
sadengah kang dèn-tunggangi |
pangrasanira dadi |
jara sêmbrani linuhung |
ulês ijo mawi lar |
mabur bêblês maring langit |
busananèndah ngujwala ambra markata ||

35. Pan wêruh saliring paran |
adi-adining pangèksi |
bayakan abêbarêngan |
ngêmbara mring awiyati |
tan ana angling lining |
kewala sadaya minggu |
lir tingkah jroning nendra |
tumonton nêdya ngaruhi |
jroning pangrasa têkan ingkang pinaranan ||

36. Sayektine badanira |
tan lunga-lunganèng siti |
mubêng-ubêngan kewala |
ing ara-ara aradin |
ingkang laju lumaris |
ana kang lumaku mundur |
samyajaran-jaranan |
wit nyemplo paningal salin |
wus mêngkono trape wong ojrat dul-dulan ||

Jilid 8 - Kaca : 99

37. Yèn wanci suruping arka |
rèrèn sadaya alinggih |
pan sami pangrasanira |
mudhun jog prapta ing siti |
tungganira mulih |
maring dhapure kang wau |
lulang mulih wêlulang |
sadaya lir wingi-uni |
lamun dalu ojrat emprak gégabusan ||

38. Têb-têban bakar-binakar |
tan ana kang miyatani |
kadhang kang gamoh kewala |
pinêdhang sinuduk mati |
binakar gêsêng posit |
kang kinêpruk ajur lampus |
gêtih adêladagan |
wus mati bisa rip malih |
pan tan ana sumêlang tumêkèng tiwas ||

39. Mangkana Sèh Amongraga |
sawusnya ing kawan ari |
anèng bêbangkaning wana |
ing Jatigonjèng miranti |
angling mring Jamal Jamil |
payo sêdhênge lumaku |

iki wus bakda Nigsa |
mupung sih sore lumaris |
samyamatur sandika nulya parentah ||

40. Lah dèn-age lurah-lurah |
tatanên kancamu santri |
kang dhudha randha bènèhna |
lan kang sosomahan sami |
aywa wor ing lumaris |
sandika ingkang tinuduh |
sampun samya samêkta |
sakathahing santri-santri |
(n)dan umangkat wau Kyagêng Sèh Mongraga ||
41. Angidul bènêr lampahnya |
asêlur kang santri-santri |
ing ngarsa têbih lampahnya |
kang wingking taksih alinggih |
kêmputira lumaris |
saonjotane wong mikul |
gumrêmêng galêgêran |
santri kang lumampah dhikir |
gumarêdêg kadya prahara manampak ||
42. Panjatan wana Jakêrta |
terataban wana alit |
prapta ing ardi Pagutan |
wit tanah ardi Sêkati |
nurut tikungan ardi |
laju lampahe mangidul |
ardi kang kaliwatan |
ardi Lêndrêg ardi Kiping |
ardi Munthil ardi Bawak ardi Bungkak ||
43. Ardi Mathak ardi Bangak |
[---] |
ardi Lok ardi Jimbaran |
ardi Sangkal ardi Bangir |
yata lampahirèki |
prapta ing ardi Kamadhu |
mangidul malih manjat |
rêrêp ardi Sambiradin |
amêlapar kuwu anèng Sambirata ||
44. Ing wanci bangun raina |
sami bubuka pra santri |
sangsaya sru swaranira |
kang samya ambuka dhikir |
uning mangsa pribadi |
sabên wayahipun wêktu |
pan sami trap priyangga |
tan kongsi dèn-parentahi |
para santri arahab dènnya bubuka ||

45. Sawusnya samya lah-olah |
 sasênêngira ngratêngi |
 ayêm atêntêm tyasira |
 sakathahing para santri |
 Kyagêng Sèh Amongragi |
 nèng Sambirata tri dalu |
 kathah kang sami prapta |
 wong desa ing kanan kering |
 saurute wong pawukiran kèh prapta ||
46. Samya masuk nyabat ojrat |
 nora kêna dèn-sayuti |
 lakon saonjotan prapta |
 jèlwèstri mring Sambiradin |
 wêwahira winilis |
 têlungatus pitungpuluh |
 gunggung sadayanira |
 lan santrinira kang lami |
 apan sèwu langkung satus-tigangdasa ||
47. Mangkana Sèh Amongragi |
 dènyanya rêrêp kalih ratri |
 anèng ardi Sambirata |
 kathah wêwahe kang santri |
 andikanira aris |
 marang santrinira têlu |
 payo sêdhêng umangkat |
 kurang lakon pirang ari |
 pan umatur kirang kalih dintên prapta ||
48. Wrêgajati aturira |
 ing lampah lamun marêngi |
 prayogi siyang kewala |
 paduka maklum ing santri |
 luhung rêrêping ratri |
 bêrkate ngambah wanagung |
 dadya randhat ing lampah |
 manawa lumampah ratri |
 santri èstri lan rarya-lit kang musakat ||
49. Sèh Mongragi lon ngandika |
 bènèr ture Wrêgajati |
 ing wengi nadyan padhanga |
 amamar ngupayèng margi |
 matur Ki Jamal Jamil |
 inggih lèrês aturipun |
 mindhak dhanganing manah |
 kang badhe tuwan-kêrsani |
 (ng)gènning santri supaya krasan kasmaran ||

438 Asmaradana

1. Yata Kyagêng Sèh Mongragi |
 lêga tyasira ngaturan |
 wusana ngandika alon |
 ya mêngko bangun kewala |

sawuse padha buka |
ilmu rasaning-pandulu |
lan padha dimèn sêsarap ||

2. Lah wus tatanên kang bêcik |
santrimu salurah-lurah |
pandumên sarèrèhane |
samyamatur sandika |
mundur samyamemetak |
santri ing salurahipun |
anglimang-puluh-sasanga ||

3. Nalikanira ing latri |
samyaojrat lèlagonan |
anêlasakên sukane |
kang emprak èstri lan priya |
samyagêgabusan |
têb-têban sumbu-sinumbu |
sasuka-sukane dadya ||

Jilid 8 - Kaca : 101

4. Ingkang mati urip malih |
kang wêntala tan karasa |
barang tumamèng anggane |
kabudayan pangeraman |
tan ana susahing tyas |
amangan lan luru-luru |
pan wontên sami sakala ||

5. Sabarang pratingkahnèki |
tan bêbakal amilala |
dadi saking cipta bae |
tur ta sayêktine padha |
bêbêthak olah-olah |
sangu bêras (ng)gendhong mikul |
kimpul wi jagung kêtela ||

6. Tan ngrasa pratingkahnèki |
ngrasa yèn dhikir kewala |
wus matêng karêpe dhewe |
mila sêdaya kêrasan |
rinasa tan rêkasa |
kerup manahe kaincup |
mring Ki Guru Jamil Jamal ||

7. Ing wanci wus pajar gidib |
yata Kyagêng Sèh Mongraga |
angling mring Jamal Jamil-e |
lah payo padha umangkat |
kang liningan sandika |
sigra ingundhangan sampun |
Sèh Mongraga (n)dan umangkat ||

8. Ingiring sakèhing santri |
adulur gêdab rantaban |

sêsêg tan ana pêdhote |
lir sêlaba abubulan |
gumrêmêng adhikiran |
ing wingking pan dèrèng kêmput |
maksih eca abêbêthak ||

9. Gumriwis lampahing santri |
gumrêdêg santri sahasra |
pan wus kêmput sadayane |
lampahira têtikungan |
kumrap ngêbêgi marga |
sumêngka minggah tumurun |
tan pêgat samya dhikiran ||

10. Luk-lukan lêngkèhing ardi |
tinut lampahing akathah |
asri tinon sêdayane |
lir nagaraja mahawan |
(ng)gubêdi pawukiran |
swara gumalêgêr asru |
kadya rug lampor wanarga ||

11. Wus lêpas lampahirèki |
mangilèn manjing ing wana |
pêjatèn dhusun ing Bogor |
punthuk kang wus kaliwatan |
Sakêthi pawukiran |
ardi Bugêl ardi Cumpung |
ardi Andha ardi Duta ||

12. Ardi Kêndhit ardi Suling |
ardi Galur ardi Tuwa |
ardi Tênggak ardi Monglèng |
ardi Bara ardi Gambang |
ardi Wrât ardi Lancar |
ardi Jênu ardi Rungrung |
ardi Crême ardi Wayang ||

13. Yata Ki Sêh Amongragi |
rêrêp nêng ardi Magora |
kadya pinapar puncake |
wiyar mot santri sanambang |
asimpar papan rata |
pêtêng pangayomanipun |
trênggulun kêsambi baga ||

Jilid 8 - Kaca : 102

14. Jati bëndha lawan bibis |
gêng-agêng kêkayon tuwa |
suka dènnya samya rèrèn |
ing wanci wus ngandhap Ngasar |
santri-santri sadaya |
ambubungah tyasira yun |
angayêm-ayêm têtêgar ||

15. Kêbut tan ana kang kari |
 pan samya jaran-jaranan |
 wêlulang tampah tampire |
 lir kayu wilah papah |
 sadhengah tinunggangan |
 iris solèd enthong munthu |
 cinèngklak katon turangga ||
16. Samya bêng-ubêngan sami |
 anèng ing ardi Magora |
 dhasar awiyar papane |
 jalwèstri rare nom-tuwa |
 anètèr sisirigan |
 kang maju kang samya mundur |
 angalènggak langak-langak ||
17. Amathèngkrèng malang-kêrik |
 manggut-manggut obah dhadha |
 lir obah bêsus mêtethe |
 pangrasanira anunggang |
 jaran sêmbrani samya |
 praboting turangga murub |
 busanane dhewe mumpyar ||
18. Kabungahanira ngènting |
 bisa mumbul ing gêgana |
 awor lawan mega bule |
 myang mring mega biru pisah |
 akèh kang tiningalan |
 kitri manguwung linuhung |
 katon dalane mring swarga ||
19. Nutugi karêpirèki |
 angosak-asik ing tawang |
 kang dadya kabungahane |
 wêruh saisining tawang |
 katêmbèn dènnya mulat |
 tan inang pangrasanipun |
 mila mantêp masuk ojrat ||
20. Wus antara surup rawi |
 kang samya jaran-jaranan |
 niyup mêdhun pangrasane |
 anglêr lir kontul anglayang |
 mencok maring dharatan |
 sadaya lampahe maju |
 samya ngunyur saubêngan ||
21. Nulya kèndêl para santri |
 mudhun saking panunggangan |
 byar wêlaka paningale |
 wus tata linggihanira |
 nèng ngarsane gurunya |
 jaran mulih asalipun |

sadhengah mulih sadhengah ||

22. Nulya samya ngrêratêngi |
panganan sêkul lan ulam |
padha olah-olah kabèh |
wus matêng samya pinangan |
aramé ting kucapah |
sangêt suka rênanipun |
santri jalu èstrinira ||
23. Mangkana Sèh Amongragi |
dènnya nèng ardi Magora |
tanah Sampar-paliyane |
dènnira rêrêp rong dina |
akathah ingkang prapta |
ing Ponjong Sima Sêmanu |
prapta ing Sampar-paliyan ||
24. Samya umasuk birai |
ojrat kang kaliwat-liwat |
èdi asêkti gurune |
bisa nguripkên wong pêjah |
yèn pêjah munggah swarga |
tan susah adang anutu |
sêgane matêng priyangga ||
25. Barang saciptane dadi |
bisa mibêr ngawang-awang |
mangkono gumyah wartane |
mila wong turut gunungan |
ambyuk samya anyabat |
tan ana ingkang kaetang |
kudu mring ardi Magora ||
26. Kathahira winatawis |
kawanatus pitung dasa |
sèwu wolungatus kabèh |
yata Kyagêng Sèh Mongraga |
sawusing kalih dina |
ngandika mring santrinipun |
Wrêgajati Jamil Jamal ||
27. Hèh Wrêgajati sirèki |
iki wus prapta ing Sampar |
-paliyan iya tanahe |
[---] |
kadohên lan samodra |
kang dadya jênak tyasingsun |
kang parêk têpi samodra ||
28. Umatur Ki Wrêgajati |
yèn ta sampuna kuciwa |
ing karsa taksih amilèh |
ingriki langkung prayoga |

Jilid 8 - Kaca : 103

- pikantuk papan ngarga |
 padhusunan agung-agung |
 tan susah toya tumumpang ||
29. Anambung atur Ki Jamil |
 punika sabat kawula |
 pun Jiwayuda wastane |
 lamun paduka karsa-a |
 ngupaya liyan tanah |
 punika kang sampun wêruh |
 nitik milih-milih tanah ||
30. Sèh Mongraga ngandika ris |
 êndi sabatmu kang warta |
 kang wus wruh jajahan kene |
 konên umatur maringwang |
 Ki Jamil sigra ngatag |
 mara majuwa umatur |
 mring Ki Agêng kang pratela ||
31. Kang liningan majêng ngarsi |
 umatur Ki Jiwayuda |
 sarwi sedhokan sêmbahe |
 pukulun andangu tanah |
 urut Sampar-paliyan |
 inggih sapêngilènipun |
 kang cêlak pinggir samodra ||
32. Lamun parêng sang ayogi |
 tanah ing Giring bungas-nya |
 kang wêkas kidul parêdèn |
 angongkang pinggir samodra |
 dhusun ing Kanigara |
 kathah pasênêtanipun |
 guwa kang kêr-angkêr samya ||
33. Titiga guwa kang wingit |
 guwa Mawanti wastanya |
 kalawan pun guwa Cêlor |
 guwa Songpati katrinya |
 pan ngokop ing samodra |
 ing wana Giring puniku |
 akathah tilas pratapan ||
34. Punika ingkang prayogi |
 pan ing dhusun Kanigara |
 tan cuwa ing sabarang rèh |
 ewamakatên sumangga |
 tuwan ingkang kinarsan |
 pangraos-kula amung |
 inggih dhusun Kanigara ||
35. Sèh Mongraga ngandika ris |
 yèn mangkono Jiwayuda |
 sun sênêng aturmu kuwe |

ya desa ing Kanigara |
duwe guwa prayoga |
pira doh-cêdhake iku |
lan kutha ing Ngèksiganda ||

Jilid 8 - Kaca : 104

36. Matur lampahan sê-ari |
sing riki inggih sadina |
kaot sakeca margine |
Magora mring Kanigara |
lawan dhatêng nagara |
rumpil lêmpitaning gunung |
kêpara têbih mring kitha ||
37. Malih angandika aris |
ya wus prayoga turira |
ing Kanigara kinuwon |
sêdhêng dohe lan nêgara |
olèh sêmada kiwa |
Jamal Jamil nambung atur |
inggih langkung kasinggihan ||
38. Sumangga karsa sang yogi |
kang dados parênging karsa |
Sèh Mongraga andikane |
sarèhna ing pëndhak dina |
ana karsa-manira |
arsa karya masjid agung |
sukuning ardi Magora ||
39. Lan Jiwayuda sirèki |
sira sunwènèhi aran |
ya si Gorajati bae |
lan sira undhang-undhanga |
kabèh nak-putunira |
papaning masjid desamu |
ing Magora pan prayoga ||
40. Jiwayuda kang sinung-sih |
nuwun-nuwun aturira |
asêsedhokan sêmabahe |
nulya malih angandika |
mring guru Jamal Jamal |
lah mara kabèh santrimu |
padha konên nêgor wrêksa ||
41. Kang gêdhe dadiya mêsjid |
kang rumat sadayanira |
ngadêga sapasar kiye |
Jamal Jamil tur sandika |
ngundangi santrinira |
sadaya sandika gupuh |
wus samya mundur sing ngarsa ||

42. Anêgori kayu jati |
 agêng-agêng rinêbahan |
 rinayap ing santri akèh |
 ing karya nora rêkasa |
 sinambi dhidhikiran |
 ènthèng kang sarwa jinunjung |
 êmpuk kang sarwa pinêrang ||
43. Agampang dènnya nyathoki |
 lir kayu randhu kewala |
 bonggol gadêbog pamane |
 ngadoni anjing-anjingan |
 rapêt tan ana rênggang |
 rong dina rinagang sampun |
 tan ana ingkang kuciwa ||
44. Laju ingadêgên aglis |
 sêrambi myang gandhokira |
 bêrukut lan balumbange |
 miwah bêdhuge wus dadya |
 santrine gawok mulat |
 tan nyana glis dadosipun |
 majade tan bisa dadya ||
45. Tan mantra yèn mêngtas dadi |
 labête anyar kinarya |
 lir wus têtanan windon |
 nuju ing dina Jumungah |
 masjid inganyaran |
 supènuh pra santrinipun |
 ambèr marang palataran ||
46. Mangkana Ki Guru Jamil |
 Jamal ingkang mangasiral |
 Jamil kang kutbah mimbare |
 Kyagêng ngimami Jumungah |
 praptèng akiring salat |
 wus bakda Jumungahipun |
 akathah kèndhurinira ||
47. Kinêpung ing santri-santri |
 rame dènnira amangan |
 wus dinum barêkate |
 santri kèh wus bubar mêdal |
 mring (ng)gonning sowang-sowang |
 kari kang pra pinisêpuh |
 kang maksih sami nèng ngarsa ||
48. Yata Kyagêng Amongragi |
 ngandika mring Jamil Jamal |
 katri mring Wrêgajati-ne |
 pilihana sabatira |
 padha wèhana aran |
 Jamil Jamal ngandika wus |

Jilid 8 - Kaca : 105

sabate sinungan aran ||

49. Mintaraga Mintajati |
Mulyajati Jatimulya |
Sênêngjati Jatimêne |
Awasjati Jatipura |
Sukajati kalawan |
Rênujati Jatiliwung |
Dewajati Jatijiwa ||
50. Kang sami dipun-aranni |
sawêlas pinatah lurah |
wus mangkana ing karsane |
ngandika mring Jamil Jamal |
lah payo padha mangkat |
ananggung bae ing laku |
satutuge anèng marga ||
51. Dene sira Gorajati |
yèn wus praptèng Kanigara |
sira anulaka bae |
muluha marang Magoro |
rêksanên tilasingwang |
têtêpa jumungahipun |
yèku ywa kongsi muadah ||
52. Sun silih lakunirèki |
nuduhkên ing Kanigara |
kang liningan tur sêmbahe |
lamun parèng kinarilan |
kawula tan nêdya sah |
lumados ing siyang dalu |
ya wus bènêr sun-tarima ||
53. Rêbut pèrlu kang utami |
Gorajati tur sandika |
ngling malih mring santri karo |
lah payo Ki Jamil Jamal |
nanggung bae lumampah |
Gorajati kon nèng ngayun |
adan umangkat saksana ||
54. Adulur sêlur samargi |
wus matuh samya dhikiran |
wong sèwu wolungatus ke |
kadya wong ngili gègèran |
santri kèh warna-warna |
ana (ng)gègèndhong myang mikul |
ting karuwèg ngêmban anak ||
55. Ana ingkang nyangking kèndhil |
kudhung jarik myang capingan |
payung kang kudhung bêtêde |
têkên dholog nocol kisa |
wènèh kêmbu kêranjang |

isi cowèk lèmpèr irus |
sadangdananing bêtêthak ||

56. Jarite pating bathithil |
buntêlan bêras lan karag |
ana kalung bêtêd lègèh |
kang wuta tuntuntunan |
kang ribug bubul bêtak |
lakune pating gariyuh |
para repot rerendhonan ||
57. Suprandene eca dhikir |
tan etang lara sinêngka |
saking kadêrêng karêpe |
batine kaya-koyo-a |
wus luput ing duraka |
olèh gegeyongan guru |
bisa nuduhkên sawarga ||
58. Mila sakathahing janmi |
sêdya andhêm karêm nyabat |
tan wruh sinulap kawruhe |
cinathok pangrasanira |
gunane Jamil Jamal |
ngêmpakakên ngèlmu Canthung |
wong desa asalang-tunjang ||
59. Wus lèpas lampahirèki |
rêrêp kadalon sakêdhap |
anganti wulan (n)dadare |
anèng lèlêngkèh tunggangan |
ing ardi Jakatuwa |
santri sèwu-wolungatus |
anggèbèl ngèbêki paran ||
60. Samya bêtêthak ngratêngi |
wus matêng samya mêmangan |
sapundhuhe dhompolane |
tan ana kang kaliwatan |
sawusira mangkana |
samya bubuka sadarum |
rahab anggayêr kêpala ||
61. Sawusnya mangkana sami |
antara wijiling wulan |
sigra umangkat lampaha |
ngidul-ngilèn ngambah wana |
pêjatèn grêng rungkudan |
wana Giring sapêngidul |
sapêngalor pêngulonnya ||
62. Tandhês wukir Imagiri |
parêng sukuning kang wetan |
ardi Sakêthi pungkase |

Jilid 8 - Kaca : 106

Imagiri wêkasannya |
yata ingkang lumampah |
santri kwèh gumêr-gumuruh |
wor gora alun samodra ||

63. Wus mêdal saking wana writ |
ngambah alas tarataban |
bêbangkan gumuk parêdèn |
alas grengseng garêmbêlan |
liwat desa ing Mula |
myang desa ing Gunung-puyuh |
ing Panitèn Jati-wêkas ||

64. Ing Sêmamar Wanasari |
ing Taruka Kêlampeyan |
rêrêp anèng ardi Cêlor |
ing wanci pajar sidik byar |
santrinira malatar |
lajêng abubuka junun |
war-wêr angguyêr kêpala |
angèl margine mring guwa ||

65. Samya kalêngêr (ng)gulinting |
gêlasran lir binabadan |
blag-blêg saujur-ujure |
wus dangu antaranira |
kang samya nênggak napas |
nulya tangi ting badhêngul |
laju samya abêbêthak ||

Jilid 8 - Kaca : 107

66. Yata Ki Sèh Amongragi |
alon dènnira ngandika |
Gorajati sun-têtakon |
iki ing ngêndi arannya |
umatur kang liningan |
ardi Cêlor namanipun |
guwane kang kidul-wetan ||

67. yèn mangkono Gorajati |
aywa mulih myang Magora |
sarèhna dhingin nèng kene |
manira ayun anjajah |
patilasing pratapan |
Wrêgajati lan sirèku |
si Jamal Jamil kariya ||

68. Momong sabat santri-santri |
manira ayun tirakat |
samya sandika ature |
dyan umangkat piyambakan |
anjajah patilasan |
santrinira kang tut-pungkur |
kêkalih tan kêna pisah ||

69. Wrêgajati Gorajati |
 karsanira Sèh Mongraga |
 lumêbêt ing guwa Cêlor |
 sadintên-sadalu dènya |
 anèng sajroning guwa |
 langkung rêpit silukipun |
 nulya mêdal saking guwa ||
70. Laju ngalor mring wanadri |
 guwa Manganti pinaran |
 ardi alit pinggir lèpèn |
 èpèn Oya ingongkangan |
 lêlawanganing guwa |
 majêng ngalèr-ngilèn sintru |
 kêtalib pangoling sela ||
71. Lêgok longkanganing kali |
 kali Oya cêlangapnya |
 kang kidul tênging bambing |
 tumawing ngungkuli toya |
 ngisoring lawang guwa |
 ulêkan toya anêkung |
 angèl margine mring guwa ||
72. Maripit anurut bambing |
 kang pinanjat ginujêngan |
 wau ingkang mongol-mongol |
 yata Ki Sèh Amongraga |
 tan wang-wang sungiling lwah |
 anjurang trêjungnya kêdhung |
 lon-lonan dènya tumama ||
73. Angayut oyod inapti |
 wus prapta lawanging guwa |
 ningali pasang rakite |
 pantês dadya pasênêtan |
 dinulu alimutan |
 Sèh Mongraga sigra laju |
 santri loro ruruncungan ||

439 Pocung

1. Yata wau Sèh Mongraga dènya masuk |
 lawan santrinira |
 anèng ing guwa Manganti |
 jroning guwa mulêg ganda rum angambar ||
2. Sèh Mongluhung sasmita mring santrinira |
 samya anoraga |
 ing sêmu sampun andugi |
 limutira ing guwa sêmada padhang ||
3. Rakitipun sajroning guwa apatut |
 sela blêg kewala |
 gogodhagane pêsagi |

- pan sisinggêt ing têngah kori sajuga ||
4. Wiyaripun mung sasêta sapandhuwur |
nulya linêbonan |
langkung pêtêng anglimputi |
pan sêsangat wus antara saya padhang ||
 5. Pan kadulu jroning guwa wênganipun |
ingkang kidul-wetan |
wontên toya anaritis |
sanginggiling kumênclèng tibèng bêlikan ||
 6. Kilènipun wontên sela-gilang alus |
kandêle sa-asta |
rong dhepu panjangirèki |
wiyaripun sabêlah kang sela-gilang ||
 7. Yata wau Sèh Mongraga duk andulu |
tilasing gêdubang |
maksih têtês durung aking |
nèng jêrambah larasan sêmprit rong lêmbar ||
 8. Lawan susur sajêbug têtakoko alus |
myang têtês sadak |
anjrah pugutan lir sari |
kadya dèrèng kang mucang nis ing sasana ||
 9. Gandanipun saya mulêg marbuk arum |
anduk jêjêbadan |
sumrêbêt ratus kasturi |
Sèh Mongraga ririh dènnira ngandika ||
 10. Lah ya iku ana tilasing ngaluhung |
sirating pamucang |
mêksih mukêt sun-tingali |
santrinira mêlongok matur norraga ||
 11. Alon matur bisik-bisik wartinipun |
ing guwa punika |
sring-asring dipun-têdhaki |
inggih marang ing kangjêng sinuhun sultan ||
 12. Milanipun ing guwa Manganti nêngguh |
tan kambah ing janma |
kang dhingin dhasare wingit |
kaping kalih linarangan mring kang ngrêksa ||
 13. Sababipun pan inggih mênika wau |
asring tinêdhakan |
marang kang darbe nêgari |
lamun botên punika marêngi têtihak ||
 14. Tandhanipun kêtawis ganda marbuk rum |
apa mangkonoa |
kawula dugi mênawi |

nadhan ya-a manira angalap bêrkah ||

15. Pan rong dalu Sèh Mongraga anèng ngriku |
tan susah we kadas |
nèng sela-gilang amupit |
pamaguting rasa têtênging kamulyan ||
16. Tyas pinutu ing tanajul-tarki-nipun |
marang kajumbuhan |
dhauping kèdhap pinusthi |
ing pangaksi sisikuning Ngèksiganda ||
17. Supaya sung wêwaton jalaring rampung |
pungkasing kasidan |
mêngkana abuntu budi |
budi tungtum nyamplêng tan karasa-rasa ||
18. Angganipun mitènggèng antêng lir watu |
pan antaranira |
rong dina tan obah osik |
Wrégajati Gorajati nora têbah ||

Jilid 8 - Kaca : 109

19. Anèng pungkur ngadhêp kang lagya manêkung |
sawusnya mangkana |
wanci bakda Subuh enjing |
Sèh Mongraga ririh maca salam bakda ||
20. Lingira rum Mongraga mring santrinipun |
lah payo umêdal |
saking ing guwa Manganti |
santrinira karo amatur sandika ||
21. Nulya mêtù saking kori têngah wau |
santri nolèh wuntat |
pêtêng malih anglimputi |
namung kori jawi katon mêlong padhang ||
22. Yata wau Sèh Mongraga praptèng pintu |
wus mijil sing guwa |
malipir pipining bambing |
lampahnya lon (n)dulur anjurudêmungan ||

440 Jurudêmung

1. Yata wau Sèh Mongraga |
laju ngalèr lampahipun |
nabrang Oya karsanipun |
ngalèr-ngilèn mring Maladan |
wisan-gawe praptanipun |
wontên watu itêm gêngnya |
kêkalih bundêr sagênuh ||
2. Nangsang kadya sinalangan |
ing oyot mandira agung |
sela-lus kadya parunggu |

ngandhap sitinya mêlatar |
sumilak rêsik kêlangkung |
lir kambah janma andina |
kayoman ing wrêksa agung ||

3. Tan ana kaleyangira |
winêtara agêngipun |
witing wrêksa rolas prangkul |
rakit tambining mandira |
lir kêkobong tilam-arum |
têngah sela sumayana |
alus kadya akik wulung ||
4. Kanan kiri anjêrambah |
pêtêng kinubêng ing sulur |
tataning tambing barukut |
awiwara kadya guwa |
tambining oyot nyakêdhung |
ngêthuwêng têtung nyêlangap |
sitinya angêtuk ranu ||
5. Tambi lir windoning sêndhang |
awêning toyanya agung |
kalangkung asri asingup |
Sèh Mongraga myat karênan |
ing Maladan rakitipun |
nulya tumamèng (ng)gigilang |
sênêt sadintên sadalu ||
6. Enjing mijil sing (ng)gigilang |
nèng oyod tumpang alungguh |
ana wong sawiji rawuh |
ngêthuyuk kêpara tuwa |
saking dhusun ing Parumpung |
Baulapa namanira |
mrêpêki amundhuk-mundhuk ||
7. Prapta trapsila mangarsa |
Mongraga ngandika arum |
paman ing ngêndi sirèku |
lawan sapa arannira |
ingkang liningan umatur |
kawula pun Baulapa |
dhusun kawula ing Ngrumpung ||
8. Kang têtangga ing Maladan |
won-awon jru-kuncinipun |
pundhèn Maladan puniku |
Sèh Mongraga angandika |
manira tanya yun wêruh |
critanira ing kuna |
ing Maladan adatipun ||

Jilid 8 - Kaca : 110

9. Umatur Ki Baulapa |
lamun paduka andangu |
ing Maladan adatipun |
sela undhi sayêmbara |
sintên kang kuwat anjunjung |
kang sela nèng pasalangan |
manggul ngubêngi wrêksa gung ||
10. Dèn-kongsiya têpung-gêlang |
utawi mubêng ping têlu |
winangsulakên ing (ng)gwannipun |
tinêkan barang sinêdya |
lamun tan kuwat anjunjung |
pan lêpat ingkang sinêdya |
yèn kuwat tuhu anggambuh ||

441 Gambuh

1. Mangkana adatipun |
tiyang tirakat ngriki puniku |
kêdah sayêmbara pratiknya (n)janjèni |
punapa sadyanipun |
tatanèn dagang buburoh ||
2. Kang sêdya sugih ngèlmu |
sugih donya miwah waris wayuh |
sugih sunu kang sêdya dadi priyayi |
kang amrih mênang prang pupuh |
kang sêdya durjana kang wong ||
3. Sanadyan ambuburu |
sato pêksi barang kang kinayun |
anggêr kuwat anjunjung kang watu undhi |
sampun makatên puniku |
wus luluri praptèng mêngko ||
4. Dene kang watu wau |
duka dalêm pan sampun kadyèku |
dadya sayêmbara ingkang watu undhi |
katrima sasêdyanipun |
tan ana ingkang malendo ||
5. Kawula kang têtunggu |
anaidi wong kang darbe kayun |
lamun wontên inggih kêdhik kalih kêdhik |
sêkadar wêjananipun |
panêbase jambe suroh ||
6. Pun bapa criyosipun |
duk jênate pun kaki rumuhun |
angladosi Jêng Panêmbahan Mêtawis |
Senapati dènnya nêkung |
nèng ngriki Maladan manggon ||

Jilid 8 - Kaca : 111

7. Anèng gigilang ngriku |
dènya sumungku pan tigang dalu |
pun kaki ingkang ngladosi dupa-mrik |
tanpa kanthi sang aulun |
kèh tan nyana lamun katong ||
8. Mongraga ngandika rum |
yèn mangkono Maladan puniku |
tilasnya Jêng Panêmbahan Senapati |
aran kang sinuhun-suhun |
wong ngalap bêrkah kemawon ||
9. Sawabe kang linuhung |
lah paman Baulapa sirèku |
wus kariya sun laju anutkên kapti |
Ki Baulapa umatur |
punapa sampun ambopong ||
10. Sela undhi puniku |
Ki Sèh Amongraga mèsêm muwus |
nora susah anjunjung kang watu undhi |
ngalap bae bêrkahipun |
kang karya tilas kinaot ||
11. Panrimèngsun wus cukup |
Baulapa sumangga turipun |
sawusira kariya andum basuki |
sun arsa nutukkên laku |
amêgat sih Sèh Mongkaot ||

442 Mêgatruh

1. Kang liningan tumungkul alon umatur |
lamun parêng sang apêkik |
kawula sumêdya tumut |
Sèh Mongraga ngandika ris |
ya paman sokur kemawon ||
2. Nulya mangkat Sèh Mongraga laju ngidul |
dadya têtêlu kang ngiring |
Baulapa anèng ngayun |
sêdya kampir ing Drêkaki |
kêdhunging Oya anyarong ||
3. Ingudhunan pinggiring kali tumurun |
kathah ulame kaèksi |
tan liyan tambra lit agung |
liwêran kèh tanpa wilis |
ambubul mêdal saking rong ||
4. Sèh Mongraga ngandika mring santrinipun |
anèh tèmên kêdhung iki |
banyune ngisor lan dhuwur |
padha buthak banyu putih |
mung sakêdhung bae nyarong ||

5. Baulapa iki paran marmanipun |
kali Oya ing Drêkaki |
dene tan buthak kang ranu |
beda kang ngisor myang nginggil |
Baulapa matur alon ||
6. Duka dalêm mapan wus kang wau-wau |
kêdhung Drêkaki awingit |
tan ana kang purun-purun |
tan ketang wadêr sanyari |
sintên kang mêndhêt wurung wong ||
7. Lajêng edan têrkadhang kang apês lampus |
mila tan wontên kang wani |
anjawi kangjêng sang ulun |
inggih kang darbe nêgari |
yèn karsa mundhut ulam-loh ||
8. Gih puniku ing Drêkaki ulamipun |
mundhut kalih wontên kalih |
mundhut pitu wontên pitu |
mundhut kathah wontên inggih |
kathah ulame kang katon ||
9. Liya saking pundhutan dalêm puniku |
tan kenging tiyang ngêpik-pik |
apan angkêre kêlangkung |
inggih pun kêdhung Drêkaki |
langêning ratu kinaot ||
10. Pan puniku prênah pinarakanipun |
nanging tan wontên udani |
tinarka wong awon nganggur |
sêring klampeyan sauwit |
Sèh Mongraga ngandika lon ||
11. Manira yun payo marono alungguh |
ngalap bêrkah sang winingit |
gya minggah ing bambing wangsul |
santri titiga tan kari |
anèng sandhaping kakayon ||
12. Pan sadintên-sadalu dènnya nèng ngriku |
byar enjing umangkat aglis |
nabrang Oya lajêng ngidul |
ngambah wana jurang ardi |
nut agiraning lèlêmpong ||
13. Pawukiran alit-alit ting pacucu |
lêstari lampahira ris |
laju mring pasisir kidul |
santrinira tansèng wuri |
kang kinanthi lèlana ndon ||

443 Kinanthi

1. Yata wau lampahipun |
Mongraga praptèng pasisir |
ardi Bungas pagêbyugan |
pawukiran alit-alit |
raryan anèng ardi Bungas |
pagêbyuganing jêladri ||
2. Ardi Putri wastanipun |
watu-karang parang-curi |
bintara lawan kucila |
tan ana liyane kang wit |
lambunging ardi gumrajag |
umili nêmpur mring kali ||
3. Kali Kolor tan patya gung |
alit anjog ing jêladri |
sami grajagan sing arga |
nut lêmpan suku ardi |
kêpagol pongoling sela |
gumarujuk (n)jog jêladri ||
4. Sandhaping grojogan ranu |
wiwara guwa awingit |
kagêbyug alun sêgara |
dadya guwa tan kaèksi |
lamun yèn alun nuju rat |
katon guwane sing nginggil ||
5. Ki Baulapa umatur |
punika wontên guwa writ |
tan kenging kambahing janma |
winastan guwa Songpati |
saking èwêding kang marga |
kapêpêtan ngandhap nginggil ||
6. Ngandhap alun samodra gung |
ing nginggil grojogan kali |
punika ingkang sênêtan |
Ki Agêng ing Bêngkung nênggih |
tan wontên tiyang kang bisa |
mariki marang Songpati ||
7. Pan amung Ki Agêng Bêngkung |
Sèh Mongraga ngandika ris |
Ki Agêng kang sira pajar |
ing ngèndi sasananèki |
ana wong amara-tapa |
pira wayahe kang janmi ||
8. Kang liningan lon umatur |
Ki Agêng Bêngkung puniki |
inggih sujanma martapa |
anèng ardi Imagiri |

Jilid 8 - Kaca : 113

sêjatinipun punika |
Kangjêng Sultan ing Matawis ||

9. Jêng Sinuhun Sultan Agung |
puruitèng Imagiri |
yèn wus dènnya siniwaka |
kukuwu nèng Imagiri |
asênêt nèng kasamunan |
wana ing Bêngkung Magiri ||
10. Anama Ki Agêng Bêngkung |
tanpa kanthi dènnya nêpi |
anungge nêkung priyanga |
tan ana ingkang udani |
kadhang tiyang padhusununan |
kang uning satunggil kalih ||
11. Tan wruh yèn puniku ratu |
Sultan Agung ing Mântawis |
tan mantra-mantra narendra |
pêngagêm tuwin kang warni |
lir saluguning pandhita |
kêpara sêpuh akaki ||
12. Sanès dede kaotipun |
lawan yèn miyos tinangkal |
bagus tan kêna ing tuwa |
taruna cahya nêlahi |
(n)Jêng Sultan ing Ngèksiganda |
kalangkung sakti awingit ||
13. Sèh Mongraga ris amuwus |
abdine kangjêng sang aji |
paran tan ana uninga |
mring ahline sri bupati |
Baulapa aturira |
inggih tan wontên udani ||
14. Wontên satunggal rannipun |
Tumênggung Wiragunèki |
kang asring-asring umarak |
mring Kyagêng Bêngkung Magiri |
yèn dhangany karyaning nata |
lajêng mring Bêngkung pribadi ||
15. Tanpa rewang praptanipun |
marêk marang sang palinggih |
pan winulang rèhing praja |
patrap ngawulèng narpati |
Ki Ageng Bêngkung sihira |
sring binêkta mring Songpati ||
16. Tuwin maring liyanipun |
pêtilasan sadayèki |

Jilid 8 - Kaca : 114

- pasisir wukir wanarga |
sakèh kang wêrit awingit |
Ki Tumênggung Wiraguna |
kikinthil datan mangêrti ||
17. Marang Ki Agêng ing Bêngkung |
puniku yèn narapati |
Sèh Mongraga lon ngandika |
saking wingitirèng aji |
ratu agung Waliyullah |
anggêlar kêramat aib ||
18. Pan iku ana satuhu |
paribasaning pralambi |
sêrati tan wruh dipangga |
kêmasan tan wruhing rukmi |
kang dadya Ki Wiraguna |
tan wêruh ratu kininthil ||
19. Mangkana malih amuwus |
payo masuk ing Songpati |
ing di margane mring guwa |
guwa kasaban ing warih |
mangke kalamun alun rat |
kêdah rikat lampahnèki ||
20. Nanging ta manawi dipun |
guwa punika abisi |
angling nadyan mangkonoa |
narah marang sang linuwih |
manira angalap bêrkah |
witne sukur wah utami ||
21. Sigra masuk Sèh Mongluhung |
lan santrnira tan kari |
wus prapta sajroning guwa |
sumringèh ketampêg warih |
alun ngêsuk ing jro guwa |
rakiting guwa writ wingit ||
22. Pan sela itêm sauyun |
apêtêng dalêm nglimputi |
tan pati wiyar godhagnya |
antara dangu sakêdhik |
ngrêrêmêng sêmada padhang |
wontên kori kang kaèksi ||
23. Ting palongo samya pintu |
kanan kiri miwah nginggil |
patuting kori akathah |
kang benjo bundêr pêsagi |
têludhag undhak-undhakan |
sakilan wiyaring kori ||

24. Lus-lusan apatut-patut |
dinuga tan sêdhêng janmi |
lan wontên satunggal lawang |
anèng sor marêp manginggil |
patute kadya kaluwat |
ngêluwêng angraras-ati ||

Jilid 8 - Kaca : 116

444 Mijil

1. Sèh Mongraga nèng guwa Songpati |
jênêk tyasira non |
lir tan nyipta umijil sing (ng)gonne |
linging driya layak (n)jêng sang aji |
jênêk nèng Songpati |
patilasanipun ||
2. Angandika mring santrinirèki |
lah cobanên kono |
lêbonana lawang guwa kabèh |
paran cêthèk lawan jêronèki |
Wrêgajati aglis |
Gorajati masuk ||
3. Nora sêdhêng awak dèn-ring-ngiring |
ganti-ganti wong ro |
pinêksa-pêksa tan sêdhêng kabèh |
winaratan kori kanan-kering |
myang kang ngisor dening |
sangêt sêsakipun ||
4. Sèh Mongraga sigra anglêboni |
kori kang mangisor |
apan sêdhêng kewala anggane |
pan kêpara logro wus lêstari |
glis wus tan kaèksi |
amblês ing asamun ||
5. Santrinira katri anututi |
tan ana sêdhêng wong |
saya mingkup lawang pangrasane |
Baulapa lawan Wrêgajati |
miwah Gorajati |
dadya samya tunggu ||
6. Sèh Mongraga dènnira umanjing |
jro guwa mangisor |
tri ari tan ana wêkasane |
ngampat nètèr nunjêm marang bumi |
nut pangol sela-lit |
kang samya mandhukul ||
7. Wusnya tigang dalu tigang ratri |
Mongraga anèng jro |
wontên pangol sela lus agêdhe |
kandhêg rarywan nèng riku alinggih |

- angaringkên kapti |
tapakur pitêkur ||
8. Asru pêtêngira anglimputi |
angganya tan katon |
pampêt ilang sirna waranane |
datan ana lilabing pangèksi |
sira Sèh Mongragi |
ngikis raosing hyun ||
9. Mathêt kaênêngannya tan mosik |
swuh tyasira mansoh |
nir tan ana labêt saciptane |
camplêng komplang angganya ngalithik |
wus datanpa kardi |
kantun ing alimut ||
10. Tigang Subuh layaping awingit |
ngêningkên pandulon |
ing antara sajroning panane |
ana sabda tanpa swara (n)déling |
waliya ywa lari |
dudu jalaripun ||
11. Narendra gung Ngèksiganda pasthi |
karya jalaraning (n)don |
nir tang ing rèhira wus barêsêh |
pan sêsangat sangêting mèmèti |
ngangrêm ing Songpati |
mèh panêtêsipun ||
12. Sèh Mongraga dènnira tarêki |
tanajulira lon |
wus mangkana nisirèng amêne |
angalêsêd dènnira alinggih |
micorèng jro galih |
ki apa tan uwus ||
13. Mèksi amblêng kang luwêng Songpati |
anunjêm maring sor |
sapa ingkang bisa ngandhasake |
baya namung (n)Jêng Sultan Matawis |
ingkang wus linêwih |
wasis ing rèh samun ||
14. Pan mêngkana Ki Sèh Amongragi |
dènnira nèng kono |
dadya nêm ari rêke lawase |
tyasira wus tuntas ing pangaksi |
gya wangsul manginggil |
nut watu mandhukul ||
15. Pamanjatira dadya tri ratri |
mijile saking jro |
prapta panggya kalawan santrine |

- Baulapa lawan Wrêgajati |
Gorajati sami |
sukanirèng kalbu ||
16. Baulapa aturira aris |
amba gung kuwatos |
kantos sangang dintên ing lamine |
(ng)gèn-paduka sênêt nèng jro bumi |
mangke sampun mijil |
langkung sukur-sukur ||
17. Ambakipun amba tiyang ngriki |
yêktinipun tan wroh |
ing Songpati pan dèrèng marang ke |
suwêg lawan paduka puniki |
lamun nguni-uni |
ing pawartosipun ||
18. Sèh Mongraga angandika aris |
pan iku luwih jro |
lakon têlung dina mudhun bae |
durung kandhas maksih anglèng bumi |
sun rêsup tri ratri |
gya manira wangsul ||
19. Manjat têlung dina prapta iki |
wong têlu anjomblong |
myarsa Sèh Mongraga andikane |
angling malih lah wus payo mijil |
sing guwa Songpati |
kang liningan gupuh ||
20. Pan umiring ing Sèh Amongragi |
wus mêdal saking jro |
ngantya rading alun samodrane |
glis lumaris napak parang curi |
nèng parung pasisir |
sang anom nèng ngayun ||

Jilid 8 - Kaca : 117

445 Sinom

1. Yata Ki Sèh Amongragi |
ingadhêp santrinya katri |
nèng sandhaping wit kucila |
mêmêntèr sumuking rawi |
andhikanira aris |
ing êndi malih kang samun |
guwardi pêtelasan |
kang liningan matur aris |
inggih kathah kewala kang tilas-tilas ||
2. Lajêngipun sapangetan |
kang samya wêrit awingit |
mapan akathah punika |
guwardi ing wana Giring |

datan wontên kang nglangkungi |
kadi kang paduka jujuk |
Manganti ing Maladan |
pun Cêlor lawan Songpati |
mung punika guwa kang gawat kaliwat ||

3. Yata malih angandika |
hèh Baulapa sirèki |
wus sun-trima lakunira |
tuduh tumutur ing kami |
nuli andum basuki |
sun-arsa laju lumaku |
marang ing Kanigara |
Baulapa matur aris |
pan kawula kédah andhèdhèrèk lampah ||
4. Tan nêdya mantuk mring wisma |
kawula adrêng tut-wuri |
Sèh Mongraga lon ngandika |
lah ya wus sokur sirèki |
anut wong kawlas-asih |
lan sira sun-lih aranmu |
Darmajati prayoga |
matur nuwun kang sinung sih |
dan umangkat mring Cêlor pondhokanira ||
5. Kyai Guru Jamil Jamal |
nèng Cêlor ingkang winarni |
sêlawe dina dènnira |
tinilar ing Sèh Mongragi |
saya wêwah kang santri |
akarya têtarub agung |
ambanjêng langkung wiyar |
kang ara-ara aradin |
ing lalêngkèh ardi Cêlor kaèbêkan ||
6. Têratag tarub bêlarak |
angèndhêng sing grêng toya sri |
wiyarira winatara |
têlung pambêdhil pêsagi |
santrinya jalu èstri |
apan wolulukur-atus |
têngah wisma gonjongan |
pan joglo agêng winêlit |
kang minangka masjid lamun Jumungahan ||
7. Kalangkung mukti wibawa |
Kyai Guru Jamal Jamil |
sinêmbah ing santri kathah |
kêndhurinya sabên ari |
ratri ojrat kêndhuri |
alêlagon sru gumuruh |
emprak agêgabusan |
pangeram-eram angênting |

sadaya wong desa-desa kagawokan ||

8. Byar enjing sami bubuka |
ramya dènnya mênggak dhikir |
kalêngêr pating sulayah |
saujure tumpang tindhih |
jalu kalawan èstri |
wor-wonor carub matimbun |
kang katon jroning pana |
tan ana wênèh kaèksi |
mung Sèh Amongraga nèng dhampar ingayap ||

Jilid 8 - Kaca : 118

9. Kinêbutan kering kanan |
andum nuduhkên swargadi |
ngapura donya akerat |
mring kang samya buka dhikir |
satangine anangis |
kêpengin kalangkung ngungun |
nuli munggah ing swarga |
swarga gadhanganirèki |
amêsthèkkên uripe luput duraka ||

10. yèn sore samya jaranan |
wêlulang myang tampah tampir |
kayu miwah wilah panah |
solèt irus enthong ilir |
kang samya dèntunggangi |
bêng-ubêngan jroning tarub |
sirigan congklangan |
obah dhadha malang-kêrik |
lênggut-lênggut angalênggak langak-langak ||

11. liyêr-liyêr netranira |
ambêcu tan ana angling |
tingale salin pangrasa |
lir wong anglilir angimpi |
pangrasane nunggangi |
jaran sêmbrani umabur |
ngayêngi awang-awang |
andulu sawarga adi |
patamanan samya ngunguwung sarwendah ||

12. Kitri-kitri amangkawa |
prêdapa ambalêrêngi |
samya rinamês ing jaran |
sêmbrani kang mêmangani |
santri bungah kêpati |
pangrasane lir satuhu |
yèn wus tutug mangawang |
samya niyup mudhun sami |
dheyang-dheyang mudhune anglêr kapenak ||

13. Lamun jog praptèng bantala |
byar pandêlêngannya salin |

mulih pandêlêngan saban |
turangga mulih lir nguni |
samyã lungguh mangarsi |
asila kapang atêpung |
nèng ngarsane gurunya |
Jamal Jamil kang siniwi |
tan winuwus yata wau ingkang prapta ||

14. Ki Ageng Sèh Amongraga |
lawan santrinira katri |
Ki Wrêgajati kalawan |
Gorajati Damarjati |
Wrêgajati wèh uning |
lamun Sèh Mongraga rawuh |
gupuh kang dhinawuhan |
amêthuk kang lagya prapti |
para lurah santri samya tumut mapag ||
15. Wus tundhuk andhodhok nyêmbah |
uluk salam Sèh Mongragi |
sinauran santri kathah |
gumuruh samya nauri |
Darmajati duk mèksi |
mring santri kathah angungun |
wêwah jrih sungkêmira |
sêdyandhêm kèrêm ing gusti |
santri kabèh (n)dhodhok mire ngering-nganan ||
16. Sèh Mongraga gya tumama |
nèng tarub agung miranti |
nèng wisma joglo gonjongan |
linangse ing sinjang putih |
sadayã apupuji |
wulangun myat gustinipun |
cahyane kilah-kilah |
sumilak wênês awingit |
ingkang sabên katon anèng pasuhulan ||
17. Mangkana Sèh Amongraga |
ngandika mring Jamal Jamil |
saiki apa wus dhangã |
santrimu kang (n)don birai |
wuwuh pira kang prapti |
wong padesan urut gunung |
kang liningan turira |
inggih pangèstu sang yogi |
kalihèwu wolung atus kathahira ||
18. Akarya tarub punika |
ngling malih mring Jamal Jamil |
lan desa ing Kanigara |
paran kêna dèn-ênggoni |
lêgane kang (n)duwèni |
bêbêkêl Kanigarèku |

Jilid 8 - Kaca : 119

desane saupama |
dadiya ênggonne santri |
Jamil Jamal umatur samya anêmbah ||

19. (n)Jêng tuwan adhawuh sabda |
asung panggenaning santri |
ing Kanigara kinarsan |
kawula sampun anitik |
inggih langkung prayogi |
pan punika bêkêlipun |
wasta Wanamênggala |
akathah krandhahirèki |
ragi kapuwara urut pawukiran ||
20. Kang (n)dombani paparentah |
karya tatarub puniki |
Sèh Mongraga angandika |
kon maju kêparèng ngarsi |
Ki Jamal sigra nuding |
mara majua umatur |
sigra ingkang liningan |
majêng tumungkul ngabêkti |
Sèh Mongraga ngandika lir guladrawa ||

446 Dhandhanggula

1. Ingong tanya marang ing sirèki |
Wanamênggala pomahanira |
ing Kanigara bêcike |
para santri sêdarum |
dimèn kumpul asalu pranti |
nèng desa Kanigara |
supaya mundhak gung |
arjaning karajan desa |
nêmbah Wanamênggala umatur sari |
inggih dhatêng sumangga ||
2. Tan sumêlang ing karsa sang yogi |
lamun taksih pun Wanamênggala |
kados tan cuwa karsangrèh |
Sèh Mongraga amuwus |
iya bangêt tarima-mami |
utama sêtyanira |
sumarah karsèng-sun |
lan sira sun wèhi aran |
ajênênga ya sira Atuhujati |
kang sinungsih anêmbah ||
3. Angandika malih mring Ki Jamil |
lurah santri kabèh dhawuhana |
kon nêgor kayu kang gêdhe |
sun-karya masjid agung |
dadya pêndhak ing dina iki |
dêgna ing Kanigara |
lah wis ta dèn-guruh |

Jilid 8 - Kaca : 120

Jamil Jamal gya parentah |
marang para lurah-lurah sadayèki |
samy matur sandika ||

4. Sigra lèngsèr sakathahing santri |
maring wana anêgori wrêksa |
samêkta sagêgamane |
rit-bapang pêthèl wadung |
pasah tatah samya miranti |
santri lanang sadaya |
anêgori kayu |
agêng-agêng rinêbahan |
kumêbras lir gudêbog kewala sami |
êmpuk datan rêkasa ||
5. Miwah panggawene tan ngawrati |
ampang lir nyangking kapuk sakranjang |
samy gumun sadayane |
adat lan majadipun |
adat atos awrat ingambil |
mangka mangke mêngkana |
tan rêkasèng bau |
wêwatêsing ingukuran |
tinêtêsan lêlanjon cathokan dhamis |
rapêt tan ana rênggang ||
6. Sirah gada kêbênthung kinancing |
dudur pangêncêng usuk pêngarak |
dêlurung adoh takire |
blandar pangiwaniipun |
pamidhangan kang sunduk-kili |
danyang lambang pênanggap |
goco saka-guru |
myang rawa cèlèng talundhak |
jênêng pangimaman mimbarnya pinipil |
inêb gêbyog ngêplukan ||
7. Kalowongan bêdhug gya winingkis |
sêrambi myang gandhokira kanan |
miwah pasrambèn parèstrèn |
ramut sadayanipun |
wus rinagang tan ana kèri |
rinayap santri kathah |
têlung dina rampung |
laju kinèn ngadêgêna |
anèng dhusun Kanigara wus rinakit |
ancêre inganjêran ||
8. Nulya binodhol rancangan masjid |
andalidir sêlur sêsêmutan |
kewala laju adêge |
sami sadintên rampung |
srambi ngayun lan kanan kering |
pagêr gêbyog korinya |
kampung sadaya wus |

pinayu sadintên dadya |
balumbangnya ingilènan toya kali |
langkung asri dêgira ||

9. Pêlataran ngarsaning surambi |
rêng-rêng tinaruban ing bêlarak |
sapêlambang panglajure |
para santri andulu |
langkung eram sakèhing jalmi |
tan mantra mêngtas dadya |
tèn na labêtipun |
kadya wus lami taunan |
kyai guru nulya mring Cêlor tur-uning |
ingiring santri kathah ||

Jilid 8 - Kaca : 121

10. Prapta ngarsanira Sèh Mongragi |
nêmbah umatur sampun kawula |
paduka duta wiyose |
akarya masjid agung |
dadosipun ing pëndhak ratri |
punika sampun dadya |
pitung dintên rampung |
tan wontên ingkang kuciwa |
saking sabda tuwan kêlangkung rêspati |
Sèh Mongraga ngandika ||
11. Ya wus sokur Alkamdulilahi |
panggrayape santrimu sadaya |
wus sun-tarima sakèhe |
sesuk Jumungahipun |
anganyari masjid kang dadi |
dene panggonaningwang |
lir sabên katèngsun |
iya anèng pangimaman |
lêlangsenên kadya mimbar ywa kaèksi |
Jamil Jamal tur sêmbah ||
12. Inggih sampun prayogi miranti |
yata ing wanci akiring Asar |
Sèh Amongraga karsane |
pindhah mring masjid gung |
(n)dan umangkat Sèh Amongragi |
ingiring santri kathah |
sêlawatan umyung |
lêlagon landhung lon-lonan |
ngayat-ayut rampak tan ana sarènti |
gumêr arum swaranya ||
13. Singirira pan kalimah kalih |
ingurung-urung ing kering-kanan |
santri pangarsa lampaha |
wus prapta masjid agung |
Sèh Mongraga lagya lumaris |
ingiring para lurah |

kering-kanan pungkur |
kadya pêngantyan ingarak |
Sèh Mongraga ing mênga pan sampun prapti |
masjid gung Kanigara ||

14. Tumamèng pangimaman Mongragi |
tinangkêban langse tundha tiga |
rinangkêp gubah langsene |
santri samya umangsuk |
maksih samya lèlagon singir |
lungguh têtung akapang |
myang surambi pênuh |
dilah ing tarub malatar |
nulya suwuk kang samya sêlawat singir |
gya kinèn jêjaranan ||

15. Ting caremplo anyengklak turanggi |
jara walulang myang ilir tampah |
wilah papan irus solèt |
bugêl kayu lan munthu |
pan sadhengah dipun tunggangi |
jalu èstri lan bocah |
nunggang kèlut sapu |
pra samya jara-jaranan |
tan karuwan lurah santri jalu èstri |
kadya êmprit anêba ||

16. Bêng-ubêngan gumrêdêg swara tri |
nulya mêdal kambu abubulan |
ngetan mring Cêlor paranne |
[---] |
kèh èmbane nongklang anirig |
mêndhapan ajojogan |
adheyan kang mamprung |
angêterang nongklang mêdhar |
kèh solahe santri berag ambêsusi |
solah murwèng turangga ||

Jilid 8 - Kaca : 122

17. Obah dhadha srêg anumpang-kèli |
amêthèngkrèng miring taricigan |
kaluyuran amèlètèr |
anyunyuk lênguk-lênguk |
wiragane anèng turanggi |
andhangak langak-langak |
wènèh manthuk-manthuk |
ayab-yaban ting kareyab |
para santri praptèng Cêlor lêngkèh ardi |
têtarup ngara-ara ||

18. Dêr-idêran sakathahing santri |
samya (m)becu tan ana angucap |
netrane ngêringin kabèh |
namung kasruling suku |
gumarêdêg kadya rug ardi |

anglarug bêng-ubêngan |
jroning tarub agung |
atata tan salang-tunjang |
rêke sami kewala pangrasanèki |
têledhang marang tawang ||

19. Mêratani kang markata ngrêmik |
kadya kitri munggèng pêtamanan |
ngêndhêng ngunguwung pagêre |
gumilap abra murup |
ana kumalêndhang lir lungsir |
manjêthi raras pita |
awilis bang wungu |
jalada ujwala maya |
maya-maya andrawêla angawêngi |
tumeja majang wulan ||
20. Kèh kaèksi saisining langit |
ambêlêrêng obar-abir endah |
nêmbe myat mega rumêmbe |
sadaya pan kadyèku |
sami salin pangrasanèki |
pan kokonanging mata |
kang dadi pandulu |
neka-nekaning paningal |
katon taman-taman adining pangèksi |
kaya iya-iya a ||
21. Wanci tunggang-gunung Sang hyang Rawi |
samnya niyup saking ing gêgana |
liyêr anglêr pangrasane |
kêmput sadaya mantuk |
saking Cêlor maring ing mêsjid |
praptèng natar taruban |
ajêjêl supênuh |
mudhun saking patungangan |
ting cakekal byar pulih sawèntèhnèki |
pandêlêngira saban ||
22. Jaran mulih lir ajale nguni |
para santri wus tata angayap |
nèng masjid srambi tarube |
nulya sami akukus |
olah-olah akarya bukti |
wus matêng amamangan |
miwah kyai guru |
akathah punjunganira |
saking dhusun-dhusun ingkang têbih-têbih |
rampadan jodhang regang ||
23. Kèh kang atur-atur pan anggili |
(m)balêbah sêkul ulam panganan |
ki guru langkung muktine |
pra santri mamah-mumuh |

- anggalêmbus warêg kênduri |
malênthi manthag-manthag |
kèh (m)balêndhing nyêmpluk |
wêtênge pra santri kathah |
ambêdhèdhèh kêmpung lèmpènge anjêmbing |
labête krêp mêmangan ||
24. Wanci bakda Ngisa akirnèki |
yata Kyai Guru Jamil Jamal |
ngumpulkên para santrine |
kêrsa dhikir Maulud |
selawatan ojrat ripangi |
rahab malêm Jumungah |
anèng masjid agung |
Ki Guru mundhut tarêbang |
sêlawe prah lan kêndhang pipitu tuwin |
angklungira sawidak ||
25. Pinilihan lurah santri-santri |
kang samya bisa narêbang ngêndhang |
wus samya miranti kabèh |
trêbang kêndhang myang angklung |
sampun sami samêktèng ngarsi |
Ki Guru Jamil Jamal |
alon dènyya muwus |
sarwi anyêntak tarêbang |
lah payo padhojrat lagon ripangi |
pra santri tur sandika ||
26. Kyai Guru ambawani dhikir |
ngêlik sajak Karang-kabuyutan |
kalimah loro bawane |
lagonne Sêkar Gadhung |
swara kalih sora agilig |
kadi swara satunggal |
saking mor abarung |
ulone rada mêjana |
lèmpêng saru ngêlik angêbêki masjid |
lailaha Ilallah ||
27. Nulya santri kabèh naurani |
sru gumuruh lir pangriking kala |
gêdhor sakane sinèndhèn |
barung trêbang patlikur |
kêndhang pitu angguguk nitir |
gumêr angklung sawidak |
wor swara gumuntur |
ngêmandhang ngêbêki tawang |
ajêguran lir blendrong grahana sami |
arame gogobyogan ||
28. Tanpa rungyan sru swaraning santri |
wor lan gêbyuring alun samodra |
dènyya talu sadinane |
santri rahab kêlangkung |

cipta datan kêsêl (n)jrit-anjrit |
mangkana wus antara |
dangu nulya suwuk |
aso samya sesambenan |
nginang udud wênèh santri ngêbayani |
ngrukti wedang panganan ||

29. Wedang têmu pan kinadhuk lêgi |
cèrèt lan cangkir namung rong dhulang |
sadhulang mring guru dhewe |
miwah pangananipun |
kalih wadhah isi mêpêki |
maring guru sawadhah |
kang sawadhahipun |
mring santri sadayanira |
cèrèt wedang panganan ki guru angling |
payo ing kene padha ||

Jilid 8 - Kaca : 124

30. Ngoyag-oyag janggut ngêlus gusi |
santri sadaya èwêd saurnya |
wedang panganan sapele |
tar ana kang umatur |
angling aris Ki Jamal Jamil |
dhulang mara midêra |
ladènana gupuh |
santri kabèh kang warata |
aja kongsi dadi gawening pra santri |
ubêngêna priyangga ||
31. Sigra dhulang cèrèt lawan cangkir |
angayêngi sakèhing santrinya |
cèrèt angêcuri dhewe |
yèn kasuwèn tan nginum |
irungira dipun-êcuri |
ing wedang gêragapan |
gya ngombe calêguk |
miwah dhulang pêpanganan |
midêr dhewe santri ganti anjupuki |
sasênênge priyangga ||
32. Wedang panganan lari pribadi |
maksih wutuh tan kalong pinangan |
ijih bae ijih bae |
santri warêg sadarum |
datan ana kurang nyanyamik |
samyak gawok sêdaya |
mring kawignyanipun |
Kyai Guru Jamil Jamal |
tuhu lamun kawasa èdi sayêkti |
ngluwihi guru kathah ||
33. Yata Kyai Guru Jamal Jamil |
yèn wis aso payo padha lêkas |
pra santri sandika ture |

adan lêkas bawa sru |
wong sêlawe bawa asingir |
Bismilahi amina |
lilahi amanu |
tinampunan santri kathah |
Bismilahi hi amana Bismilahi |
amana mana lilah ||

34. Sarta têrbang kênthang angklung |
samyang angantêb panabuhira |
lir bêdhah brah tarêbange |
pong ping pêg dhêng dhung brang brung |
plak plak plak blang kêtong ting tong gring |
thung plêk thung plêk dhong dhung brang |
plak plak klir klur thir thur |
krak clung krak clung blang prung prung brang |
grug ngug grug ngug pyak byang pak byang dhang thung thung gring |
pêp pêp bah dhung brang dhung brang ||

35. Rame gumuruh gumêdêr atri |
tan etang rak sru sinuwak-suwak |
jalwèstri rare sêdène |
tan ana santri minggu |
samyang suka bingah kêpati |
samyèmprak gêgabusan |
myang sumbu-sinumbu |
agèsrèk udêr-udêran |
sasênênge pêpênthungan linggis wêsi |
kang ajur kang wêntala ||

36. Kêkancuhan ora pilih tandhing |
èstri mungsuh lare miwah lanang |
mungsuh lawan èstri lare |
ana sababagipun |
padha tuwa lan padha cilik |
wadon samya wadonan |
samyèmprak gêgabus |
patèn-pinatèn tan beda |
ingkang rênyêk ajur mumur rontang-ranting |
gêtihe dêladagan ||

Jilid 8 - Kaca : 125

37. Ingkang gosong binakar ing gêni |
pating jalêmpah bathang kang emprak |
tuwa nom pikun myang rare |
ana kewala tatu |
gêrêng-gêrêng sambat ngririntih |
glasaran kalèsèdan |
nangis kawlas-ayun |
wong nonton gawok tumingal |
pratingkahe santri angidap-idapi |
kwèh (n)jêngêr myang karuna ||

38. Salang gumun tan ana mangêrti |
ana dhêlêg-dhêlêg gêtun mulat |

- nora na cumuwit kabèh |
 mangkana kyai guru |
 nuduh santrinira pawèstri |
 kinèn angidêrana |
 kabèh ingkang lampus |
 sarwi anggawa tarêbang |
 Kyai Guru nabuh angklung anèng wuri |
 nyênggaki kang ngaojrat ||
39. Sarta santri-santri wus winangsit |
 pratingkahe soroge kapiyat |
 ojrat linakon sabêne |
 iruping pangrasa wus |
 wus katampan mring santri èstri |
 mangkana singirira |
 ulung sambêr ulung |
 yamale yahu maola |
 si ulung mati ngêlayung mole rokin |
 pidayakun mangkana ||
40. Swara kênya mêthit anjalêrit |
 gêtas rênyah êngêse wilêdan |
 ambêlèr ati rarase |
 anganyut manis arum |
 angrês raras amuntir ati |
 lir ulung kapijitan |
 kang miyarsa linglung |
 kumêsar manah dhêg-dhêgan |
 ngondhok-ondhok kang singir kadya nangisi |
 mring kang samya kêbranan ||
41. Sêmbada lah kang kadya nangisi |
 wong ro saplak ulone tan gonjing |
 nyamlêng lan pêparikane |
 na tangis layung-layung |
 ing tangise wong wêdi mati |
 anangis ngaru-ara |
 wêdi lara lampus |
 gêdhongana kuncènana |
 yèn wus pasthi ya hualah ya ilahi |
 mangsa wurunga pêjah ||
42. Aja sira turu-turu lali |
 bangun bêdhug têlu atangiya |
 mujia ing Pangerane |
 sucèkêna badanmu |
 lah dusana banyu rabani |
 jasmani bilasana |
 gêragatulahu |
 banyu saraban tahuran |
 sukma-jati eling sajatining urip |
 mulya jati wasesa ||
43. Sampurna mulya têmahan jati |
 jati têmahan sampurna mulya |

wong donya baliya manèh |
mring donya kamulyanmu |
tolihèn kèkasihirèki |
hêm hêm hêm lah tangiya |
ayu ayu ayu |
mangkana pangojratira |
èstri roro ngapit guru Jamal Jamil |
sawusnya têtumu-gêlang ||

Jilid 8 - Kaca : 126

44. Inggang samya pêjah miwah kanin |
sampun sami mulya sadayanya |
purna lir wingi-unine |
samya emprak abikut |
têrbang magênturan sru muni |
kêndhang ciblon tatabannya |
bêbanggèn kang angklung |
kang emprak akiprah-kiprah |
wanèh ting cêlolo ngêlithu athi |
anjêngkit jingkat-jingkat ||
45. Suka-suka sakèh kang ningali |
wong desa-desa katêmbèn mulat |
durung wruh sajêg ngumure |
kabèh tan ana mantuk |
cipta rêmèh masuk birai |
urut wong pagunungan |
jalwèstri kumêrut |
tan ana rate sadina |
saya wêwah mawêwah kèh masuk santri |
mring krajan Kanigara ||
46. Wus antara dènnira ripangi |
lingsir dalu wanci bêdhug tiga |
agupruk nêsêg lagonne |
ngêndhêlong nulya suwuk |
langkung ngatêk babakanèki |
santri aso sadaya |
mêntas lagon dangu |
samya ngaring-arang napas |
lurah santri ana inggang ngêbayani |
mêdalakên ambêngan ||
47. Rolas ambêng mêjana gêngnèki |
lan ambêng panganan rolas dhulang |
kinêpung ing santri kabèh |
rongèwu-wolungatus |
kyai guru inggang (n)dongani |
amine (m)bal-ambalan |
ramyambata rubuh |
sawusira dinonganan |
Kyai Jamal Jamil ngling anuding |
wis bagènên kewala ||

48. Yèn kêm-bula angêpung kêndhuri |
sêsak tanganmu nora kacakan |
bêcik ngur bagênên bae |
agampang nora ewuh |
tur wêrata padha ngijènni |
anyêtampah-nyêtampah |
sapanganipun |
sigra para lurah-lurah |
nuding ngambil kêndhuri aganti-ganti |
ambêng tan têlas-têlas ||

49. Wus warata sadayaning santri |
cukup myang rare samya nyêtampah |
camplêng datan kurang luwèh |
kabèh wong padha gumun |
kasêktène ki guru kalih |
yata nulya bubaran |
arip sami turu |
kang nonton mulih sowangan |
sêdyanira mulih ngambil bêras pari |
bumbu myang arta sinjang ||

Jilid 8 - Kaca : 127

50. Sêdya wangsul umasuk birai |
samya kêpengin gampang sinêdya |
dadya sabarang ciptane |
ing dalu tan cinatur |
byar enjang gya bubuka sami |
angguyêr kêpalanya |
niba ting gadêbug |
lapake anênggak napas |
anggêlasah asungsun timbun matindhih |
lir babadaning pisang ||

51. Wor-wiyor lan jalu miwah èstri |
sadhengahneya kang kêtindhihan |
kang kawudan bêcik bae |
tan ana hukumipun |
wus tatane wong dul-birai |
singa mênang suwalnya |
sala-silahipun |
santri kang kasor ngèlmunya |
asrah jiwa raga myang bojonirèki |
katur sumanggèng karsa ||

52. Yèn ta ana karêpe ki santri |
amêngarah èstri sadhengahnya |
tan ana walêr-sangkêre |
kenging kewala wor hyun |
wus mangkono tabiyatnèki |
anggêr luhur kawruhnya |
kang kasor sumungku |
angguru ngakên panutan |
tan rumangsa malang sakarsanirèki |

badan datan suwala ||

53. Antara wus dangu dènya mati |
kongsi gumatêl-gatêl kang surya |
lingsir wetan panglilire |
tangi pating badhêngul |
dhêlêg-dhêlêg (m)barêbês-mili |
kêsotan ngunjal napas |
aso ngangsur-angsur |
myat swargane saya cêdhak |
samy a cipta ge-age manjing ing swargi |
mila tan etang (ng)gombal ||
54. Nadyan ngrabèt anèng donya ngriki |
wus bingah myat badhe minggah swarga |
iya besuk ing kanane |
ing sandhang nora ngingus |
mila sami pating saluwir |
kêmul bêbêd narima |
amoh-amoh cukup |
sawusnya samya bubuka |
para santri samya adus maring kali |
kali Kelor kèbêkan ||
55. Ting kacêbur ciblon sarwi dhikir |
gela-gelo lèlagon abungah |
wor-suh tan ana sisigèn |
saking krana-lahipun |
nadyan siwo-siniwo kenging |
pan kosok-kinosokan |
èstri lawan jalu |
guguyon bèbèk-bèbèkan |
asêsamur siratan banyu pra santri |
(n)jron banyu gêgarapan ||
56. Egal-egol gobag-gabig dhikir |
rada tilase wong mamênculan |
brêkat wong lanang wadone |
dhasar datan sinartu |
kulinanya jalu lan èstri |
tan ana winangênan |
nir tan ana kukum |
mila ing pratingkah lumrah |
kang mangkono mangkene tan dèn-wangêni |
tatane wong dul-dulan ||
57. Wusnya tutug dènya dus pra santri |
samy a mêngtas ngambil toya kadas |
ana ingkang banjur bae |
tan nganggo toya wulu |
dènya mangkat salat mring masjid |
nora-na ragan-ragan |
mèmèrètan bêsus |
kêmul bêbêd bae dadya |

Jilid 8 - Kaca : 128

- santri kalihèwu-wolungatus luwih |
sandhangnya ting kêrumpal ||
58. Nora nana kang marênèng siji |
saking suka-rênaning panrima |
tur saking nora gablêge |
rupane sêbut-sêbut |
kêrêp mangan tan dadi daging |
kuwat-kuwate nyandhang |
ukur bae wutuh |
kèh ngangge tambal-tinambal |
suprandene atine kaya wong sugih |
abungah suka-rêna ||
59. Yata sakathahe santri-santri |
kang mring masjid salat Jumungahan |
supênuh jaba-jêrone |
awit kang salat wulu |
namung lajêng kewala dhikir |
gumrêmêng tanpa rungwan |
tan antara bêdhug |
(n)dhêrandhang wus samya pêrak |
sinalahan bêdhug cêp tan ana muni |
gya Jamal mangasiral ||
60. Amêthènthèng angalangkên êcis |
praptèng akir dènya mangasiral |
donga lingindhil Islame |
aminira gumuruh |
Kyai Guru Jamil ngajoni |
mungah kutbah ing mimbar |
ingadanan sampun |
apan kutbah wali-sana |
swara agêng êmpuk gumrêmêng amanis |
dangu dènnira kutbah ||
61. Wusnya akir lajêng donganèki |
rame amine ambata-rêbah |
sawusnya tamat dongane |
Ki Guru Jamil gupuh |
kamat sigra sakèhing santri |
ngadêg pèrlu Jumungah |
muballahe asru |
(n)Jêng linuhung Sèh Mongraga |
angimani nulya angkat usali |
paralal Jumuwatan ||
62. Raka-atil imaman lila |
tangala Alahu-akbar nulya |
muballah asru takbire |
sadaya angkat parlu |
jawi lèbêt wus sami takbir |
kang nora bisa samya |
engkok-engkok lumbu |
tumul rubuh-rubuh gêdhang |

nora nganggo êmèl sapraboting takbir |
milu awak kewala ||

Jilid 8 - Kaca : 129

63. Ngadêg rukuk sujud miwah linggih |
tiru-tiniru kiwa têngênnya |
tan bisa sarêng polahe |
bêrkate wong la-ilu |
kang dèn-aji amung birai |
ngucap dhikir kalimah |
salat dèrèng surup |
anut ing ngarêp kewala |
kang tan pègat dhikir andrêmimil ririh |
bedane asêmbahyang ||
64. Sèh Mongraga dènnira ngimami |
sawusing Patekah suratira |
Inna-anjalna awale |
waniti akiripun |
adêgira dipun-kunuti |
tahyat anulya salam |
bakda salatipun |
arahab puji dhikirnya |
wus paragat lajêng sêsalaman sami |
angadêg bêng-ubêngan ||
65. Amongraga tan bisa ngoncati |
astanira anggantung kewala |
rinêbut salam wong akèh |
jalu èstri ngarubut |
sawusira salaman sami |
kang bisa nulya sunat |
bakdiyatanipun |
sampunira bar Jumungah |
gya kèndhurinira apêm winaradin |
-akên ing santri kathah ||
66. Ngênêm tangkêp wong sawijinèki |
tampelanganing godhong akêkah |
apêm mabur mara dhewe |
warata sadaya wus |
jalu èstri myang rare alit |
tan susah andum barkat |
prapta dhewe sampun |
bubar mring panggenanira |
wancinira rare ngucul para santri |
samyâ berag-beragan ||
67. Kyau Guru karsa mring jaladri |
kumêbul santri ngiring sadaya |
jalwèstri marang gurune |
kambu mring samodragung |
pan kumêrap lampahing santri |
antara saonjotan |
saking pondhokipun |

praptèng têtèping samodra |
karsanira Kyai Guru Jamal Jamil |
ngêrumbah amèt mina ||

68. Alon muwus ki guru mring santri |
kabèh lan payo padha ngurêmbah |
mèt mina manawa olèh |
ki guru karya prau |
janur kuning kang dèn-tunggangi |
nuding santri sadaya |
kinèn amêrau |
ngêrumbah maring samodra |
sigra samya mêrau kèh warnanèki |
kang mrau godhong dhadhap ||
69. sawênèh kang mrau godhong wringin |
miwah wilah papah tatal rontal |
godhong nangka lan godhong prèh |
kang mrau sêpah têbu |
godhong suruh miwah calumpring |
santri sadaya nira |
wus samya anyêmplung |
kang mêrau wulu êlar |
wus manêngah kang samya ngêrumbah mancing |
jêkak-jêkèk nyêkèkal ||
70. Samya bungah-bungah olèh mancing |
angêlangut nèng têngah lautan |
nutug saparan-paranne |
silêm dharatanipun |
kang katingal toya lan langit |
katêmbèn pratingkahnya |
wruh têngahing laut |
ngênting suka-bungahira |
wruh sakèhing iwak sagara sêkalir |
gêng-alit warna-warna ||
71. Gêng sagajah saomah sakonthing |
aliwêran sagunung anakan |
gawok mulat pangrasane |
tan mamang lir satuhu |
sajatine anèng gigisik |
mangkag-mungkug wus kadya |
amêlahi prau |
awake tan lunga-lunga |
lungguh bae moyag-mayêg egol gigir |
netrane rêm-rêm ayam ||
72. Kang mangkono pratingkahing santri |
pan gunane guru Jamal Jamil |
ngirup sakèh pangrasane |
kang dèn-irup tan surup |
ing cinthunge Ki Jamal Jamil |
susulap ngèlmu karang |

Jilid 8 - Kaca : 130

mrih mangunahipun |
kèdhèp sapadhaning janma |
ingkang andon-cipta pangrasane minggir |
saking têngah sêgara ||

73. Angsale ulam dènnira mancing |
wus pinangan nèng têngah lautan |
têlung dina pangrasane |
warêg tan mangan sêkul |
amung ulam sabên binukti |
warêg iwak samodra |
ing pangrasanipun |
wus samya praptèng pinggiran |
samya mêngtas nut alun anèng gigisik |
byar pandêlêngan saban ||
74. Kyai Guru parentah mring santri |
malah samya kinèn jêjaranan |
kadya sabên pratingkahe |
myang nunggang ambèn lêsung |
gêdhèg galar pêngaron kèndhi |
miwah anunggang lincak |
myang lawang (m)pyakipun |
ambodhol omah satunggal |
omahe wong gawe uyah ing pasisir |
rinêcak tinungngan ||
75. Pan kumêrap sakathahing santri |
gumarêdêg kang jaran-jaranan |
samya mabuk pangrasane |
ngungkuli samodra gung |
angayêngi ing ngawiyati |
myat ngawiyat sêgara |
sapan anglangut |
wruh wiyarre ing samodra |
myang jêmbaring langit pangrasanirèki |
wruh surya manjing mêdal ||
76. Mayêng-mayêng langlang marang langit |
nusup alas sasêlaning lintang |
taman-taman adi aèng |
anunggang ambèn lêsung |
pangrasane jêmpana joli |
êmpyak katon wimana |
myang puspaka murub |
miwah paraboting jaran |
abra murub dalah jaranne sêmbrani |
kumêlap kadya kilat ||
77. Kabèh mancorong ambêlêrêngi |
tur ta iku angrèrèwèng êmpyak |
ambèn lincak lawan gêdhèg |
lumpang alu myang lêsung |
iyan lan lawang lan patang aring |

Jilid 8 - Kaca : 131

- kang samya dèn-dhêdhabyang |
wong loro têtêlu |
miwah wong nêmbong wong sêsanga |
anggègèwèng sadaya ginawa mulih |
mring dhusun Kanigara ||
78. Ting kêreyap gumrêdêg lumaris |
samyambêcu tan ana ngucap |
lir wong anglindur sajake |
lumaku ting kaluyur |
cangkêm mingkêm netra maringin |
wus wruh adat wayahnya |
dènnira tumurun |
sabêh tungganging ancala |
pangrasane mudhun saking ngawiyati |
cumlorot lèr kêpenak ||
79. Para santri wus prapta ing masjid |
sarêng dènnira mudhun tunggangan |
byar mulih dèlêngan wèntèh |
kang lêsung mulih lêsung |
kabèh mulih ajale nguni |
sawusira mangkana |
pan samya angukus |
lah-olah kang sêga jangan |
wusnya matêng mêmangsan pra santri-santri |
wong kathah ting kucapah ||
80. Bakda Ngisa wayahe kang wêngi |
Sèh Mongraga mijil sing krobongan |
kyagèng anglela lênggahe |
pangandikanira rum |
marang Kyai Guru kêkalih |
mêngko padha singiran |
pêpakna santrimu |
kang rahab dènnira ojrat |
manira yun wruh solahing santri-santri |
kang padha tarêbangan ||
81. Guru Jamal Jamil matur aris |
nuwun sandika sumanggèng karsa |
sigra anuduh santrine |
ngumpul nèng masjid agung |
ing surambi têtarub jawi |
santri akèh akapang |
têlung (ng)gon alungguh |
kinèn angumpul sadaya |
nèng sajroning masjid wus tata miranti |
têpung salurah-lurah ||
82. Pandam sèwu amyang amêrapit |
sabên kang saka satunggal-tunggal |
diyan sèwu sadayane |
Ki Guru Jamil muwus |
rada sompok (ng)gonmu alinggih |

pagêr gêbyog ing ngarsa |
beladhahên gupuh |
tawingêna kering-kanan |
sigra para santri ambêladhah aglis |
rampung sami sakala ||

Jilid 8 - Kaca : 132

83. Pan wus ombèr kang sami alinggih |
masjid têpung ing srambi akapang |
ki guru pangandikane |
mundhuta têrbang satus |
lawan kêndhang sèkêt dèn-aglis |
lan malih amundhuta |
angklung têlung-atus |
kang liningan para lurah |
gupuh nuding mring santri sigra lumaris |
tan dangu praptèng ngarsa ||
84. Katur kang têrbang mring guru kalih |
wus pininta santri kang narêbang |
sèkêt santri èstri bae |
sèkêt kang santri jalu |
lawan sèkêt ingkang ngêndhang |
kang angklung kathahira |
santri têlungatus |
nulya lêkas salawatan |
Bismilahi hi amana Bismilahi |
amana manalilah ||
85. Sinauran gêr swaraning santri |
tri gumuruh gumlêgêr lir gêrah |
kadya rug prabata lèngsèr |
barung tarêbang satus |
kêndhang sèkêt angklung sru angrik |
kumruwuk tanpa rungwan |
gumrah pong bur pong bur |
plak blang plak blang brung brang brang |
tung plêk tung plêk klur klur thir thur dhêng dhung dhung brang |
pyak pyak byang pyung byang pyung byang ||
86. Wong padesan akèh samya pranti |
lakon sonjotan kalih onjotan |
samyang ngrungu gumuruhe |
ingkang lakon sabêdhug |
kang sadina angêlon-loni |
prapta lajêng anyabat |
awis wangsul mantuk |
mangkana dènnira ojrat |
santri têlungèwu-patangatus nênggih |
kang nonton langkung kathah ||
87. Lêkas rambah-rambah dèn-empraki |
maju satus-satus kang angemprak |
rarywalit jalu èstrine |
karyèraming pandulu |

gêgabusan têt-têban sami |
samyâ bakar-binakar |
kang suduk-sinuduk |
kang gonyèh myang kang wêntala |
datan ana labête angganirèki |
kang ajur rênyêk pêjah ||

88. Kang tinêngkêr-têngkêr gêmbugnèki |
gêtih nêmbur-nêmbur dêladagan |
ingkang kinêthok êndhase |
ususe ngandhul-andhul |
kuleweran anggêgilani |
kêpruk-kinêpruk samya |
buncur tan kapupu |
kinumpulkên bangkenira |
ingkang mênang mundur rèrèn samya linggih |
ki guru sigra ngatag ||

Jilid 8 - Kaca : 133

89. Kinèn numpuk kayu lawan wêlit |
sigra rinukti sami sakala |
sinulêt ing obor age |
ingobong bangkenipun |
gêni mulad-mulad andadi |
sundhul molo gêninya |
urube gumrubug |
wong nonton kuwatir mulat |
nyana lamun lajêng kobar kang surambi |
saking gênging dahana ||

90. Kyai guru nuduh santri èstri |
sêkawan kang bêcik swaranira |
lilima santri lanange |
kang papat nabuh angklung |
santri ingkang siji ngêndhang |
kang kinèn sigra mara |
angubêngi latu |
nulya samya kinêthokan |
gulunira tugêl bêt (n)dhas tibèng siti |
asindhèn galundhungan ||

91. Rahnya lurah-lurah anyêmburi |
sirah galenteran lir kekeyan |
samyâ ngubêngi gênine |
asingir nganyut-anyut |
runtut barung datan sarênti |
sirah sindhèn tan ewah |
gêmbunge lumaku |
kang narêbang maksih nêrbang |
miwah ingkang ngêndhang ngangklung maksih ngênthir |
midêr gêmbug kewala ||

92. Gêmbug narêbang kipyah ngêpipir |
sabêbanggèn sêlaning irama |
kêndhang anduduk gêdhuge |

angklung imbal kumlunthur |
gêtih maksih dêrawas mili |
dhadha gigir ngadidang |
jarit kêbês marus |
sumlêngêrên kang tumingal |
ulatira pucêt tan ana cumuwit |
mêngkarag kamigilan ||

93. Nêmbè tumon angebat-ebati |
gêmbung maksih lumaku kapenak |
êndhas galundhungan sindhèn |
ngubêngi gêni murub |
ngalik-alik swararum manis |
lir sambating lêlara |
nangisi kang lampus |
wong nonton samya ngrês mulat |
ting salênggruk wênèh anjrit lir kêpatin |
kèh kang karasa wêlas ||

94. Sêmbada lawan swaraning singir |
kadya suling barung rinêbaban |
abêning gumrining ènthèng |
wilête nganyut-anyut |
nadyan sami santri kèh nangis |
singirira mangkana |
ana gêni murub |
urube gêni nêraka |
kang anglêbur dosane kang buka dhikir |
ngilangakên duraka ||

95. Talêcêr jati urubing gêni |
rênuh jati kukusing pawaka |
karêngês jati arênge |
kayu badan suksma-gung |
jati mulya langgêng ing urip |
urip tan kêna rusak |
ayu ayu ayu |
mulya têmahan sampurna |
byah cêndhala tiba lir mani kang kari |
Suksma langgêng wisesa ||

Jilid 8 - Kaca : 134

96. Wusnya singir santri kang ngubêngi |
gêmbung sirah ambyur ing dahana |
mrêkotok krunyus banène |
êndhasnya sami (n)jêblug |
kang ningali njêlih ih ih ih |
Allah Bismilah setan |
priye kuwe iku |
mêngko dadine kayapa |
wusnya nêbut klakêp tan ana cumuwit |
andongong kagawokan ||

97. sami sêdhakêp gumun ningali |
dahana murup pan dèrèng kèndhat |

- gumrubug kalangkung mènèr |
yata ingkang tinunu |
bangke santri kang sami mati |
mêtu saking dahana |
urip ting jarêdhul |
dèn-lokakên ing ngakathah |
o we o we bilah padha urip maning |
surak asumyak-sumyak ||
98. Myang têrbang kêndhang angklung sru muni |
ginobyokan nduduk magênturan |
lir grah gumuruh gora rèh |
tanpa runyan saking syuh |
wor aloke kang nonton sami |
suka abungah-bungah |
myat pratingkahipun |
sabaya micarèng nala |
nora jamak ki guru sêkti aèdi |
akarya pangebatan ||
99. Kang angemprak angubêngi gêni |
wus antara dènnya bêng-ubêngan |
nulya sami kinèn mêne |
gêni gêng maksih murub |
kang narêbang sampun winangsit |
cinadhuk ing tarêbang |
gêni urubipun |
angandhang jroning tarêbang |
têrbang papat mêlong-mêlong padhang kèksi |
gya mati anèng têrbang ||
100. Nulya sami linggih ngaring-arang |
anyamikan wedang lan panganan |
cangkir piring mara dhewe |
santrine têtung èwu |
kawêratan cèrèt sawiji |
wedang tan têlas-têlas |
myang pangananipun |
Kyai Guru Jamil Jamal |
(m)buwang blarak lan kulit sêmangka dadi |
macan kalawan ula ||
101. Sima kêrah gidrah wolung rakit |
lawan ula lanang nêm kêmbaran |
mulêt sabêtan pêthite |
santri myang kang andulu |
samyak bubar lumayu ajrih |
sima krah sami sima |
gêjag grut-ginarut |
sukuning wingking wak-wakan |
rame gêbêg-ginêbêg sru anggrog ngêrik |
mangkarak akêkêrahan ||
102. Ula lanang sadêbok gêngnèki |
kakruwêlan pulêt lêt-ulêtan |

kang nonton angadoh bae |
samyã gila andulu |
ing tontonan ngedab-edabi |
sardula mangkikikan |
krura naut-naut |
kang sima minangsèng sarpa |
sru gro-gêro ting galêbor dèn-sauti |
sima inguntal sarpa ||

Jilid 8 - Kaca : 135

103. Mangsa sima lag-lêg angijènni |
samyã malênthi wadhuking ula |
maksih kurang mèlèt-mèlèt |
siwo sabêtan buntut |
mulêt saka guru ing masjid |
masjid oyag-ayigan |
lir kalindhon eyung |
ula ulêt tatarikan |
kang narêbang myang santri kèh samyã minggir |
amèpèt pagêr tarap ||
104. Dangu-dangu kang samyã ningali |
têntrem manahè abungah-bungah |
anonton ula lèlakèn |
mangkana Kyai Guru |
Jamal Jamil nulya akardi |
nguncalakên balungkang |
dadi kungkang agung |
sarpa tumon ing canthoka |
nganta-anta lir anglih amanggih mukti |
sarpa anut canthoka ||
105. Kodhok mangap andhêlak pan wani |
apan caplok-cinaplok arannya |
ula cinaplok êndhase |
êlêg-êlêg ingulu |
wus kauntal ula binukti |
amêkongkong mathèthah |
maksih dèrèng tuwuk |
ula kang sawiji ngancap |
naut tinadhahan ing kongkang krah sami |
ramyã acêcakotan ||
106. Ula naut cangkêm dèn-ingkêmi |
marang kodhok sarpa wus kauntal |
kang nonton asru aloke |
samyã suka andulu |
kang narêbang cêp datan muni |
pan pijêr latah-latah |
myat sawêr atarung |
lan bangkong kalah ularnya |
nulya sarpa gènti mara ingkang kari |
angrubut ing canthoka ||

107. Bangkong panggah prayitna tan wigih |
 kodhok ika andheprok amapan |
 sarpa asru panaute |
 tinadhahan ing tutuk |
 (n)dhasing ula nêt dèningkêmi |
 ulane palintiran |
 ngaruwêl mulêt sru |
 dèn ulu-ulu ulanya |
 sarpa gênti mara têlas dènuntali |
 kabèh ula nêmbêlas ||
108. Sabên tambah nguntal ula siji |
 wadhuking kodhok saya gêng mêlar |
 ambêdhadhag mènthèh-mènthèh |
 sakala anjênggunuk |
 apan sundhul pangrêt srambi |
 ngêbêki lampit kasah |
 kang samya andulu |
 kongkang gênge têtung lawang |
 nulya wau Kyai Guru Jamal Jamil |
 ambuwang gagang sêdhah ||
109. Dadi cacing-kalung gêng sawiji |
 sigra bangkong kang cacing minangsa |
 cacing cangkême anjêbèr |
 kalangkung wiyaripun |
 kungkang naut cangkêming cacing |
 kodhoke lêg dèn-untal |
 mring cacing wus kolu |
 cacing mulur pangkêrêtan |
 kang ningali sukêr gila kirig-kirig |
 iluning cacing mêdal ||
110. Amis asêngir ambuning cacing |
 kang myat umor wênèh mutah-mutah |
 agila gigu atine |
 ki guru sigra nuduh |
 rare alit anguntal cacing |
 kang rare sigra mangan |
 cacing gya dèn-ulu |
 tan suwe pangêlêdira |
 dangu-dangu kolu lêgêndêr kang cacing |
 dêlênganê aenak ||
111. Kêcap-kêcap takèn cacing malih |
 kang ningali nyêbut kamigilan |
 amumuji ing gunane |
 gurunira kang luhung |
 sigra rare kinèn asisi |
 gya sisi asêmprêtan |
 mêtu cèlèng (m)brubul |
 lan asu sapirang-pirang |
 sru (n)jujugug samya amburu si gênjik |

Jilid 8 - Kaca : 136

cèlèng tarung srênggala ||

112. Kabungahan rare dènnya sisi |
mêtu kalong lawa walang-kapa |
ambêrubul sing irunge |
sisi brol mêtu manuk |
ting salêbar awarni-warni |
brol mêtu sato-kewan |
gêng alit gumrubyug |
pêpak saisining wana |
abuburon kang kêrah ana kang aring |
lir anèng palegungan ||
113. Kyai guru ngling mring santri-santri |
yèn ana kang arsa angambila |
nyêkêl kidang lan kancile |
bêlêhên (ng)gonên lawuh |
lamun sira padha kapengin |
nulya santri kèh sigra |
gupuh ambuburu |
wong nonton mèlu angrêbat |
marang kidang mênjangan sasênêngnèki |
cag-cêg satunggal-tunggal ||
114. Jalu èstri miwah lare alit |
kabungahên ngambil sato-wana |
tutur lir ngambil ingone |
ingkang mikir dèn-ingu |
wênèh banjur dèn-pêragati |
ulam lajêng binakar |
anèng ing (ng)gènnipun |
kang binumbon kang kinalak |
apan samya kewala lajêng binukti |
aloke enak-enak ||
115. Wus warata sakathahing santri |
lir binage ingkang sato-kewan |
rêbut sênêng pamilihe |
kang milih anèm sêpuh |
kewan têlas samya dèn-ambil |
kantun kang karam-karam |
tan ana rinêbut |
mangkana Ki Guru Jamal |
rare ingkang sisi wau kinèn malih |
nyêkêli sato-kewan ||
116. Kinèn ambacuki sadayèki |
rare gya cinêkêlan kalewang |
sigra pinêcokan kabèh |
buron wadidangipun |
sapi sima ajag myang gênjik |
wus rêbah anggulasah |
tapis sadaya wus |
gêtihira nyiprat-nyiprat |

Jilid 8 - Kaca : 137

- sinêmbêlèh kabèh tan ana kang kari |
kinèn lajêng amangan ||
117. Sato-kewan kang dèn sêmbêlèhi |
lajêng pinurak pan kinêletan |
dèn-alir-alir daginge |
rare wus dadèk latu |
daging kinêropok ing gêni |
pinang anthemolan |
cèlèng miwah asu |
macan kuwuk rase luwak |
datan kongsi matêng dènnya (m)bakar daging |
mêntah-mêntah pinangan ||
118. Têlas daginge sato binukti |
nulya balunge kinêmah-kêmah |
ngrasa kurang maksih ngêlèh |
kabèh gawok andulu |
samyâ nêbut ngaruh-aruhi |
bilah setan tan jamak |
bocah apa iku |
doyan mangan cèlèng macan |
miwah asu myang luwak garangan cacing |
iku anake sapa ||
119. Kaya buta nora nampik daging |
têkan polo-polone dèn-gaglag |
ngrêmus kang balung-balunge |
dudu bocah bayèku |
karanjangan budi sêrani |
rarene galêgêsan |
cangkêm kopah marus |
kang tumingal kamigilan |
yata wau ing wanci wus bangun enjing |
nulya kinèn bubaran ||
120. Samya kukut sakathahing santri |
miwah kang nonton sami bibaran |
nanging datan ana mulèh |
tanggung wanci wus esuk |
padha mire awor lan santri |
kang duwe pêsanakan |
Kanigara ngriku |
akèh mondhok maring desa |
sami (m)bêkta dènnya (m)bêrkat kêbo sapi |
wêdhus kidang mênjangan ||
121. Ana kang cipta ginawa mulih |
nyoba ngingu patangpuluh dina |
kênane lawan orane |
yèn malah-malèhipun |
pan mêngkana sakèhing janmi |
para santri sêdaya |
kêsêl samya turu |
tan cinatur solahira |

dènnya nendra byar enjing samya atangi |
lajêng atrap bubuka ||

122. Tutup netra daluwang sanyari |
miwah sinjang pêthak kang kinarya |
janur kuning myang kropake |
wus omah guyêripun |
nênggak napas gya blag-blêg mati |
niba pating jalêmpah |
timpah tinimpah wus |
ting karingkêl yêl-uyêlan |
janma kathah kang durung masuk birai |
myat tingkahe abuka ||

Jilid 8 - Kaca : 138

123. Samya gumun andongong kapengin |
masuk ojrat wor-wiyor kewala |
tan ana siku kukume |
kang timpah dhadha pupu |
kalukaran sinjang jalwèstri |
datan amuna-sika |
saking sru tan emut |
aundhung bêcik kewala |
yata wau kang samya bubuka dhikir |
wus dangu antaranya ||

124. Nulya tangi ting badhêgul sami |
lêgog-lêgog nangis salênggrukan |
swarga lir kêna rinanggèh |
saya cêlak dinulu |
datan wênèh lir sabênèki |
sawusira mangkana |
wau kyai guru |
lungguh nêng srambi tinarap |
para santri ki guru karsanirèki |
tansah karya tongtonan ||

125. Nuduh rare alit kinèn mancing |
anèng kèndhi cêkak-cêkèk angsal |
dêlêg wadêr lawan lele |
miwah palung kalarung |
santri ubyug sami ningali |
jêjêl supênuh ingkang |
samyandudulu |
rare mancing angsal mina |
cêkekalan ting gadêbug kêna pancing |
anèng kèndhi kewala ||

126. Kinèn ngambil sakathahing santri |
pan kamrubut rinêbat ing kathah |
ganyta-ganyta pangambile |
cukup santri rongèwu |
amèt mina kang kêna pancing |
ulam-kali rêrawa |
iwak samodra gung |

alam wadonan lanangan |
pan sabantal rong bantal kên ing pancing |
ingambil santri kathah ||

127. Kinaropok pan lajêng binukti |
kinarya lawuh dènnira mangan |
miwah kang ginadho bae |
warêg tan mawi sêkul |
sami suka sakèhing santri |
kang rare mancing angsal |
baya gêng salêsung |
pancinge walêsan sada |
kênur bobat baya kewala kang kên |
gêng-agêng ting bêrang kang ||
128. Santri kang cukup bubar lumaris |
samy aji aningali baya |
galak arsa naut bae |
nulya krah samya tarung |
bat-bêt udrêg sabêtan pêthit |
ting galêthuk cakotan |
pan wasuh-winasuh |
agêndra samya kêrêkan |
anêrajang santri lumayu angisis |
katunjang baya kêrah ||
129. Ingêlokkên gumuruh pra santri |
baya wolung rakit ing kang kêrah |
wurahan sarta kêploke |
otêr lir wukir guntur |
tan karuwan kang dèn-iloni |
rupa lan gênge padha |
gêng sabêdhug-bêdhug |
mêngkana Ki Guru Jamal |
anguncali sêpah lan têngesan linting |
dadi têtèk lan cêcak ||
130. Cêp mênêng kang gumêdêr ningali |
têtèk lan cêcak anèng kalangan |
kapriye mêngko dadine |
kang têtèk munya asru |
sarwi maju buntut kumitir |
wani kêlawan baya |
kang baya sinaut |
mangap luwih cangkêm baya |
têtèk sigra nyaplok (n)dhasing baya kalih |
inguntal lêng kauntal ||
131. Baya wolung rakit dèn-untali |
lag-lêg têtas kang baya nêmbêlas |
têtèk nyêmplu gêng wêtêng |
baya pating panjêlut |
nèng wêtêng têtèk kêtawis |
têtèke manthak-manthak |

Jilid 8 - Kaca : 139

- wadhuke anjêmbluk |
 têkèk gênge sagêdhogan |
 sru munya gêng thog-ênthog têkèk ngajrihi |
 wor suraking akathah ||
132. Alon gumuyu sakèhing santri |
 samya sêlang gumun alok miyat |
 bilah têkèk apa kuwe |
 dene gêdhe kêlangkung |
 asor baya lèhe mêtèni |
 nulya cêcak cak-cikan |
 (n)dh rêdhêt bungkak purun |
 buntute gêtêr angacar |
 têkèk pasang gumlêdhêg thog-othog muni |
 cêcak angêcêk munya ||
133. Cêcak sigra nandêr naut pêthit |
 buntute têkèk cinakot cêcak |
 garonjalan sru kak-êngkèk |
 ingulu saking buntut |
 gudabigan aniba-tangi |
 sinurak santri kathah |
 swara sru gumuruh |
 lagya satugêl kauntal |
 têkèk ènggak-ènggok nora bisa budi |
 lêngêndêr wus kauntal ||
134. Sanalika cêcak gêng nglangkungi |
 sangsayèram sakèh kang tumingal |
 cêcak abungkak unine |
 rare kang mancing wau |
 cêcakira dipun sabêti |
 ing walêsan pancinge |
 sêlat-sêlèt asru |
 cêcake sigra lumajar |
 abyak-byukan nunjang pagêr lawan kitri |
 rusak kêtrajang cêtak ||
135. Age lumayu ambyur ing kali |
 asru jumêgur ing swaranira |
 samya-lok e kae sinèh |
 banène sru gumêbyur |
 kongsi krungu ambalêbêgi |
 kêdhung kiraku asat |
 kêbajong kang ambyur |
 santri kèh angungun samya |
 ngalêm marang guru kang èdi asêkti |
 wong kèh kêpingin nyabat ||
136. Tan cinatur solahirèng santri |
 gantya ingkang wau kawuwusa |
 ing Wanamarta kandhane |
 para kyai sadhusun |
 amarêngi dina sawiji |
 sawuse bar Jumungah |

Ki Bayi tan kondur |
miwah ingkang para tuwa |
nèng sêrambi ngiras angêpung kêndhuri |
mijilakên ambêngan ||

11 (Sungkawanipun kulawarga Ki Bayi Panurta)

V. Kacariyos ing krajan Wanamarta, salolosipun Sèh Amongraga, andadosakên sakalangkung sungkawanipun kulawarga Ki Bayi Panurta. Nikèn Tambangraras supe nêdha lan tilêm, tansah sêmbahyang, ngaos Kur'an tuwin sêdhêkah kêndhuri wilujêngan.

Ki Bayi Panurta lan kulawarga sami lênggah ing sêrambi, takèn wartos bab kesahipun Sèh Amongraga. Warni-warni aturipun para putra tuwin kadangwarga, sadaya botên wontên ingkang gumathok. Ki Sêbagi ingkang ahli petang ngaturakên petangipun dhawah awon. Ki Bayi Panurta nêrangakên pasupênanipun rontog waja (untu)-nipun tiga, nanging sarêng dipun-etang, dados nêmi iji. Miturut Ki Sêbagi pasupênan wau ugi dhawah awon.

Kèn Tambangraras tata pangaosan para èstri, kêndhuri lan wilujêngan.

Ramanipun angêngimur sampun ngantos sangêt-sangêt anggènipun Nikèn Tambangraras sungkawa ngantos supe adus tuwin dandan salimrahipun.

Kaca 140 – 150

Jilid 8 - Kaca : 140

447 Mijil

1. Sawusira hajat dèn-dongani |
binage para wong |
apêm rolas ambêng myang wuduke |
golong punar tumpêng mêganèki |
sadaya waradin |
santri èstri jalu ||
2. Sawusira dènnya dum kêndhuri |
waradin sakèh wong |
Kyai Bayi alon ngandikane |
mring pra putra miwah para ari |
kapriye saiki |
Ki Sèh Amongluhung ||
3. Apa ana kabare sê mangkin |
ngêndi (ng)gonne manggon |
apa banjur paran datan mulih |
lah ênggonne bae ana ngêndi |
kapriye sirèki |
ing duga-dugamu ||
4. Lamun ana kabare kang santri |
asring kang lunga (n)don |
miwah wong kang dagang lunga èbèr |
salah sawiji kang olèh pawarti |
-nira Sèh Mongragi |
anèng ing (ng)gyannipun ||
5. Putra kalih samya matur aris |
mring rama mabukoh |
kawula tan pikantuk kabare |

saking sabar namung kawulapti |
pan manusul anis |
marang kang nglêlangut ||

6. Cadhong karsa paduka anuding |
mring amba ngupados |
dhangane kewala kawula mangke |
Kyai Bayi angandika aris |
durung karêp-mami |
kang kaya aturmu ||
7. Angling marang ingkang para ari |
priye kowe kono |
sadhengahe kang olèh wartane |
mangetane lan mangulonnèki |
kang rayi turnya ris |
pan dèrèng pikantuk ||
8. Jaba si Wiryas priye sirèki |
adate sok sumbon |
Kulawiryas kagayat lon ature |
ragi sêpên sapunikanèki |
datan angsal warti |
ing kabar kang tamtu ||
9. Inggih wontên sruwang-sruwêng kêdhik |
tan pantês ginatos |
warti pêpêkênan gèsèh-gèsèh |
wontên warti taksih nêng Kêdhiri |
wontên mring Mêngtaris |
maring Kawis mantuk ||
10. Botên têtêng mathênthêng kang warti |
tiyang anyalêmong |
dadya datan sagêd ngraosake |
mila atur kula mring (n)jêng kyai |
botên angsal warti |
Ki Bayi amuwus ||
11. Pira lawase dalasan mangkin |
nakmu kang lunga-ndon |
ingkang rayi samya matur kabèh |
sampun patbêlas wulan puniki |
pêndhak Madilakir |
Ruwah langkungipun ||
12. Angling malih rasaning tyas-mami |
lir tinilar layon |
gajêg nora karsa bali mulih |
nanging datan wulangun sun iki |
kacuwaning ati |
kadung momong mantu ||

Jilid 8 - Kaca : 141

13. Kyai Bayi sangsaya wèh wingit |
tyasira karaos |
marang indhang putra sêkalihe |
kang para tuwa miwah putra ri |
samy tyas makingkin |
rêp tan ana wuwus ||
14. Kyai Bayi angandika aris |
kaya priye kono |
wong kapêdhotan trêсна rasane |
tan pakolih turu lawan bukti |
matur sadayinggih |
mila-mila sèstu ||
15. Kyai Bayi ngling manira ngimpi |
pan untuku rigol |
mung têtêlu jêbul nênm kèhe |
siji ngarêp kang roro pangapit |
runtuh gênti-gênti |
dadi nêm sun-dulu ||
16. Kyai Bayi tatanya para ri |
têrbukanên kono |
Ki Suwarjo mupus priye kuwe |
untu têlu kang rêntah sayêkti |
têka nênm kèksi |
elok têmên iku ||
17. Kyai Bayi ngling bènêr kadyèki |
salang gumun ingong |
sadayanya samya ngraosake |
Kulawirya mring raka turnya ris |
wêwadhaganèki |
pan awon puniku ||
18. Kyai Bayi sangêt ngungunèki |
Sêbagi nabda lon |
mring Jumêna Jêmpina rewange |
myang Lawatan Malangbong ngling ririh |
para sêpuh sami |
apan ting karanthuk ||
19. Kyai Bayi muwus kadipundi |
nêh jarwan kang mêlok |
yèn awona dospundi wêrdine |
pintên banggi panggih pênêdnèki |
dhengah narbukani |
impèn-kula niku ||
20. Kyai Bayi angudi dera ngling |
Ki Sêbagi alon |
inggih sami kula-raosake |
(ng)gih sumpêna paduka kiyai |
lêrês aturnèki |

21. Kyai Bayi ngling kadi-punêndi |
tarbukaning raos |
matur inggih têpung satuhune |
miwah kalih awit kesahnèki |
ing petanganèki |
sarwa-won ingetung ||
22. Kyai Bayi muwus duk punapi |
kesahe sang Among |
matur èngêt kula Tumpak-Pone |
Pancasuda Lêbu-katyup-angin |
Galungan Lodrèki |
uwas nuju Jagur ||
23. Kyai Bayi sojar prèpun malih |
matur sangsaya won |
tanggal ping sêlawe nangas gêdhe |
yèn tumrapa darbèk icalnèki |
amlêng malah taksih |
wontên tunggilipun ||
24. Kyai Bayi tyasira rudatin |
Ki Wirya lingnya lon |
inggih lèrês punapa pêthèke |
kados nêtês tan inang samênir |
kawula yêktosi |
wontên èmpêripun ||
25. Kyai Bayi ngling layak kadyèki |
pêthèke amencok |
biniyantun pra kadang lèrêse |
Ki Sêbagi mathêm èsêmnèki |
mathèthèr sarya ngling |
yèn kula nanangguh ||
26. Mangsa nuli lêpate sakêdhik |
tan (m)botêne goroh |
ting gulethak kewala tatale |
siyèn mila wus kula-petangi |
sangêt awonèki |
Kalamudhêng-ipun ||
27. Ècèranipun pênêd sakêdhik |
kabêkta ing awon |
Kalamudhêngnya sangêt awone |
utawi awon ècèranèki |
puniku amêsthi |
kang wus adatipun ||
28. Botên ngamohkên kalasa siji |
pan pêjah sawiyos |
wangsul-wangsul tiyang kula pêthèk |

botên wontên kang ninang satunggil |
yèn bab laki-rabi |
sangêt angkêripun ||

29. Pasatuan awon pênêdnèki |
nêmahi sayêktos |
tan kenging pinaibên têmtune |
kang sami purna lan Ki Sêbagi |
sami anginggihi |
tètès pêthèkipun ||
30. Kulawiryà nambung wuwus aris |
kula tan maido |
sampun lèrès pun uwa pêthèke |
namung kêdhik ngong tanya tinêmpil |
nisani ing takdir |
pan ragi takabur ||
31. Lamun pasatuwan dèn-ugêmi |
mendahipun kang wong |
datan etang dugi prayogine |
anggêr pênêd pêsatuwanèki |
punika muwahi |
ing têkaburipun ||
32. Baya botên sisah nambut-kardi |
sanadyan anjoto |
lamun sampun pênêd pasthi sugèh |
mandah tiyang tan ana kang miskin |
Ki Sêbagi angling |
sênênganing kawruh ||
33. Inggih tiyang (m)bêbalung upami |
trêkadhang kumêplok |
Ki Kulawiryà gumuyu linge |
lah mêkatên (ng)gih uwa Sêbagi |
pênêd sabuk bandhil |
(m)balang paminipun ||
34. Gêr ginuyu kang samya alinggihi |
kang umuk kêpagol |
Ki Lawatan amathêt guyune |
arêrasan lan Malambong ririh |
niku kang Sêbagi |
kojahe kajêglug ||
35. Kandha lagi olèh angin thithik |
tali-goci pêdhot |
mak jêgagig tan bisa mêthènthèng |
yèn ta aja kêtanggor Ki Ragil |
iba dènnya (m)bêkis |
ngrawus masra-masru ||

Jilid 8 - Kaca : 143

36. Barêng gumuyunira wong kalih |
Lawatan Malongbong |
Ki Nuripin milu sru guyune |
pan kêpingkêl kêkêl anêloni |
kangsi (m)brêbês-mili |
êntute andhrudhut ||
37. Pan mangrêti ing catur Ki Ripin |
cêlak dênnya lunggoh |
nèng burine Ki Lawatan (ng)gonne |
jajar lawan lurah-lurah santri |
(ng)guguyu Nuripin |
le kapentut-pentut ||
38. Ki Sêbagi kagyat aningali |
sarwi atêtakon |
iku sapa kang gumuyu kuwe |
abêbanggèn muni ngarêp-buri |
matur pun Nuripin |
kang kêkêl gumuyu ||
39. Ambakna wong gumuyu si Padhil |
nora angon tinon |
Cêblung sêngkan kumrutug guyune |
tan riringa kaya kyai-kyai |
Kulawiryâ angling |
dhasar wong kêtutuh ||
40. Hèh Nuripin sira sun-takoni |
parentah pawartos |
ing kang têtêng myang sruwang-sruwange |
bandaranira Sèh Amongragi |
saiki nèng êndi |
Nuripin umatur ||
41. Datan angsal pawarti sakêdhik |
tan wontên cariyos |
sangêt sêpênipun salamine |
Kulawiryâ nyêntak mring Nuripin |
bênêre sirèki |
prihatina patut ||
42. Kawitane Ki Sèh Amongragi |
wit saking sireko |
kang jinujug praptane marene |
sira kang dadi jalaran ngirid |
siralèh sih kyai |
kinarya babêndhul ||
43. Pêtینگine wong desa Pêmburi |
nêkêm sakèh dhukoh |
sun-takoni tan olèh wartane |
pira-bara sira atut-wuri |
tan mikir prihatin |

dêlah kabar gabug ||

44. yèn mangkono sun-dhêndha sirèki |
êntêbèn cikal-ngong |
krambil gadhing (m)buri roro kae |
lihên marang ngarsa kang kepering |
bing kulon kang bêcik |
ngapit-apit tajug ||
45. Kyai Bayi mèsêm ngandika ris |
kêrambilmu karo |
krambil kêrak mingkak-mengkok wite |
mênggik nora na wani mènèki |
yèn pokah kêwatir |
uwite krambilmu ||
46. Nora ewuh maningan ingalih |
glugu mengkang-mengkong |
kadhuwurên ewuh pangêtêbe |
tuwas kangelan tan wurung mati |
wis aja Nuripin |
sakake baturmu ||
47. Yata Jayèngrêsmi Jayèngragi |
minggu tan miraos |
kèngêtan mring raka satilare |
anglêlana tan dunung dènnya nis |
karaosing galih |
samyakumêmbêng luh ||
48. Micarêng tyas ya talah kang sami |
padha cacêlathon |
dene kadya rare sêdayane |
nora nana mupangatirèki |
têmah anuwuhi |
susahing tyasingsun ||
49. Yèn ana-a kakang Amongragi |
baya tan mêngkono |
lan sawiyah-wiyah caturane |
pan mangkana rêntênge tyasnèki |
Ki Bayi ningali |
putra kalihipun ||
50. Datan kêna ngartika ing galih |
Ki Bayi lingnya lon |
ya wus padha (n)dêdongo-a bae |
pira-bara ana sihing Widdhi |
kang lunga nis prapti |
bisa luwar ing kung ||
51. Yata wanci wêktu Ngasar manjing |
marêbot anaboh |
ing bêdhuge nulya santri akèh |
samyak wulu salat Ngasar sami |

sira Kyai Bayi |
angimami waktu ||

52. Wusnya bakda wau Kyai Bayi |
salaman kumroyok |
laju kewala tan mawi linggèh |
pan inggiring putra lan para ri |
wangsul anèng kori |
lajêng samya mantuk ||
53. Kyai Bayi Panurta wus prapti |
pêlataran menggok |
ngetan marang wismane putrane |
Tambangraras ingkang gung prihatin |
sarira kru aking |
najin mangan turu ||
54. Tan anggape sabarang pakarti |
sadayane lumoh |
liya saking ibadah sungkême |
bakda salat kewala angaji |
Kur'an siyang ratri |
ngaoskên mring kakung ||
55. Datan mêngèng ciptane mring laki |
pamujèng Hyang Manon |
muga sinung palal sakajate |
rahayuning donya praptèng akir |
angganya sadarmi |
dadya bantênipun ||
56. Wus pratignya manthêng jroning galih |
tan gêla ing batos |
tan lyan cipta namung panusule |
lan anganti pote kal donyèki |
kinarya kéndhuri |
sêdhêng titanipun ||
57. Salaminya tinilar ing laki |
kajate sinêntor |
tan ngopèni lêlahan panggawe |
miwah wuwus winatêsan angling |
linge nêmbah muji |
lan Kur'an kang agung ||
58. Miwah lamun tinakèn sudarmi |
punika miraos |
mung tri pangkat kawijil wuwuse |
lamun nuding mring cèthi Cênthini |
sinasmitan wus ning |
Cênthini wruh sêmu ||
59. Angruktèni sabarang karyèki |
tan salayèng pakon |

Jilid 8 - Kaca : 145

rumat ing kéndhuri salêbone |
myang liyane tan kongsi tinuding |
rampung de Cênthini |
kewala sadarum ||

60. Tambangraras barang kang inapti |
ramèbu rumojong |
tan pinalang sakadar-kadare |
ingkang putra tulus dènnya mupid |
nèng jro mah tan mijil |
gêdhong kilèn nêngguh ||
61. Ingkang ibu nèng jêrambah linggih |
Ni (n)Daya tan adoh |
agruktèni kéndhuri badhene |
tilawatan samyèstri ing ratri |
Ni Malarsih drêmi |
tumandang karyèku ||
62. Saking parentahira Cênthini |
kang surup ing pakon |
Ni Malarsih Daya Sumbalinge |
samy ngrukti ambêngan kéndhuri |
ramèbu (m)bên ratri |
tugur anèng ngriku ||
63. Salaminya putra nandhang brangti |
tan kondur mangulon |
têrkadhangan kewala karsane |
saking datan kêna sah lan siwi |
yata Kyai Bayi |
ingkang lagya rawuh ||
64. Ingiring santri Luci Nuripin |
myang békêle dhukoh |
praptèng wisma lênggah lan garwane |
angandika sutanta nèng êndi |
gupuh Ni Mularsih |
nimbali kang sunu ||
65. Sira inguwuh ramanirèki |
Tambangraras gupoh |
mijil sarwi atilar rukuhe |
rasukan lungsêd sêmbagi kuning |
sinjangira putih |
sêmêkan gadhung byur ||
66. Praptèng ngarsaning rama sêmu jrih |
tumungkul sang sinom |
Kyai Bayi myat marang putrane |
sakêlangkung dènnya wlas ningali |
kang rama ngling aris |
dhuh Nikèn sutèngsun ||

Jilid 8 - Kaca : 146

67. Kari sacakup angganirèki |
kongsi kokot-bolot |
lir thukul tinanduran kacange |
labêt nora kobêr kambon warih |
liya toyastuti |
de rusak anggamu ||
68. Aywa bangêt-bangêt amêmati |
ing raga tan ilok |
ya wus tama tarakira Nikèn |
nanging ywa ta sira sah rêrêsik |
pawèstri tan wajib |
kulinèng rum-arum ||
69. Parêk malaekatira asih |
mring wong nganggo-anggo |
yèn tan rêsik doh malaekate |
pan anarik ngabêr-abêr puji |
wong nyêrtu wêwangi |
tan tama tinêmu ||
70. Ingkang ibu nambung (m)bobolèhi |
ywa sugal ing pakon |
turutên kewala pituture |
ramanira mulang rèh prayogi |
aywa sira wani |
nikêl ing pituduh ||
71. Sasat nikêlakên maring ngèlmi |
wangkotira dhenok |
mokal kalêmpita sira anggèr |
ngong tan maoni tarakmu brangti |
raganira kongsi |
aluluh sun-dulu ||
72. Keswanira tan kajuming suri |
mèh gimbal lir susoh |
asarwi ginêrayang putrane |
sangêt gonggongira angêlithik |
mung wêdananèki |
sênênne sumunu ||
73. Tambangraras kumêmbêng luh mijil |
sarwi matur alon |
inggih amba tadhah dêdukane |
sakêlangkung (ng)gèn-kawula apti |
ambuburat minging |
angêlalar bau ||
74. Tuwin angêjum rema ing suri |
gêgêlung kang methok |
nanging ragi wontên ngawarile |
sariramba cinging mring wêwangi |
lamun mambêt amrik |

raosipun ngêlu ||

75. Nuwun ugungan kewala mangkin |
lagya dèrèng bombong |
kang ramaèsmu mèsêm pangungune |
wit duk masih alit tan birai |
pan kongsi saiki |
ya talah sirèku ||
76. Lan apa kang padha sira rukti |
Malarsih turnya lon |
inggih badhe angrukti ambênge |
parentahe pun cèthi Cênthini |
kataman samyèstri |
apan mangke dalu ||
77. Kyai Bayi Panurta nganthuki |
Kamdulilah ingong |
pilihana kang wus kêna bae |
panggêdhene lurah-lurah santri |
sêntana kang ngaji |
kataman aplalu ||
78. Manirèki apa ya kêbincil |
milu cacah wadon |
karo priye Cênthini ngong kiye |
apan inggih tumut cacah èstri |
yèn mangkono mami |
dadi mêngcir satu ||
79. Anulya ing wanci wêktu Mahrib |
nèng dalêm kemawon |
Kyai Bayi kang dadya imame |
nèng jarambah kang makmum parèstri |
sabakdaning Mahrib |
lajêng Ngisa-nipun ||
80. Praptèng salam bakda Ngisa nuli |
pupujiyan alon |
tan sarènti arêmpêg sajake |
swara èstri rênyah rum amanis |
lir suling nyundari |
asri nganyut-nganyut ||
81. Wusnya pupujiyan nulya dhikir |
alon alêlagon |
samyah rahab sawuse tri tasbèh |
lajeng (n)donga Rujuk Kyai Bayi |
pragat puji dhikir |
salaman kumrubut ||
82. Aluwaran sunat bakda dhikir |
Ki Bayi lingnya lon |
payo kawit padha têpung linggèh |

Jilid 8 - Kaca : 147

ingkang kari krèbèn anêpungi |
tan adangu prapti |
parèstri kumêbul ||

83. Prapta masuk ing wisma alinggih |
saurute kang wong |
Kyai Bayi kang nêng ing lor dhewe |
kanan ingkang garwa Ni Malarsih |
Ni Daya anuli |
Ni Pangulu catur ||
84. Gya pra ipe Sumbaling anuli |
saurute kang wong |
keringipun putranira Nikèn |
Tambangraras nulya rayi kalih |
Turida anuli |
Rarasati lungguh ||
85. Ni Cênthini gya saurutnèki |
kubêng têpung lungguh |
Kyai Bayi mundhut musakape |
bantalan rekah wus mubêng waradin |
Ki Bayi miwiti |
takabal-lalahu ||
86. Min kummina wa minkum ya karim |
gumêrah swara wong |
surat Ngama Ki Bayi tamate |
Walarsih surat Wanajingati |
tamat Ni Dayèki |
Ngabasa gya puput ||
87. Ni Pangulu tuwa suratnèki |
Ida-samsu rêko |
Ni Pangulu tênggok ing surate |
Ida-samaun patarat nuli |
Pangulu têngah glis |
nênggih suratipun ||
88. Welul muntapipin tamatnèki |
Ni Pangulu anom |
surat Ida-samaun sakate |
Ni Sharjo Wa sama'i buruji |
Ni Wiradhusthèki |
Sama'i tariku ||
89. Ni Panukma pan surat Sabikis |
Ni Panamar gupoh |
surat Hal ataka satamate |
Ni Wuragil Kulawirya nuli |
pan surat Walpajri |
kang nêmu surat La-uk ||

Jilid 8 - Kaca : 148

90. Lajêng mring rabining lurah santri |
 surat kang ingaos |
 Wa-samsi Wa-luka anulya ge |
 wangsul malih ingarsa wit kering |
 Tambangraras aris |
 nênggih suratipun ||
91. Pan walèli idayagsa nuli |
 Turida angaos |
 surat Waluka amulya Nikèn |
 Rarasati surut kang ingaji |
 Alam-nasrah nuli |
 cèthi Cènthini wus ||
92. Kang ingaos pun surat Watini |
 Ni Sêbagi ngaos |
 surat Ikrak gya Ni Jumênana-ne |
 surat Inna-anjalna nulya glis |
 gumanti kang ngaji |
 ing saurutipun ||
93. Ni Lawatan surat Lamyakunil |
 gya Nyai Malangbong |
 surat Idajul nulya tinampèn |
 mring santri surat Wal ngadijati |
 laju dèntampèni |
 pan Alkaringatu ||
94. Nulya surat Alhakumut nênggih |
 gya tinampah gupoh |
 ingkang surat Wal-ngasri nulya ge |
 nulya surat Wallulikuli |
 surat Lamtara glis |
 Li-ila puniku ||
95. Nulya surat Araetaladi |
 surat kang gumanios |
 Ina aktaena nulya |
 Kulya-ayu surat lajêngnèki |
 Ida ja-a nênggih |
 nulya surat Kulhu ||
96. Barungan lan wong akèh kaping tri |
 arahab pra wadon |
 nulya kang surat Palak Binas-e |
 lajêng Patekah wêkasanèki |
 lajêng durus ratib |
 swarèstri ramya rum ||
97. Samya apil sadaya ing ratib |
 tan ana kang bodho |
 wusnya ratib pan laju dhikire |
 alêlagon asri anyundari |
 angèrèng rum manis |

Jilid 8 - Kaca : 149

rêmpêg rarasipun ||

98. Wusnya nutug dènnya samya dhikir |
sêlawat linagon |
turun-turun rampung salawate |
bakda sêlawat salaman sami |
marang Kyai Bayi |
Panurta angrubut ||
99. Ulur barêng mara gènti-gènti |
samya laku bokong |
wus waradin dènnya tur salame |
wangsul atata dènnira linggih |
Ki Bayi ngling aris |
mring kang sêpuh-sêpuh ||
100. Sapa bènêre ingkang (n)dongani |
Malarsih turnyalon |
prayogi paduka utamine |
iku ora aja dumèh mami |
prayoga samyèstri |
kang andonga iku ||
101. Bêcik Ni Pangulu nom (n)dongani |
acêtha lèh ulon |
wis Cènthini ekrala hajate |
gya Cènthini alon angijabi |
lah punika nyai |
kajate sang ayu ||
102. Apan ngrasulakên kurmat Nabi |
Mustapa kinaot |
lan mêmule marang lèluhure |
saking jalêr tuwin saking èstri |
lawan lujêngnèki |
Ki Sèh Amongluhung ||
103. Miwah lujênge sabrayatnèki |
kabèh lanang-wadon |
Ni Pangulu nom gya ngabulake |
punika kang sami anaiti |
kajate utami |
mugyantuk pitulung ||
104. Sadayanya umatur naiti |
ramya swaraning wong |
wus mangkana Ni Pangulu age |
atangawut lan Patekah ririh |
gya santak (n)dongani |
wit barakallahu ||
105. Santri gumuruh barungan amin |
sru ambata ruboh |
rahab samya nasibi gègèntèn |

Jilid 8 - Kaca : 150

wusnya nutug dènnya andongani |
Ki Bayi ngling aris |
tatanên ambêngmu ||

106. Mara kono etungên mirani |
uruting tuwa-nom |
nulya samya ngangsgêg pangêpunge |
wus prayoga bagining kêndhuri |
Luci lan Nuripin |
angladèni bikut ||

107. Nulya samya sarêng awêwanting |
wijik turuh wisoh |
lah wis payo Bismillah sêdhênge |
matur inggih dan lêkas abukti |
sakèhe santrèstri |
kaecan pikantuk ||

108. Wus antara nutug dènnya bukti |
aluwaran wisoh |
nulya samya binagi ambênge |
wus warata dènnya (n)dum kêndhuri |
miwah kang nêng jawi |
winarisan sampun ||

109. Sigra pra santri-santri pawèstri |
samyam pamit bodhol |
kinalilan nulya mundur kabèh |
wus bubarang kang samya angaji |
loyop sayah kadi |
prêdapaning gadhung ||

448 Sinom

1. Tan cinatur solahira |
kang samya mapan ing ratri |
ratrine malih winarna |
yata wau Jayèngrêsmi |
wit wingitnya duk wingi |
bakdaning Jumungahipun |
pangungunira dahat |
mring raka Sèh Amongragi |
karsanira kèncêng kèdah angupaya ||

2. Wanci wusing bakda Ngisa |
kondur saking masjid alit |
prapta ing wisma alênggah |
lawan kang garwa sinaji |
dhêdharan sri mawarni |
pateyannya tansèng ngayun |
sira Nikèn Turida |
myat ing raka èstu wingit |
alon matur mring raka sarwi ngrêrêpa ||

3. Punapa ingkang dadya tyas |
de tan pati karsa angling |

tuwin tan kulina nadhah |
pan wus kalih ari mangkin |
manawi andukani |
mring amba tadhah bêbêndu |
kang raka rum lingira |
kang ora-ora dera ngling |
lagya nora arsa wacana kewala ||

12 (Jayèngrêsmi, Jayèngraga tuwin Kulawiryâ badhe ngupadosi Sèh Amongraga)
VI. Pêpuntinging rêmbag Jayèngrêsmi, Jayèngraga tuwin Kulawiryâ badhe kesah tirakat ngiras-pantês ngupadosi Sèh Amongraga. Lampahipun katanggor-tanggor ing salah wèwèng maksiyatan.
Jayèngrêsmi, Jayèngraga tuwin Kulawiryâ kadhèrèkakên Nuripin ing sadèrèngipun Subuh lumampah mangidul, salat ing margi, sêrap surya kampir ing dhusun Kêplêng, sipêng ing griyanipun patinggi nama Suradigdaya, anakipun pêtinggi satunggal èstri taksih prawan sunthi nama Matiyah kaparaban pun Êndhuk, kapenakanipun wulanjar, sakalih-kalihipun sami ngladosi tamu.
Santri-santri ing dhusun Kêplêng sami gêcul, rêmênipun têtabuhan lan maksiyatan. Kulawiryâ ngajak têtabuhan wasana dados tayuban.
Talèdhèkipun nama Gêndra. Jayèngrêsmi sumingkir dhatêng tajug.
Jayèngraga anggrumut Matiyah, nanging botên pakolih, wasana kalampahan kalihan pun wulanjar. Kulawiryâ kalihan pun Gêndra.
Kaca 151 – 177

Jilid 8 - Kaca : 151

448 Sinom

4. Manirarsa asêsanjan |
mring arimu Jayèngragi |
ana rêmbuge maring wang |
durung pasaja mring mami |
êmbuh kang dadi pikir |
mulane sun arsa têmu |
marang Ki Jayèngraga |
mung lopak-lopakku cilik |
kêdhawungan suwasa glis isènana ||
5. Kang kêbak ngisèni kinang |
Turida gupuh angrukti |
mèsêm sarwi aturira |
dingarèn nganyar-anyari |
mrono bae tan têbih |
(n)dadak sangu masak pênuh |
sabêne datan karsa |
mundhut gantèn kang ngêbêki |
sêtun kêrsa sakênyèh kewala mentar ||
6. Wus katur kang pamasakan |
tinampan lajêng kinêmpit |
alon dènnira lumampah |
mring wismane Jayèngragi |
kang rayi lagya linggih |
nèng wisma lan garwanipun |
sinaji dhêdhaharan |

pateyan sangkêp nèng ngarsi |
Jayèngraga arsa sowan mring kang raka ||

7. Wus dadya rêmbug dhèk siyang |
nanging tyas mangke sakêdhik |
lagyarsa siwo asmara |
mring kang garwa Rarasati |
Jayèngraga ngling aris |
sun-arsa sêsanjan dalu |
ngulon marang kakangmas |
lopak-lopakku mas cilik |
isènana masakan sangkèt sadhela ||
8. Kang garwa mèsêm turira |
mring raka amagut liring |
bok benjing-enjing kewala |
kawula wus burat-wangi |
Jèngraga gumuywa-ngling |
sarwi narik astanipun |
niyung lungayanira |
kêbangêtên sira yayi |
wong ge-age jare besok (m)bèn kewala ||
9. Kang garwa sarwi ingaras |
linunggyèngakên ing wëntis |
ingadhêp pra sêlirira |
nulya ingkang raka prapti |
amêngakakên kori |
Jayèngraga kagyat gugup |
kang garwa arèngkodan |
ngling ah mau mula suthik |
mêksa bae ambakna wong tan kaopan ||
10. Jayèngraga latah-latah |
bilah gêlis tèmên malih |
kang raka gumujêng nabda |
kobêr tèmên sira iki |
sore èntèh adhingdhing |
sêlire samya gumuyu |
Rarasati anêntak |
mring sêlir kang guguyoni |
si Di-êblong (n)dadak guguyu maring wang ||
11. Kang raka alon ngandika |
mring rayi Ki Jayèngragi |
payo sasanjan sadhela |
mring paman Kulawiryèki |
kang rayi wus atampi |
mring raka dadinya rêmbug |
gya mundhut pêmasakan |
sinaosan mring kang rayi |
(n)dan umangkat Jayèngrêsmi Jayèngraga ||

12. Mring wismane Kulawirya |
tan adangu mulya prapti |
Kulawirya wus samêkta |
cadhong karsane putrèki |
praptane putra kalih |
kang paman mingsêr kang lungguh |
wus tata dènnya lênggah |
Jayèngrêsmi matur aris |
prayogine wanci punapa umangkat ||
13. Kulawirya wuwusira |
sukarsane ngong umiring |
sanajan saiki iya |
mangsa rubêda ing ati |
kang putra matur aris |
inggih paman pênêdipun |
ing mangke bêdhug tiga |
kewala Subuh ing margi |
kêbyarana nèng wana Cangkring ingrika ||
14. Iya sêdhêng byare-rina |
tan kawruhan ing wong ngriki |
Jayèngraga nambung sabda |
punika lamun kapyarsi |
dinangu mring jêng kyai |
inggih kados pundinipun |
sintên ingkang pratela |
kang paman aris nauri |
iya bibinira bae kang winarah ||
15. Mring ngêndi ta kang sêmbada |
pêndhak dina bae mulih |
kajaba awat tirakat |
lah inggih sampun prayogi |
sadalu tan aguling |
ing wanci wus bêdhug têlu |
kang samyarsa tirakat |
rabine samya winêling |
dyah umangkat ing wêngi panguwuh sata ||

449 Pangkur

1. Laju ngidul lampahira |
mudhun raryan aSubuh anèng kali |
wus bakda dènnira wêktu |
Jayèngraga aturira |
paminipun pun paman Nuripin tumut |
yèn parêng bok ingampiran |
sakêdhap ngajak Nuripin ||
2. Kamêrgèn dèn-wuh kewala |
Kulawirya nauri iya bêcik |
abênêr karsanirèku |
mungguh ing wong lulungan |
dadi sarat parigêle nèng dèlanggung |
bêcike katêlu ana |

kapat ala salah siji ||

3. Ki Jayèngrêsmi turira |
inggih lèrès paman (ng)gèn ngiratani |
wontên kang ngawoni laku |
lamun gragoning lampah |
inggih wawi paman ingampiran gupuh |
tan dangu lampahè prapta |
sigra Ki Kulawiryèki ||
4. Anguwuh saking ing marga |
hèh Nuripin apa wus sira tangi |
digage mreneya Cèblung |
kang èstri aturira |
inggih sawêg kêtanggêlan salat Subuh |
Kulawiryana ngling enggalna |
Nuripin myarsa nulya glis ||
5. Tan kongsi puji-pujian |
gupuh-gupuh lumayu langkung ajrih |
wus prapta mandhêg nèng ngayun |
Kulawiryana nglingira |
payo banjur andhèrèka bèndaramu |
aku marene sadhela |
matur sandika Nuripin ||
6. Nulya laju lampahira |
Kulawiryana Jèngrêsmi Jayèngragi |
kapat Nuripin tut-pungkur |
praptèng wana trataban |
wana Cangkring bondhot rêgêd ing garumbul |
swaraning pêksi sikatan |
cuwiyun lawan srigunting ||
7. Jêgigèring sata-wana |
mawurahan langkung asri kapyarsi |
wanci pajar akir Subuh |
mèh raina sêmu bang |
Hyang Haruna lir rapuh ing tingal bangun |
kêwayoning pagulingan |
ngatirah mêngtas kapilis ||
8. Sumirat kang ima mabang |
lir tumênginira dyah duk ma-èksi |
ujwalèng surya maruput |
mranani kang bawana |
lwah-lwah pangol kasilakan ing suryèsuk |
rujit marêmit ing kisma |
cawèn citraning ron kèksi ||
9. Katri katrangan dipèngrat |
tejaning prêdapa mêmungu mirir |
sakêtêr katyup kang bayu |
kadya kênyaring langwan |

Jilid 8 - Kaca : 153

inaèsan oya gwèng-kang ing pang katub |
ingangin ron tuwa wiwal |
ngaleyang marugwèng siti ||

10. Mimba layoning puspita |
kang tan kasingsêtan ing kèswa midih |
sari sah sesaning gèlung |
ninang anèng pungkurun |
kang kêrantan kirabing pangukêlipun |
tiyunging pang kapawanan |
lir pandhêngklange sêrimpi ||
11. Tan wus langêning mahawan |
Jayèngrêsmi raryan soring kusambi |
tambining oyod alungguh |
samyamucang katrinya |
Ki Nuripin ririh gêrunêngan muwus |
Ki Kulawiryalingira |
paran ko(k) wuwus Nuripin ||
12. Ki Nuripin lon turira |
inggih ta lah tan nyana lamun têbih |
tiwas tan kongsi sêsangu |
hardana miwah karag |
pan lumajêng kewala kalih kêkêmul |
sêdhah salêmbar tan (ng)gawa |
dalam kacu tan kêpikir ||
13. Jare kur mrono kewala |
uninga-a yèn karsa lampah têbih |
kêdhik-kêdhik mikir sangu |
nabda Ki Kulawiryalingira |
sira iku jawane nyêrêg maringsun |
lah iya wis aja susah |
tan sêsangu anèng margi ||
14. Tan kurang rêjêki Allah |
sukêt akèh uwuh akèh kang kèksi |
sadhêngah panganên tuwuk |
kali mili gumladhag |
nora nana bedane anggêre tuwuk |
Nurupin agêrundêlan |
èh nyanaku dèn-paringi ||
15. Enak apa wuh godhongan |
banyu kali dèn-tawakkên mami |
Ki Kulawiryagumuyu |
Jayèngrêsmi wuwusnya |
lah suwawi paman mangkat mupung esuk |
anulya samya umangkat |
kang paman kang dadya kanthi ||

Jilid 8 - Kaca : 154

450 Kinanthi

1. Yata wau lampahipun |
Jayèngrêsmi Jayèngragi |
katiga Ki Kulawirya |
kapate santri Nuripin |
angambah wana gênêgan |
raryan wêktu anèng margi ||
2. Sawusira bakda Luhur |
laju kewala lumaris |
kadhang dhusun kang kamêrgan |
kêrsa mundhut wohing tiris |
duwêgan dening katoran |
Nuripin ingkang (n)juron ||
3. Barang kêrsa nèng mêrga gung |
kewala namung Nuripin |
tutumbas kang tan tinumbas |
lêstari lampahira ris |
arêrêp kadalon marga |
nèng dhusun Kêplêng sawêngi ||
4. Ki Nuripan amitêmbung |
panginêpan mring pêtinggi |
aran Ki Suradigdaya |
umbuling para pêtinggi |
Nuripin sojar gêgênah |
kadang siwine (n)jêng kyai ||
5. Tirakatan karsanipun |
ki pêtinggi wus mangêrti |
pinajar yèn putranira |
satunggil sadhèrèknèki |
ki guru ing Wanamarta |
nanging dèrèng wruh ing warni ||
6. Nuripin jawab klasa lus |
gya sinungkên ing pêtinggi |
wus tinampan sigra mentar |
nulya ingaturkên aglis |
wus ginêlar anèng langgar |
langgare alit bak wêlit ||
7. Kur longkang sêdhêng wong têlu |
tan ana padasannèki |
Nuripin mundhut lantingan |
têtêlu olèh wus prapti |
pan sarwi agarundêlan |
jênênge bae ngêbêgi ||
8. Kêtara têmên yèn kupur |
tan doyan kalimah kalih |
tajuge cilik tan pakra |
kêbak tutumpukan wêlit |
kêtungkul ngothok sêrêtan |

Jilid 8 - Kaca : 155

katri gumujêng miyarsi ||

9. Anulya gantya awulu |
Nuripin ingkang nuruhi |
wusnya gya minggah ing langgar |
dènnira asalat Mahrib |
wong papat adhêdhêsêkan |
rêbut wêktuning ngabêkti ||
10. Mahrib lajêng Ngisanipun |
wus pêragat bakda witiir |
Nurpin sigra sung wikan |
mring Suradigdaya aglis |
ambèn-gêng wus ginêlaran |
kêlasa kang sarwi rêsik ||
11. Ki pêtinggi sigra mêthuk |
ing latar akèn ngaturi |
Jayèngrêsmi Jayèngraga |
katri samya malbèng panti |
pandhapa binale-watang |
sampun ingancaran linggih ||
12. Ki Suaradigdaya gupuh |
trapsila atur pêmbagi |
winangsul rahabing krama |
wus tata dènnira linggih |
nulya ki pêtinggi gèpah |
nudingi kang nglêladèni ||
13. Mijilkên sunggatanipun |
sêkul rampadan mawarni |
sangkêp sakèh lèlawuhan |
sampun ingancaran bukti |
punika kang sumapala |
supaya lêjar kêlantih ||
14. Sumangga paduka suruh |
Jayèngrêsmi ngandika ris |
lah paman Suradigdaya |
suwawi wasisan bukti |
kang liningan sru lênggana |
nulya samya alêlanting ||
15. dènnira bukti pikantuk |
nutug dènnya nadhah sami |
awijik nulya luwaran |
linorod marang Nuripin |
thêkul sêmbari siduwa |
wêtêngé malang (ng)gambuhi ||

Jilid 8 - Kaca : 156

451 Gambuh

1. Ki Nuripin pikantuk |
nêmên dènnya nadhah amathêngkuk |

- anyarêmpêng dèn-êpêng tan noli-noli |
lêmpènge lêmpêng lir limbung |
adhokoh kokoh acekoh ||
2. Dhasar rada kêlantur |
sayah sêdina dènya lèlaku |
nêmu sugu sarwènak ulam mêpêki |
kongsi (m)bèthêm bitha-bithu |
pêmuluke (n)junjung bokong ||
3. Sêkul sapanjang munjung |
têlas tan ana korèdanipun |
Kulawiryaya gumuyu angling nudingi |
lah ati-atinên bagus |
wêtêngmu manawa jêbol ||
4. Ki Nuripin asêgu |
gya wus dènya mangan nulya wisuh |
mèthèk-mèthèk kadya bagor dèn-isèni |
mudal karingête kumyus |
kandhèg nèng lêmpèng ngacêmbong ||
5. Kulawiryaya saya sru |
suka gumuyu mring santrinipun |
hèh Nuripin kiye wayah apa mangkin |
matur maksih sontênipun |
mangsi bingunga ing panon ||
6. Kulawiryaya amuwus |
mènèk kok-aranni bêdhug têtlu |
kang miyarsa samya (ng)gêguyu Nuripin |
anjêgèg tumungkul wêdhung |
ambêgane kêmpas-kêmpos ||
7. Ajange wus ingundur |
ki pêtinggi myat ing tamunipun |
tan riringa sajake samya mriyayi |
nulya malbèng wismanipun |
paparentah mring kang wadon ||
8. Kinèn (m)bagèkkên tamu |
saha lan pawohan ingkang mungguh |
sêgah nyênjamikan kang sarwa di-adi |
ingkang ngladosi mangayun |
kewala sadaya wadon ||
9. dènya parentah sampun |
nulya mêdal malih mring (ng)gyannipun |
tan adangu wus angrukti nulya mijil |
angirid nak-putunipun |
ni pêtinggi (m)bêkta gembol ||
10. Sumaos anèng ngayun |
mundur gantya kang ngladèni laju |
kanêm rare tanggungan ragi têtampil |

dhasar cêcawangan alus |
akuning wêdana suloh ||

Jilid 8 - Kaca : 157

11. (m)Balerah netranipun |
alit mêthit angganthêng angimpun |
lathi mathis idêpnya raras tumênggi |
athi-athine angundhup |
-ing turi ruruh pasêmon ||
12. Jêbên kêmbên sih pinjung |
kadhang cêtha sabukwala patut |
rare desa kogung sakadarirèki |
satunggil wulanjar bêsus |
amêsês mulat dhêdayoh ||
13. dènnya ngladèni kisruh |
piring kang dèn-ajokkên gumluthuk |
apan pijêr salah wèngwèng anglêlirik |
gêgrimmingan tanganipun |
(m)bênakkên kêmbêne kêndho ||
14. Wusnya angrukti mundur |
nèng wurine ni pêtinggi lungguh |
alon matur mring têtamu tur pêmbagi |
kang sinêmbraman lingnya rum |
(ng)gih bibi sangêt trimèng ngong ||
15. Kang paman (n)jawil pupu |
mring Jayèngraga bibisik muwus |
iku bêlo pêthèke cêcalon dadi |
pada wadana katêmu |
lagi sêmamar wus katon ||
16. Jayèngraga anjumbul |
bisik-bisik anauri wuwus |
sarwi gumuyu inggih paman mèn thithik |
kula wicantênkên niku |
kasêlak paman miraos ||
17. Inggih sayêktosipun |
pancèn pilalan kanggo wong agung |
alis ngadêg atajêm nyanyundêp ati |
pantêse rare kaugung |
si kuncung agawe lamong ||

452 Pocung

1. Wayahipun kuciwane maksih tanggung |
kirang rong taun kas |
liringe sagêd nglawani |
dèn-gêgêlak kaya kêna kinambilan ||
2. Naur wuwus malah tan kongsi rong taun |
sêtaun kewala |
ya uwis kêna dèn-êmping |

wong ngrarapih ngur kêpara durung mangsa ||

3. Ing-alulut akèh wilêting pakewuh |
mirungga marwasa |
rêkasaning sari kincip |
kawêdhêngên kodhêng pangudining karsa ||
4. Ngoyog pupu Jayèngraga sru gumuyu |
winor bibisikan |
ah paman (n)dadak dèn-angling |
têmah gawe prakara anggugah kala ||
5. Alon muwus Kulawirya bêdhèk iku |
bandhamu (m)bêngkayang |
dèn-ngati-ati mênawi |
mênèk nyêmbur ambeyani dus jinabat ||
6. Wong ro barung gumuyu samya dinulu |
Jayèngrêsmi mulat |
mring kang paman lan kang rayi |
Jayèngraga sêmu jrih liniring raka ||
7. Samya minggu datan gugujêgan muwus |
ni pêtinggi turnya |
punika anggèr binukti |
awon kèndêl sawêntène sumapala ||
8. Kawlas-ayun sadintên lumampah rapuh |
katri wuwusira |
(ng)gih sêlot-sêlote bibi |
tiyang sampun nèng riki mangsa ringga-a ||
9. Sawusipun sami mucang katrinipun |
saking pamasakan |
mêncorong suwasa rukmi |
ki pêtinggi tumingal wêwah jrihira ||
10. Kang têtamu samya sêsambèn amundhut |
nyamikan sêgêran |
ni pêtinggi ngatag aglis |
mring anake kae piringmu ajokna ||
11. Gupuh maju nêsêgakên piringipun |
Jèngraga ngandika |
iku anak (n)dika bibi |
pintên kabèh tunggale niku (m)bok-rara ||
12. Alon matur datan wontên tunggilipun |
ingkang sami gêsang |
nêm sadaya sami mati |
namung gêsang satunggil èstri dèdaman ||
13. Sangêt cubluk mêlulu kêcambah watu |
ambêsur ugungan |

Jilid 8 - Kaca : 158

- dene kang agêng punika |
apan kapenakan kawula wulanjar ||
14. Malhipun punika kaprênah putu |
mangke dados randha |
ingkang titiga puniki |
awon-awon dados ampile pun paman ||
15. Pan gumuyu Jêngraga alon amuwus |
Mas Suradigdaya |
kuwat wayuh kapat padmi |
ki patinggi matur nuwun ingkang barkah ||
16. Malih muwus putranta sintên rannipun |
matur kang liningan |
kakèkipun kang marabi |
pun Watiyah nging karan Endhuk kewala ||
17. Inggih patut putranta aran si Endhuk |
Mas Suradigdaya |
kula milu ngêmpèk siwi |
lamun benjing ing tèmbe akhir mah-imah ||
18. Lamun kêsdu paman nèh pelokkên tème |
marang Wanamarta |
yèn kula sagêd mènèhi |
ki patinggi jalwèstri matur sumangga ||
19. Nulya mundur parèstri saking ing ngayun |
samy malbèng wisma |
Jayèngraga anglud liring |
ni wulanjar angêcêr ulat sêdhatan ||
20. Lakunipun luwês (m)barêngi (m)bok Endhuk |
Jêngraga rêngu tyas |
blêgo ngaling-alingi |
edan taun pêngrasane kinêsmaran ||

Jilid 8 - Kaca : 159

453 Asmaradana

1. Jayèngrêsmi wus andugi |
kalêthêke Jayèngraga |
asabil sajroning tyase |
ya talah Ki Jayèngraga |
dene tan nêbut pisan |
bocah durung bisa idu |
dèn-pikir kaya matiya ||
2. Yèn kongsiya têtung ratri |
nèng kene agawe beka |
kaya mêngkono akale |
sinamun-samun dhêdharan |
datan katarèng netya |
wasana ngandika arum |

lah paman Suradigdaya ||

3. Padesan ing Kêplêng niki |
bobote desa wêwanan |
anglangkungi ing gêdhene |
kuciwa kurang agama |
pintên bara ngadêga |
mungguh ing Jumungahipun |
namung ta ênggèn kawula ||
4. Kang pênêd jêmbar sakêdhik |
sêmbada nora ngibadah |
kalamun bêcik langgare |
manawi kandhêg kampiran |
mring santri wah utama |
patinggi matur gumuyu |
alêrês kang pangandika ||
5. Duka-dalêm ingkang mawi |
tiyang ing ngriki punika |
ancog-ancogên manahe |
kalangkung (ng)gèn-kula prentah |
wêwarah kèn ngibadah |
kêdah dên-pilalu gêcul |
tan wontên rêmên sêmbahyang ||
6. Namung rêmên asêsabin |
tan kobêr atugar wana |
mila tan wontên kaume |
kaume bêrah kewala |
lêbe angiras lurah |
yèn mêngtas (ng)garu maluku |
nuntên sêrêtan gambangan ||
7. Kang paman lan Jayèngragi |
sarêng guyune alatah |
asuka nambung wuwuse |
dadi mêkatên man Sura |
sanak ngriki karêmnya |
gambangan sêrêtan guyub |
pundi tukange kang (ng)gambang ||
8. Pênêd nèh undang mariki |
wong nganggur kèn kalênèngan |
sokur yèn wontên gèndhole |
ginawa tamba lèk-lèkan |
saniyagane pisan |
Suradigdaya gumuyu |
pan inggih wontên kewala ||
9. Sigra nuding rêncangnèki |
undangên si Citraguna |
kae bêcik panggambange |
karo banjura mring Gêbang |
timbangana si Gêndra |

badhute si Nayagêcul |
Bêndhul-jaya sapanjaknya ||

10. Sigra mentar kang tinuding |
Ki Kulawiryia ngandika |
punapa pênèd tlèdhèke |
dene jênênge si Gêndra |
punapa sababira |
matur (ng)gih sawawratipun |
dene sring pyambak tinanggap ||

Jilid 8 - Kaca : 160

11. Pangraose kang ngrêmêni |
wangkit lampahan sadina |
tan wontên kados pyambake |
milane nama pun Gêndra |
sring dados rêrêbatan |
rare kang nèm-nèm puniku |
dados gêndra ing kalangan ||
12. Dalah tiyang sêpuh inggih |
kaki-kaki kakêrêngan |
apêthès patèn-pinatèn |
inggih rêbatan pun Gêndra |
mèh sabên agegeran |
tan wontên kang ngetang patut |
kabuntut dhatêng pun Gêndra ||
13. Samya sru guyunirèki |
Jèngrêsmi mèsêm ngandika |
si paman bisa anggotèk |
Ki Kulawiryia Jêngraga |
gumuyu sambung nabda |
man Sura bisa wèh guyu |
pundhuh lan man Kulawiryia ||
14. Ki Kulawiryia nganthuki |
kaduga tèmên manira |
kang Suradigdaya kuwe |
bubudèn mangsa gèsèha |
kêtara kênyamira |
wong pasaja gothak-gathuk |
anglêgakakên ing manah ||
15. Ki pêtinggi ambêdhidhig |
ginunggung winoran umpak |
tan riringa rumakête |
tan dangu kang kinèn ngundang |
ronggèng anulya prapta |
wus katur patinggi gupuh |
nguwuh mareneya Gêndra ||
16. Pra majuwa ngalor thithik |
lah ya ing kono kang padhang |
aja sok nèng ngundhuk bae |

doyan tēmên undhuk diyan |
marahi bocah lanang |
mêngko suwe-suwe rusuh |
sok marahi dadi gêndra ||

17. Kulawiryaya Jayèngragi |
saya gumuyu alatah |
dhasar mas pêtinggi kuwe |
atutuk lamun micara |
bisa gawe bêbasan |
nora (m)bosêni yèn muwus |
Ki Wirya ngling dhasar iya ||

18. Ki pêtinggi matur aris |
lah puniku warnanira |
pun Dèwi Tragnyana ngèdhèng |
Ki Kulawiryaya anjola |
e e kowe jawanya |
rupane kang dadya riwuk |
nyata yèn anduduk manah ||

454 Mègatruh

1. Kulawiryaya krêp aliyan dènnya lungguh |
punapa-a kang pêtinggi |
mawi ngèlèh naminipun |
umatur mila puniki |
ran Dèwi Taragnyana katon ||

Jilid 8 - Kaca : 161

2. Tiyang ingkang sami kerut mring (m)bokayu |
sasat katêluh ing dhêmît |
awis ingkang sagêd mantuk |
yèn botên sampun barindhil |
dèn-undang-undanga ngepon ||

3. Jayèngraga angling lah paman dèn-gupuh |
niyaga kèn-lêkas muni |
sadhengahe gèndhingipun |
coba ronggèng kèn nyindhèni |
Ki Kulawiryaya ngling alon ||

4. Kang pêtinggi mara bêdhèk bisa nabuh |
matur inggih kêdhik-kêdhik |
Ki Jayèngraga gumuyu |
punapa kang dèn-bisani |
ing ngrêbab awon-awonan ||

5. Kulawiryaya ngling lah apa ta ujarku |
lah (n)dawêg kang dèn-rêbabi |
Ki Suradigdaya gupuh |
rêbab pinatut nêmnèki |
lan gambang klèng klèng klong klong klong ||

6. Jayèngraga angling lah suwawi talu |
Nang-onang kewala bêcik |

wusnya pathêt nulya talu |
nga nga ngi ngi nga nga ngi ngi |
cêngkèngèng cêngèngèng ngèngngong ||

7. Kulawiryà Jèngraga samya gumuyu |
mring pacake ki pètinggi |
ibut badane sakojur |
wilêde sahambêsusi |
tutuping tangan sêjojur ||
8. Pangrêbabe sarwi (m)bêgènggèng abêsus |
sikute ngêmbyak nut gèndhing |
yèn ngêlik gulu tumungkul |
yèn mring agêng gulu tangi |
awake mèlu (ng)gak-enggok ||
9. Kang anggambang ngorèk wawalik abêsus |
klang klèng klang klèng rik-thur rik-thir |
kakèndhange angguguk |
kêmpyang ngaplak ambagèni |
kokosèkan rara ciblon ||
10. Nulya ronggèng ngêlik mèthit manis arum |
gêtah rênyah muluk rujit |
kalih rongèh dènnya lungguh |
Kulawiryà Jayèngragi |
tyasira samya katujon ||
11. Wusnya nutug dènnra gèndhingan talu |
nulya suwuk gèndhingnèki |
Ki Kulawiryà amuwus |
iya tan kaya pawèstri |
lan wong lanang bêcik wadon ||
12. Kari amblas ngêsing swara wilêtipun |
Jèngraga nauri aris |
gih-gihane paman niku |
kantun sampun anggènèki |
anyamlêng uloning wadon ||
13. Dènnya samya arêrasan langkung pundhuh |
kêtiga lan ki pètinggi |
Jayèngrêsmi duk kadulu |
mring kang paman lan kang rayi |
tyas sigug kalangkung rikoh ||
14. Tan kadugi ngunandika jroning kalbu |
dhasar wong tan pati mikir |
si paman ngubungi kayun |
lalu lamun anênêpi |
ngupaya kang lunga andon ||
15. Jayèngrêsmi alon dènnira amuwus |
manira paman pètinggi |

Jilid 8 - Kaca : 162

arsa singit maring tajug |
sun rahi puyêng sakêdhik |
yayi tutugna anjagong ||

16. Lawan paman Kulawirya pênêd kantong |
kula mring tajug pribadi |
kang liningan samyandhêku |
ing karsa sampun andugi |
ki pêtinggi gupoh-gupoh ||
17. Ngling mring rabi asaos gêlaran alus |
kang kinèn gupuh nyaosi |
Jayèngrêsmi lon amuwus |
ngriku kewala Nuripin |
tata kalasa paturon ||
18. Gya cinandhak mring Nuripin klasanipun |
wus ginêlar anèng masjid |
Jèngrêsmi tumamèng tajug |
Nuripin kinèn mêtêki |
sinaji dhêdharan nèng (ng)gon ||
19. Yata ingkang nèng pandhapa kang cacengkung |
Jayèngraga angling aris |
kyaine tan pati rêmbug |
Kulawirya anauri |
layake iya mangkono ||
20. Ki pêtinggi matur kados botênipun |
maklum ingkang sami linggih |
Ki Wirya angling gumuyu |
dhasar pintêr ki pêtinggi |
anjrudêmung kang kawiyos ||

Jilid 8 - Kaca : 163

455 Jurudêmung

1. Ki Jayèngraga ngandika |
suwawi paman ywa tanggung |
sami sasêmbèn wong nganggur |
Kulawirya nambung sabda |
ingon-ingone puniku |
sènggane bok pinupuran |
dandan pêsajan kang mungguh ||
2. Si Gêndra krêbèn drawela |
Suradigdaya gumuyu |
lah age sira bokayu |
malbuwèng wisma sadhela |
ngayu-ayuwa warnamu |
dèn-kongsi dubilah setan |
bèn padha mêjên andulu ||
3. Ronggèng nulya manjing wisma |
wong nonton arêbut dhucung |
samyak masuk pandhapa gung |

ngrungu gèndhènge si Gèndra |
jalwèstri tan ana kantun |
sêsêg jêjêl yêl-uyêlan |
sabab tan nyana yèn nyêngkung ||

4. Jayèngraga lon lingira |
dawêg paman malih talu |
matur nanging rêbabipun |
tan pati sagêd nganggeya |
kêlayan gamêlanipun |
kirang nglêgakakên manah |
Ki Kulawirya amuwus ||
5. Punapa malih kinarya |
tan wontên saliyanipun |
puniku kewala sampun |
kajawi wakane gadhah |
Suradigdaya umatur |
awon-awon inggih gadhah |
Jayèngraga sru gumuyu ||
6. Sarwi muwus dene paman |
puniku gadhah gangsa gung |
suwawi nèh kèn-amundhut |
Ki Suradigdaya sigra |
kèngkèn mring wong baturipun |
kang kinèn sigra mring wisma |
amêndhêt gamêlanipun ||
7. Nulya tinatèng pèndhapa |
rêbabe punthang abagus |
ki pêtinggi nyandhak gupuh |
laju pinatut nêmira |
lan gambang sampun pikantuk |
ki pêtinggi wuwusira |
glis padha wangana gupuh ||
8. Si Citraguna majuwa |
panjake mèluwa nabuh |
ki pêtinggi tan sumurup |
yèn tamune sarwa bisa |
ing gèndhing barêng tinabuh |
gya pathêtan cara desa |
nulya ronggèng praptèng ngayun ||
9. Ki Kulawirya duk mulat |
mring ronggèng si Gèndra bêsus |
e e bilah nyata ayu |
jowal-jawil mring Jèngraga |
sarya ngling yo padha nabuh |
ngrêbaba kang apik mana |
karbèn eram kang andulu ||

10. Kang putra mèsêm ngandika |
 inggih mangke kula nabuh |
 lan paman prayoginipun |
 tanya mring Suradigdaya |
 paman kang (ng)gambang puniku |
 rikat kêciwa carukan |
 matur sadhèrèk Madiyun ||
11. Rumiyyin lurah niyaga |
 tan pati kangsalan kayun |
 nèng ngriki krasan dèdunung |
 Jèngraga amundhut rêbab |
 coba ngong milu anabuh |
 angrêbab manawa bisa |
 pêtinggi ngaturkên gupuh ||
12. Rêbabe nulya tinampan |
 sinènggrèng ngèk nèm wus patut |
 Jèngraga mèsêm amuwus |
 lambanên bae anggambang |
 Citraguna sandika wus |
 gya sasèndhon pathêt sanga |
 kosok lamba lus amuput ||
13. Jarijinya nyêkènthung raras |
 lir kalajêngking angêntup |
 ngêmbat kawat ngêntul-êntul |
 gêtêre miwil angapag |
 tumèmbêl tutupanipun |
 pacake nyètra Mèdura |
 kang ningali samya wuyung ||
14. Mring dhayoh kang bisa ngrêbab |
 ni pêtinggi dènnya (n)dulu |
 kêlawan nak putunipun |
 nèng lawang wisma winêngan |
 bok lanjar mèsêm abêsus |
 tingkahe amrih kêtara |
 krêp idu krêp malbu mêtu ||
15. Kedanan mring Jayèngraga |
 angrêbab bêsus abagus |
 ni lanjar kèh polahipun |
 kedanan nora kêlawan |
 Jèngraga ewa andulu |
 kang dadya paraning tingal |
 mring bok rara (n)Dhuk kayungyun ||
16. Mêksih jêbên kêtanggungan |
 ni rara wayah rumucuh |
 suluh mukanya sumunu |
 lir sudama miyak ima |
 Suradigdaya malengak |
 ningali mring tamunipun ||

17. Niyaga (n)jomblong sadaya |
 mring kang ngrêbab wilêtipun |
 sor pra niyaga sêdarum |
 ki pêtinggi suka-suka |
 kasmaran marang sang bagus |
 matur sumangga gêndhingan |
 kawula ngaos ngêsipun ||
18. Ki Jayèngraga lingira |
 lah paman sêwawi ngriku |
 prayogi sami nê nabuh |
 pun paman ingkang angêndhang |
 Ki Kulawirya amuwus |
 ya mara coba ngong-ngêndhang |
 Ki Jayèngraga agupuh ||
19. Anyênggrèng rêbab gya buka |
 Gambirsawit gêndhingipun |
 tinampan kêndhang gongipun |
 sêrancak munya araras |
 kinèn ririh kang anabuh |
 cinara ing Wanamarta |
 nulya aririh kang nabuh ||
20. Sêdhêngan iramanira |
 ririh sru kapara landhung |
 rêmpêk ricike ambyantu |
 sêjanturing pêwayangan |
 ki pêtinggi sakêlangkung |
 dènnira asuka-suka |
 mring tamu sangêt angugung ||
21. Jèngraga ngliring mring Gêndra |
 ki pêtinggi wruh ing sêmu |
 ngling wus mara ta dèn-gupuh |
 sarya ngêjèpi Jèngraga |
 gya gêndhèng ngêlik mrit arum |
 swarane kanthi sêmbaga |
 dhêsthi pèlèt cinthung dhuyung ||
22. Ulate atitilapan |
 Ki Kulawirya kêsangkut |
 ing mêmanising pandulu |
 kerut ing sumbaga gêndam |
 dènnira ngêndhang agathung |
 busuk tyasira sêkala |
 sakênong tangannya kêju ||
23. (n)Jêbèbèk nganggur tan ngêndhang |
 akodhèng iramanipun |
 Jèngraga mèsêm andulu |
 ki pêtinggi latah-latah |
 Kulawirya dhat anjumbul |
 saryangling mara ngadêga |

Jilid 8 - Kaca : 165

pêtinggi gupuh anuduh ||

24. Lah wus (m)bok Gêndra ngibinga |
kang liningan dyan anggamyung |
ngarigêg jêjêran alus |
Gambirsawite aniba |
nêsêg sêdhêng ambiyantu |
ronggèng nalètèr kalangan |
sirig tingtingan ngêdhuyuk ||
25. Sarwa wèh ulat sêdhètan |
longah-langèh nampèl pupu |
ngujiwat ngècèr pandulu |
wong nonton kenging ngèsêman |
pating galêmbor akukuk |
samyà (m)bêkik sumyak-sumyak |
kacinthung atine bingung ||
26. yèn gambyong ronggèng si Gêndra |
anangèkakên babêndhul |
anocong kadi tinangkur |
(m)bêngkayang padha sadhela |
kabèh padha kudu ngrangkul |
grêgêtên anganta-anta |
sawênèh ana kang (m)bêsur ||
27. Gramèh wong wadon dhêsêkan |
cêg guwêg anyuwol susu |
ngengokkên janggut angambung |
sru (n)jêlih biyang dilabrag |
dikrocok uwong angambung |
wonge glis dènnya umpêtan |
brêkate wong akèh rusuh ||
28. Turut gêdhèg yêl-uyêlan |
carup wor èstri lan jalu |
cêlêr-cinêlèr calimut |
ana salendhange ilang |
jariting bocah rinawuk |
pêndhok myang kêris dèn-wilah |
gègèr sadhela gya tungtum ||
29. Mangkana kang talèdhèkan |
gêndhingira nulya suwuk |
Kulawiryà gung gumuyu |
muwus mring Suradigdaya |
kèn-minggah ngambèn puniku |
bok Gêndra ngong yun waspada |
Suradigdaya agupuh ||
30. Angatag minggah bok Gêndra |
kang liningan sigra lungguh |
kêdhêkês asila panggung |
Ki Kulawiryà aberag |

Jilid 8 - Kaca : 166

- supe pranataning laku |
ragi katêmbèn tanggapan |
krajane dhewe tan laku ||
31. Bisik-bisik mring Jèngraga |
sènggane talèdhèk iku |
binêdhong sadhela yèn wus |
Jèngraga ngling kenging uga |
kawula tan pati kudu |
namung kang dadya tyas-kula |
niku sang rare rumucuh ||
32. Kadya sun pêksa-pêksa-a |
si Êndhuk kang maksih tanggung |
dos-pundi mring kengingipun |
cêdhaka turu kewala |
marêm tyas-kula tan riwut |
Ki Kalawiryà anabda |
ya iku rada pakewuh ||
33. Wa-mono mêngko yèn ana |
jalaraning rêmbug patut |
Jèngraga lêga tyasipun |
gya Ki Kulawiryà mojar |
kang pêtinggi sèngganipun |
prayogi kakang ambêksa |
amrih rakêting apangguh ||
34. Suradigdaya abèngkrak |
inggi sumangga ing kayun |
nging wontên kuciwanipun |
prayoga mawi lodhongan |
Ki Kulawiryà gumuyu |
lodhongan prèhipun kakang |
matur yèn ngriki anginum ||
35. Arak brêm tape wêragang |
owêl gèndhing-gèndhingipun |
angibing sarwi anginum |
Jayèngraga Kulawiryà |
anjurung sakayunipun |
samyà gumujêng lah paman |
punapa gèndhinganipun ||
36. Matur ki pêtinggi latah |
kajawi pun Pêtung-wulung |
Kulawiryà sru gumuyu |
lah niku inggi prayogi |
sêwawi anakmas talu |
Jayèngraga nyandhak rêbab |
sigra buka Pêtung-wulung ||
37. Tinampan kèndhang gongira |
rucik barung umyang arum |
Ki Suradigdaya gupuh |

mundhut sondhèr plangi abang |
wus mên dhêt arak nêng buyung |
ngundang sanak-sanakira |
kèn nyêlak dènnira lungguh ||

38. Wus kapang nêng ngisorira |
samyak rak-arakan nginum |
glis rame brabah gumuruh |
ngombe ciyu ciya-ciya |
glênggang-glênggêng cara banyu |
Jayèngraga Kulawirya |
giris myat kang sami nginum ||

Jilid 8 - Kaca : 167

456 Girisa

1. Ki pêtinggi wuwusira |
mêngko yèn manira bêksa |
kang rame padha kêplok |
samyak sumaur agiyak |
têlèdhèk wus ngadêg tandhak |
Kulawirya wuwusira |
lah kakang Suradigdaya |
wawi sêdhênge malandang ||
2. Kang liningan sigra tandhak |
(m)balêdhèh wêtêng (m)balêndhang |
kêkêrisane singkuran |
ikêt du-mancung dhèblèngan |
kacu bathik talêkêman |
sabendha salaka lusan |
ngêlèwèr sumampir pundhak |
brêngose pinidih ranggah ||
3. Capang godhèg pèlawangan |
simbar dhadha ambêlabar |
marang wêtêng wudêlira |
sêmbada pawakanira |
(m)balênthot lêngèn kucingan |
mathêkêl otot byuk kiyal |
têpak pundhake gandhikan |
ambêdhudhag dhadha jêmbar ||
4. Sêmbada lan bêksanira |
kêthuwêl gluwêr kêbatnya |
andhasar tangan mèk-mèkan |
lir gogo iwak jron toya |
angêntrog awak (n)jot-njotan |
anyangkrung-nyangkrung incêngan |
ulêt lir manuk lolohan |
pacak gulune êlêdan ||
5. Pinondhong têtèdhèkira |
sinurak wong kusêntanan |
kêploke abêbendrongan |
wor gumyake janma kathah |

gumêrah sru mawurahan |
samyu gumuyu gêr-gêran |
têlèdhèk anèng pondhongan |
sarya gambyung ngayang-ayang ||

6. Têlèdhèk ngêlik araras |
gumrining anggêtas rênyah |
lir suling ngêlong tutupan |
aliyu-liyu liyêpan |
sêmbada parikanira |
cêcak gombèl macan galar |
ambêlarat dhasar mlèrèt |
pêtinggining wong ing Kêplêng ||

7. Buta marta dwijawara |
dênawa panglêbur jagad |
dadi ati kawulane |
kalane nora dhèwèkan |
puspa laya ing gêlungan |
pari majêr anggêlagah |
layonana-layonana |
si Gêndra anèng kalangan ||

8. Kang nonton samya gumêrah |
kêplokira nora tata |
saking sangêt bungahira |
mangkana ingkang ambêksa |
ingudhunkên talèdhèknnya |
akathah ing rekanira |
ronggèng nandêr anêrancag |
ing pupu gya pinagolan ||

Jilid 8 - Kaca : 168

9. Cêthik lambung cinakêpan |
tan kèndhat pangibingira |
anutug dènnira suka |
mudhun kalepat klêtêran |
wus dangu antaranira |
ki pêtinggi tombokira |
patang wang ginêgêm tangan |
sinuwêlkên jro kêmbènnnya ||

10. Kumrincing ngêsokkên arta |
tangan nguyêg payudara |
grêgêtên pamidihira |
asangêt panggêlrintirnya |
mumundri kaya pêcaha |
ni Gêndra abêntayangan |
sarya anyablèki tangan |
pan sarya ngêsês sêsambat ||

11. Ah biyang tan kira-kira |
kantèk pêdhês rasanira |
ambakna wong tan sêmanak |
gêr ginuyu ing akathah |

- Jèngraga gumujèng suka |
 Kulawirya latah-latah |
 gya suwuk gèndhingira |
 ronggèng niyaga araryan ||
12. Gèndra maksih paringisan |
 Kulawirya mèsêm nabda |
 geneya iku bok Gèndra |
 dene dèlènge ngrêsula |
 kono ing ambèn lungguha |
 si Gèndra alon turira |
 dèn-rêmêt sru anu-kula |
 pêdhês lir pêdhot-pêdhota ||
13. Suradigdaya alatah |
 tak pindho manèh mêngko ga |
 si Gèndra malêruk ngucap |
 èh èlah ora-ra-a |
 Ki Wirya gumuyu suka |
 saryangling marang si Gèndra |
 anu mono iku apa |
 Gèndra mèsêm angujiwat ||
14. Kulawirya lir kêpinjal |
 mèndêm mring gèndaming Gendra |
 tyasira sangêt kêrkuhan |
 dènyarsa nèmpuh bok Gèndra |
 amrih singluning pêningal |
 pêkewuh panggonannira |
 ing wanci mèh bêdhug tiga |
 Jèngraga alon ngandika ||
15. Lah paman sami bubaran |
 asangêt panrima-kula |
 kusung-kusunge pun paman |
 kularsa lêson kewala |
 dinugèkakên priyangga |
 sanak-sanak kang samyarsa |
 wong nganggur lêlangên jogan |
 ki pêtinggi aturira ||
16. Sumangga sakarsaneka |
 nulya kèn saos gèlaran |
 kajang sirah sèmbagi bang |
 sumaos anèng pungkuran |
 Jayèngraga gya sareyan |
 Ki Kulawirya anulya |
 bisik mring Suradigdaya |
 puniku mungguh manira ||
17. Putrandika Jayèngraga |
 sampun kongsi kêtanggêlan |
 (ng)gènnipun rumaket kakang |
 aprayogi kinurmatan |

- ngaturan têtmon jro wisma |
 supaya pikantuk nendra |
 punika watêkanira |
 yèn wontên kang dadya manah ||
18. Kalangkung bère pêradhah |
 ngêmpuni kang kêtangêlan |
 sami-sami putranira |
 (n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
 kaugung alit milanya |
 puniku yèn anèng ngrika |
 asor putraning dipatya |
 sakêrsa tan purun malang ||
19. Lamun parêng tyase kakang |
 putrandika nimbok rara |
 kèn ngadhêp ngarsa kewala |
 mangsi ngangkaha punapa |
 darapon tulus (ng)gènnira |
 angakên milu susuta |
 dadya pun kakang katingal |
 pasrahe manah lêngawa ||
20. Kula suprih têmberipun |
 tulusipun pawong-mitra |
 yèn lajêng langkung suka |
 gumuyu angling pêsaja |
 o inggih dhatêng sumangga |
 kalangkung dening prayoga |
 datan rumaos sumêlang ||
21. Dèn bêdhèla brak kawula |
 botên anggrantês satuma |
 karsa nampar tiyang nistha |
 amundhut ing anak kula |
 nulya Ki Suradigdaya |
 malbèng wisma lon lingira |
 mring rabi wis tinuturan |
 kang wadon datan lênggana ||
22. Gya rinukti panggenannya |
 wus samêkta nulya mêtal |
 matur mring Ki Kulawirya |
 sampun miranti ing wisma |
 nulya winungu kang putra |
 ngaturan layap jro wisma |
 nauri ngriki kewala |
 Suradigdaya turira ||
23. Prayogi nèng jroning wisma |
 nulya wungu Jayèngraga |
 tumama mring pasareyan |
 ni pêtinggi wuwusira |
 sutane kinèn amarak |
 nèng ngarsane Jayèngraga |

ingatêrkên nulya prapta |
angling wus sira kariya ||

24. Ladènana ramanira |
yèn mêmundhut aturana |
aja wêdi-wêdi sira |
iku ramanira dhawak |
nulya tinilar sutanya |
ni pêtinggi mring pandhapa |
nèng ngambèn cilik ngarêpan |
yata Ki Suradigdaya ||

Jilid 8 - Kaca : 170

25. Undhang mring nak putunira |
kinèn (m)bêksa talèdhèkan |
nutug samya suka-suka |
wau kang anèng ing wisma |
Jayèngraga sêsarêngan |
tumingal marang bok rara |
kalangkung sukaning driya |
tyasira awirangrongan ||

Jilid 8 - Kaca : 171

457 Wirangrong

1. Yata wau Jayèngragi |
lêga tyasira duk tumon |
aris wuwusira lan bok Êndhuk |
dèn-parêg lan mami |
pêtêkên wêntisingwang |
sadhela nggèr sun-anendra ||
2. Kang liningan gya têrampil |
datan riringa sak êsog |
mêtêki wêntisnya nyêt-nyêt suku |
mangandhap manginggil |
Jayèngraga ris mojar |
wus Êndhuk (ng)gèr tuturona ||
3. Sun-kêmuli lawan mami |
sirèku karipan loyop |
tinarik baunya datan ayun |
mung ah ah turnèki |
tansah ngarih-arihan |
ni rara ajrih kewala ||
4. Atine nora mangêrti |
mung jrih saking dèrèng pundhoh |
pinêksa tan arsa lênggat-lênggut |
amêrèngès suthik |
Jayèngraga thêk-thêkan |
kêpalang sih dèrèng mangsa ||
5. Sakêdhik tan anglawani |
krêkuhan tyasira makewoh |
tan kêna winangsa linging kalbu |

- kêpriye ta iki |
gêlême bae nendra |
mung sun-kêkêpe kewala ||
6. Paran (ng)gon-ngakali |
uga kabacut ambèngkot |
sêkala kèngêtan mbêkta sangu |
arta rolas angrgris |
pinundhut saking ngêsak |
rong reyal ginêgêm asta ||
7. Pangandikanira aris |
arta ingulungkên alon |
nya ki karyanên jajan sesuk |
lah iki rong angrgris |
ni rara duk tumingal |
bungah gya arta tinampan ||
8. Angrgris dèn-iling-ilingi |
dèn thinthing reyale karo |
sangêt bungahira gya kinandhut |
uga dèn-tingali |
pan ginêgêm akêkah |
Jayèngraga lon-wuwusira ||
9. Mreneya anggèr wong kuning |
turuwèng kene lan ingong |
ingikal astanya ni rarandhuk |
tan rêndhêt tyasnèki |
nurut sakêrsanira |
anggaloso sinikêpan ||
10. Angling dèn-manjuluk thithik |
tan ilok turu anèng sor |
nulya gèpah minggah wus mênjuluk |
watos jangga ngarsi |
kinapithing bok-rara |
ingènggèr-ènggèr lir suta ||
11. Kêsamur gèdèring jawi |
dhasar tas tinunggon ing wong |
bok rara tan polah kinuswa sru |
pipinya pinidih |
sarya lon wuwusira |
sesuk sun-wuhi wangira ||
12. Ni rara umatur inggih |
Jèngraga tyas kudu nèmpon |
ni rara tinimpah tanganipun |
kinèn angêkêpi |
ni rara nut kewala |
dhinêkêtakên angganya ||
13. Tan darana Jayèngragi |
nimbok-rara wus kapèngkok |

- winingkis kang sinjanging apinjung |
 tunjung wungkul kêksi |
 lir munggaring mancungan |
 rêngat pinarwasêng mangsa ||
14. Wêntis wus tinambang titih |
 kengis lir purus binêthot |
 lingkab wastranira warastra sru |
 makasnya amêsi |
 lêtês paguting gatra |
 suk sumêntêg kakêbêkan ||
15. Bok rara kagyat ngunduri |
 lambung pinagolan kukoh |
 angongkrong kawêngkang lir kawêngku |
 cêthik methok nyênthing |
 kapuntêng binêthêngan |
 ni rara tan anggraita ||
16. Saking durung wruh ing gati |
 dèn-nyana tingkah guguyon |
 tyas rare sih bungah pawèhipun |
 kang arta rong anggris |
 bisa tuk winuwuhan |
 tutut bungah dening arta ||
17. Bok rara rinêmih-rêmih |
 makas maksih jethok nêng (ng)gon |
 tan pikantuk mapan namung mupuk |
 kabunton ing rêpit |
 kincip tangèh ing mangsa |
 sinêrot pandêdêlira ||
18. Mak rêt katut kang pinidih |
 singsal saking kasur wong ro |
 sih kêkêtan gunggang wangsul kasur |
 tan tumama mamrih |
 gatranya winatgata |
 tan mantra-mantra kawêngan ||
19. Ni rara amuwus ririh |
 mring Jayèngraga atakèn |
 (n)dika niku ramak andhosok sru |
 dèn-apakkên mami |
 pêgêl wêlakang kula |
 ampun dèn-kotênkên ingwang ||
20. tangane (n)dika ulapi |
 dadak kathik (ng)gêgêm gêmbok |
 ah mangke ta ramak dèn-mêriku |
 lêngêne ambithi |
 Jayèngraga lingira |
 ya wis ta mênênga rara ||

21. Ngunandika jroning galih |
 biyang priye kiye mêngko |
 lamun sun-pêksa-a mênawa sru |
 panjriting kêpilis |
 têtah dadi prakara |
 tan tutug apawong mitra ||
22. Nulya ingunduran aris |
 warastranira nêlosor |
 linumahkên sigra rara Êndhuk |
 Jèngraga ngêpithing |
 ni Êndhuk tan swala |
 warastrèng wêntis tumumpung ||
23. Asta kèrinira maksih |
 (ng)gêgêm ngêlus-êlus gêmbok |
 astanira kanan ngarang-ulu |
 sarya angarasi |
 pipi myang wonga-wonga |
 nyunyunge ingusap-usap ||
24. Murinding amakenaki |
 bok rara angucap alon |
 lah puniku ramak raosipun |
 kêpenak kêpati |
 pangrasa sadina-a |
 rong wêngi sukak kewala ||
25. Jèngraga suka ngêkêti |
 sarya awêcana alon |
 ya anggèr mas ingwang sira Êndhuk |
 wong ayu mrakati |
 bisa wèh larasmara |
 rara aja susah sira ||
26. Boboconge dèn-lawani |
 ing lêmpir kunthingan alon |
 kagungan anglela katon muncu |
 rêngate amanis |
 mêmanas tyas priya |
 pangusape Jayèngraga ||
27. Rada masa-masa ririh |
 bok rara murinding angot |
 ngulèt pan angrasa rêsminipun |
 ni Êndhuk ngrakêti |
 ngrangkul jangga sêsambat |
 ramak konokna kewala ||
28. Jayèngraga duk miyarsi |
 sambat pangucap wadon |
 tyasira karênan kusung-kusung |
 ingiringkên nuli |
 wêlakange winêngkang |

Jilid 8 - Kaca : 172

sinlan pupu rêp-arêpan ||

29. Warastra ginathuk nuli |
têngah rêngating don-adon |
prana tan animpang prênahipun |
kêbêg angêlêbi |
warastranira sigra |
dinêdêlakên ing gatra ||
30. Sêg-sêg warastra tan mingip |
gathuke ing adon-adon |
sinêrot pinêlak winasa sru |
kotal singsal saking |
kasur kajang sirah |
rêg mênjuluk Êndhuk ngucap ||
31. (n)Dadak dèn konokkên malih |
iki wêlakangku angloh |
mangu Jayèngraga tyas baliwur |
wangsul kasur sari |
mênggah-mênggah ing driya |
kagagas raosing gatya ||
32. Ingagag kewala ririh |
tan inang nêng adon-adon |
(m)batêk warastranya kapit pupu |
kêngkêng lir kaywa-king |
kumêsar limputing tyas |
kontrak rarasing asmara ||
33. Wus tan kêna dèn-sayuti |
adrêng warastra mêcothot |
mak brol galêgêkan ngathur-athur |
drawas anggubrasa |
wêntis wêlakangira |
nyunyuge gêluprut kama ||
34. Kêlangkung kathah dènyanya mijil |
dèrèng tuntas mêksih kêjot |
lagya ngarang-arang ingaluntur |
Jèngraga tan osik |
kakêjon sariranya |
mêksih marêp ring iringan ||
35. Grana kêrakêt ing pipi |
angganya sakojur rapoh |
ros-rosaning tulang samya kêju |
kadya dèn-lolosi |
kêndho panggawenira |
ni rara kagyat anjola ||
36. Dening têtês-ingkang wêntis |
lêr-êlêran (n)dalèwèr kêproh |
sêngguh kaompolan duk ing wau |

Jilid 8 - Kaca : 173

- pandhêsêking wêntis |
nyana lêngên kewala |
sag-sêg jorog angambal-ambal ||
37. Bok-rara tanpa akidih |
niki napa kang mêlopor |
jêmèk nèng wêlakang napa uyuh |
têka mawi ayit |
ês biyang dene wrata |
lan ramak niki punapa ||
38. Jèngraga sumaur ririh |
udun matêng makênêng brol |
mêcah dalèwèran lah wis Êndhuk |
susuciya anglis |
gya turuh anèng jogan |
Jayèngraga sigra mêdal ||
39. Wit sore mula mèmèti |
bok wulanjar gung wirangrong |
bêsus mêtêd anggung pasang sêmu |
angadhang mring tami |
salah siji ywa gagal |
yèn ana kang nglanggatana ||
40. Nglêlewa angècèr liring |
wira-wiri maring gandhok |
nuju Ki Wirya umijil nguyuh |
si lanjar nututi |
nèng natar wetan ngongak |
Ki Ragil tanggap anyandhak ||
41. Rinangkul sru kinapithing |
kinêkêp kêmbên rinogoh |
maksih mêmêl payudara mêmbut |
ni lanjar ambêkis |
ah niki ajêng napa |
têka (n)dadak gêrayangan ||
42. Ah pun kula ajêng bali |
lho lho mundhak nêkêm gêmбок |
nging batinne asru ngayun-ayun |
Ki Wirya bibisik |
yo nyang lêsung kewala |
tinuntun sarwi kinuswa ||
43. Nglayang mlerok (m)bêkis ririh |
praptèng lêsung lungguh karo |
sêpi kiwa papanne alindhuk |
juwêd mingkis jarik |
napase sru kumrangsang |
pinangku du-arêp lumpang ||

44. Bok wulanjar anggrêgêti |
murinding wulu mêngkorog |
wus anjathok bathuk ngisor (n)dhuwur |
guthul mangkas nêmik |
pinapan nêng bêdhahan |
mênuh (m)bêngkayang darawas ||
45. Sinêrêg boyok tinarik |
manjing blês kagyat angamplok |
napas ngangsur ngrangkul gulu ganul |
payudara kalih |
rapêt jaja ki Wirya |
gya ngobahkên bokongira ||
46. Aju undure sarênti |
anggêlur lir kêthèk momong |
kalênyêtan ni lanjar wus dangu |
patagihan ganjing |
tinêkan angga liyan |
kasaru ana wong prapta ||
47. Ni lanjar merang gya lari |
Ki Ragil cuwa agupoh |
nyimpêt ampingan saka kandhang wus |
guthulnya (n)jêdhindhil |
dèrèng prapta ing gatyia |
saya mungkug mangkêl jangga ||
48. Mung ingungsêg sruwal garing |
Nuripin nilap gya manggon |
ling alingan goco sisihipun |
langkung jrih (ng)gagari |
dènnya bundhêl Ki Wirya |
mangkyarsa ngadhang si Gêndra ||
49. Bok lanjar mêngtas sêsuci |
arsa wangsul maring gandhok |
nêng wuri mah sêpi papag gapruk |
lan Jèngraga jêglik |
tan samar kalih mèksi |
ni Lanjar maksih kasmaran ||
50. Labêt kacuwaning rêsmi |
Jèngraga cuwa karongron |
mèt pupulih nrima nêmu lohung |
gya cinandhak gipih |
pinithing ngêmak-êmak |
mring pawon ana balenya ||
51. Kang duwe turon nêng jawi |
myat tayuban rame gobyog |
ginaledhag ni lanjar pan anut |
rewa-rewa wigih |
niki ajêng têng napa |

mangke kularsa mring wisma ||

52. Batinne suka kêpati |
winingkis wastra amêlok |
suluh jênar payudara mênuk |
ingêmbut (m)but ririh |
Jèngraga grêgêt sigra |
wêntis binênggang pinapan ||
53. (m)Bêngkayang guthul nunuli |
pinarnah bêlahing gêmbok |
sinêrêg prêt labêt kênêng banyu |
rada mangang thithik |
brêbêd ni lanjar njola |
ngungun gênge sêmu dhangsan ||
54. Ginêlar saya murkinthing |
lar-lur glis ngacêpak kêproh |
wus tan nyêngka madhêt nanging lunyu |
ing rasa ngluwih |
ni lanjar palintiran |
ngêsês-êsês rêm-rêm ayam ||
55. Sinunggar dhêngkul kinêmpit |
mathongkrong lir kucing anjlog |
kalênyêtan nyang-nyêng turut ndhuwur |
anyuwara cak-cik |
lanjar katrêsan raras |
bêtah tan nêdya uwisa ||
56. Galêgêg pyah têmpuh mani |
sarêng angêjot sakloron |
tuntas nglumpruk dinudut lir wêlut |
ni lanjar mêngkirig |
anungka balabaran |
Jèngraga gita umentar ||
57. Ni lanjar kari gumuling |
maksih malumah kalêson |
alam-lamên kadi sih ginêlur |
ngèthèh-èthèh cincing |
èngêt susuci nulya |
mring pandhapa myat tayuban ||
58. Talèdhèk tan bisa linggih |
tan kobêr dènnira (ng)gambyong |
kathah angsalira tombokipun |
kang samya angibing |
mèh bangun wancinira |
sayah nulya abubaran ||
59. Sangêt mëndêm ki pêtinggi |
wong sêntanan ting gèloyor |
mutah bulaèran kang tinuntun |

Jilid 8 - Kaca : 175

- mring bojone mulih |
 Jèngraga sigra mēdal |
 ambarēngi wong bubaran ||
60. Wēdalira tan kêtawis |
 laju mring kali agupoh |
 Kyai Kulawirya sawusipun |
 bubaran kang ringgit |
 Kulawirya kêjèpan |
 mring ronggèng Gēndra kèn mēdal ||
61. Gupuh sēsarēngan mijil |
 ing wanci wus bēdhug Suboh |
 nanging sih pētēngan gya rinangkul |
 Gēndra kinapithing |
 binaktèng palindhukan |
 nèng kandhang sor taritikan ||
62. Ni Gēndra pinongah-pangih |
 kēsusu tyasira sompok |
 saking kadêrēngira nekad nēmpuh |
 mring ronggèng rinêsmi |
 tan kongsi ngupayèng (ng)gyan |
 mingkis sinjang rēp-arēpan ||
63. Ronggèng wus pasang ing kapti |
 sēngadi suthik thok-ethok |
 atangkis rengkodan sarwi matur |
 mbok mangke kang ririh |
 tan kongsi tatan-tatan |
 pakèwéd cuwa dhêg-dhêgan ||
64. Ngrika griyane kang Cindhil |
 randha sêpên tan ana wong |
 nauri hêm biyang wong kēsusu |
 sêlak krinan iki |
 lah wis payo gage ta |
 dèn-gagah bae sadhela ||
65. Gēndra ngrangkul lambungnèki |
 ing sabuk wontên mēndhosol |
 ginagap yèn arta gya jinimput |
 sadaya nēm anggris |
 wus kinandhut sēmatnya |
 nalusur malih tangannya ||
66. Wontên kanthonging kulambi |
 (n)garēnjêl sida dèn-rogo |
 lopak-lopak slaka wis jinupuk |
 bungah angling ririh |
 mangke ta kula nginang |
 Kulawirya tan darana ||

67. Kêsusu tingkah sarya ngling |
 nginang-nginèng têtên mêngko |
 sarwi kathêkêran uthi bikut |
 mêngkang pupu mamrih |
 nulya wus linaweyan |
 sêmada ngingkrang pinapan ||
68. Wus bêtêr anjathok mathis |
 ngêlayang sêsèndhèn palon |
 gya nganjat pinadal nêd grêgêl sru |
 anglut blês poknèki |
 Gêndra api (ng)garonjal |
 batin kur lohung kewala ||
69. Tan kongsi gêlur ping kalih |
 (m)bêdêdêng banjur brol mukok |
 angglêgêg kêjotan amrêkungkung |
 ngêdên tan kêna ngling |
 pan wus sêsontên mila |
 dènnya noncong mêsi mangkas ||
70. Mila glis mijil raswèki |
 tan kongsi angonjot-onjot |
 sawusira tuntas angêlumpruk |
 gumrèwèl angampil |
 luwar dènnya cawèlan |
 Ki Kulawirya asigra ||
71. Laju kewala anggêndring |
 mangidul mring kali gupoh |
 apan tan kêngêtan darbèkipun |
 lopak-lopak kari |
 kêsusu tan kêrinan |
 dèn-lumayu aingkang ||
72. Kaprêgokan Jayèngragi |
 nêng kali wus dènnya Suboh |
 kang paman tan nyana yèn kang sunu |
 andhêrok nêng kali |
 Ki Wirya gya jinabad |
 Ki Jayèngraga agiyak ||
73. Kang paman nauri bêtik |
 ya padha wus jumboh |
 sawusnya jinabad nulya Subuh |
 bakdanya gya panggih |
 sami apopoyokan |
 kang paman anjumbul mojar ||
74. E lah katiwasan mami |
 lopak-lopakku kalolos |
 rada kadhèdhèlan lêbur tumpur |
 dhuwitku nêm anggris |
 tan sêsangu (n)tèk-èntèkan |

wus mangsa bodhoweng margha ||

75. Titip badanku sadêmi |
rumangsa nèng paran repot |
Jèngraga alatah paman ngringkus |
pasrah pati urip |
Kulawirya wuwusnya |
bêcike bali mring wisma ||
76. Katêmu lan kang pêtinggi |
Jèngraga nauri mopo |
o ah botên paman lamun wangsul |
kula raga isin |
yèn wontên cêcaturan |
alêrês pajare paman ||
77. Sangêt rêkasaning rêsmi |
arêpit sangêt kabunton |
tangèh ingalukar sakêlangkung |
pakêwêd ingudi |
kajudhêgan ing lampah |
luwar jêjawèn kewala ||
78. Langkung wrat prabawanèki |
badan sakojur lir theklok |
Ki Wirya alatah o lah tanggung |
nora kongsi muntir |
kang lilikasan mana |
wor prêmbeh-prêmbeh anggronjal ||
79. Kêpêtêk thithik anjêmpling |
ki Jayèngraga anjorog |
sarya ngling alatah (ng)gih puniku |
kang kula wigih |
tan wande agêmporan |
mendah dukane kakangmas ||
80. Sêmèntên niki kuwatir |
rumaos lêpat kemawon |
kang paman wuwusnya sun ya gêtun |
èh tuwas barindhil |
tan ana rong grêg-grêgan |
basa blêng banjur brol mêtal ||
81. Sing dèn-anu nora gati |
enak-enak nginang nyah-nyoh |
Jayèngraga latah ro gumuyu |
yata ki pêtinggi |
kang mêtêm angathang-athang |
anèng pandhapa ginugah ||
82. Mring bojone kinèn tangi |
nulya tangi muntah sak-sok |
sarwi rinaupan gya kakêmu |

Jilid 8 - Kaca : 177

bojone nglingnya ris |
dèn-age témonana |
dhayohmu kang anèng langgar ||

83. Sigra dangdan amarani |
ikête maksih bra-ebro |
ing pênyananira dhayuhipun |
ngalumpuk ing masjid |
nulya prapta (ng)gyannira |
Jayèngrêsmi lon ngandika ||
84. Man pêtinggi manira mit |
samyandum lujêng kemawon |
sun-arsa umangkat mumpung esuk |
pêtinggi turnya ris |
inggih sumanggèng karsa |
nuwun apuntên paduka ||
85. Saking kêkirangan mami |
maklum paduka kemawon |
Jayèngrêsmi marma lan amuwus |
inggih sami-sami |
umatur malih tanya |
rinta lan paman-paduka ||
86. Dene tan wontên ing pundi |
Jèngrêsmi nauri alon |
ngrumiyini lampah ngiras Subuh |
rèrèn anèng kali |
lamun ngêntèni paman |
mênawi yèn kasiyangan ||
87. Ki pêtinggi matur inggih |
andhèrèk lujêng kemawon |
(ng)gih paman sun-trima nulya gupuh |
umangkat Jayèngrêsmi |
Nuripin wus pamitan |
ingiring mring maskumambang ||

13 (Nglajêngakên lampah mêtal dhadhahing dhusun, laju lumêbêt wana Sêlambur)
Enjingipun sami nglajêngakên lampah mêtal dhadhahing dhusun, laju lumêbêt wana Sêlambur, nglangkungi wana Bagêndhul, kèndêl ing ngandhap wit kusambi. Jayèngrêsmi mêtahakên bab kiparat lan nikmat.
Lajêngipun lampah dumugi dhusun Palêmahan, têrus dhatêng dhusun Mamênang, nuntên dhatêng Kêdhung Bayangan. Ing têtèping kêdhung sami bawa-raos bab tekad tirakatan tuwin wahya dyatmika. Katêrusakên lampahipun dhatêng ing rêdi Klothok. Ing dhusun Pakuncèn, sêsêpuhing dhusun nama Ki Wanatawa, kapurih ngêtêrakên minggah ing rêdi Klothok. Jayèngrêsmi pitakên dhatêng Ki Wanatawa punapa nate kêpanggih tiyang tirakat wasta Sêh Amongraga kanthi santrinipun kalih.
Winangsulan botên, wasana ing dalunipun sami sipêng ing guwa Selamanglèng, ing nguni pandhèpokanipun Dèwi Kilisuci, pandhita putri.
Kaca 178 – 201

458 Maskumambang

1. Yata laju lampaha Ki Jayèngrêsmi |
Nuripin tan têbah |
margi nut pemahan mripit |
wus mêdal jawining dhadhah ||
2. Mudhun pèrèng palêstrèn pinggiring kali |
kang anèng ing sela |
Kulawirya Jayèngragi |
sêmu rikuh kalimputan ||
3. Jayèngrêsmi mèsêm angandika aris |
lah sêwawi paman |
umangkat mumpung aenjing |
payo yayi Jayèngraga ||
4. Wa-mêngkono sira yèn mikir angèri |
nèng Kêplêng kewala |
besuk bae sun-ampiri |
kang rayi gumujêng latah ||
5. Ki Nuripin nambung atur mring Jèngragi |
prayogi kantuna |
nèng dhusun langkung utami |
apan benjing ingampiran ||
6. Jayèngraga nauri gumuyu angling |
lo mèlu mêmada |
si dilêlèngèng Nuripin |
taksêbrak jenggotmu (n)jêngat ||
7. Ki Nuripin ngêlècêm sarwi anglirik |
mring Ki Kulawirya |
sarya sêgu andhêkêmi |
Ki Kulawirya alatah ||
8. Ih si Cêblung lirike (n)dadak mratani |
mring ngong amêmada |
matur sintên kang madani |
lah gene (n)dêlêng maringwang ||
9. (ng)Gih punapa tan kenging tiyang ningali |
angangkah punapa |
mangsi ngicalêna anggris |
lan lopak-lopak sêlaka ||
10. Gêr ginuyu marang ingkang putra kalih |
kang paman alatah |
sarwi nyirati Nuripin |
mukane kêbês lumajar ||
11. Sru gumuyu garundêlan ah niwasi |
lah kêbês apa ta |
esuk-esuk anyirati |

adhêmê nora kêjamak ||

12. Jèngraga ngling apa wruh sira Nuripin |
matur inggih priksa |
kawula lir anênggani |
kula sêne dhatêng kandhang ||
13. Yun lumajar kula jrih yèn (n)jêjaruhi |
lêrês nèng sor palang |
(ndhodhok nèng palon tan osik |
apênêd lir tiyang tanjak ||
14. Mawi kêprak sapindhah tan malih-malih |
nuntên sami bubar |
sarêngan palajêngnèki |
lir pèyor kucing gundhikan ||
15. Kulawiryia sigra amburu Nuripin |
kang binuru kêbat |
ngêmpêt sarwi dèn-bandhêmi |
wang-wêng endha datan kêna ||
16. Kulawiryia ngling sru guyu-guyu runtik |
si Dicêprot edan |
(n)dadak mêlèhkên wong isin |
wangsul ginuyu kang putra ||
17. Nulya samya laju dènnira lumaris |
nabrang kali Kanta |
tan ajro toya tês cêthik |
ngêbyak praptèng brang kidulan ||
18. Jayèngrêsmi nguwuh-uwuh mring Nuripin |
dèn-aglis nabranga |
Nuripin mlajar nututi |
ge-age cincing angêbyak ||
19. Pra ngawiryia wus munggah pèpèrèng kali |
Nuripin sih ngêbyak |
Kulawiryia aningali |
Nuripin nèng têngah toya ||
20. Dèn-bêbajong ing watu saking inginggil |
kiwa têngênira |
Nuripin ajêlih-jêlih |
(ng)gih sampun kapok kawula ||
21. Samar-samar pyar-pyur atine Nuripin |
yèn kêna (n)dhasira |
kapak-kapok aturnèki |
sêpindhah niki kewala ||
22. Byar raina soroting surya mranani |
kirnaning kanang rat |

Jilid 8 - Kaca : 179

- kêpraban ujwalèng rawi |
ruwêting patra katrapan ||
23. Dening hèn bun lir pruntusing grana rungih |
karongèh katrêsan |
ron kitri kêdarus ngangin |
lir tangkis-tangkising ngasta ||
24. Panêngkahing wanita pinrêping rêsmi |
sunguting prêdapa |
kadya dyah angrêrangoni |
akathah langêning awan ||
25. Yata wau lêstari dènnya lumaris |
tan-arsa nut marga |
agêng pinggiring bènawi |
nusup ing wana wulusan ||
26. Grêng bondhotan kadhang manggih margi alit |
yèn judhêg gya nasak |
wana bagênjul langkung writ |
pra kirna sangkêp sarwana ||
27. Jayèngrêsmi raryan sasoring kusambi |
samy a eca mucang |
aring kasiriring angin |
Ki Jayèngrêsmi ngandika ||
28. Inggih paman sami raraosan ngèlmi |
mênggahing ngagêsang |
dununging kawan prakawis |
marganing nikmat kiparat ||
29. Rahmat lawan musibat punika pundi |
paman Kulawiry a |
sêwawi rèh mumuradi |
kang tan inang sayêktinya ||
30. Kulawiry a alon dènnira nauri |
ya mangsa bodhowa |
angêmpêk kewala mami |
Jayèngrêsmi lon lingira ||
31. Marginipun kiparat pan anggêgampil |
mring kukuming sarak |
ngêbot-bot pênggawe tipis |
têmahan kenging kiparat ||
32. Dene marginipun ing nikmat puniki |
kang rasa cacêgah |
ing rasa ingkang binukti |
supaya pinrih lupa-a ||

33. Angsal ngêlèh pikantuk ingkang binukti |
tan ketang sapala |
tamtu yèn nikmat sayêkti |
dene margining musibat ||
34. Pan amaha nêrak laranganing ngèlmi |
ngaramkên kang kalal |
ngalalkên kang karam najis |
wus wruh sajangjining sarak ||
35. Nora busuk nora pêngung nora lali |
kudu nêmpuh maha |
puniku kang dèn-aranni |
musibat nut jajillanat ||
36. Marginipun ing rahmat puniku asih |
asih ing lèkira |
nyêrtu turu siyang ratri |
pinrih asru ari pira ||
37. Ing ngalayap lêse sadurunge ngimpi |
punika babagan |
ing layap kawan prakawis |
kang dhihin layaping nendra ||
38. Kaping kalih layaping sahwat ing gati |
ping tri layapira |
ing asalat ingkang muslim |
kang têkèng sêjatinira ||
39. Ping sakawan layaping sakaratnèki |
kang kèlawan iman |
sami prasanaking pati |
sadaya lèjêming pêjah ||
40. Datan wontên sakêdhik kang dèn-antèni |
myang tan milih papan |
sanggonne tibaning takdir |
datan antara ing mangsa ||
41. Lir makatên ugi brangti mring pawèstri |
drênging karsasmara |
tan kongsi nèng kasur-sari |
kang samya kayungyunira ||
42. Wontên sanggèh-ênggèn dènnira pulangsih |
tan ngèntèni papan |
tan pae lawan wong bukti |
yèn sangêt pangêlihira ||
43. Datan kongsi ngèntèni ajang kang bécik |
tan kanti angolah |
ulam-ulaman kang adi |
lawuh siji thil wus eca ||

44. Kulawirya noraga angrasa sisip |
miwah Jayèngraga |
tumungkul angrasa ajrih |
rumaos yèn kalêpatan ||
45. Mila kêdah ing dalêm gêsang puniki |
nungge ing apêngal |
kipayah kêlawan ngèlmi |
yèn kalamun maro karya ||
46. Ing kalbunya lan kalarate wus bagi |
kinalih tan kenging |
pênggawe kalih prêkawis |
tan kenging yèn pepeka-a ||
47. Pan ambubarakên ing ganjaranèki |
yèn apngal kal dunya |
kang sumungku ing pakarti |
tan melik apngal ngakerat ||
48. Kulawirya èsmu merang ngraos sisip |
miwah Jayèngraga |
sakêlangkung jrihirèki |
Nuripin watuk ampêtan ||
49. Kulawirya tanggap watuke Nuripin |
Nuripin binalang |
ing susur têtês kang mandi |
tèplêk kêna matanira ||
50. Ki Nuripin anjola mire (ng)gonnèki |
sarwi garundêlan |
gugujêngan sok nglarani |
dhuh biyung pêdhês matèngwang ||
51. Susur têtês idu têtèbakone mandi |
Kulawirya latah |
ngling (ng)gone (nd)dadak matuki |
Nuripin gumuyu suka ||
52. Kêkêl ucêg-ucêg mata sarwi angling |
ih ambakna lantap |
landhêp ing pasêmon osik |
tan kêna kêmrêki obah ||
53. Iya ta lah awak mono yèn ta lagi |
mêtu cilakanya |
kudu kèh mênganing sisip |
watuk bae dadi dosa ||
54. Kêdumêlan rada (ng)guyu-(ng)guyu nangis |
mata bang mêrbabak |
kumocor ambrêbês-mili |

Jilid 8 - Kaca : 181

Jayèngraga angandika ||

55. Ênjêt bae Nuripin lethoknya bêcik |
Nurpin plêrukan |
ka dene iku sawiji |
ngling lah botên mindhak lara ||
56. Jayèngraga suka gumuyu sarya nging |
iya yèn sing lara |
sisihe kang nora sakit |
matur oh dede pabênan ||
57. Jayèngrêsmi mèsêm ningali Nuripin |
sarwi angandika |
yèku (ng)ko yèn mari sakit |
rasane matamu padhang ||
58. Bêtahêna bae mêngko nuli mari |
lah suwawi paman |
mangkat sêdhênge wus aring |
anulya sami lumampah ||
59. Nurut pinggiring têlahar murang margi |
angsal saonjotan |
ngidul ngilèn lampahnèki |
ngambah bêbangkaning wana ||
60. Têrataban bêbondhot gêmblan alit |
kèh buburonira |
banthèng kênthus lan jêjawi |
kancil myang kidang mênjangan ||
61. Wana ing sêlambur kathah isèn-isènnèki |
lutung wêrangutan |
wa-uwa bajing trênggiling |
kuwuk landhak lan andhapan ||
62. Rase lingsang garangan buron kasturi |
kikik ajag yungyang |
gogor bêngkos blacan sing-sing |
singo gembong tutul kombang ||
63. Sawêr aliwêran puspa-kajang konyit |
sima agêluran |
myang pèksi sangkêp munya sri |
wèh rarasing kang lumampah ||
64. Wêktu luhur yata wau Jayèngrêsmi |
raryan arsa salat |
luhur datan ana warih |
Jèngrêsmi alon ngandika ||
65. Èh Nuripin sira ngupaya-a warih |
kang kêna kinarya |

Jilid 8 - Kaca : 182

- mèt toya wulu kang suci |
sêmbahyang lalorat toya ||
66. Ki Nuripin umatur kawula dugi |
ingriki punika |
dhasar dhatan wontên warih |
sadangunipun lumampah ||
67. Tan mrangguli toya lèpèn sêndhang bêlik |
sangêt awis toya |
Ki Kulawiryana nudingi |
sarya nging iku wong apa ||
68. Wong kinongkon durung lumaku madoni |
nora kabênêran |
mara mênyanga aglis |
matur (ng)gih tuwas kangèlan ||
69. Lamun dangu (ng)gèn-kula ngupados warih |
dados (n)tos-antos |
têmah pot waktu wus akir |
luhung tayamum kewala ||
70. Kulawiryana ambêkuh ngagagi bithi |
Ki Nuripin mingkar |
angling kandhuan si Padhil |
dèn-kongkon malês parêntah ||
71. Ki Nuripin utamatur sayêktosnèki |
ajrih kathah sima |
sawor ting slosor gêng alit |
tan pitados tyas kawula ||
72. Jayèngrêsmi gumujêng myang Jayèngragi |
guyune alatah |
kalingane si Nuripin |
kadèkna mubêng kewala ||
73. E mangkono jawane atine wêdi |
alas kèh macannya |
Ki Kulawiryana ngawiti |
sarwi amêksa kèn mentar ||
74. Ki Nuripin ajrih Ki Kulawiryèki |
wrat-wratên lumampah |
wus mentar santri Nuripin |
ngupaya we kering kanan ||
75. Sapêmbalang dohe dènya golèk warih |
sigra Kulawiryana |
andingkik lakunirèki |
Nuripin angungak-ungak ||
76. Nora kêna kumrêsèk Nuripin (n)jondhil |
ulate abiyas |

angrungu guwiking gênjik |
tinêbak ing mong minangsa ||

77. Gêrêng-gêrêng swaraning sima sih têbih |
gya Ki Kulawirya |
nyandhak tugêlan kaywaking |
bugêl gêng kinarya (m)balang ||
78. Tibèng grumbul kumrosak bêg sandhingnèki |
Nuripin aniba |
ambêngok lumayu (ng)gêndring |
alok biyung katiwasan ||
79. Kulawirya lumajyu glis prapta linggih |
Nuripin rênggosan |
prapta gugup matur blai |
kawula tiwas mèh pêjah ||

Jilid 8 - Kaca : 183

80. Dipun-tubruk ing sima agêng nglangkungi |
apan alit kapal |
sirahe satumbu isi |
yèn ta sampuna akêbat ||
81. (n)Gèn-kawula lumajêng aniba-tangi |
bilah dadi apa |
biyung-biyung mèh bilai |
samy gumujêng sadaya ||
82. Kulawirya angampêt guyunirèki |
sarwi angandika |
wong moro nora ngêdohi |
dhapurmu kaya kaluwak ||

459 Pocung

1. Nora urus ambakna jirih kêlangkung |
tan kêna kumrosak |
lumayu aniba-tangi |
kur sun-balang bugêl bae katon macan ||
2. Sru gumuyu Nuripin sarwi umatur |
sampeyan punika |
adamêl guguping ati |
sakit dhadha-kula kongsi babak-bundhas ||
3. Inggih sampun malih-malih kadya kang wus |
anggugupi manah |
tan ilok ngêgèt-êgèti |
ah si Cêblung andadak dhawuh parentah ||
4. Ginaguyu marang putra kalhipun |
Jèngrêsmi ngandika |
inggih ta lah kadipundi |
wong angalih pangraos puniku paman ||

5. Sababipun saking punapa witipun |
kang paman lon nabda |
mangsa bodho (ng)gyan muradi |
apan durung anêmu murad manira ||
6. Alon muwus Jèngrêsmi inggih puniku |
kapêcatan iman |
wit kagèt iblis nganjingi |
nut asihe dènya adamêl pangrasa ||
7. Milanipun Nuripin puniku wau |
bugêl katon macan |
dhasar osike kadyèki |
sadangune dènya jrih ngên-angên sima ||
8. Manthuk-manthuk kang paman sarwi amuwus |
layak ya mangkana |
wong jêrih kandhah ing eblis |
sêbab nora duwe dhêdhasar tawêkal ||
9. Alon muwus Jèngrêsmi inggih saèstu |
milanipun paman |
mênggah ngagêsang puniki |
kêdah sura lêgawa sabarang karsa ||
10. Lon matur Jèngraga mring rakanipun |
mênggah ing atitah |
kêndhêl lawan kang jêjirih |
kados mbotên kenging alilinton watak ||
11. Lon amuwus ya bènêr kaolmu iku |
yèn wus titahira |
kêndêl jêjirih wus takdir |
nanging kêna uga kalawan ihtiyar ||
12. Yèn wong iku apa gugulanganipun |
pan dadi wuruknya |
bodho pintêr kêndêl jirih |
iya wuruk kang dèn-aranni ikhtiyar ||
13. Dèn-têtau iku pangudining tuwuh |
pangalihing watak |
busuk praptèng pintêrnèki |
kang jêjirih prapta ing kêkêndêlira ||
14. Wus tartamtu saguna satata tau |
tuhu tahan tuman |
saban-saban wanuh wani |
wana wanèh wiwinihing anggugulang ||
15. Pan wus wuwuh-wuwuh atine tuwajuh |
nèng wana wulusan |
barang yèn durung nglakoni |

Jilid 8 - Kaca : 184

kèh ringgane was-was malah tan kadugi ||

16. Saking durung bae kalakon puniku |
yèn wus ta kalakyan |
nora nana kèlah-kèlih |
ingkang dadi pakewuh nora kewuhan ||
17. Alon muwus kang paman iya saèstu |
kadya muradira |
Jayèngrêsmi angling malih |
(ng)gih suwawi paman angupaya toya ||
18. Karya wulu Ki Kulawiryà amuwus |
wis aywa asusah |
manira dhewe ngulati |
sigra mentar Ki Kulawiryà ngupaya ||
19. Tan adangu Ki Kulawiryà andulu |
kang gènthong gèng sela |
tingalan isi warih |
nulya wangsul amojar mring putranira ||
20. Samya gupuh amurugi gènthong watu |
ngambil toya kadas |
nyawuk sarwi ancik-ancik |
wusnya jurudêmung nulya samya salat ||

460 Jurudêmung

1. Ragi akir wêktunira |
lajèng kamat rêbat pèrlu |
sabakdanya wêktu Luhur |
lajèng wêktu salat Ngasar |
wus antara bakdanipun |
Jèngrêsmi alon lingira |
lah suwawi paman laju ||
2. Anulya samya umangkat |
ngidul-ngilèn lampahipun |
ngambah taratab ngêlangut |
(n)jog dhusun ing Palêmahan |
tan arsa kampir ing dhusun |
masak wana garumbulan |
praptèng dhusun ing Sêmambung ||
3. Raryan sajawining dhadhah |
ka-anggongan arsa nginum |
wèning nyu kumêruk buntut |
Nuripin marang padesan |
ngilèni dawêganipun |
sakawan wus pinarasan |
katur ing bandaranipun ||
4. Wusnya nginum we dawêgan |
mucang nulya mangkat gupuh |

- sêdhêngan tinilar kantun |
 pan lêstari lampahira |
 nabrang lèpèn namanipun |
 Kêndhorog wus sinabrangan |
 lèncêng kewala mangidul ||
5. Praptèng dhusun ing Mamê nang |
 dhadhahe asri dinulu |
 raryan ing wêlahar watu |
 pinggir marga patêgalan |
 Jèngrêsmi alon amuwus |
 paran karsane pun paman |
 punapa rèrèh ing dhusun ||
6. Punapa lajêng kewala |
 wanci surya mèh sumurup |
 kang paman nauri wuwus |
 iya ta sakarêpira |
 kewala manira anut |
 mampir sanadyan banjura |
 paran saprayoganipun ||
7. Kang putra alon turira |
 prayogi kewala laju |
 tan susah ngupaya ranu |
 ngupaya gigisik padhas |
 ing atirakat pikantuk |
 pinggir lèpèn pêlabuhan |
 kang paman wus samya rêmbug ||
8. Nulya lon samya lumampah |
 satêngah onjot dohipun |
 praptèng gisik platar watu |
 pinggiring kêdhung wayangan |
 toyanya lèmpêr amuruh |
 platar pranti padhedheyan |
 yèn enjing sakèhing bajul ||
9. Wit kusambi gêng lan ingas |
 asingêr ngrêrongkob singub |
 wanci surya tunggang gunung |
 Jèngrêsmi alon ngandika |
 punika paman pikantuk |
 kêkadhar pinggir narmada |
 ing dalu têrang asamun ||
10. Angikis driya priyanga |
 tyas bombong samêktèng samun |
 kang paman nauri wuwus |
 iya pakolih utama |
 Ki Nuripin angacêmut |
 muwus ririh garunêngan |
 èh rada tuna thithik sun ||

11. Tirakat maksih kuciwa |
 Ki Jayèngraga amuwus |
 apa Nuripin ko(k) wuwus |
 matur ngungkrêt ulatira |
 inggih piyambakan muwus |
 mênggah lampah tirakatan |
 pan kirang utaminipun ||
12. Prayogi nèng padhusunan |
 pangraos kula pikantuk |
 tirakat ing rakêtipun |
 Kulawirya wruh ing cipta |
 nyat ngadêg sarwi amuwus |
 si Dicêprot anggêragap |
 patut dèn-cêmplungkên kêdhung ||
13. Dèn candhak cêg gulunira |
 jinorog-jorogên kêdhung |
 Nuripin anjumbul-jumbul |
 sarwi bêngak-bêngok sambat |
 dhuh bëndara kyai sampun |
 mangke kêcêmplung têmênan |
 ing kêdhung kèh bajulipun ||
14. Nuripin mêthakêl kêkah |
 dènnira angrangkul lambung |
 asru sambat biyang-biyung |
 dèn-wêngkang-wêngkang tan kêna |
 grêjêgan kringête kumyus |
 Jèngrêsmi mèsêm tumingal |
 Jèngraga suka gumuyu ||
15. Kulawirya latah-latah |
 sarya sru dènnira muwus |
 wis ta aja sru anggêlut |
 cokore ngêthapêl awak |
 mêngko ga padha kacêmplung |
 gya lukar kang jêg-ujêgan |
 Ki Kulawirya alungguh ||
16. Nuripin nyakêti lênggah |
 Kulawirya ngling gumuyu |
 bok di-mrono (ng)gonmu lungguh |
 kandhuan de sunantara |
 Nuripin sangsaya maju |
 lo lo dhasar rada buyan |
 tumutur ah botên purun ||
17. yèn têbih tyas tan pitaya |
 aluhung cêlaka lungguh |
 wontên rewange kacêmplung |
 dimèn kêdhahar ing baya |
 lo punika ting padhêngul |
 angambang mundhut sampeyan |

Jilid 8 - Kaca : 186

Ki Kulawirya anjumbul ||

18. Si Cêblung kapara edan |
wong dèn-tawakakên bajul |
bêcik (n)dhasmu pakan bajul |
umatur dede pabênan |
kang putra samya gumuyu |
Jèngrêsmi lan wuwusira |
punika istilahipun ||
19. Ing dalêm gêsang punika |
kang wus purun ing pakewuh |
wruh godha rêncanèng lampus |
tan wigih marang bêbaya |
puniku mênganing luhung |
yèn wus wanuh wanèng baya |
kalis saliring coba gung ||
20. Thikil sêmining mangunah |
kang sura lêgawêng lampus |
sami ugi paminipun |
Nuripin ajrih ing baya |
kadêrêng-dêrêng tan purun |
nyana bilai kewala |
tan winahyu kanthinipun ||

461 Kinanthi

1. Beda lan kang sampun wanuh |
ing coba kang bêbayani |
tan wruh yèn sajroning baya |
dadya marganing ngaluwih |
pratandha pratisthèng godha |
rêncana tan dèn-singgahi ||
2. Kang paman alon amuwus |
bênêr anakmas dera ngling |
tangèh yèn wong sumurupa |
arang kang bisa nglakoni |
liya ingkang kaidayat |
tawêkal marang bilai ||
3. Mangkana Hyang Surya surup |
wus manjing wêktu Mahêgrib |
samya ngambil toya kadas |
Nuripin ingkang ngadani |
nulya sunat kabliwatan |
ngapal-apalakên puji ||
4. Nulya kamat ngangkat parlu |
Jayèngrêsmi angimami |
sarêng dènnira aniyat |
usali tibaning takbir |
surat sawusing Patekah |

Jilid 8 - Kaca : 187

Kulya-ayu awalnèki ||

5. Idaja-a akiripun |
wus prapta tahyat kang akir |
bakda salat pupujian |
laju angatak kang dhikir |
anggantêr kalangkung rahab |
tri-atu kèndêl kang dhikir ||
6. Nulya (n)donga limang waktu |
laju samya surat Wabin |
wus paragat sunatira |
lajêng wêktu Ngisa-nèki |
wus antara salatira |
bakda praptèng sunat Witir ||
7. Sampune dènnira wêktu |
atata dènnira linggih |
kadhar ing sela palatar |
nèng tamba soring kusambi |
Jayèngrêsmi lon ngandika |
mring kang paman myang kang rayi ||
8. Mênggah lampahing wong luhung |
suka cinacad ing wadi |
sanès lan kang maksih bakal |
wong anom kang tan wrin wèsthi |
tan kengang winikalpa-a |
pangucap myang salah linggih ||
9. Ambêsur kaduk (n)dêlarung |
nurut pikire pribadi |
badan budine dèdaman |
andêdawa ulah sisip |
sêpala pamilihira |
malah lumuh ing kêjatin ||
10. Milane lèrês kang wuwus |
putranta Sèh Amongragi |
angibaratkên maklumat |
ingaranan ngadam mumkin |
saking ora maring ana |
marma maklumat puniki ||
11. Ingaran ngadam mumkinu |
aluwiyah watanèki |
dene kang ingakên rupa |
lan rupane takdir gaib |
matêngah kaol maklumat |
hakekat ingkang asya-i ||
12. Sakèh asya-a puniku |
saking maklumat kang dadi |
marmanipun kang maklumat |
ingakên rupa sajati |

lire rupa ingaranan |
akyan sabitah puniki ||

13. Ngalam padhang wastanipun |
saking cahya sipat kalih |
ingkang sipat jamal jalal |
marma maklumat puniki |
dadya alam uluwiyah |
nênggih rupa kang kariyin ||

Jilid 8 - Kaca : 188

14. Kasuluhan rupanipun |
ing sipat jalaling Widhi |
mêncurat kang cahya padhang |
saking sangêting birai |
cahya ingakên paèsan |
amuhung rupa kang jati ||

15. Nyata eloking Hyang Agung |
nênggih Dat Sipat puniki |
Sipat punika ngarahan |
pratingkahing Dat puniki |
wujudnya tan ing Dat Sipat |
paèsan kawan prakawis ||

16. Kang kocap karihin wau |
ingaran paèsan jati |
jatine paèsan jagad |
manusa isinirèki |
de kang paèsan manungsa |
apan ati isinèki ||

17. Paèsan ati puniku |
rohani isinirèki |
paèsan rohani ika |
pan Datullah isinèki |
ati minangka kurungan |
êroh kang minangka pêksi ||

18. Sir minangka krunganipun |
idhêp kang minangka pêksi |
têtêp rahsa wastanira |
dados manusa puniki |
lamun akurungan jasat |
kalbuning mukmin puniki ||

19. Minangka paèsanipun |
sintên ngulati Hyang Widdhi |
têbih lan sariranira |
kaliwat kawruhe nilib |
karana jisim punika |
têtêp mot kalih prêkawis ||

20. Wahya-jatmika puniku |
wahya pasênêtan pati |

jatmika kang pasênêtan |
rohani ingkang minihi |
puniku awis waspada |
lyan kang wus gambuh ing ngèlmi ||

462 Gambuh

1. Jayèngraga tumungkul |
kang paman anjêgrêg lon amuwus |
iya nora maoni mungguhing Dalil |
yèn mênggah rêrasan ngèlmu |
ngrasa luputing tumuwoh ||
2. Lamun eling ing ngèlmu |
barang pratingkah ngalam puniku |
kaya-kaya nora na kang mumpangati |
kandhêg dening aru-biru |
kaduwung kang wus kalakon ||
3. Jayèngrêsmi amuwus |
suwawi paman dhikir anungku |
utamane ing ratri tungtuming budi |
kang paman atanggap saguh |
miwah Jèngraga rumojong ||
4. Madhêp ing keblatipun |
rêmpêg wong papat samya tuwajuh |
nelakakên suhule kalimah kalih |
napi isbate tanajul |
anggantêr nora lèlagon ||
5. dènnya dhikir adangu |
satus tasbih ing antawisipun |
Ki Nuripin tan ambangkat (m)batêk dhikir |
sinambi rènggotan ngantuk |
nulyambruk turu (ng)galoso ||
6. Prapta ing têngah dalu |
dènnya tawakup ing dhikiripun |
wusnya jangkêp sadasa èwu tinêsbih |
nulya sakêlimah landhung |
winot ing sanapas amot ||
7. Sasampunira rampung |
sumungku ing pangkon atêpakur |
Jayèngrêsmi anggrus ngrês karasèng galih |
inane jiwangganipun |
nalangsa sarya mêtuh loh ||
8. Pangikisira wimbuh |
pagut lan tis-tis nyênnyêtung dulu |
kasêrawung ing khêdasih munyèng ratri |
kadya tangising kawlas-hyun |
kèh sêbawèng tidhêm kayon ||

Jilid 8 - Kaca : 189

9. Kokolik lan tutuhu |
bênce cangak cabak cucuwiyun |
uwêg t êk êk g êmak bêranjangan bintit |
gurindan mêliwis bubut |
othe-othe lan thongthongsot ||
10. Muwuhi tis-tising kung |
mangkana kang sami apitêkur |
luwar saking tuwakupaning Hyang Widdhi |
Ki Jayèngrêsmi asêgu |
wus samya mapan alunggoh ||
11. Kulawirya andulu |
mring Nuripin angling ih si Bêthuh |
panyanaku saking panane adhikir |
jawane banjur anggugur |
si Di-guguwok andhêkok ||
12. Angorok sênggur-sênggur |
kaya kêbo disêmbêlèh esuk |
samya mèsêm putra kalih myat Nuripin |
Jayèngrêsmi ngandika rum |
inggih punika kang ngorok ||
13. Nuripin (ng)gih puniku |
nênelakkên caritaning ngèlmu |
pangkatipun titah agêng lawan alit |
apan sampun bunuhipun |
wong cilik kêdah andhêkok ||
14. Paman tiyang puniku |
titah apan wontên tandhanipun |
titah alit mung tilêm kang dèn-karêmi |
yèn mêtala tapanipun |
mung cêgah pangan kemawon ||
15. Tan sagêd cêgah turu |
sababipun dede pandumipun |
lamun janma tinitah luhuring budi |
kêdah karêm bukti tuwuk |
tawêkal tan guling wangon ||
16. Cêgah turu tan ayun |
tan kaduga cêgah buktinipun |
ingkang dadya ngamalipun mêlèk ratri |
punika panêngranipun |
lambat luhur lawan asor ||
17. Pan titahing tumuwuh |
ing agêsang tuna untungipun |
yèn wong datan takat cêgah nadhah guling |
siyang dalu mumah-mumuh |
marêgi pangan angorok ||

Jilid 8 - Kaca : 190

18. Siyang dalu amuput |
anjêjêli notol mangan turu |
nora duwe pangulatan lyaning bukti |
tiyang makatên puniku |
tuna uripe tur bobrok ||
19. De kang alamat luhur |
tawêkal cêgah mangan lan turu |
apan datan sawiyah-wiyah binukti |
anjungkung mêlèk ing dalu |
sinung luhur tan kêna sor ||
20. Puniku pancènipun |
bangsa luhur tan karêm aturu |
pan kabuka barêng sêdyane agampil |
asidik graitanipun |
andana warih mulyèng (n)don ||

463 Asmaradana

1. Ki Kulawirya ngling aris |
abênêr riwayatira |
wong mono yèn wus palale |
kudu takdir bangsa andhap |
mrih luhur nora bisa |
yèn wus titah bangsa luhur |
panggayuhe mring utama ||
2. Bêcik kauripanèki |
Jèngraga nambungi sabda |
upami sami-samine |
tan nadhah lawan tan nendra |
kang turu datan mangan |
ingkang mangan datan turu |
punapa kaote paman ||
3. Ki Kulawirya nauri |
lagi duduga-manira |
karone pan padha bae |
kaya bêcik wong tan nendra |
wadhagane kewala |
jroning wêngi kèh kêrungu |
karana mêlèk tan nendra ||
4. Wa-mono wong siji-siji |
ingkang kaduga tan nendra |
ana kang kaduga ngêlih |
êmbuh ta pakolèhira |
Jayèngrêsmi ngandika |
Jayèngraga pitakonmu |
bênêr andikane paman ||
5. Nanging ta wong iku thithik |
sarèhning abangsa êngam |
amrih ing sidhang-siringe |

Jilid 8 - Kaca : 191

- pinèt dhangane kewala |
 prayoga linampahan |
 aywa nyidrani ing dalu |
 ywa nyidrani ing raina ||
6. Ywa nyidrani ing sasami |
 ywa nyidrahi dhawakira |
 ya patang prakara kuwe |
 padha sipating Pangeran |
 kuwasa wèh duraka |
 yèku prasasat satuhu |
 Hyang Suksma ingkang satmata ||
7. Kang rayi umatur aris |
 kang pundi liripun cidra |
 Jayèngrêsmi lon wuwuse |
 ingkang dhihin cidra marang |
 ing rina lamun nendra |
 kaping kalih cidranipun |
 ing dalu lamun mêmangan ||
8. Ping tri cidraning sêsami |
 barang wuwuse tan nyata |
 ping pat cidra mring dhèwèke |
 mumurung cipta kang tama |
 kudu mrih tumêmênnya |
 mring patang prakara iku |
 dene tumêmên mring rina ||
9. Anadhah nging aywa guling |
 tumêmênning mring ratrinya |
 nendra ning cêgah mangane |
 tumêmêning mring sêsama |
 nêkani pasanggupan |
 tumêmên mring dhawakipun |
 nyiptakkên cipta raharja ||
10. Iku prêdapaning urip |
 sêmi narik kaluhuran |
 yèn kaya mangkono trape |
 kang rayi sasmitèng paman |
 sarya winor guyunya |
 Ki Kulawirya gumuyu |
 sarwi alon angandika ||
11. Dudu basan sidhang-siring |
 dudu pangkate ngam-ngaman |
 pan iku bot-boting abot |
 dudu cocomprèngan |
 pan tapa têtêmênan |
 pira-bara kabèhipun |
 bisa-a salah sajuga ||
12. Wus kalêbu wong utami |
 yèn kongsi sajêg (ng)gènnira |

wong putut kêna linakon |
Jèngrêsmi alon ngandika |
inggih mêkatên paman |
anjawi kang wis winahyu |
yuning dhangtan tan pinalang ||

13. Lamun pancèning acilik |
tan kadugi pisan-pisan |
mung ngrêbut turu pangane |
puniku panêngranira |
sanadyan bangsa andhap |
bêtah angantêpi ilmu |
kawan prakawis punika ||
14. Tandha tabiyat miwiti |
kaluhuran sakadarnya |
wiwinih bangsa kamuktèn |
tan dumèh trahing ngawirya |
kalamun tan kadyèka |
angung wag-wêg mangan turu |
yêkti nut tabiyat kumpra ||
15. Upami godhonging kitri |
tan jênêg nèng sêsananya |
(nd)dêlalahe kédah rontog |
asingsal saking kawiryan |
ngêlarah anèng lêmah |
tan turuh rêmbêsing madu |
wiji wijiling ngatapa ||
16. Kang paman nauri aris |
iya bènêr mojarira |
lakuning wong urip kiye |
nanging arang ingkang kêlar |
kang kadya derahira |
kêjaba kaetang guru |
kakangira Sèh Mongraga ||
17. Inggih bisa anglakoni |
wirayat patang prakara |
malah ngoncori bangête |
marang ing kono anakmas |
Jèngraga nambung sabda |
pan inggih sayêktosipun |
tan wontên kadya kakangmas ||
18. Jayèngrêsmi ngandika ris |
wus tan kêna winicara |
yèn kakangmas kang lungandon |
sun-rasa saya kêgagas |
mring kangmas Sèh Mongraga |
dadya mène kang cinatur |
angungun mring Amongraga ||

Jilid 8 - Kaca : 192

19. Samya sayah mangsa arip |
ing wanci lingsir anggagat |
bangun nyênyêt sidhêm kayon |
aririh dènnya rêrasan |
angganya kasayahan |
rêrasan sarwi angantuk |
Kulawirya Jayèngraga ||

20. Rènggotan gênti ngantuki |
Jayèngrêsmi layap-layap |
samyakaraos aripe |
caturan sarya dhat-dhatan |
nauri liru ada |
kagyat Nuripin anglindur |
katon binêlabak toya ||

464 Balabak

1. Jêlih-jêlih Nuripin lir dèn-patèni |
sambate |
aduh biyung tulung-tulung sarwi asru |
tangise ||

2. Kulawirya Jayèngrêsmi Jayèngragi |
karine |
samyakagyat sadaya nyana bilai |
gugupe ||

3. Kulawirya Jèngraga ngadêg sarigak |
tandange |
sru tatanya iku geneya Nuripin |
mulane ||

Jilid 8 - Kaca : 193

4. Ki Nuripin angrantuh mêksih anangis |
ature |
apan kagum inggih (ng)gèn-kawula ngimpi |
yêktose ||

5. Pan katingal kawula dèn-êmplok bajul |
gèwêle |
pan binêktèng toya mangandhap mênginggil |
puruge ||

6. (ng)Gèn-kawula gêmbar-gêmbor jro pangimpèn |
yêktose |
datan wontên ingkang nulungi satunggil |
wêlase ||

7. Kulawirya gumuyu sarwi anyandhak |
githoke |
dèn-ngêl-ingêl Nuripin dèn-gêgêblogi |
awake ||

8. Sarwi muwus ih ambakna wong andhêkok |
polahe |

- (n)-jêpluk-(n)jêpluk anggêmbor ngagèt-agèti |
dilèngèng ||
9. Nulya lênggah Ki Kulawirya alatah |
guyune |
Ki Nuripin marak sarwi garundêlan |
wuwuse ||
10. Anèh tèmên wong angimpi dèn-dukani |
ladake |
anèng krajan nèng alas tan dèn-marèni |
kêrênge ||
11. Suwe-suwe grunênge sangsaya ririh |
klêsike |
wusnya mênêng ngalêsik lajêng angantuk |
cêkluke ||
12. Jayèngrêsmi angandika lan Nuripin |
bêcike |
anithika gêni (n)dadèkkên bédhiyan |
dèn-age ||
13. Tan nauri Nuripin eca angantuk |
rènggote |
Kulawirya anêntak marang Nuripin |
wuwuse ||
14. Apa dhêngkêk dene (n)dablêg nora gati |
kinèngkèn |
Ki Nuripin gragapan matur èh kula |
napane ||
15. Samya sru gumuyu miyarsa Ki Nuripin |
ature |
Kulawirya angling angling e e Nuripin ngantuk |
jawane ||
16. Kèn-anithik dadèk gêni urub-urub |
gawene |
Ki Nuripin authi sigra anithik |
gênine ||
17. Amèt rumbut angupaya ipil-ipil |
kayune |
wus andadi dènnira adadèn gêni |
urube ||
18. Kantar-kantar padha nèng kêdhung Bayangan |
pinggire |
katrinira kêmanjon tan antuk guling |
aripe ||
19. Samya angêlinting têmbako lan mênyan |
udude |

Kulawirya ngling èh Nuripin sirèku |
mêngkone ||

Jilid 8 - Kaca : 194

20. Sun-lintingkên Nuripin matur (ng)gih-inggih |
bungahe |
nulya karya pangrokoke dèn-dodoki |
jêmbute ||
21. Wusnya dadya sinungkên marang Nuripin |
ge age |
tinampanan sarwi matur nuwun-nuwun |
lèh gawe ||
22. Ingêmpakkên ngêmpar krêngês sêng-sêng sangit |
ambune |
apan katur lintingan wulu kasêrot |
jêmbute ||
23. Pan kasêlak-sêlak malêbu ing têtak |
watuke |
Nuripin rokoke dèn-iling-ilingi |
suwene ||
24. Sarwi muwus iki apane kang sangit |
rasane |
lilintinge anulya dipun-udhari |
wuwuse ||
25. Iki apa Ki Kulawirya nauri |
lah kuwe |
bako kêmpung simbaring kawêt landhungan |
ya kuwe ||
26. Ki Nuripin ngrêti yèn dudu têtak |
rupane |
mungkok-mungkok ênèk kudu arêp mutah |
umore ||
27. Kaprès jêmbut Nuripin anggabêr-gabêr |
lambene |
garundêlan Nuripin sarwi alatah |
guyune ||
28. Akèh têtên parikane bok wis jêmbut |
cêkake |
padha ngêrti mangkono bae ya uwis |
blakane ||
29. Kathik simbar kathik kêmpung kathik landhung |
kawête |
Kulawirya gumuyu sarwi ngidoni |
cah-cohe ||

30. Ki Nuripin mingkar-mingkur ngling ih biyang |
ladake |
idu montên punapa botên asukêr |
amise ||
31. Kênèng idu bathuk irung dèn-usapi |
bêbêde |
Kulawirya amuwus èh Si Nuripin |
bêcike ||
32. Andongènga sapintêr-pintêrmu bae |
dèn-age |
matur botên sagêd lamun (n)dongèng-(n)dongèng |
bodhone ||
33. Kulawirnya nyêntak Nuripin pinêksa |
dongènge |
Ki Nuripin dhêlêg-dhêlêg ngeling-eling |
omonge ||
34. Lah dèn-gupuh sadhengahneya gotèkmu |
pamrihe |
tamba êlèk yèn turuwa kêtanggungan |
wayahe ||
35. Ki Nuripin adhèhèm watuk asêgu |
(m)bêgènggèng |
Ki Wirya ngling si Dhêplok lir wong rêp maca |
dhèhème ||
36. Nulya wiwit ngomong wau Ki Nuripin |
andongèng |
wontên randha lan dhudha cêlakan linggih |
nèng ambèn ||
37. Ni randha ngling ki dhudha payo badheyen |
ngong duwe |
kanthong cilik tan ana bisa (n)jajagi |
kandhase ||
38. Ki dhudha ngling êndi kaya pa kanthonge |
rupane |
lan sêpira jêmbar rupêge kanthongmu |
dawane ||
39. Anauri namung sanyari rong nyari |
kabèhe |
sun-isèni raja-brana nora kêbak |
lawase ||
40. Anèng jawi gya ki dhudha randha mijil |
karone |
anèng kandhang angangkrang lir suthang walang |

Jilid 8 - Kaca : 195

dhêngkule ||

41. Pan ki dhudha andhosok tan etung ilang |
anggrise |
dalah lopak-lopak sêlakane imbuh |
ilange ||
42. Kulawirya muwus lo jêg kaya aku |
gajêge |
nyandhak tumpêr sinawatkên Ki Nuripin |
lupute ||
43. Angindhani krèngkangan ngêbutkên bêbêd |
gênine |
kêbut-kêbut salong kobong dèn-usêki |
bêbêde ||
44. Gêrundêlan adat têmên sok-niwasi |
guyune |
enèm mula nora dèn-marèn-marèni |
ladake ||

465 Sinom

1. Yata kang samya gaguywan |
sadalu tan antuk guling |
ing wanci bangun anggagat |
palilahing pajar gidib |
sumilaking kang langit |
mancur lintang panjêr-esuk |
gumuruh swarèng rijal |
myang kluruk sawung mêlingi |
jêgigèring sata-wana mawurahan ||
2. Kongkang ngungkung nèng pangrongan |
srigunting lan cingcing-goling |
mrak nguwh nyêngungong ngakak |
angkuban barung kêdhasih |
branjang kêjêr munya sri |
bênce cagak cucuwiyun |
têkak cabak cêkroan |
tuwu kokolik angikik |
kang brêkutut anduduk lêlayu raras ||
3. kathah swabawaning mangsa |
mangididing maruta tis |
ima mawêr kawistara |
rumêmbè sri ngawiyati |
suluh sumilak putih |
ujwalèng wintang awêlu |
akucêm ewa marang |
kênnyaring rat amurwani |
pangikaling tédhuh birate kasunar ||

4. Kandih dening prabaningkang |
 Hyang Harunarsa amijil |
 karya langêning ngawiyat |
 lir pendah rinênggèng sungging |
 mega malang malêngki |
 sêmu bang drawêla sungsun |
 ima-rêngga mawarna |
 angrênuh tung-tung arangdi |
 wênèh ima sap-sapan anisik mina ||

5. Kang lir kabuling wusonan |
 mega bang lan mega putih |
 kadya pulas tinurutan |
 kapuranta dadu wilis |
 paul rêmu arêmik |
 wungu lamuk mega biru |
 lir tilam kêpandaman |
 pajanging wiyat muryani |
 ima maya kadya wastra ing sampiran ||

6. Mimba rêmbêting diwangga |
 manjêthi raras kumitir |
 lir lungsir rangrangan sutra |
 alilirangan tulya sri |
 tan wun wuryaning kawi |
 pajar gidib waktu Subuh |
 Jayèngrêsmi ngandika |
 paman sêdhênge ngastuti |
 wêktu Subuh utami kang mêksih awal ||

7. Ki Kulawiryâ anabda |
 iya sêdhênganing wanci |
 lah payo padha akadas |
 gya samya mêt toyastuti |
 Kulawiryâ sêsêni |
 nguwuh mring Nuripin nuduh |
 sira ngambila toya |
 ing bathok ngong karya cawik |
 Ki Nuripin sigra mêt toya bêlungkang ||

8. Angucap èh iya ta lah |
 bok nguyuh sisan ing kali |
 pêrlu (n)dadak kongkon mring wang |
 tan nganggurakên wong linggih |
 nulya katur kang warih |
 Ki Kulawiryâ amuwus |
 kene sun cewokana |
 Nuripin maju sarya ngling |
 kêbangêtên prentahe mring wong tan lumrah ||

9. Wuwuse acalumikan |
 tan kongang cewok pribadi |
 guthule gya tinuruhan |
 tangane kiwa ngosoki |
 (n)jingkat tangan nginggati |

bêthuran santêring uyuh |
Kulawirya lingira |
lo aja lunga Nuripin |
èh wong durung nguyuh (n)dadak cinewokan ||

10. Sarwi pundhake cinandhak |
tiniyung tan kêna têbih |
Nuripin nora nglêgawa |
bêbêd kêbês dèn-uyuhi |
(m)bêrabas sikilnèki |
Nuripin anjumbul mundur |
sarwi njêlèh ah biyang |
bêbêd-bêbêd dèn-uyuhi |
kawangêtèn (n)dara kyai sêmbrananya ||

Jilid 8 - Kaca : 197

11. Kulawirya latah-latah |
modar kowe sun-uyuhi |
jêr lèhmu nuruhi calak |
durung nguyuh dèn-cewoki |
Nuripin kidih-kidih |
anguconi bêbêdipun |
gumrênêng garundhêlan |
nora têpa-têpa pikir |
bok dhèke dèn-kènèkêna mandahneya ||

12. Mênthungi uwong sakala |
tan ana maklume thithik |
mèh sêparo jaritingwang |
têlêse kang dèn-uyuhi |
Ki Kulawirya angling |
grundêlan apa ko(k) wuwus |
sarwi nyirati toya |
Nuripin malês nyirati |
sacawukan sigra lumajêng akêbat ||

13. Kulawirya ngling ya iya |
rasakna mêngko Nuripin |
nulya ngambil toya kadas |
wusnya adan Jayèngragi |
suntat ngamal pupuji |
Ki Kulawirya sunat wus |
kang paman ingancaran |
majêng kinèn angimami |
nulya majêng ngimami Ki Kulawirya ||

14. Ngangkat usali parêlan |
Subêki rêkangatèni |
ada-an imaman lilah |
-i tangala lajêng takbir |
wêwacan suratnèki |
sawuse Patekahipun |
suntat Inna anjalna |
akire surat Watini |

rêkangat kang akir dêge kinunutan ||

15. Wus tartib kalih rêkangat |
pupujian lajêng dhikir |
sawuse dhikir andonga |
pêragat dènnya ngabêkti |
Jayèngrêsmi nglingira ris |
wawi mumpung enjing laju |
kang paman lon lingira |
prayoga sarèhna dhingin |
kêrana kali tan kêna sinabrangan ||
16. Anganti wijiling surya |
sêdhêng prapta kang nambang |
lan iki nuju pasaran |
Mamê nang pasare Paing |
yata sami anganti |
Hyang Haruna wijilipun |
sumirat mènèh raina |
sêmu bang ima ngawêngi |
kasorotan ujwalaning andakara ||
17. Anrang-rangi ing akasa |
Hyang Surya malêthèk mingip |
sêparo kadya iriban |
sangkribing wanita nitik |
mukaning dyah sêpalih |
nèng wêngan duk mungup-mungup |
sumilak kawistara |
tantara mêtihar nêlahi |
angalela lilir lèkêring wadana ||
18. Haruna rungrung rumangsang |
ngênani tang wana wukir |
kali lumarab anglirab |
bayanya kèh ngambang minggir |
anggabag mudhik milir |
miwah kang samya mancungul |
pênuh kêdhung Bayangan |
baya bayak anèng warih |
èsthanira kadya samya anêmbrama ||
19. Marang kang samya tirakat |
yèn ngucapa mituruti |
priyayi ngupaya kaka |
lêhêng abaliyèng ngriki |
kadi tan bisa panggih |
kakanta tan nêdya mantuk |
yèn etunga ing lampah |
tuwas kangelan nèng margi |
kang mangkana miyangga lamun ngucapa ||
20. Ki Wuragil Kulawirya |
muwus sasmitèng Nuripin |

Jilid 8 - Kaca : 198

nudingi buaya ngambang |
Nuripin mèlu nudingi |
ika apa Nuripin |
bajul ngêlih arsa naut |
anguntal marang sira |
Nuripin nirokkên angling |
dèn-gigiris Nuripin niru kewala ||

466 Girisa

1. Jayèngrêsmi lon ngandika |
suwawi paman mahawan |
payo yayi Jayèngraga |
kang liningan kalihira |
agêpah adan umangkat |
saking ing kêdhung Bayangan |
nginggil prênahing sabrangan |
angidul limang pêmbalang ||
2. Numpak baita taripan |
wong papat samya anabrang |
sarêngan wong apêpasar |
wus nabrang ing pêlabuhan |
laju kewala nut marga |
galêng têpining pagagan |
pala sringing patêgalan |
kasimpar kapêndhêm miwah ||
3. Sawarnining jêjanganan |
pinagêr wuluh risigan |
têgale wong Majarata |
kalangkung asri kawuryan |
gaga anggênggêng rumagang |
du galêng têgal pégagan |
pinggir sinalisir gawar |
mêripit carang lanjaran ||
4. Kêcipir kacang dhung-dhungan |
kara kêrai sêmangka |
jêwawut jagung kimpulan |
lombok terong wijèn jarak |
têmbako tompulu kapas |
têgal wiyar bêbanjêngan |
pinggir kinirihan toya |
kumriwik atutulakan ||
5. Yata kang samya lêlampah |
andarung ra-ara wiyar |
wus siyang tumiling surya |
ngambah wana têrataban |
musakat rêkasèng lampah |
panasing Hyang Andakara |
gumamplêng mêmpeing apanas |
tumapak lèbune panas ||

6. Tan wontên toya katingal |
 nasak pêngalang-alangan |
 nampêg sumuke apanas |
 samyanggong gêrah katoran |
 ing ngarsa tumingal desa |
 ragi kapering ing mêrga |
 kasèyuban ing karoya |
 sinêngka glis sadêdêlan ||
7. Anyidhang nyimpang ing marga |
 Nuripin abêntayangan |
 ngrêsula sêsambat panas |
 bilah panase tan lumrah |
 dingarèn panasing surya |
 ngisor panas dhuwur panas |
 tan ana manuk bri nglayang |
 bok sèdhum têka sadhela ||
8. Jèngrêsmi mèsêm ngandika |
 Nuripin sira ngrêsula |
 tan bêtah rasaning panas |
 jare ujure wirayat |
 caritaning pra ngulama |
 kêlawan panas ngakirat |
 tikêl pitung mene panas |
 maksih panas ing akerat ||
9. Kulawiryia nambung nabda |
 ya Nuripin wruhanira |
 lèhmu ngrasakkên panas |
 lagi manjêre kewala |
 durung sok-sokaning kerat |
 besuk yèn sira nèng kerat |
 kepanasên (n)dhasmu pêcah |
 anjêblug utêkmu mili ||
10. Kabèh abêcik kewala |
 mung sira dèn-panas dhawak |
 sajège tan sinung luwar |
 malah sèlèt bangêt panas |
 Nuripin matur plêrukan |
 ngandika asiya-siya |
 punapa namung kawula |
 ingkang duraka priyangga ||
11. Thok thil namung jasat-kala |
 Kulawiryia ngling lah iya |
 Nuripin matur (n)dah puna |
 bara-bara ngur kawula |
 tinimbang kalawan ingkang |
 angingkrang anèng pêpalang |
 Kulawiryia kagyat miyat |
 sarwi anggêrèwal lêmah ||

12. Nuripin lumayu gancang |
 binalang akêdhungsangan |
 wangsul praptèng ing dèdalan |
 Jèngraga gumuyu mojar |
 Nuripin rada cilaka |
 arêp glis nèng pangauban |
 wêkasan kasuwèn panas |
 yata kang sami mahawan ||
13. Wus prapta kang pinaranan |
 ngisoring kaywagung gurda |
 raryan sêndhang pinggir desa |
 ing Pakudèn cêlak wana |
 samya nèng ngandhap karoya |
 samya so ayêm gya siram |
 karaos rahmating badan |
 wus samya lajêng akadas ||
14. Nuripin prapta gya-agya |
 cucul byur ambyur ing sêndhang |
 wusnya dus angambil kadas |
 sadaya samya sêmbayang |
 sabakdanira asalat |
 Jayèngraga ris ngandika |
 Nuripin sira mentara |
 mring desa angupaya-a ||
15. Bubucu manawa ana |
 lan dawêgan kang sêdhêngan |
 ngilênana kang prayoga |
 Nuripin matur sandika |
 gya mentar mring padhusunan |
 nêmbung lan patingginira |
 agupuh ingkang liningan |
 tan susah mawi tinumbas ||
16. Samêkta kadya sugata |
 bubucu saulamira |
 dawêgan pat pêparasan |
 anèng dhulang panjang ilang |
 gupuh prapta ngarsanira |
 kadhêpêk kidhung trapsila |
 ngusap-usap baunira |
 sarwi bukuh aturira ||
17. Punika kang sumapala |
 sêkul sananjung katura |
 toya kumringêt satèsan |
 supaya aring katoran |
 sumangga jêngira lurah |
 Jayèngrêsmi ris ngandika |
 kang pêtinggi sugatanta |
 (ng)gèh bangêt tarima mara ||

Jilid 8 - Kaca : 200

18. Samire godhong binuka |
 kang paman lan arinira |
 samya ingancaran nadhah |
 gupuh samya wiwijikan |
 adan lêkas kêmbul nadhah |
 sêmu kalantih ing mangsa |
 pikantuk dènnira samya |
 abukti kang pasugatan ||
19. Wusnya nutug cinarikan |
 Nuripin nadhah lorodan |
 pan ibut pamanganira |
 acakut dhokoh agagah |
 dhasar sakesuk tan mangan |
 kêlalèn nora têtawa |
 têlas tan kari saupa |
 lawuh myang dawêgan bebas ||
20. Kulawirya gumuyu jar |
 Pin paran wus wruh maring wang |
 Ki Ripin (n)bêkuh turira |
 mriksa malih tiyang cêlak |
 pratela sapolah tingkah |
 Kulawirya ngling kêparat |
 andadak kobêr anggarap |
 sarwi ambalang balungkang ||
21. Kêna dhêngkule anjola |
 Jèngrêsmi mèsêm ngandika |
 èh kakang pêtinggi desa |
 wus sangêt tarimaningwang |
 dènnira dana bojana |
 kang liningan nuwun turnya |
 lah wis manira mit mentar |
 manirarsa ngraras driya ||

Jilid 8 - Kaca : 201

467 Mijil

1. Ki patinggi (n)dhêku turira ris |
 sumanggèng karsèng don |
 inggih (n)dhèrèk wilujêng lampahe |
 angling malih tuduhna kang êndi |
 margane kang bêcik |
 jujuge kang gunung ||
2. Matur inggih kang margi puniki |
 ngêncêng mring Kêlothok |
 ardi Klothok guwa Selamanglèng |
 yèn wus ngidul-ngilèn punang mêrgi |
 sisimpanganèki |
 mangilèn kang anut ||
3. Botên wontên margi malih-malih |
 jujuge mring Klothok |
 mung simpangan satunggil mangilèn |

- Jayèngrêsmi angandika aris |
 padha (n)dum basuki |
 ki pêtinggi muwus ||
4. Katri sojar mit-amitan sami |
 (n)dan umangkat gupoh |
 pan tinurut pêtinggi tuduhe |
 wus kapungkur Pakudhon desaki |
 wanci lingsir rawi |
 panase tumapuk ||
5. Lêpas lampahira kang sêdyapti |
 mring ardi Kêlothok |
 prapta simpanganira mangilèn |
 aningali bêlik wenya wêning |
 cêlak saking margi |
 rarywan samya waktu ||
6. Salat Ngasar sabakdanirèki |
 laju mawan gupoh |
 kawit manjat ing ardi anètèr |
 dadya randhat lampahirèng margi |
 angkatêk sa-ari |
 suku samya rapuh ||
7. Sinêngkakkên lampahira nanging |
 tansah ngonjot-onjot |
 nulya prapta dhusun ing Pakuncèn |
 kang lumampah samya sêdya kampir |
 tan ana patinggi |
 namung kamisépuh ||
8. Kyai Wanatawa ranirèki |
 ki Nuripin gupoh |
 amanggihi sarwi atêlètèh |
 gupuh Wanatawa praptèng ngarsi |
 sarwi ngancarani |
 kinèn lênggah salu ||
9. Angandika aywa susah iki |
 ing kene kemawon |
 ngong ayun mring guwa Selamanglèng |
 yèn sambada lan kasdune kaki |
 untapna wakmami |
 kaki maring gunung ||
10. Kyai Wanatawa matur inggih |
 sampun walangatos |
 pan wus damêl kula ngatêrake |
 Jayèngraga Kulawirya angling |
 lah ya sokur kaki |
 jurukuncinipun ||

ingkang adhêdhepok ing rêdi Kalênglêngan, ijèn tanpa kanthi. Para tamu sinunggata asal mangunahipun sang pinandhita. Bab dunungipun Sèh Amongraga, namung paring sasmita: kadosdene sata (ayam) mèmèti ngupados patarangan. Samangke sampun wontên ing prênah kidul-kilèn nanging botên pèrlu dipun-susul, ing tèmbe badhe sami kapanggih. Sèh Ragayuni paring wêjangan bab: pralambang pamoring kawula Gusti, sarta pralambang ngagêsang kados tiyang kakesahan kampir ing margi, sarta panunggiling rasa kajatèn, têtênging salat, panganggêp dhatêng Pangeran, pangidhêping sawiji-waji, tokid jatining kasidan. Wasana Sèh Ragayuni paring katrangan dunungipun Sèh Amongraga tèmbeipun ing Wanataka. Ing tèmbe sadaya badhe sagêd kapanggih ing ngrika. Enjingipun sami pamitan kanthi sêsalaman. Ing wêkdal sadaya sami/rumaos salaman, sanalika Sèh Ragayuni musna botên katingal. Sadaya sami ngungun.
Kaca 202 - 218

Jilid 8 - Kaca : 202

467 Mijil

11. Kang liningan gupuh nulya rakit |
sangu karag gêmblong |
wus sinungkên Nuripin tinampèn |
myang dawêgan parasan cinangking |
umatur suwawi |
yèn kadalon laku ||
12. Nulya samya umangkat tumuli |
suku maksih apor |
ngantak-antak ing marga lampahe |
wus antara dangu nulya prapti |
wiwarèng guwa writ |
Selamanglèng luhung ||
13. Kathah rênggane sela ingukir |
Jèngrêsmi duk anon |
langkung ngungun angling jro driyane |
yèki patilasan Kilisuci |
caritane dhingin |
dhêdhalang anjantur ||
14. Sananing pandhita rara suci |
kadang kênya katong |
maha dhepok anèng Selamanglèng |
maksih walèh labêting ngaluwih |
gawok dènnya mêksi |
kang watu tinatu ||
15. Pilaring kori pinatra rêmit |
rapêt adon-adon |
cècèlèng têtundhag pipinggire |
pinangada dhêdhêkan lus linis |
pinipil lir rimpil |
sêsêmpilanipun ||
16. Ginapura teplok ngukêl pakis |
sinimbar tumpang ron |
pangubêding lung-lungan kanthète |

muwêr kadya panglêkêring luwing |
awingwing anggawing |
lir rêmêk dinumuk ||

17. Kèndêl anèng pacrabakan jobin |
dening sela kosok |
kalumutan lêgêtan wilise |
sumarambah mêlatar wêradin |
êmpuk lir linapis |
ing wastra sinungsun ||
18. Ingkang samya eca dènnya linggih |
sawusira aso |
myat pusparsa mayêng ngupayane |
lumaksana sadaya umiring |
maring taman wukir |
sangkêp liring santun ||
19. Anduk gandanira amrik minging |
kèh brêmara awor |
kariruru kawigaran dene |
ring sadpada myang kukupu mamrih |
nrawung warnèng sari |
bêlonthang bang wungu ||

468 Lonthang

1. Yata kang ngupaya tirta tan kapêdhak |
Jayèngrêsmi ngling maring Ki Wanatawa |
paran iki kaki de tan ana tirta ||
2. Matur inggih pabèjèn prênahira |
wah mêkatên langkung ing bégja paduka |
pan punika trêkadhang tan katingalan ||
3. Jayèngrêsmi sumpêg kuwatir tyasira |
laluring kadas dènnira sêmbahyang |
angandika kaki na ngèndi prênahnya ||
4. Ing pabèjèn age payo pinaranan |
nulya mudhun sakêdhik angalor-ngetan |
tan adangu kang ingulatan kapêdhak ||
5. Ranu nèng kulah sela pinatra ngrêmit |
patute sêgaran lêlawèh nglambe dang |
ingukir rintikan wêwêngkon lis-lisan ||
6. Kinubêngan sangkêp saliring sêkaran |
mêncêp wenyu wèning nèng kulah akilah |
Jayèngrêsmi anon kacaryan umulat ||
7. Endahing patirtan nulya sama kadas |
wanci Hyang Arka wus nitih ing ancala |
nulya agya wangsul malih marang guwa ||

Jilid 8 - Kaca : 203

8. Laju tumama maring sajroning guwa |
tambêning wiwara kang kidul rineka |
rêca naga manglung lir mijil saking rong ||
9. Jêrambahing guwa sela kumalasa |
rakite lir wisma watês winêtara |
tan patya wiyar watara nêm dhêpa ||
10. Sela lus sêdaya pinipil pêpatran |
myang nginggil langitanira pipilan |
ingukêl ngaluwêr ingunthuk cacingan ||
11. Myang pagêr kring kanan pênuh kir-ukiran |
rurujit angrawit bintulu mapraba |
tan ana sêlanya tinatu tinatal ||
12. Tetela lir kêmbang sêlaga gagangan |
guwa ing Selamanglèng asisinggêtan |
kang kidul singgêtanya kathah mawi lawang ||
13. Jêrambah jro-mahan antara rong dhêpa |
dene kang êlèr singgêtanya mawi lawang |
jêrambah antara jêmbare pat dhêpa ||
14. Kang pinggir kilèn wontên bale watangan |
sela lus lis-lisan amuput jêrambah |
gêngira sadhêpa lèr malih singgêtan ||
15. Têngahipun lawang jêrambah jro-mahan |
tri dhêpa wiyarnya pêsagi tulyèndah |
guwa Selamanglèng jrambahnya sêkawan ||
16. Lawang jro titiga lawang kang mring jaba |
kêkalih ingkang wetan lawang mring jaba |
yata kang samya salat anèng jêrambah ||
17. Wêktu Mahrib Jèngrêsmi kang dadya imam |
bakda salat Mahrib lajêng salat Ngisa |
sabên waktu samya gantya dadya imam ||

Jilid 8 - Kaca : 204

18. Bakda Ngisa wus pêragat sunatira |
nulya samya tata dènnya lilinggihan |
Nuripin anithik karya gêni diyan ||
19. Samya lêjar tyasira nèng guwa pandam |
Jèngrêsmi ngandika mring Ki Wanatawa |
kaki ngong têtanya punapi wontêna ||
20. Janma kang tirakat marene wong tiga |
ngawirya pêparab Ki Sèh Amongraga |
sabate kêkalih aran Jamil Jamal ||
21. Praptèng nèng guwa Selamanglèng manawa |
aturira kawula datan tumingal |

manawi ta saking tan uning kawula ||

22. Ingkang kadya pajar andika punika |
wontêna kawula matur pan bêlaka |
kang ana Sèh Mongraga kanthi sabatnya ||

469 Kinanthi

1. Yata kang samya alungguh |
nèng guwa dènyya nênpî |
apan namung kalih dina |
anèng Selamanglèng nênggih |
Jèngrêsmi alon lingira |
marang ki Wanatawèki ||
2. Kaki sun-tanya sirèku |
kene saluwaking ardi |
ana kang amaratapa |
pandhita ingkang linuwih |
Ki Wanatara turira |
pan inggih wontên satunggil ||
3. Anèng sapucaking gunung |
pucaking ardi puniki |
ardi Klothok pêkarêman |
sêpên tan kambah ing janmi |
awis ingkang uninga-a |
kadhang yèn wontên kêpanggih ||
4. Tan sagêd asalang muwus |
bisu kewala tan angling |
yèn wontên kang inujaran |
sêpakonipun pinanggih |
etangipun angsal bêgja |
yèn panggih kongsi sinung ling ||
5. Wastanipun kang palungguh |
Ki Dhepok Sèh Ragayuni |
manggyan pucak palêlêngan |
Jayèngrêsmi duk miyarsi |
mring ature Wanatawa |
sukèng tyas arsa pêpanggih ||
6. Wusana alon amuwus |
payo ta tuduhna kaki |
iya maring Kalênglêngan |
manira sêdya pêpanggih |
Ki Winatawa turira |
sumangga amba umiring ||
7. Dyan umangkat sing (n)gyannipun |
mudhun ngalèr-ngetan iring |
anikung ngilèn amanjat |
nut jagir lingiring wukir |
wanci gumatêl kang surya |

Jilid 8 - Kaca : 205

andharat sumêngkèng ardi ||

8. Amiyak gêlagah rayung |
nêrampat lang-alang aking |
ngatêk-atêk dènnya lampah |
ing margi kalangkung sungil |
sakêdhap rèrèn kaporan |
sanggon-(ng)gon dènnira linggih ||
9. Anênggêl sasêngkanipun |
lêlêmpong alêmpat-lêmpit |
ngambah wana pêjarakan |
jarak-cina angêbêki |
manjat arambatan jarak |
yèn raryan jarak ngayomi ||
10. Andungkap panjatanipun |
tênggêre pucaking wukir |
têlas kang wana kêkaywan |
kêkêndhit pucaking ardi |
ngasrama ing Kalênglêngan |
dadya babuyutan wingit ||
11. Kang samya lampah ngrêrantun |
kêsayahên anèng margi |
rêm-rêm samya mumucangan |
nèng sor kêkaywan kêlampis |
watês kêkêtêbing wana |
rêsik padhang sapênginggil ||
12. Gya manjat (n)dêdêr mandhuwur |
anênggèk sumêngkanèki |
anjambak sukêt mêrakan |
kêlangkung rêkasèng margi |
surup wanci wisan karya |
sumalêngêt panasnèki ||
13. Dhukut tinampakan lunyu |
sring kêplorot Ki Nuripin |
dadya gaguywan samarga |
mêrga lakune Nuripin |
gondhelan sacandhakira |
yèn jêbol kêplorot têbih ||
14. Yata wau kang palungguh |
ing dhepok Sèh Ragayuni |
tanpa sabat tanpa endhang |
namung pribadinirèki |
tanpa wisma kêkampunggan |
anèng ing sanggar sasiki ||
15. Tan pati agêng kang tajug |
pêcak nêmbêlas pêsagi |
payonne êduk kakaban |
pagêr galondhong pring langking |

sinunduk pan ginêndèran |
jèjèr adu rapêt pipit ||

16. Lawang lèr lèrèganipun |
sami wutuhan pring langking |
tanpa bale palupuhan |
tiningalan saking jawi |
tan katingal pagêrira |
rinambatan ing pong-pongging ||

Jilid 8 - Kaca : 206

17. Papasan galing lung gadhung |
(n)jên-injênan sangga langit |
lêt-ulêtan kêsèmbukan |
adal-adal lan wêdani |
ngrêmbuyung ngêbêki sanggar |
dinulu muyêg awilis ||

18. Lir pangol sela ngalumut |
tan mungguh lamun nyanani |
yèn dadya sêsanèng janma |
saking sintruning awingit |
kang nèng sanggar pamisikan |
Ki Dhepok Sèh Ragayuni ||

19. Arakit palungguhipun |
ngadhêp dhadharan mawarni |
kanan kirine jilidan |
satumpuk jilidan Jawi |
satumpuk jilidan kitab |
angapit ing kanan kering ||

20. Tan mawi kêlasa lungguh |
palupuh kewala apik |
kalimis labêt wus kawak |
yata kang sumêdya prapti |
pucak arga Kalênglêngan |
wus dènnya anduduk margi ||

470 Mègatruh

1. Nulya prapta Jayèngrêsmi lampahipun |
lan kang paman myang kang rayi |
Ki Wanatawa nèng ngayun |
kang dadya grêmaning margi |
pitêdah prênahing dhepok ||
2. Matur lah punika inggih dhepokipun |
napak palataranèki |
rêsik tan na rumputipun |
sela kumalasa radin |
kadya pakêkêsaning wong ||
3. Anglulumut lègêdan wilis dinulu |
kêlapa gadhing kêkalih |
kang minangka kèrinipun |

- rumpu mrakan ngrêmbyung nginggil |
kêkêtêb sêkar rêgulo ||
4. Gya tumama Jayèngrêsmi duk kadulu |
marang ing sang apalinggih |
uluk salamu ngalèkum |
nabda ngalekum salami |
rêrakêtan tangan gupoh ||
5. Gantya-gantya sêsalaman kang martamu |
Wanatawa myang Nuripin |
sêdaya wus kinèn lungguh |
santri wus prênah nèng wuri |
binagyan ingkang duk rawoh ||
6. Amangsuli pambagya panambramèng rum |
wau ta sang apalinggih |
jatmika tan kêna muwus |
samyang ngartikèng jro kapti |
lungit pasang ing pasêmon ||
7. Cup-cinupan sang tapa hardayanipun |
uninga lamating gaib |
cacalon mukmin kas luhung |
ing mangkya lagya nglêlari |
mring kadang ipe lungandon ||
8. Dhadhêmpalan rêhning tinuding ing laku |
mring sudarmanira kalih |
onêngira trêsnèng mantu |
myang sagotra sama asih |
mring kang sêdya utamèng don ||
9. Sanalika mène tan sarawung wuwus |
Ki Dhepok Sèh Ragayuni |
ragi kathah èsêmipun |
makung kajatmikan wingit |
dadya tan ana miraos ||
10. Jayèngrêsmi Jèngraga Kulawiryèku |
samyang micorèng jro galih |
sêmada gawat wong iku |
karya gawoking têtami |
kitabe sinandhing lunggoh ||
11. Lawan ingkang dèn-adhêp samaptèng suguh |
nyamikan sangkêp mawarni |
dudu carane wong gunung |
pasugatane di-adi |
cèrèt pinanggung nèng anglo ||
12. Dêgan pêparasan myang kèndhi bak ranu |
tan rewang jalu lan èstri |
bisa arakit sasuguh |

Jilid 8 - Kaca : 207

woh-wohan kang manis-manis |
myang lah-olahan sumaos ||

13. Jayèngrêsmi tumingal mring sang palungguh |
kêraos kakanirèki |
wusana kumêmbêng kang luh |
sira Ki Sèh Ragayuni |
myating têtamu ngêmu loh ||

14. Anêmbrama nênamur sungkawèng tamu |
nojarkên pasugatèki |
sumangga sawontênipun |
sumapala palèng wukir |
supaya ring ing kalêson ||

15. We nyu wilis tuwin sakarsa amundhut |
samyang mangsuli lingaris |
inggi ing sasêlotipun |
Jèngrêsmi rêsepung galih |
myat marang ingkang dhêdhepok ||

16. Pan inganti-anti dangu tan amuwus |
kêlangkung akung ing wadi |
mêngkana alon amuwus |
Jèngrêsmi mring sang palinggi |
marma kawula praptèng don ||

17. Wiyosipun kawula nuwun pituduh |
mugi paduka sung tuding |
inggi ing panggenannipun |
kadang sêpuh kawlas asih |
nglalana nis nir tang wartos ||

Jilid 8 - Kaca : 208

18. Karya kingkinipun ingkang kantun-kantun |
ramèbu myang garwanèki |
langkung sangêt kawlasayun |
kula kêtawan pun adhi |
myang paman samya ngupados ||

19. Lamun sampun praptèng mariki kang wau |
kadang kawula Mongragi |
ing mangkya pundi gyannipun |
yèn tan marêk yêkti mami |
nuwun pèthèk kang cumêplong ||

20. Sang palinggi Sèh Ragayuni lingnya rum |
inggi mangke bok-mênawi |
sagêd amangsuli atur |
kilap lèrês lawan sisip |
anakmas dènya mirangrong ||

471 Wirangrong

1. Prayogi sêsambèn dhingin |
supaya mari kalêson |

- punapa kinêrsan we-ning kang nyu |
 kang liningan aglis |
 samya ngalap dawêgan |
 inginum manis anikmat ||
2. Nulya sinung Ki Nuripin |
 amundhut nyamikan alon |
 sasukanya ngalap apikantuk |
 kang samya binukti |
 Sèh Ragayuni ngalap |
 manggis ginêgêm kewala ||
3. Wusnya dhêdhaharan sami |
 Sèh Ragayuni lingnya lon |
 anakmas tatanya kadangipun |
 ingkang lêlana nis |
 kawula tan pagutan |
 dèrèng wruh suwarnanira ||
4. Kang wasta Sèh Amongragi |
 nanging wus wor tunggal kawroh |
 jomblah nêng kanêngan lan ragèngsun |
 tan kuciwèng ngèlmi |
 tar samar sinamaran |
 sami dèrènge pêpanggya ||
5. Tan tingal-tiningal lair |
 wus cup-cinupan ing batos |
 Ki Sèh Amongragi tyas wus kupu |
 lan kawula yêkti |
 ing pandugi kawula |
 rakanta Sèh Amongragi ||
6. Laju ngêlalu lana nis |
 wus tan nêdya atatêmon |
 marang yayah rena tan lyan (n)dulu |
 mring Hyang Purbajati |
 jatmikaning kanêngan |
 nênênga sihing Hyang Suksma ||
7. Lir sata lagya mêmèti |
 pantuk patarangan manggon |
 lagya drês anigan nulya nungku |
 mangrêmi pangèksi |
 mrih tètèsing kasidan |
 tanggaling sih kêwaleyan ||
8. Wa-mêkatên niku sirik |
 anyênthok aibing Manon |
 pan lagya kinarsan de Hyang Agung |
 tan kêna pinêthik |
 walahu alam benjang |
 yèn karilan ing Hyang Suksma ||

Jilid 8 - Kaca : 209

9. Dene (ng)gènnipun samangkin |
nèng mêtangab kidul-kulon |
tan kenging cinêtha ing palungguh |
lamun dèn-ulati |
pan dèrèng mangsanira |
kêpanggiha ingulatan ||
10. Kakanta Sèh Amongragi |
lagya kinarya lèlakon |
puniku ing benjang garwanipun |
tumutur ing laki |
nèng jaman pamimikan |
kathah roncening rancangan ||
11. Lagya samantên ling-mami |
tan kêna wêdharing raos |
Jèngrêsmi duk miyarsa langkung ngungun |
katrinira sami |
Jèngraga Kulawirya |
bisik-bisik arêrasan ||
12. Paman wong puniku èdi |
tunggal pasang ing pasêmon |
lan putranta kangmas saliripun |
wuwuse patitis |
tan wontên kang sumêlang |
kadya sidik kang wêcana ||
13. Ki Kulawirya nauri |
layake iya mangkono |
wus waspadèng cipta ngong sirèku |
thithik rada blai |
polahira nèng marga |
padha nyalèwèng maksiyat ||
14. Mangsa wurunga kêtawis |
pêsthi kacupan ing batos |
mèsêm Jayèngraga bari suntrut |
anutuh kang uwis |
Sèh Ragayuni lingnya |
nyamun nyarakkên dhadharan ||
15. Dawêg anggèr kang dumugi |
sami krana lah kemawon |
punika kinêdhap sarbat arum |
sawontêning wukir |
karênan kang liningan |
samyah rahab dhêdhaharan ||
16. Katri karênan ing kapti |
dene sêsambèn aroyom |
Sèh Raga angandika lah puniku |
wedang mupangati |
ron kêmadhuh kaleyang |

lan gula rên sawatara ||

17. Ngrês linu pêngêling daging |
ngilangkên ing ngapor ngêthok |
tali wulu waras otot purus |
kêsêl aglis mari |
yèn kaur linêguta |
primbon nyatur dadi sarat ||
18. Katri mèsêm anginggihi |
kadosta lamun sayêktos |
puniku kaliyanging kêmadhuh |
paedah utami gya samya nginum wedang |
Jêngraga anggung rasa ||

Jilid 8 - Kaca : 210

19. Paman datan nyana mami |
lamun kleyanging kêmadhuh |
yèn mawi mupangat raosipun |
gurih tungtung wangi |
kula lagi punika |
mriksa raose kang wedang ||
20. Karênan Ki Jayèngrêsmi |
cipta jênêk anèng dhepok |
tyas sêdya ambapa mring sang wiku |
Ki Sèh Ragayuni |
uning kèjêping netra |
amêdhar jurudêmungan ||

472 Jurudêmung

1. Wancining surya gumiwang |
Sèh Ragayuni lingnya rum |
suwawi sami awêktu |
marang (ng)gonne we akadas |
samyâ mêdal saking tajug |
maring sêndhang pabêlikan |
margi anglèngkong tumurun ||
2. Praptèng sêndhang pabêlikan |
sêndhang Prawati rannipun |
ngandhaping sela gêng mangul |
sêndhangnya mila andrawas |
marang sor (n)jog jurang parung |
yata kang samya akadas |
sawusnya dènnira wulu ||
3. Wangsul minggah praptèng langgar |
samyâ wêktu salat Luhur |
Sèh Raga ngimami ngayun |
pêragat dènnya asalat |
samyâ tata malih lungguh |
wus samya cipta wor driya |
tan wangwang osiking wuwus ||

4. Jayèngrêsmi rum tatanya |
 mring Sèh Ragayuni luhung |
 kawula kyai nunuwun |
 rèh bodho tanpa tuduhan |
 mugi paduka sung tuduh |
 praptèng padhanging tyas-kula |
 ngagêsang geyonganipun ||
5. Ki Sèh Ragayuni nabda |
 winor èsême asêmu |
 dhuh anakmas sang binagus |
 dene amila bêbakal |
 wus tandur milir maluku |
 dhasar wijine wangênan |
 nging kêdhik kuciwanipun ||
6. Ragi katêndhangan jawah |
 sêmune sêmada alum |
 kêndhat tulakan tan turun |
 nanging tan dados punapa |
 pan kêdah istikèng jawuh |
 supaya winih waluya |
 ngalilir kawanton ranu ||
7. Wiwinih sampun prayogi |
 mung kantun pangolahipun |
 kêdah anuwuki pacul |
 mrih dhaup winih lan tanah |
 dadyarja kang tanêm tuwuh |
 kang darbe sabin sih marma |
 myat tandurane woh landhung ||
8. Kontrak tyasnya kang liningan |
 pan rumaos inanipun |
 Ki Jayèngraga umatur |
 bibisik mring kang raka |
 prayogi angudi wuwus |
 supados kususing driya |
 ing nalar manawi rujuk ||
9. Jèngrêsmi nganthuki rêmbag |
 wusana alon umatur |
 marang sang maha palungguh |
 kawula nunuwun mirat |
 pangandikanta kang wau |
 dhauping winih lan tanah |
 kadya punapi lripun ||
10. Sèh Ragayuni lingira |
 de wuwus-kula puniki |
 kathah panunggilanipun |
 pan inggih gangsal prakara |
 ingkang dhingin dhaupipun |
 Gusti kalawan kawula |

Jilid 8 - Kaca : 211

kumpula sir kang sêjati ||

11. Lantaran uni uninga |
kaping kalih dhaupipun |
ngagêsang kalawan lampus |
kumpuling èngêt lan lipya |
lantaran nugraha wahyu |
kaping tiga dhaupira |
suksma lan jiwangganipun ||
12. Kumpuling napas lan cahya |
lantaran rasaning tuwuh |
dene ping sakawanipun |
dhauping ilmu lan iman |
kumpuling tokid lan kawruh |
lantaran lila lan tapa |
dene kaping gangsalipun ||
13. Kang winih kalawan tanah |
kumpuling sêmu lan êmpuk |
lantaran kalawan ranu |
puniku pralambangira |
kewala sêsamanipun |
kang dadi paugêran |
langkung pangolahirèku ||
14. yèn ta wêwadhah kuciwa |
têmah rusak isènipun |
tan saplak lir surya têngsu |
yèn surya tanpa wêngi ka |
baya baskara tan murub |
ilang padhanging raina |
puniku upaminipun ||
15. Lan tunggil malih pralambang |
kadya ta sanepa dhusun |
kêrajan sajroning dhukuh |
dhukuh nèng jroning kêrajan |
kêdah wruh sakumpulipun |
yèn inang salah sajuga |
têmah copèt kalihipun ||
16. Owêl dènnira bêbakal |
tan tulus cêbloking turus |
yèn kêdrawasan kadarus |
mila kang wus man tan arsa |
karegonan raganipun |
kêdah anungge jiwangga |
sumungku ring dhawakipun ||
17. Kang samya myarsa karênan |
Ki Kulawirya umatur |
sanès kang kawula wuwus |
kawula duk samya prapta |
(n)jujug ing guwa linuhung |

ing Selamanglèng punika |
sela lus rinêngga tatu ||

18. Pinatra gèmpur angrêmat |
pipining lawang kang kidul |
pan rêca taksaka manglung |
manawi wontên jarwanya |
Ki Sèh Ragayuni muwus |
di-bagus lamun atanya |
artining guwa puniku ||

Jilid 8 - Kaca : 212

19. Sasanèng pandhita rara |
Ki lisuci kang kukuwu |
ingkang sadhèrèk pambayun |
prabu Jènggala Ngurawan |
ing Kêdhiri Singasantun |
tansah dadya rêrêbatan |
anulya sang pandhita yu ||

20. Ambêncah warna sakawan |
anungku ring arinipun |
wêradin kadangnya catur |
Nyi gêng Têgalpucangan |
anèng ing Jènggala prabu |
dene Ni-agêng ing Sabu |
pan anèng Ngurawan prabu ||

21. Ni-gêng Selamanglèng Daha |
ing Jênangan Singasantun |
sipat pat sami warnèku |
dene cirining wiwara |
apan ing sangkalanipun |
ginraitu ungelira |
naga manglèng-sela iku ||

22. Ingabên lan sapênika |
trus rasa gatining sunu |
sumangga andika etung |
sampun pintên laminira |
Kulawiryâ lon amuwus |
mring kang putra Jayèngraga |
kono anakmas nèh etung ||

23. Jèngraga mèsêm turira |
mangsa boronga ingriku |
Sèh Ragayuni lingnya rum |
etung-kula kang sêngkala |
lagya tigangatus taun |
lan pitungdasa satunggal |
taun swarkaraning laku ||

473 Dhandhanggula

1. Yata ingkang sami mardwèng wangsit |
wanci wus akiring wêktu Ngasar |

surya mèh nglêlaras sore |
nulya sami tuturuh |
tumurun mring sêndhang Mrawati |
sapungkurira kadas |
pasugatanipun |
pan mêdal saking mangunah |
sêkul ulam panganan sangkêp sumaji |
kadya tinatèng janma ||

Jilid 8 - Kaca : 213

2. Parik nganan ngeri anèng pinggir |
têngah longkang kinarya sêmbahyang |
kang samya kadas prapta ge |
lajêng sami awêktu |
Ngasar bakda lajêng Mahêrib |
Sèh Ragayuni ingkang |
angimami wêktu |
sawusira kinamatan |
ngangkat niyat usali praptaning takbir |
wêwacanira ilhar ||
3. Rêkangat kang awal suratnèki |
wusing Patekah Kulya-ayu hal |
dene rêkangat akire |
wusing Patekahipun |
Idaja-a nasrullullahi |
praptèng akiring tahyat |
asalam bakda wus |
samya pêpuji arahab |
laju dhikir tri-atus myang donganèki |
Rajugna wus pêragat ||
4. Samya angadêgi salat wabin |
nêm rêkangat têlung salam purna |
gya manjing wêktu Ngisane |
Jèngrêsmi kinèn ngayun |
angimami nulya mangarsi |
surat wus kinamatan |
ngangkat niyat pêrlu |
usalinira pasêkat |
takbirira patitis parênging kapti |
kalawan isi molah ||
5. Mikradjing kir'at Patekah-nèki |
kasar made jais lajimira |
kang sa-alip rong aliye |
myang kandêl tipisipun |
idambila onah isami |
sawusira Patekah |
pan wêwacanipun |
apale surat Jumuwah |
rêkangat kang akir wêwacanirèki |
sawuse ing Patekah ||

6. Surat Munapèk kir'ate wasis |
 praptèng tahtat awal akirira |
 nulya asalam bakdane |
 laju pujianipun |
 swara sawêtara aririh |
 alandhung tumaninah |
 sarèh ngayat-ayut |
 laju lèlagon dhikirnya |
 ngangsgêg rahab triatus suhuling dhikir |
 wuse nulya andonga ||
7. Anampa donga amrih utami |
 wus pèragat sadaya myang surat |
 amansohkên tapakure |
 sawusira ing dangu |
 nulya tata samya alinggih |
 pandam wus angalêncar |
 lir samêktèng wau |
 sugata mijil mangunah |
 saosanipun kinèn ngambil mangarsi |
 Nuripin Wanatawa ||
8. Inggang samya kinèn angladèni |
 sinaoskên kang sêkul rampadan |
 ramut lan sawantingane |
 Sèh Ragayuni muwus |
 lah suwawi sami wêwanging |
 kang liningan agêpah |
 samya atuturuh |
 Ki Sèh Ragayuni nadhah |
 ukur-ukur sarat ngecani têtami |
 sarya lon angandika ||
9. Sampun cawêngah sumêlang kapti |
 inggang samya pikantuk anadhah |
 rêjêkilah sawontêne |
 kang maklum maring ulun |
 datan pati lawan abukti |
 kang dumugi priyangga |
 mupung sih kêpangguh |
 mungtabangat anèng dunya |
 kang liningan samya sukarênèng kapti |
 pikantuk dènya nadhah ||
10. Langkung nikmat raosing pambukti |
 wus antara luwar wiwijikan |
 cinarik mring pamburine |
 sami pikantuk tuwuk |
 têlas ulam sêkulirèki |
 panjang piring lancar |
 sininggahkên sampun |
 tinumpuk anèng dhudhulang |
 siningkirkên ing pinggir sampun miranti |

Jilid 8 - Kaca : 214

dhadharan majêng ngarsa ||

11. Ingancaran asêsambèn sami |
kang liningan nuwun aturira |
kang tamu panggraitane |
sayêkti yèn linuhung |
Kyagêng Dhepok Sèh Ragayuni |
wus nglairkên kêramat |
eloking pasuguh |
tan majat lairaira |
dene tanpa rewang kang janma sasiki |
sugatane samoa ||
12. Jayèngrêsmi pan umatur aris |
mênggah traping ngagêsang punika |
ingkang dadya geyongane |
kasidaning tumuwuh |
muga amba tuwan jarwani |
mardikaning ngatitah |
kados-pundinipun |
Sèh Ragayuni lingira |
inggih mangke anakmas kula-jarwani |
manawi kalêrêsan ||
13. Gêgeyongan ngagêsang puniki |
inggih budi kang minulyèng titah |
ingkang minangka maligèn |
-ning Sang Hyang Kang Maha Gung |
pacampuhan Nabi lan Wali |
sujanmi ingkang wus man |
sakèh pra linuhung |
pasênêtan gêng punika |
pan wus mashur kang samya ahli ing budi |
binudi kang budiman ||
14. Ingkang dadya têtênging ngarêpit |
kang pinurih-purih ing kadadyan |
nèng budi siyos wurunge |
milane wontên ngilmu |
kang sarengat tarekatnèki |
kakekat myang makripat |
panggayuhing wahyu |
Hyang Agung kang sipat rahmat |
wujuding Dat wal kayatan billarokin |
uripe tanpa nyawa ||
15. Wujud tanpa kaanan puniki |
ing dalêm kak sajati lantaran |
inggih budi lantaranane |
sarupa wujuding hu |
pan jumênêng Muhamad latip |
mustakiking Hyang Suksma |
kanyataanipun |
budi wujuding Hyang Suksma |
inggih budi inggih Hyang kang Maha Suci |

16. Pan upaminipun wohing tiris |
banyu kêtapa bathok sêpêtnya |
puniku saupamine |
toyanya budinipun |
klapa ati kang sanubari |
bêbathok napsunira |
sêpêt badanipun |
toya budi dhatêng sukma |
budi kapanjangan Dat sipating Widdhi |
lawan apêngaling Hyang ||
17. Puniku woring kawula Gusti |
tunggil adat lawan tunggil sipat |
lawan tunggal apêngale |
dene antaranipun |
bedaning budi lan Hyang Widdhi |
budi tan kapanjangan |
Asmaning Hyang Agung |
Dat Sipat Asma Apêngal |
namung Asmaning Hyang kang tan manjing budi |
nanging umanjing uga ||
18. Panjinging Asma pan rêpit malih |
datan kêni winadhag ing rasa |
tuwin tan kenging ngumume |
anèng jatining samun |
ingkang tan kasaman ing janmi |
ngênirkên tan bayinat |
namung dhawakipun |
kumambang marang Hyang Suksma |
Hyang Suksma-di kunambang marang pribadi |
pribadi dhawakira ||
19. Kang liningan kapagutan kapti |
Jayèngrêsmi nyathêt ing wardaya |
myarsa Sèh Raga wuwuse |
datan siwah sarambut |
tunggal pancêr rasaning jati |
lawan Sèh Amongraga |
kajateyanipun |
Jayèngrêsmi-aturira |
kadospundi pungkaspun kang sajati |
Sèh Raga wuwusira ||
20. Inggih sêlotipun mangke ratri |
dinugèkkên dènya nyênjamikan |
ingriku sapikantuke |
dene punika wau |
ingkang budi dhatêng Hyang Widdhi |
tan pae paekanya |
kang sampun sumurup |
ajali abadining Hyang |

ingkang sampun linuhung datan ngromèsi |
wus mungkur ahli dunya ||

474 Pangkur

1. Pralambanging ngagêsang |
lir kesahan têbah kampir ing margi |
sêtun dangu mung sêdaluh |
kadhang sakêdhap mangkat |
wus gumantung ing lampah sêdyanya mantuk |
marang wismane priyangga |
tan pepeka anèng margi ||
2. Puniku kang sampun tama |
datan arsa ing lampah ngampir-ampir |
kacangkol marang donyèku |
kuwatirira dahat |
tan cipta lyan pan amung mring jodhonipun |
mustakik roning ngatunggal |
jalu kalawan pawèstri ||
3. Kita punika upama |
janma èstri kesah tutuwi têbih |
mangkat miwah mantukipun |
sangêt samar nèng marga |
pêngampire dadya rubedaning laku |
kathah mutawatirira |
awis ingkang bisa mulih ||
4. Kathah kandhêm anèng marga |
sabab saking apêsipun janmèstri |
kabegal baya-pakewuh |
kathah liring rêncana |
mrih ngilangkên wisma laki darbèkipun |
korup papa anèng paran |
tan èngêt wasananèki ||
5. Pae lan kang sampun kawas |
ngawruhi kang dadya bancanèng margi |
nèng pangampiran puniku |
pangkalan kahidhupnya |
datan arsa pepeka anèng marga gung |
kinawalan lan tawêkal |
cipta ge praptèng wismèki ||
6. Wismanipun minangka Hyang |
apan sami pangajêng-ajêngnèki |
kang nèng paran lan kang kantun |
samyag pagutan cipta |
tan sêlaya mêkatên supaminipun |
Gusti kèlawan kawula |
tunggil karsa ing kajatin ||
7. Mênggah lantaring tumêka |
maring rahsa rasaning kang sajati |

Jilid 8 - Kaca : 216

salat-jati kang kédah wruh |
salat tundha titiga |
tur ta sêmbah adi-adi kang puniku |
lir tirta saking ancala |
umili marang jêladri ||

8. Kathah kandhêg ing sawangan |
salat-jati ing têtêng prênahnèki |
pilih ingkang prapta ngriku |
jroning salat punika |
kadya ngobak toyèng dandang paminipun |
sawêg samantên kewala |
pinêthêt sêmuning rêpit ||

9. Langkung lungiting graita |
ing kajatin lir kukus saking agni |
myang siti kalawan ranu |
lir oyod mêtal tirta |
badan kita Sukma dharat dèn-kadulu |
lir lêbu kalawan kisma |
pêsate ngamun-amuni ||

Jilid 8 - Kaca : 217

10. Lèn kadya nyut tibèng toya |
saking agranirèng patra maringih |
wilaja lan marbukipun |
paeling tinggal raga |
kadya sating tirta ing bantala luyut |
anglir padhêming dahana |
kantun wangwa nèng kaywa king ||

11. Kayu pami kang rêraga |
apan budi wujudipun kang gêni |
panasing gêni Hyang Agung |
puniku têtêng salat |
kédah ingkang waspada panasing latu |
tuwin kédah wruh ing pisah |
kumpule roroning tunggil ||

12. Myang padhange kinawruhan |
maring pêtêng wus pêde dèn-kaliling |
kados puniku wus cukup |
kang kèh wêwêd kita |
têmah dadya sura lêgawa nrang kewuh |
pan wruh sajatining kira |
-kira tan mangeran dhiri ||

13. Tan mangeran tawang-tuwang |
tan mangeran ing papan kang tinulis |
tan mangeran swara wuwus |
tan mangeran kaanan |
tan maangeran kang ora tan mangeran wruh |
tan mangeran riricikan |
tan mangeran agal rêpit ||

14. Tan mangeran ing Hyang Suksma |
tan mangeran ing nabi miwah wali |
tan mangeran guru ratu |
tan mangeran sasama |
tan mangeran mring pribadi dhawakipun |
tan mangeran barang titah |
tan mangeran rame sêpi ||
15. Namung sirnaning têtêng tyas |
kang tan labêt sadrahing angin-angin |
luyut karone tan mujud |
pan datan kawimbuhan |
datan amimbuhi mring lawananipun |
pan datan angraga-sukma |
suksma tanpa raga-jati ||
16. Komplang roroning ngatunggal |
sampurnaning kawula lawan Gusti |
puh sirna byuh ilang jumbuh |
wus tan kenging ingucap |
apan maksih nênggih andungkap ing wuwus |
ing dalêm kauwusannya |
mawi sarat mangsa kalih ||
17. Ing riku jatining pungkas |
Jayêngrêsmi tyasira lir sarêsmi |
nalikanira mèh turun |
kang rasa adi mulya |
panggagading tyas sariranira gathuk |
miwah sira Jayêngraga |
kapranan angunap kapti ||
18. Lingsir dalu wayahira |
Ki Sèh Ragayuni lingira ris |
prayogi wus sêdhêngipun |
sami asêsareyan |
nulya ngambil kêtasa lan lêmpiripun |
ngalap saking pangimaman |
satunggil sewang wus tampi ||
19. Nulya samya alêlêswan |
Kulawiryana nglêgèyèh lajêng guling |
Nuripin Wanatawa wus |
dangu sami anendra |
Jayêngrêsmi Jayêngraga maksih lungguh |
lan Sèh Ragayuni ika |
adêdalon anrang ngèlmi ||
20. Sidhêm kayon sanalika |
swabawaning ratri tan amêlingi |
tan muni mène manawung |
nganyut ing kanyênnyêtan |
angin-angin tan angenu ingabangun |
sanalikaning amangsa |

Jilid 8 - Kaca : 218

sira Ki Sèh Ragayuni ||

21. Amêdhar jatining wahya |
kalamangsa katri ing sabda gati |
Ki Sèh Raga lingira rum |
anakmas sakaliyan |
ingkang mugè mituhu narimèng wahyu |
titigasaning kasidan |
têlêng sajatining ngèlmi ||
22. Samya aniyung mustaka |
Jayèngrêsmi Jèngraga Ragayuni |
Ragayuni lon amuwus |
wiwisiking pamêdhar |
anakmas ro sajati-jatining ngèlmu |
adate Hyang adat kita |
Sipat Hyang sipatirèki ||
23. Asmaning Hyang asma kita |
Apêngal Hyang apêngal kita pèsthi |
sakathahing bangsa lêmbut |
malekat bêlis laknat |
inggih kita sakathahing kang maujud |
ing akasa bumi pala |
sapêngisor sapênginggil ||
24. Langgênging Hyang langgêng kita |
murahing Hyang murahing kita yèkti |
sihing Hyang sih kita tuhu |
dunya pan inggih kita |
dede besuk siksa lan ganjaranipun |
swarga nêraka (ng)gih kita |
sadaya inggih kitèki ||
25. Rampung cukup wus nêng kita |
suhul jumbuh kita lan dhatêng Widdhi |
Datu wajibulwujudu |
sami kaananira |
kadya banyu lan toya supaminipun |
mung sanès basa kewala |
napining Hyang napi kami ||
26. Sama tan kenging kinira |
paminipun suwung kalawan sèpi |
tan pae mung sanès wuwus |
tigas cuthêling rasa |
(ng)dungkapipun nêng têlapakaning ngèlmu |
tokid jatining kasidan |
poma sampun analisis ||

15 (Jayèngrêsmi sipêng ing griyanipun pangulu Jabalodin)
VII. Dumugi ing dhusun Pulung, Jayèngrêsmi sipêng ing griyanipun pangulu
Jabalodin. Jayèngraga lan Kulawiryana ing griyanipun nyai randha Sêmbada
kanthi maksiyatan sakalangkung rêсах.
Lampahipun Jayèngrêsmi, Jayèngraga lan Kulawiryana kadhèrèkakên Nuripin

dumugi ing dhusun Pulung, njujug ing griyanipun pangulu Jabalodin.
Kapirêng ungêling gangsa, têtabuhan ing griyanipun randha Sêmbada,
Jayèngraga tuwin Kulawirya ingkang sakalangkung rêmên gêgêndhingan
nyalimpêt, lajêng kengkenan Nuripin dhatêng bok randha sangadi ngupados
pasipêngan, tinampèn kanthi suka rêna.
Ing salêbêtipun Jayèngraga lan Kulawirya wontên ing karandhan,
Jayèngrêsmi rêrêmbagan kalihan pangulu Jabalodin bab absahing jakat lan
pitrah.
Kaca 219 - 231

Jilid 8 - Kaca : 219

475 Salisir

1. Jayèngrêsmi Jayèngraga |
tyasnya pangkas sanalika |
tan ana kang kumalêndhang |
padhang nêrawang tan inang ||
2. Kadyandon asmarèng tilam |
gating rasa kang mulya |
karangkat rêngkêting driya |
kalimput rahmating prana ||
3. Rêmpu kataman asmara |
Jèngkrêsmi micarèng nala |
sanyata tunggal kupunya |
lan kakang Sèh Amongraga ||
4. Apa ta manira bisa |
tunggal sasananing tingkah |
akupu lawan kakangmas |
anèng jaman kaênêngan ||
5. Jayèngraga pan kadyèka |
tunggil pamuwusing driya |
pupuji angalêmbana |
Sèh Raga mèsêm ngandika ||
6. Nauri kang samya cipta |
anakmas ywa wancak-driya |
wulangun sagotra lawan |
kakanta sujanma tama ||
7. Benjang ing jaman kanêngan |
tunggal tan tunggal sasana |
yèn ta kaprècèt ing tingkah |
tata titiking satata ||
8. Tinitik dhaupanira |
banon lan pangobongira |
yèn tan kêmanjon gêninya |
ilang namaning bantala ||
9. Wus duwe jênêng priyangga |
lamun mogol pangobongnya |
sirna namane kalihnya |

tan bata datan bantala ||

10. Jèngrêsmi lan Jayèngraga |
sangsaya pyuh nayanira |
saosikira kacupan |
ngling tyas sinauran basa ||
11. Asangêt pangungunira |
nora jamak Ki Sèh Raga |
bisa nauri osik tyas |
kaya ngluwihi Mongraga ||
12. Sèh Ragayuni lingira |
puniku sêmada cêgah |
dede watêke mukmin kas |
anggunggung samèng tumitah ||
13. Ngêlongi panggunggunging Hyang |
sami lan nacad sasama |
sasat nênacad ing Suksma |
puniku watak kang andhap ||
14. Wong kang wis tumêkèng tekad |
tan ngopèni (ng)gunggung nacad |
asor apêse ing tekad |
amèn anggunggung anacad ||
15. Kulawirya wungu nendra |
kukurah raup wêdana |
asêgu alon wawusnya |
anêbut astagapirolah ||
16. Kêturon tan nêdya nendra |
nora kêna sinayutan |
Jèngraga nauri sabda |
limrah yèn tiyang karipan ||
17. Sèh Ragayuni wuwusnya |
puniku rahmat ing dunya |
kalih prakawis rahmatnya |
alayap lawan sahuwat ||
18. Dene rahmating akerat |
salat lawan sêkaratnya |
yèn wus palal ahli dunya |
sukure nendra asahwat ||
19. Yèn palal ahli akerat |
sukure salat sêkarat |
tan kenging sêlangsurupan |
malintir kandhang karipan ||
20. Ki Kulawirya ling nala |
tuhu yèn pratamèng jarwa |

Jilid 8 - Kaca : 220

- Ki Sèh Ragayuni tama |
angluwihi Sèh Mongraga ||
21. Yèn ta pinarêngan uga |
mênawa Sèh Amongraga |
kêdarus dènnya lélana |
tan kêpangguh ingulatan ||
22. Randhane Ni Tambangraras |
pantês dadya jodhonira |
dhaupa lan Ki Sèh Raga |
rêbut êmbuh kang utama ||
23. Kalawan Sèh Amongraga |
malah luhur Ki Sèh Raga |
Sèh Ragayuni anabda |
nauri kang micarèng tyas ||
24. Puniku kalangkung langka |
panggraita lan prayoga |
narik rucating utama |
andika maca istigpar ||
25. Tilase sukêring driya |
Ki Kulawiryana anjola |
gumuyu sarwi noraga |
gèdhèg-gèdhèg kagawokan ||
26. Ki Sèh Raga malih nabda |
patêmbayaning amangsa |
anèng jaman kasucian |
akulêm mustakik ing kak ||
27. Kakanta Sèh Amongraga |
mèh praptèng jaman walikan |
puniku anak dèn-awas |
aywa sêlaya ing driya ||
28. Agotra pakupunira |
jumungahanèng oliya |
kêramat nèng dina nikmat |
padhukuhan Wanataka ||
29. Ing riku manira benjang |
patêmoning kang hakika |
lan anakmas sakaliyan |
jalaran ngasramèng arga ||
30. Sawetaning Wanataka |
pakuwoning karungsitan |
pasêmon gaibing Suksma |
tan kêna winêdhar sabda ||

Jilid 8 - Kaca : 221

31. Tanpa tênggah ing wêkas |
manira poma anakmas |
pupungkasan manirojar |
sêdhêng samantên kewala ||
32. Ing wanci bangun anggagas |
pajar gidib wêktunira |
Sèh Raga malih ngandika |
sêwawi sami akadas ||
33. Subuh tama maksih awal |
santri kalih ginugahan |
Nuripin lan Wanatawa |
samyang angladosi kadas ||
34. Tuturuh toyèng lantingan |
sawuse dènnira kadas |
nulya Jayèngraga adan |
sawusira samya sunat ||
35. Sampunira kinamatan |
laju ngangkat parlunira |
Jèngraga kinèn dadiman |
dèn-apti wawancanira ||
36. Wusing takbiratal-ikram |
surat sawusing Patekah |
surat Jumuwah awalnya |
kalangkung pasêkatira ||
37. Surat Munapik akhirnya |
dening akir kinunutan |
tahyat laju sabakda |
pragat pupajiyanira ||
38. Bakdaning Subuh sih awal |
ing wanci pajar gidiban |
nulya sarya tata-lènggah |
Sèh Ragayuni lon nabda ||
39. Samyandum sih kawirêjan |
mara ngriki pèpamitan |
iktikap mring pasamaran |
pawitra sutrèsnèng sunya ||
40. Adan wau Ki Sèh Raga |
-yuni yuwananing karsa |
asung salam jawat-tangan |
mring tamu katiga pisang ||
41. Kang sinung salam agêpah |
nyakup astane sang yoga |
apan ta tan gantya-gantya |
sarêng samya sanalika ||

42. Satêngahing patêkêman |
Ki Sèh Ragayuni musna |
ngikis nis ing pèjagongan |
samyamêksih astanira ||

43. Angathung pèk-èpèkira |
apan maksih têtangkêpan |
tamu ing ulukan-salam |
agêpah samya anjawat ||

Jilid 8 - Kaca : 222

44. Nauri ngalèkum salam |
luwar pangathung tangan |
kalangkung pangungunira |
samyamaca istigpar ||

45. Kagagas pituturira |
Sèh Ragayuni minulya |
anèlakakên oliya |
nyaloni wali taruna ||

476 Sinom

1. Yata kang kantun nèng langgar |
Jayèngrêsmi Jayèngragi |
katri lan Ki Kulawiryam |
anjêtung tan ana angling |
kadya kanisan pati |
ing swami utawa sunu |
Ki Kulawiryam nabda |
yamalah Ki Ragayuni |
pènyanaku wong ethok-ethok mandhita ||

2. Tan nyana lamun oliya |
katunan sun (n)dadak guling |
mung anakmas sakaliyan |
kang olèh gawening ratri |
gêgambèn kang pratohin(?) |
rasa surasa kang luhung |
Jayèngraga angandika |
ngong tumingal paman guling |
arsa kawula wungu manawi kagyat ||

3. Kang paman nauri putra |
pèkne mêngkonone mami |
lèhira gunêman rasa |
lawan Ki Sèh Ragayuni |
sruwang-sruwang miyarsi |
nganggo cuthèl nganggo suwung |
jêg nganggo hanantaka |
dhat-dhatan sêmbari ngimpi |
nora gênah impènku dadi ngèlampra ||

4. Wanantaka iku apa |
pasêmone apa ngèlmi |
kasambungan impèningwang |

katon nêng Wanamartèki |
jagongan lan si Jamil |
kaya anakmas wus rawuh |
nanging sun tan tumingal |
marang Ki Sèh Amongragi |
namung têmu lan Jamal Jamil akandha ||

5. Caturan bab sarat-sarat |
katonne ngong dèn-wènèhi |
sarating kuwat anendra |
dèn-ulungkên ngong-tampani |
jarene ampêruning |
tikus pithi putih mulus |
kinluku karya sipat |
sun gya ngrungu lèhmu angling |
nganggo langit nuli dhat manèh supêna ||

6. Katon kagungane dara |
ramanira jêng kiyai |
dara putih ran si Tawang |
sinambêr lap-alap putih |
binêkta maring langit |
wong sadesa samya (n)dulu |
jêng kyai bentayangan |
nguwuh-uwuh maring mami |
priya Wiryakae daraku si Tawang ||

Jilid 8 - Kaca : 223

7. Agugup bangêt manira |
matur o inggih o inggih |
e lah priye kono ika |
kagungane jêng kiyai |
nuli si Jamal Jamil |
wong loro barêng cêlathu |
bok kèndêlkên kewala |
dara mring paguponnèki |
ngong sumaur ah mendahneya amokal ||

8. Ngêndi ana lir jarira |
pagupon anèng ing langit |
iku sêlak nora lumrah |
si Jamal saure inggih |
sêwawi ngong-têdhaki |
prênahe paguponipun |
nuli manira mara |
lagi lumaku byar tangi |
kagyat pangoroke Nuripin sêngguran ||

9. Jayèngrêsmi mèsêm mulat |
Jèngraga gumuyu angling |
paman punika katênta |
de kathah tèmên kang putih |
wit tikus pithi putih |
dara putih myang kang naut |
lap-alap puputihan |

mirêng langit milu langit |
Wanantaka dèn-sambung Wanamarta ||

10. Ki Kulawirya anabda |
ya aranne wong angimpi |
sambung-sambunge aura |
kèlu ngêmpêlu kang kèksi |
gêtone ngong tan sipi |
tan mêningi gunêm luhung |
kaya ta wong osik tyas |
anauri wuwus lair |
têka bisa ngêcupi grunêking driya ||
11. Manira gawok têmênan |
èdine Sèh Ragayuni |
sajêgku durung tumingal |
agawe hebating ati |
ngungkuli Sèh Mongragi |
wah-samono iku êmbuh |
Jayèngrêsmi anabda |
inggih tan kenging winijil |
sampun sami kewala madu lan kilang ||
12. Punika kaote paman |
sih badhe lan kang wus dadi |
calon kathah cacalanya |
dangu praptaning kakadin |
datan wontên kang ngawir |
sêpên babaganing saru |
wus têkdir tan kuciwa |
mufti mustakaning gaib |
tan kalêmpit ambukak kang samar-samar ||
13. Kula tan pae lan paman |
winêdhar osiking galih |
kacupan lir wong rêrasan |
kasidikaning pangaksi |
tan wontên sêlaya ngling |
yata kang samya angungun |
nèng sanggar pamêlêngan |
wanci gagad pajar sidik |
katon biru arga rêngrêng kapajaran ||
14. Rêgêding kayu myang ragas |
lir sinom dyah pinangantin |
pêdhut ngêndêng pawukiran |
ambalêbêt lambung wukir |
lir pasêmêkannèki |
kêndho rumimong ing bau |
mega putih lumarap |
ing tirah-tirahing wukir |
kadya tasik tan rinêmbug wêwalêran ||

15. Kêsorot sirating surya |
 kumênjar langêning bumi |
 ascarya erêm ngujwala |
 kawênganing mangsa enjing |
 lwah-lwah lèlêmpong wukir |
 ron-ron karuron ing êbun |
 bilolok lèkira Hyang |
 Haruna kêtaman dening |
 imamawan mahandhap nêrampat kisma ||
16. Silo silake katulak |
 pêpêdhut kang anglimputi |
 kang anduwa dipanira |
 jalada arêbut titih |
 ngêrêm Hyang Jaladragni |
 giyuh kawimbuh ing têtuh |
 kadya atmaja raja |
 duk misih taruna alit |
 kandhah dening winawasing cèthinira ||
17. Hyang Andakara rumangsang |
 amranani ing sakalir |
 (m)bengkas kang awêr wêrata |
 ngalela kaywan warnadi |
 lamuk kabuncang angin |
 mawrat lir kapuk winusu |
 rêmbêting pawukiran |
 kawuwu lon lir binodri |
 sumaringah kadya gring manggih usada ||
18. Kaprabawan ing baskara |
 nahyani langên dumadi |
 ramya swaraning kokila |
 andon mangsa woh anèng wit |
 myang kewan ing wanadri |
 enggar nèng pasabanipun |
 Jayèngrêsmi ngandika |
 mring ki Wanatawa aris |
 ingkang êndi margane maring Gêgêlang ||
19. Wanatawa aturira |
 punika pan maksih têtih |
 lampahan tri dalu marga |
 anglangkungi ardi Wilis |
 dhunipun saking ngriki |
 pan wangsul malih anikung |
 mangalèr turut pada |
 angilèn ngubêngi ardi |
 wukir Selabale margi kang prayoga ||
20. Jayèngrêsmi lon wuwusnya |
 ya wus manira mit kaki |
 kewala laju lampahnya |
 ngupaya kadang kaswasih |
 ywan manawa kapanggih |

wus kaki andum rahayu |
anulya sinung salam |
Wanatawa matur inggih |
samyā salaman agantya gêgambuhan ||

477 Gambuh

1. Adan umangkat laju |
Jèngrêsmi lan kang paman rinipun |
Ki Nuripin nèng ngarsa gêrmaning margi |
tumurun margi kang wau |
ing Selabale mangalor ||
2. Marga nut suku gunung |
jurang sêngkan ing pèpèrèng trêjung |
pagrumbulan bês-êmbês lulumut limit |
anglêlambat margi lunyu |
tan lanyah kambah ing uwong ||
3. Napak rumput ngarêmbyung |
sarampadan kang rurumput mabun |
angêbêsi samargi sêdhêngirènjing |
wong papat (n)dulur lumaku |
(n)jok margi menggok mangulon ||
4. Laju ngambah wanagung |
lêpas lampahira pan andarung |
sakèh guwa pawukiran dèn-ampiri |
tan ana ingkang panuju |
tilas kabarè tan manggon ||
5. Mangkana lampahipun |
mahas ngayam-alas kawlas-ayun |
kadhang asring kapapag wong laku grami |
miwah priyayi asêlur |
mantri manca amêrabot ||
6. Tan ana aru-biru |
wus nyana yèn wong tirakat nglangut |
Jayèngrêsmi laju tan aso ing margi |
ing nalika manggih ranu |
ngriku raryan salat Lohor ||
7. Sabakdanira wêktu |
sarèh sakêdhap anulya laju |
alêlampah tumurun jurang arumpil |
samêngkang pèrèng lulungur |
wana ing Pulung grêng rongkob ||
8. Nusup gêlagah rayung |
wana Pulung kathah lèbakipun |
sadédêlan ambanjêng wana pring ori |
sadédêlan pajatên gung |
sadédêlan malih bondhot ||

Jilid 8 - Kaca : 225

9. Sadêdêl kulampis pung |
 sadêdêlan jarak jambu kluthuk |
 wanci wêktu Ngasar raryan salat Ngasri |
 wus bakda nulya lumaku |
 datan kêpranggul dening wong ||
10. Kang samya alêlaku |
 samya kêraosing sayahipun |
 datan pati anêrod dènnya lumaris |
 samya ngluh kang suku rapuh |
 dadya samarga rèrèndhon ||
11. Sakêdhap rèrèh lungguh |
 anèng sela nulya mangkat laju |
 sadangunya tan ana desa kaèksi |
 sadintên tan bukti nginum |
 sampambalang raryan ngaso ||
12. Kulawiryà amuwus |
 payo mrene Nuripin dèn-gupuh |
 matur lah puniku inggih dhatêng pundi |
 Kulawiryà asru muwus |
 dèn-undang (n)dadak ambèngkot ||
13. Nuripin mara gupuh |
 tut-wuri mring Ki Kulawiryèku |
 sapêmbalang dohe Ki Kulawiryà ngling |
 ngambila ranu dèn-gupuh |
 manira arsa anguyoh ||
14. Ki Nuripin macucu |
 garundêlan malêruk umatur |
 lah mbok wau punapa duk wontên warih |
 wau-wau datan nguyuh |
 nèng ngriki damel pakewoh ||
15. Lah pundi wontên ranu |
 wana grêng mung kêbak kayu watu |
 lah bok pèpèr kewala ngarah punapi |
 Ki Kulawiryà sru muwus |
 (n)dadak madoni kinongkon ||
16. Nora têka lumaku |
 apa kongsi (ng)ko ngong balang watu |
 sarwi ngagagi balange tininggil |
 Nuripin jrih glis lumayu |
 garundêlan ngondhok-ondhok ||
17. Sun iki bae tumut |
 besuk manèh nora agêgêtun |
 atut pungkur lulungan nganggo kiyai |
 tan kudu-kuduwa mèlu |
 wong ladak kaworan bancol ||

Jilid 8 - Kaca : 226

18. Angungak jurang parung |
tan kaduga angupaya ranu |
Kulawirya myat Nuripin tan kaèksi |
nulya tinilar ing laku |
prapta (ng)gyanning putra karo ||
19. Jayèngrêsmi lon umatur |
suwawi paman wus aso laju |
pun Nuripin wau kantun anèng pundi |
nauri lagya bêbanyu |
dimèn nusul lah wis payo ||
20. Nulya samya lumaku |
ngambah wana tan adangu kêmput |
ngancik wana tarataban bulak radin |
Nuripin wangsul (ng)gènipun |
wus tinilar tan ingantos ||
21. Nuripin sru kumêpyur |
gupuh-gupuh dènnira anusul |
nguwuh-uwuh sarwi mèwak-mèwèk nangis |
akukuk tan ana nyêluk |
Ki Nuripin gêmbar-gêmbor ||

Jilid 8 - Kaca : 227

22. Niayanya kalangkung |
wong kinèngkèn tan dèn-(n)tèni iku |
yata kang lumampah samya angantèni |
nèng soring kayu trênggulun |
Nuripin andon ingantos ||

478 Asmaradana

1. Yata kang inganti-anti |
tan dangu nulya katingal |
Nuripin ingawe-awe |
lumayu akêdhêmpalan |
wus praptèng ngarsanira |
Nuripin samya ginuyu |
kang ginuyu parêmbèhan ||
2. Ki Kulawirya sru angling |
sirèku pakèwuh apa |
dene suwe sira monyèt |
lumaku bambang-bambangan |
mungkur lèmbèhan dawa |
anèng alas adol bagus |
(n)dadak dadyantèn-êntènan ||
3. Nuripin gumuyu nangis |
ya ta-lah nora kaya-a |
ya dene wau kinèngkèn |
ngambil toya paturasan |
Kulawirya lingira |
nora nguyah nora nguyuh |

Nuripin apalerokan ||

4. Inggih sampun inggih-inggih |
angsal mênang kédah numpang |
tiyang kawon dados guyon |
Jèngrêsmi marma tumingal |
aris dènnya ngandika |
aywa mangkono tampamu |
wus lumrah wong durung tahan ||
5. Sadhengah iya kadyèki |
lamun ta wus saban-saban |
nora ana kuwatire |
Nuripin nuwun turira |
mangkana wancinira |
Ngasar akir panas eyup |
kang samya rèrèn ing marga ||
6. Kasilir maruta kèsis |
myarsa rarasing gamêlan |
salendro ngalêp saking doh |
niniling Ki Jayèngraga |
angling kawula paman |
myarsa gamêlan munya rum |
kados cêlak padhusunan ||
7. Kang paman nauri aris |
layak ya wus cêlak desa |
lambat-lambat rum swarane |
Jèngraga matur ing paman |
inggih gèndhing punapa |
kang paman alon amuwus |
gajêge gèndhingan Candra ||
8. Mirêng-kula Gambir-sawit |
nanging gèndhing sampun niba |
nauri ya èmbuh kae |
Jayèngrêsmi lon turira |
lah kados pundi paman |
punapa kampir ing dhusun |
punapa laju kewala ||
9. Ki Kulawirya nauri |
prayoga kampir ing desa |
ing laku rada kalantèh |
ngilèni bukti atanak |
nyarèhkên badan sayah |
Jèngraga nambungi rêmbug |
prayogi mring padhusunan ||
10. Lah mara priye Nuripin |
lamun laju ketanggungan |
Nuripin alon ature |
inggih sumangga kewala |
ajrih lamun matura |

Ki Wirya (m)bêkuh gumuyu |
bilah Nuripin pamèran ||

Jilid 8 - Kaca : 228

11. Lir mrakara rajapati |
kathik ajrih yèn matura |
amêngku wadi adile |
wong rêrasan salêbaran |
andadak konthol bêlang |
Nuripin (ng)garundêl muwus |
apa ta ujarku apa ||
12. Tan ana luwasing gêtih |
bênêra kae ya duka |
tan kabênêran sêdene |
dhasar rêmêne dêduka |
Ki Kulawirya latah |
srêngênku manut wangunmu |
sawangun-wangunmu kithal ||
13. Wong wangunmu pantês sisip |
nora patut kabênêran |
mulane kudu anggandhèn |
ah kajawi ta punika |
dhasar rêmên tiyangnya |
Jèngrêsmi gumujêng muwus |
iku pan mêngku paedah ||
14. Wong lulungan ing atêbih |
sarat guguyon ing marga |
tan pati krasa kêsêle |
ingkang samya sinasmitan |
pan sami suka rêna |
Jèngrêsmi malih amuwus |
suwawi paman umangkat ||
15. Wus aso samya lumaris |
buntas wana têrataban |
amublak patêgalane |
katon dhukuhe kawuryan |
anggênggêng kitrinira |
ing Pulung pan dhusun agung |
kasorot ngarka lumarap ||
16. Antara dangu gya prapti |
anèng dhadhah pêkarangan |
ing Kêpulung desa gêdhe |
Nuripin gya malbèng desa |
tanya ing pakauman |
(n)jujug wismaning pangulu |
anjèjèrèh dènnya pajar ||
17. Ki pangulu Jabalodin |
asuka kinèn ngaturan |
Nuripin wangsul ge-age |

matur mring bândaranira |
laju kang ingaturan |
ki pangulu gupuh-gupuh |
(ng)gêlar kalasa ing langgar ||

18. Ngaturan lênggah surambi |
katri samya sêsalaman |
Jabalodin tur pambage |
Jèngrêsmi angling pêsaja |
anutur mula-buka |
pangulu andhêku-dhêku |
wus pratela ing pawarta ||
19. Sarwi kèn-mundhut tap-sirih |
klobot têmbako ududan |
sarta kèn-amèk dêganne |
tan dangu prapta ing ngarsa |
dawêgan pinarasan |
sinunggatakakên sampun |
kêduduk ing wêktu salat ||

479 Mêgatruih

1. Sawusira samya nginum we-ning kang nyu |
wanci surup ngawal Mahrib |
gya mudhun mèk toya wulu |
wusnya kadas Ki Nuripin |
nulya adan tumalawong ||
2. Lajêng sunat kabliyatan sadaya wus |
pangulu angancarani |
lah suwawi sang abagus |
kula ngalap barkah ugi |
andika ngimami gupoh ||
3. Jayèngrêsmi pinaksa anulya maju |
Kulawirya kang ngamati |
nulya imam ngangkat parlu |
usali praptaning takbir |
Patekah ingkang winaos ||
4. Sawusnya Patekah surat Kulya-ayu |
Idaja-a akirnèki |
kalangkung pasêkatipun |
dhasar swara ning gumrining |
pangulu eram ing batos ||
5. Sabakdaning Mahrib nulya sunatipun |
wabin tigang salam nuli |
manjing wêktu Ngisa-nipun |
Jayèngraga angadani |
lajêng sunat asêrantos ||
6. Wusnya sunat kinamatan ngangkat pêrlu |
sawusing Patekah-nèki |

Jilid 8 - Kaca : 229

- surat Jumngah awalipun |
akire wêwacanèki |
surat Munapèk winaos ||
7. Praptèng matang rêkangat tahyat salam wus |
sabakdaning sunat Witir |
laju samya tata lungguh |
ki pangulu Jabalodin |
mring wisma kèn ngrukti sugoh ||
8. Gya winêdalakên pasugatanipun |
sêkul ulame mênuhi |
Ki Jabalodin amuwus |
sumangga kawula turi |
paduka sami têturoh ||
9. Sumapala maklumipun sang abagus |
sawontêne anèng ngardi |
kang cinaran lingira rum |
sarwi sarêng awiwijik |
ênggèh sangêt tarimèng-ngong ||
10. Wangsul ingsun karya susah man pangulu |
anukêri salu pranti |
namung sampun kirang maklum |
pangulu mangsuli aris |
kang botên-botên rinaos ||
11. Adan lêkas kang samya bukti pikantuk |
sêmada ragi kêlantih |
pan sampun antara dangu |
samya luwaran awijik |
lajêng linorot maring sor ||
12. Ki Nuripin pamanganipun athêkul |
lorodan têlas tan kèri |
ingimbuhan sêkul lawuh |
kokoh lir wiwitanèki |
Kulawirya ngling dèn-alon ||
13. Klêbu nyêngka lalakon iki anglarug |
tan etang parang arumpil |
Nuripin ririh ngling (m)bêkuh |
milu-miluwa priyayi |
andulu baguse anom ||
14. Wawratipun rencang mêkatên (ng)gih sampun |
pêngulu ngling mring Nuripin |
nèh tutugakên kang tuwuk |
Nuripin ngling (ng)gih-(ng)gih-nèki |
mangsi angangkaha wêdos ||
15. Sarwi (ng)gadho ulam têlas sêkulipun |
sadaya sampun balindhis |

Jilid 8 - Kaca : 230

- sininggahkên ajangipun |
wus wisuh ngombe Nuripin |
galègèkên dènnya atob ||
16. Yata wau kang samya tata alungguh |
winêdalan suguh malih |
nyamikan wowohan gunung |
pangulu angancarani |
suwawi masêgan uwoh ||
17. Kang cinaran inggih paman sêlotipun |
sêsambèn sêmbari linggih |
sih-andika wus nèng ngayun |
nulya sasênênge ngambil |
nangka pisang raja ambon ||
18. Wi gêmabili talês kimpul tela-gantung |
mangkana ana kapyarsi |
gamêlan talu cumêngkung |
gêndhingane Titi-pati |
sêmada rêmpêg panaboh ||
19. Jayèngraga Kulawirya sarêng (n)jumbul |
nilingkên gamêlan muni |
sami sasmitèng pandulu |
arongèh dènnira linggih |
Jèngraga têtanya alon ||
20. Man pêngulu sintên kang natab gangsa gung |
sêdhêng rarase nyundari |
punapa tiyang mêmantu |
punapa kyai patinggi |
ingkang amocung salendro ||

480 Pocung

1. Alon matur puniku dudu wong mantu |
kang natab gamêlan |
pan dede kyai patinggi |
inggih Nyai Sêmbada tur ta arandha ||
2. Owêl sêpuh sugihe kêlangkung-langkung |
ing riki tan ana |
kang nyamèni sugihnèki |
pangungsène tiyang urut pagunungan ||
3. Mila sampun inggih rêrêmênanipun |
anatab gamêlan |
tan towong ing siyang ratri |
langkung asih mring tiyang sagêd gêndhingan ||
4. Pan gumuyu Jèngraga Kulawiryèku |
samya jêjawilan |
lèjême angajak mijil |

- apan sami garunêke karsanira ||
5. Wusnya têtung ing sêmu samya tumurun |
sayadan totoya |
Nuripin jinawil aglis |
Jayèngrêsmi myating paman lan rinira ||
 6. Linging kalbu wus datan kêna sinamur |
sih ing pakarêman |
nuruti panggawe sirik |
dene uwus sumurup pitutur tama ||
 7. yèn angrungu gamêlan tan etang-etung |
lir uwus tan arsa |
kêlèpètan ing agami |
padha dene tuwa anom kaya bocah ||
 8. Ingkang ngungun pinupus kalbu wus sokur |
pangulu turira |
punika wau mring pundi |
lan kaprênah punapa lawan paduka ||
 9. Alon muwus pan ariningong waruju |
siji pamaningwang |
manira duga tan bali |
kalih pisan padha dhêmêne gamêlan ||
 10. Pandugèngsun tan wurung yèn kongsi esuk |
maklume pun paman |
pangulu umatur inggih |
pan sumangga sakêrsanipun kewala ||
 11. Kula nuwun ngalap bêrkah mring sang bagus |
sangêt kikirangan |
satêmah ngisin-isini |
sring sinual kang ngèl-angèl mring kawula ||
 12. Langkung cêguk balilu dadya pangulu |
panuwun-kawula |
bab pitrah myang (m)bêlèh pitik |
inggih sampurnanipun kadi punapa ||
 13. Alon muwus Jayèngrêsmi mring pangulu |
mungguh sucinira |
ngamal jariah puniki |
mungguh pitrah pan pinara têtung duman ||
 14. (ng)Gih puniku wontên kaole têtêlu |
kang saduman kalal |
kang saduman mêkruh yêkti |
kang saduman sêmada puniku karam ||
 15. Ing liris kang têtung prakara niku |
dene ingkang kalal |
rêjêki ingkang wus wajib |

mring pangulu rêjêki suci pinangan ||

16. Malhipun kang saduman ngaram mêkruh |
gantungan sidhêkah |
malêm Mulud myang mumule |
mring (n)Jêng Nabi Wali Mukmin kang wus swarga ||
17. De kang têlung prakara ran karamipun |
kinarya gantungan |
pawèwèh wong pêkir miskin |
ingkang samya angênum kalularatan ||

16 (Nyi Randha Sêmbada sakalangkung rêmêning manah angsal tamu Jayèngraga)
Nyi Randha Sêmbada sakalangkung rêmêning manah angsal tamu Jayèngraga lan Kulawirya, sakalih-kalhipun bagus rupinipun. Sanalika sang randha kasmaran kapengin ngladosi kalih-kalhipun.
Randha Sêmbada punika sugih sangêt saking padamêlipun gadhe, ngijo lss. Anggènipun dados warandha wiwit ênèm watawis pantêsipun gadhah anak satunggal, nanging botên gadhah anak, wiwit alit kêdhi (botên anggarap-sari). Samangke umuripun sampun satêngah sêpuh, nanging sakalangkung drêmbing tiyang jalêr. Siang dalu tansah ngawontênakên têtabuhan kalênengan ing griyanipun. Sadaya ingkang sami nabuh, malah sadaya tiyang jalêr ing dhusunipun sampun kacakan nyai randha. Inggang kinasih kaum nama Duljaya jalaran sagêd suka pamarêm sang warandha, siang dalu tansah andon lulut, racak sabên siyang tiyang tiga, dalu tiyang tiga.
Kulawirya rumaos kabêtah, mila ngladosi nyi randha ing samarêmipun. Ing wêkdal kirang napsu, kabiyantu dening panggalak Biyang Kacêr ingkang tansah siyaga mituruti sadaya dhawuhipun sang nyai. Tumindak ing maksiyatan sakalangkung rêсах. Kulawirya kacêkap bêtahipun, angsal pituwas sinjang, dhêsthara, dhuwun lss. Jayèngraga ndhumugèkakên anggènipun gègèndhingan. Botên kadugi minangkani kajêngipun nyi randha, nanging nuruti napsunipun dhatêng Nyi Kacêr.
Saking sangêt ing kapenginipun dhatêng Jayèngraga, nyi randha pasaja dhatêng Kulawirya borong pangudinipun waton Jayèngraga purun nglanggati, sadaya kabêtahanipun Kulawirya dipun sagahi. Kulawirya nêrangakên kasênênganipun Jayèngraga botên sanès kajawi gègèndhingan. Pramila nyi randha lajêng gadhah niat badhe ngawontênakên tayuban ing dalunipun.
Kaca 232 – 266

Jilid 8 - Kaca : 232

480 Pocung

18. Kang rong pandum pitrah puniku gumantung |
driyah lan sidhêkah |
dede wajibe ki kali |
yèn pinangan ing pangulu dadi riba ||
19. yèn ta purun pepeka ingkang rong pandum |
sapêpadhaneka |
dadya suci kang binukti |
yèn pepeka ngalumpuk nandho duraka ||
20. Langkung gêtun ki pangulu alon matur |
e lah ta punika |
dèrèng tate amara tri |

kula sêngguh kabèh dadya wajib-kula ||

21. Tan sumurup yèn mawi pinara têlu |
kalal makruh karam |
sumêrêp sawêg samangkin |
kula dèrèng kanthi kitab kang santosa ||

481 Kinanthi

1. Yata kang samya umêtu |
Jèngraga Kulawiryèki |
Nuripin sih ginujêngan |
baune mring Jayèngragi |
kinèn nêmbung panginêpan |
mring wismane randha sugih ||
2. Sigra Nuripin lumaku |
Jèngraga nganti nèng kori |
Nuripin praptèng pandhapa |
tunggil lan niyaga linggih |
bibisik wus tinakonan |
ni randha Sêmbada mèksi ||
3. Ngling tanya marang kang nabuh |
ku sapa rowangmu angling |
niyaga matur ni randha |
wontên utusan priyayi |
nulya kinèn majêng ngarsa |
Nuripin umatur aris ||
4. Inggih kawula ingutus |
bêndara-kula kêkalih |
tinalètèhkên sadaya |
wit lawan wêkasanèki |
karênan myarsa gamêlan |
kêdah sumipêng ing riki ||
5. Ni randha Sêmbada muwus |
lah inggih (n)dika aturi |
Nuripin mintar sing ngarsa |
matur mring bêndaranèki |
inggih paduka ngaturan |
lêga tyase Jayèngragi ||
6. Nulya kairit malêbu |
Jèngraga Kulawiryèki |
nulya prapta ing pandhapa |
gêlaran sampun rinakit |
anèng ing bale watangan |
kang kêlasa alus putih ||
7. Ni randha duk sirandulu |
marang tamune kêkalih |
kumênayat rêsêp tumingal |
alon dènnya ngancarani |
suwawi dalêm pinarak |

8. Kang ingancaran alungguh |
ing bale watangan sami |
nêmbroma atur pambagya |
winangsulan sami-sami |
ni randha malih turira |
lah inggih ta ingkang pundi ||
9. Arinya (n)jêng kyai guru |
ing Wanamarta pinundhi |
kang kalok ing rika-ngrika |
ginuron pra guru sami |
kêkalih pundi kang putra |
Kulawiryana anauri ||
10. Bibi pan inggih puniku |
putrane kakang (n)jêng kyai |
kula punika arinya |
kadang nèm kula wuragil |
sampun kirang pangaksama |
kula nêdya nunukêri ||
11. Salu prantine sadalu |
ni randha nauri aris |
inggih sumangga kewala |
tan rumaos darbe panti |
yèn sudi tiyang maksiyat |
wontên gèsèhe sakêdhik ||
12. Ingriki tan ahli kaum |
sami mêmanculan kapti |
royoman para neneman |
sawancine siyang ratri |
sapurune kalênengan |
anggêr maklumipun sami ||
13. Ki Kulawiryana amuwus |
mila wus kasêdya bibi |
Jayèngraga nulya mucang |
saking pamasakanèki |
lopak-lopake lus-lusan |
mas tuwa gilap sinangling ||
14. Ni randha micarèng kalbu |
yêkti priyayi wong iki |
mendah nong karajanira |
ngalumpuk baguse sigid |
yèn ta kaparênga uga |
nginêpa têkan nèm ratri ||
15. amuwus mring rewangipun |
mundhuta pawohan anglis |
ni randha malêbèng wisma |

gupuh nunuding angrukti |
prayogining pasugata |
-nira mring tamu priyayi ||

16. Ni randha manahe wuyung |
marang tamune kêkalih |
tan èngèt lamun wus tuwa |
mêksih lir mên dhère nguni |
nulya ni randha Sêmbada |
ngangge-angge ambêsusi ||
17. Asinjang cêlari wungu |
kêmbên plangèn têlon asri |
anyar kêmbangan Madura |
gêlung methok rambut thithik |
marêngkêl kadya kêtêlan |
asingsêt linthis lir bithi ||
18. Kêsusu dènnira pupur |
rinêmbug sok kandêl tipis |
untune wus kêt kang romping |
nging rambute mêksih langking |
kang malêtuk binubutan |
ngalêsir kari sathithik ||

Jilid 8 - Kaca : 234

19. Acundhuk taluki wungu |
sinêling argulo putih |
winatês sêkar cêpaka |
akalpika kalih sisih |
konyoh jênar gêtêbêgan |
mêsês lir kênnya birai ||
20. Tilase wong bêtêt bêsus |
tuwa-tuwa mêskih licit |
kang wau dènnira randha |
wanci darbe anak siji |
ing mangkya wus luwas ing rah |
dhasare kêtêhi ing nguni ||
21. Durung wruh rasèng susunu |
mila wèt kulit kalimis |
wusnya dènnira busana |
pasugatan wus rinukti |
nulya ingirid kang nampa |
sugata anjudêmungi ||

482 Jurudêmung

1. Sira ni randha Sambada |
mijilkên sugata sêkul |
rampadan kêt ulamipun |
ni randha tata priyangga |
piring mega mên dhung |
sadaya datan salewah |

nèng panjang gêng tumpêngipun ||

2. Sêduwa bau andhêngklang |
sarwi nata piring ngayun |
sasolahira dol ayu |
Jayèngraga Kulawirya |
kêlangkung ewa andulu |
samyã micarèng tyasira |
tan amambu wong wus pikun ||
3. Polahe salah kêdadyan |
dêstun wong kang nganggo nêbut |
nora pikir angon tuwuh |
wong kaya gogosèk kawak |
ngèwak-èwakkên kalbu |
wong wus gêrang nunjang-nunjang |
lêlewane lir kumêncur ||
4. Lo prandene angujiwat |
amêmêdeni wong ngantuk |
nora ngon kosok wong iku |
ni randha wus dènya tata |
umatur mring tamunipun |
kawula saos sugata |
sumapala tiyang gunung ||
5. Katur sumangga ing karsa |
inggih paduka tuturuh |
kang ingancaran agupuh |
kalihnya awiwijikan |
Ki Kulawirya amuwus |
sêwawi bibi wasisan |
ni randha ature nuwun ||
6. Adan lêkas samya nadhah |
sêmune sêmada tuwuk |
duk bukti wismèng pangulu |
adêdangon pangêpêlnya |
wus antara dangu tuwuk |
karone samya luwaran |
ambêng cinarik sampun ||
7. Linorod marang ing ngandhap |
Nuripin pamanganipun |
arosa nêmên asêngkut |
kadya rong dina tan mangan |
kêpêle gêdhe krêp muluk |
Ki Kulawirya lingira |
dèn-alon yèn sêmpal wangmu ||
8. Nauri sarwi amangan |
êng tiyang makatên mupung |
wontên rêjêki kang sinung |
bok kajêng sidhêkahira |

Jilid 8 - Kaca : 235

ni randha suka gumuyu |
bagus tutugna kang tanak |
Nuripin ngling (ng)gih-(ng)ghipun ||

9. Kang sêkul sapanjang têlas |
ulame kédhik kang kantun |
mung kari bêbalungipun |
pan uwis dènnira mangan |
ingundurkên ajangipun |
nulya dhadharan mangarsa |
wowohan simpar gumantung ||
10. Miwah kang olah-olahan |
asangkêp sumajèng ngayun |
sarya tur sumanggèng kayun |
Jayèngraga Kulawirya |
mangsuli panrimanipun |
lèjême sarwa (n)jêjawat |
winor ngancarani wuwus ||
11. Ki Kulawirya lingira |
marang niyaga amundhut |
rêbab lawan kèndhangipun |
gupuh ingaturkên ngarsa |
sanak niyaga sadarum |
sintên kang bêcik anggambang |
samyà dèn-kaparèng ngayun ||
12. Agêpah para niyaga |
Jayèngraga nyandhak gupuh |
rêbab sinènggrèng pinagut |
thêng thêng wus olèh nêmira |
sêndhon pathêt sanga bêsus |
jariji gêtêr lir pendah |
cêcak pêthit buntutipun ||
13. Angikêl ngêlik mring barang |
ngês wilêtê awèh lulut |
nutug lih-ulihanipun |
nulya buka onang-onang |
niyaga nulya biyantu |
Ki Kulawirya angêndhang |
kosèkan banggèn angguguk ||
14. Rara-ciblon asibêkan |
niyaga kang samya nabuh |
pênabuhe datan asru |
saking gawoke tumingal |
Jèngraga pangrêbabipun |
miwah ing pangêndhangira |
karone apik abêsus ||
15. Sira ni randha Sêmbada |
rongèh dènnira alungguh |
tambuh-tambuh manahipun |

branta mring têtamunira |
maro paraning ngawuyung |
sêduwa andhangsor gawang |
timpuh uga sila panggung ||

16. Solahe nora jatmika |
ni randha micarèng kalbu |
dhadhayohku roro iku |
yèn ta datan kalakona |
salah sawiji wor lulut |
baya edan turut dalam |
sokur karo pisan ayun ||

Jilid 8 - Kaca : 236

17. Mendah lêganing tyas-ingwang |
suka rêna kinarubut |
roro-kongsiya sadalu |
sanadyan têtunga dina |
tinutugna karsanipun |
baguse ingkang angrêbab |
lan bagus kang ngêndhang iku ||

18. Ragèngong mangsa oncata |
binut ro ing siyang dalu |
mring sang bagus kang mratamu |
sok uga kresaa mring wang |
salulut kalaning dalu |
manira tadhah sumarah |
apa bae kang pinundhut ||

19. Kariya pinjung ngong têtamah |
lae-lae wong abagus |
muga na-a karsanipun |
mêngkono ciptaning nala |
ni randha gung brangta wuyung |
wau kang samya gêndhingan |
wus niba anulya suwuk ||

20. Ngaturan dhahar dhadharan |
myang niyaga pangananipun |
samya sêsambèn anyamuk |
ni randha malêbèng wisma |
sakêdhap anulya mêtù |
mlêbu mêtù tanpa karya |
kudhandbangan kadya bingung ||

483 Dhandhinggula

1. Nyai randha tambah polahnèki |
bêntayangan sangêt brangtanira |
mring kang mrêtamu karone |
ngundang randha-nomipun |
ingkang asring dadya pênangi |
-ning wong ingkang anggarap |
saluluting dalu |
malêndèk sinopak randha |

supayane bancolèng bisa-a tangi |
ngalih mring ni Sêmbada ||

2. Randha Sêmbada wus karêmnèki |
andêlajah wong lanang nom tuwa |
tan pilih agêng alite |
anggêr kewala purun |
nanging arang ingkang nêdhasi |
yèn tan pancèn acêngan |
cuwa kalhipun |
mila sinopak ing randha |
mudah mêngdèr ginarap jinajar guling |
amrih dadya pênggalak ||
3. yèn tan mangkono tan bisa ngingkig |
êgag sabab dening sarwa bubar |
badan sakojur wus lungse |
tan ana kang kêpupu |
daging-daging têka satêmplik |
kari balung ngalêthak |
kulite ngêlulun |
untune wis kèh kang gigal |
susune lir pêpao kothong anglêmpir |
wus kêjabèng paprêman ||
4. Nyai randha Sêmbada ngling aris |
biyang Kacêr priye karêpira |
rasane atiku kiye |
wulangunku mring tamu |
karo pisan pan dadi ati |
sawêngi ki supaya |
bisa-a salulut |
karo kang ngrêbab kang ngêndhang |
nora kêna sinayutan karêp-mami |
muga mêngko bisa-a ||
5. Kang liningan inggih kados-pundi |
pandugi-kula purun kewala |
pinapanakên kang adèn |
ni randha lon amuwus |
lah tatanên paturon-mami |
wangunên kang prayoga |
ingkang sarwa arum |
kalawan sira dangdana |
kadya sabên mangsa bodhoa sirèki |
mêngko yèn wus diwayah ||
6. Wusnya ngling ni randha nulya mijil |
marêg lênggah mring bale watangan |
wau kang sami sêsambèn |
Kulawiryanya amuwus |
owêl nora na kang nyindhèni |
ni randha ngling punapa |
kang paduka dangu |

Jilid 8 - Kaca : 237

(ng)gih bibi owêl gêndhingnya |
lamun datan gêndhing ginandhèngan èstri |
tan ulêt wilêtira ||

7. Nyai randha mèsêm matur aris |
inggih wontên nanging bêbêtahan |
sagêd sindhèn dede ronggêng |
punika tiyangipun |
Biyang Kacêr asring nyindhèni |
sami agogonjakan |
lan kang sami nabuh |
bêrkat asring dalu siyang |
inggih sagêd kêdhik-kêdhik anyindhèni |
kang gampil gêndhingira ||
8. Kulawirya gumujêng nauri |
inggih bibi lah bok dipun-coba |
Biyang Kacêr kinèn sindhèn |
nyai randha agupuh |
lah ya mêngko yèn muni gêndhing |
kinèn nyindhèni sora |
kang liningan saguh |
Ki Kulawirya ambranyak |
alon muwus payo muni Gambir-sawit |
Jèngraga mèsêm sigra ||
9. Nyênggrèng ngèk wus pakolih nêmnèki |
nulya asasêndhon pathêt sanga |
anutug lih-ulihane |
lajêng agêndhing talu |
Gambir-sawit raras ngrarangin |
samyak pakolihira |
wilête nê nabuh |
arêmpêg padha kêrasa |
Biyang Kacêr kumêcêr sindhène ngêlik |
mamêthêt-mêthêt driya ||
10. Bêning mêrit lir suling wrat sari |
mukêt wilête barungan rêbab |
apupunton ngês manise |
samyak angungas bêsus |
lir pênjalin sinigar palih |
swara mot jroning kawat |
rêbab lan sindhen rum |
atungtum lungiding raras |
yatmakaning gêndhing gêndhèng (m)bêlèr ati |
ronggèh Ki Kulawirya ||
11. Ngêndhang bêsus latah sarwi angling |
nora jamak jare bubutuhan |
de iku mêtuh mon-mone |
asor ronggèng kang komuk |
Biyang Kacêr ngêcêr lir cicir |
kang dadi ronggèng tandhak |

Jilid 8 - Kaca : 238

mangsa ta kadyèku |
mangkana dènnya kasukan |
rambah-rambah praptèng wanci têngah wêngi |
ni randha lon turira ||

12. Sang abagus sakaliyan mugè |
sampun dalu prayogi lèlêswan |
nèng jro wisma sakalihe |
Ki Kulawirya muwus |
inggih sangêt panrima-mami |
bibi apalimarma |
prênahing alêsu |
mênawi dugi karipan |
pênêt ngriki kewala kêmit ing jawi |
ngiras myarsa gèndhingan ||
13. Nyai randha mangsuk wismèng wingking |
Biyang Kacêr kinêjêpan sigra |
tut-wuri marang nyaine |
ni Sêmbada amuwus |
aturana kang tamu kalih |
malêbèng pasareyan |
ro pisan yèn ayun |
ya mangsa bodhowa sira |
yèn tan kêrsa sang ro mung salah sawiji |
poma aja tan ora ||
14. Ngong nèng gèbêr andhisiki guling |
kang liningan mijil mring pandhapa |
ngaturi ngawirya age |
samyang ngaturan masuk |
marang panti munggèng gèbêr mrik |
Kulawirya anabda |
[---] |
anakmas karêpirèki |
Jayèngraga anabda ||
15. Puniku paman wontên punapi |
dene anggantêr kaya parênjak |
tan na ngêrti kadhuwête |
Ki Kulawirya muwus |
gampangane linakon bêcik |
kaprentah kang ngaomah |
ya payo tinurut |
ala bêcike karuwan |
Jayèngraga mèsêm nauri suwawi |
wong ro gya malbèng wisma ||
16. Prapta jroning wisma linggih malih |
Kulawirya Biyang Kacêr ngandhap |
Ki Kulawirya wuwuse |
èndi kang ngundang mau |
dene ora katon alinggih |
Biyang Kacêr aturnya |
guguthitanipun |

brangtanira Ni Sêmbada |
datan kêna sinayutan drênging kapti |
yèn pinopo tan kêna ||

Jilid 8 - Kaca : 239

17. Têmahipun ambeda prakawis |
anyênyangkol ing lampah-paduka |
yèn tan tinêkan kayune |
lamun parênging kalbu |
luhung linampahan prayogi |
pan sampun adatira |
ni randha puniku |
drêmbe mring langêning priya |
datan kenging katowangan siyang ratri |
mung anggung gêgêcikan ||
18. Lamun towong kewala sa-ari |
mèncrèt mêlinding turut bêdidang |
ngêlumpruk tan sagêd (n)jènggèl |
tiyang nèm-nèm puniku |
ingkang sami anabuh gêndhing |
giliran dalu siyang |
kalih tiga tan wun |
nanging inggih sinaludhah |
bêrkatipun tiyang sugih anyukupi |
dunya dadya sarana ||
19. yèn tan sampun asugih pun nyai |
mangsa wontêna kang purun (ng)garap |
saking lungse sêdayane |
yèn wontên ingkang ambruk |
angêlumpruk têngahing kardi |
sring kula kinèn nyopak |
kang dados panuntun |
yèn sampun kêngkêng malèmbang |
mring ni randha yèn kêndho mring kula malih |
sawanci-wancinira ||
20. Ririh aturira mring têtamu |
Biyang Kacêr ature bêlaka |
tan riringa carêmête |
Kulawirya gêgêton |
Jayèngraga sidhakêp sêdhih |
pan dèn guguyu susah |
bisik-bisik muwus |
(ng)gih ta lah man Kulawirya |
ingkang lampah puniki sêmu bilai |
wirangronge ni randha ||

484 Wirangrong

1. Ki Kulawirya anjondhil |
mèsêm anjêkêtêt (n)joto |
Jèngraga wuwusnya pan puniku |
kula tan kadugi |
lamun anglakonana |

mangsa boronga pun paman ||

2. Kawula datan kadugi |
dhapure wus kaya bunglon |
dhuh ngong botên mêmpan langkung gigu |
dèn-apakkên mami |
kewala srah gêbugan |
kawula titik ragèngwang ||

Jilid 8 - Kaca : 240

3. Kula paman nèh alimi |
ing riku dhuh mangsa borong |
kula amit mêdal arsa nabuh |
ngong-têngga nèng jawi |
mung puniku yèn dhangon |
Biyang Kacêr kula-bêkta ||
4. Mring jawi kinèn nyindhèni |
kula angrêbab kemawon |
payo Cêr mring jaba alon matur |
paduka rumiyin |
Jayèngraga alon mentar |
mring pandhapa agamêlan ||
5. Mangkana kang nèng wismèki |
Ki Kulawirya andongong |
tyasira dhêg-dhêgan lêngur-lêngur |
Bok Kacêr turnya ris |
sêwawi dèn enggal |
mring tilam rum pamêrêman ||
6. Kadangon sêlak inganti |
sabaya-daya kalakon |
sira Kulawirya linging kalbu |
biyang priye iki |
yèn ora linakonon |
jarene asring ambeka ||
7. Tumama mring gêbêr ririh |
Ki Kulawirya (ng)galoso |
ni randha gumregah gupuh-gupuh |
angranguk tan wigih |
angrintih turira |
dhuh lae gus Kulawirya ||
8. Mugi wêlasa mring mami |
tyas ngarang sangêt wirangrong |
bok inggiha uga ngong nunuwun |
paringa jêjampi |
tan sagêd nahên brangta |
mugya sung raosing karsa ||
9. Kapencut rarasing kang sih |
adhuh lae-lae kenthol |
ya karsa-a sakêdhap ing lulut |

- mring wong kawlas-asih |
sira Ki Kulawirya |
langkung rikuh manahira ||
10. Tyase jêg têngêg jêg wigih |
enggal dangu kadho-kadho |
ni randha Sêmbada (ng)guntur muwus |
mring Kulawiryèki |
sarta pamulêtira |
kathah pangrêngihira ||
11. Ki Kulawirya lir èstri |
ginuntur srênggara wirong |
Ki Wirya sêmpêlah jroning kalbu |
mupus dèn-tekadi |
engêt kalularatan |
melik sugihe mring randha ||
12. Olèha dèn-jajaluki |
arta lan sandhang panganggo |
nulya tinandangan gigu-gigu |
kêburu ing melik |
Kulawirya tumumpang |
amêngkang wok tinrap mapan ||
13. Anjathok bènêr tan nilip |
ingangsêgakên malendo |
tan tumamèng prana angêlumpruk |
pinêksa tan kenging |
nyai randha wawusira |
Biyang Kacêr priye mana ||
14. Byang Kacêr gya marêpêki |
kinèn (n)dandani kang nglèntroh |
agupuh cinandhak kang ngêlelur |
pan ingulig-ulig |
inganggang tinêkêman |
guthule Ki Kulawirya ||
15. Cinakêpan dèn nêd-nêdi |
kangêtan nulya (m)bêdodong |
kêng-kêng mêdhok mangkas gêng lir gabus |
ambêdhêdhêg gilig |
pinapankên ing wokan |
pinêtêlakên boyoknya ||
16. Amblês sru panggêlurnèki |
lir ngrogoh lele anèng rong |
ni randha wuwusnya Kacêr uwus |
mêtuwa mring jawi |
kalamun parêng dhangan |
turana gus Jayèngraga ||

Jilid 8 - Kaca : 241

17. Biyang Kacêr sigra mijil |
 kang kantun anèng paturon |
 ni randha kêpadhan ing alulut |
 kêkèjèk malintir |
 boyok egol-egolan |
 anglawani solahira ||
18. Arongèh amrih pakolih |
 tan gonggang ingadon-adon |
 tan kèndhat ni randha dhasar baut |
 linukitèng gati |
 angingkêt sru mêmadal |
 mubêt ngogèk lir kekeyan ||
19. Ki Kulawirya tan (n)dimpe |
 pinolah sêmada gawok |
 ciptanirèng driya (ng)guyu-guyu |
 sêmada kèdugi |
 pinolah mring ni randha |
 jinêjêl kadya kêpinjal ||
20. Dangu dènnira agati |
 parêng karone mêngkorog |
 kumêsar kalihnya amrêkungkung |
 mrêkèngkong kang èstri |
 angêsês ngulèt sambat |
 dhuh kenthol Ki Kulawirya ||
21. Ês prèhipun kula niki |
 Ki Kulawirya ngêcêcêr |
 anggêrèng mirasa ingapagut |
 samya limputnèki |
 antara dangunira |
 wus tuntas wijiling rasa ||

485 Mijil

1. Aluwaran kang samya aguling |
 kalihe kalêson |
 Kulawirya maring patirtane |
 ni randha Sêmbada anggondhèli |
 sarwi ngêdhih-êdhih |
 dhuh-dhuh sampun mêtù ||
2. Sêrareyan kewala lan mami |
 amba tan sagêd doh |
 Kulawirya (n)jêgrêg lon wuwuse |
 e lah priye mène kiye iki |
 kasukêrên mami |
 pupuku gêluprut ||
3. Dudu-dudu gubrase mratani |
 jarit ting dalêmok |
 Nyai randha Sêmbada ature |
 inggih kewala dipun kêsudi |

Jilid 8 - Kaca : 242

- ing sinjang kang maksih |
aking karya kêsud ||
4. Mangsa kiranga sinjang pêsalin |
kang kêtês winasoh |
sarwi ngêsut kang pating dalèwèr |
wêlakange pupu kontholnèki |
kayidan (ng)gêbibir |
mangkêrêd (n)jangkêrut ||
5. Kinêsudan ing jarit barêsih |
ni randha adhokoh |
kinêsatan miwah guguthule |
ingkang (n)dhêpèl ing rawis wus rêsik |
kalihe wus aking |
kang ngêmbêr kinêsut ||
6. Kulawirya maksih wuda sarwi |
andhodhok mêtongkong |
anèng kasur wangi ginêmatèn |
nyai randha tansah ngarih-arih |
sarwi ngampil nyamping |
dhêsthar lawan sabuk ||
7. Nèng pênampian ingaturan aris |
lah punika kenthol |
pundi ingkang kinarsan sinjange |
bathik lurik tuwin ingkang kêtling |
pundi kang prayogi |
rêrêmênanipun ||
8. Sadaya tan ngraos andarbèni |
sumangga kemawon |
mung sok uga nuruti ngong purèh |
srêgêp nggarap kalangêning rêsmi |
tan etang barindhil |
kenthol kula lampu ||
9. Kulawirya têka anuruti |
tan lêngganèng pakon |
melik marga dening panyrudhahe |
dhasar rada doyanan cak èstri |
gya salin nganyari |
dhêsthar nyamping sabuk ||
10. Wusnya mètèt sinawang asigit |
ni randha agupoh |
ngrangkul mring Kulawirya lambunge |
sarwi angrogoh guthul pinidih |
dèn-wêg-wêg nglilinthang |
dhogol sih ngêlêlur ||
11. Ingwêd-uwêd dèn-ambung-ambungi |
asru sengkak-sengok |
sarwi niyungakên ing lambunge |

ginêledhagakên jinak guling |
Ki Kulawiryèki |
kewala anurut ||

12. Dèn-olag-olig badanirèki |
winudan bêlojod |
ngathang-athang (n)jêpapang kakunge |
kang nglêlumpruk ngêlèmprak nglênggirik |
ingulig tan osik |
pan ingêlus-êlus ||

Jilid 8 - Kaca : 243

13. Sarwi ngundang Biyang Kacêr aris |
kinèn malbèng kobong |
Biyang Kacêr ngêlik maksih sindhèn |
sigra jinawil rowange èstri |
matur mring Jèngragi |
inganthukan mundur ||

14. Praptèng jroning gèbêr kinèn aglis |
anggêgotho dhogol |
rada cilik nanging kêncêng bae |
Biyang Kacêr angumpak mêmengin |
tur kapara alit |
ginunggung gêngipun ||

15. Mrih gêmbirane kang anduwèni |
ngalêm ethok-ethok |
sarwi nêkêm crêmédan (n)drêmèmèl |
mungguh rosane kang gédhe cilik |
panjang cêndhaknèki |
miwah kang mucuk bung ||

16. Kaya bandha kang sêmene iki |
njêbolakên bokong |
mendahneya anggiyêr rasane |
baya lir andhêplok rujak-wuni |
yèn lirêgan margi |
lir nyêprot galêpung ||

17. Dhasar olèh pancèn wonge wasis |
lir lele anèng rong |
iba swarane klukuk-klukuke |
kang inguwêl krugêt-krugêt tangi |
(m)bêdêdêng (n)jêbibir |
mêdhok thothokipun ||

18. Kulawirya malêngèh ngling aris |
akale mêngkono |
(n)dadak crêméd ih ngêpenginake |
ni randha Sêmbada anggêligik |
sarwi angambungi |
gunthul manggut-manggut ||

19. Sarwi angrêrintih ngêdhih-edhih |
 aduh lae kenthol |
 wawi malih kenthol enak donne |
 ingangsêgagên boyokirèki |
 gumlebak nuruti |
 tumumpang ing pupu ||
20. Nyai randha amapan sarya ngling |
 Biyang Kacêr kono |
 lantaran jaganana kiye |
 aja nganggo kêmbên miwah tapih |
 wuda-a lir mami |
 bèn pengin kentholmu ||
21. Tinamakkên amblês sru swarèki |
 kakothekan gêjog |
 dhasar datan binanyu waune |
 mila sangêt swabawaning rêsmi |
 sinêrêg ing gati |
 ni randha anutug ||
22. Ngêsês-ngêsês ngulèt ngolang-aling |
 rêm-rêm melat-melot |
 kêtutugan ni randha karêpe |
 matur jêngandika sunggar mami |
 Ki Kulawirya glis |
 mapanakên pupu ||
23. Dèn-sidhêkusakên ingkang èstri |
 dhêngkule pinakol |
 cingklêk nyangkol ing sikut karone |
 amênthèngrèng mèn dhak gamblang-nèki |
 tan rubêd ing titih |
 nutug pantogipun ||
24. Ngêsak-êsak kang èstri pakolih |
 ngêdên bêkah-bêkoh |
 sarwi nawang dhogol panggêlure |
 Kulawirya suka myating èstri |
 Ni Kacêr pinidih |
 -pidih susunipun ||
25. Kêpengine mring Ni Kacêr dening |
 mêksih mèn tètèr anom |
 dadya mangkas bangkat sadangune |
 sarêng mamprihirèng rasa gati |
 ginêlak solahing |
 parêng kalhipun ||
26. Kagèt ngulèt ni randha anjêlih |
 saking pyuhing raos |
 angrêrêngih kiyêr ngrasakake |
 Kulawirya ambêkuh dènnya wis |
 gumaledhag guling |

Jilid 8 - Kaca : 244

lir kambang tumimbul ||

486 Maskumambang

1. Aluwaran dènnya pulang untir |
ni randha ris nabda |
lah Biyang Kacêr dèn-aglis |
ngambila toyèng kobokan ||
2. Kang tinuding tan adangu nulya prapti |
ni randha anyandhak |
dhogol tinuruh ing kèndhi |
kinumbah nglemprak lir lintah ||
3. Pan kinumbah ing bokor kontholirèki |
nglelur tan (ng)gulawat |
ngalumpruk akolor-kalir |
Ni Kacêr milu anggrayang ||
4. Dèn-(ng)gang-anggang guthule krasa gumriming |
kangêtaning tangan |
krugêt-krugêt rada tangi |
ni randha mèsêm turira ||
5. E lah dalah dhuh kenthol nak-lune malih |
dene niji ngajak |
gugulêtan nantang wani |
Ki Kulawirya alatah ||
6. Ethok-ethok bae manthuk-manthuk wani |
tur mangsa bejosa |
durung têkan lumpuh margi |
lah kiendang pira modar ||
7. Payo bibi guling kewala ngong arip |
ni randha agêpah |
matur lah inggih suwawi |
nulya sarêng gumaledhag ||
8. Kêkêp-kinêkêp timpah-tinimpah wêntis |
lajêng samya nendra |
Biyang Kacêr sigra mijil |
saryambêkta pasareyan ||
9. Tinata ing bale watangan pandhapi |
kang nabuh gamêlan |
sadaya pan sami arip |
ngiras tunggu ing gamêlan ||
10. Jayèngraga ngaturan sare ing lêmpir |
sigra sasareyan |
dhêdharan pinire aglis |
pinaringakên santrinnya ||

Jilid 8 - Kaca : 245

11. Ki Nuripin turu ngêkêp panjang piring |
nringkêl sore mula |
Jêngraga dènnira guling |
alingan ngundhuk ing pandam ||
12. Biyang Kacêr sigra kinèn amêtêki |
amèpèt nèng dagan |
jêmpol jênthik dèn-jêthuti |
pinangku suku kalihnya ||
13. Susunya cinêthot jêjêmpol sikil |
kêmbên linukaran |
agêmuh maksih ngatosi |
sukunira Jayèngraga ||
14. Kang sawiji jinojohakên ing tapih |
praptêng pok wêlakang |
suku sawiji niwêli |
midih-midih payudara ||
15. Puringisan Biyang Kacêr matur sakit |
kêbês nyunungira |
lapake sangêt abrangti |
kedanan mring Jayèngraga ||
16. Biyang Kacêr mêrambat dènnya mijêti |
tan saranta nyandhak |
ing guthul kang lagi mési |
dèn-gelo ingogak-ogak ||
17. Sarwi ngêsês kalangkung dènnya kapengin |
lamun kinarsakna |
mèngkat-mèngkot bokongnèki |
gêmboke kang ginogohan ||
18. Nyunung susu dangu dèn-ucêl ing sikil |
Ni Kacêr lambungnya |
ginaladhagakên guling |
Byang Kacêr suka tyasira ||
19. Tinimpahan Ni Kacêr kinèn ngêkêpi |
nyakêpi dhogolnya |
tangan ro dènnya nyakêpi |
dhogol sarya ingambungan ||
20. Jayèngraga bisik-bisik ngandika ris |
manira tatanya |
duwèkingong gêdhe êndi |
lan si paman Kulawirya ||
21. Biyang Kacêr matur sarwi anggêligik |
sarwi ngogak-ogak |
dede amput-amputnèki |
mung sapalihe punika ||

22. Nanging inggih wontên têngènne sakêdhik |
mangsi mêkotêna |
tan limrah anglêlangkungi |
ambêjadakên pungkuran ||

487 Pangkur

1. Gumujêng Ki Jèngraga |
carêmède angalêm guthulnèki |
bungah tyasira ginunggung |
madhidhig ragi dhangana |
asih marang Biyang Kacêr crêmêdipun |
pinathakol lambungira |
kinêkêtakên ing wêntis ||
2. Tan ucul panêkêmira |
tênggok thothok pan maksih dèn-têkêmi |
bathuk tumèmpèl ing kèmpung |
sarwi alon turira |
dhuh bëndara kenthol amba sangêt wuyung |
mugi paringa punika |
ta ês ta ês bok suwawi ||
3. Sangêt kêpengin kawula |
lir punapa raose (ng)gih puniki |
bok inggiha sang abagus |
sablêsêkan kewala |
Jayèngraga alon dènnira amuwus |
lah ya ing mêngko kewala |
ambungana bae dhisik ||
4. Biyang Kacêr marêm tyasnya |
sinanggupan ing mangkya dèn-karsani |
sakêlangkung bungahipun |
ngambungi asêngokan |
sarwi nêcêp ngêmut nucup ngamut-amut |
pinêt-nêt ing pipinira |
guthule saya amêsi ||
5. Tan bênggang nèng irungira |
panêkême grêgêtên dèn-nêt-nêti |
anggêlur mring bongkot pucuk |
ingucêl sadangunya |
kêsangêtên karaos mêrkindingipun |
pan kumêsar angganira |
tandha mèh mrojol kang mani ||
6. Sukunira Jayèngraga |
ingkang kanan jèmpole anggogohi |
ing gêmboke ngèmplok suku |
anggêrêng Jayèngraga |
ambadêdêng kadêdêr badan sakojur |
dhogole sru akêjotan |
mêcothot nyoroti rai ||

Jilid 8 - Kaca : 246

7. Galêgêkan ngudal-udal |
 kêkênthêlan gubras ngêbêki rai |
 irung netrane gêlaprut |
 kêbês kopoh ing kama |
 mata karo alis irung lir dèn-ancur |
 kêbês kê mèl dening kama |
 wus tungtas wêdalirèki ||
8. Kang sare tangi gumregah |
 Jayèngraga gumujêng angling ririh |
 o lah priye kowe iku |
 raraimu gêluprut |
 ujêr kêbangêtên têtêmên panêkêmmu |
 anggêlur gelo angogak |
 kasêlak jêbrol tan kongsi ||
9. Anggarap marang ing sira |
 Biyang Kacêr tangane kang sawiji |
 ngucêk-ucêk netranipun |
 kang têngên maksih nyandhak |
 anêkêmi guthule ingkang ngalelur |
 ingulig-ulig ngalèmprak |
 sarwi ngoso matur ririh ||
10. Dhasar akumet paduka |
 bok inggiha wêlas mring wong ngrêrintih |
 pancèn lècèt manipun |
 kur tinêkêm kewala |
 mukok bulaeran pirang-pirang duduh |
 nampêki netra kawula |
 tan sagêd mêlèk puniki ||
11. Jayèngraga angandika |
 ya wus bènêr nging bisa krêp ngunggahi |
 ah wis ta tanganmu iku |
 uculna dèn-aenggal |
 pan winêngkang umatur bok kajêngipun |
 mêngkono ing wancinira |
 bêdhug têtêlu bangun enjing ||
12. Tuwu kolik sisikatan |
 myang pangwuhing sata gumêrah asri |
 Jayèngraga gupuh-gupuh |
 pan arsa dus jinabad |
 Niyang Kacêr nuduh ing patirtanipun |
 Jèngraga siram nêng kulah |
 Ni Kacêr malbèng wismèki ||
13. Anggugah mring nyai randha |
 pan wus tangi nging maksih nguli-uli |
 anggêgotho dhogolipun |
 go kêncêng uga nglèmprak |
 myarsa Biyang Kacêr (ng)gugah nguwh-uwuh |
 sokur mreneya sêdhela |

Jilid 8 - Kaca : 247

kiye dadimène tangi ||

14. Malbèng jroning pagêbêran |
Biyang Kacêr winudan tanpa jarit |
wong têtêlu ting baringkung |
samyu wuda nèng tilam |
biyang Kacêr anggrayang guthul ngalelur |
lagya cêg nulya andhêngal |
ni randha suka kêpati ||
15. Wawi kenthol Kulawirya |
eca lu pat ma nêmu tu-nipun malih |
kang jinalukan gumuyu |
gèdhèg mèlongo nabda |
uwo èh ta tan (m)badêdêng mêngkonèku |
mêdhêdhêg ogrèk-ogrèkan |
mung thuh-thuh thok-ethok tangi ||
16. Gumuyu randha Sêmbada |
aduh lae-lae kenthol wong sigit |
suwawi malih pulang hyun |
inggih sapisan êngkas |
botên kêdah dangu mung satuwukipun |
gumuyu Ki Kulawirya |
angling o biyang si nyai ||
17. Niki wayah wus tanggungan |
yèn pot wêktu kewala mangke malih |
kula tuwuki sakayun |
ngling ta kenthol sakêdhap |
ni randha Sêmbada sru panggujêngipun |
angrêringih aturira |
coba ingriku rumiyin ||
18. Mring Biyang Kacêr supaya |
sagêd kêngkêng anuntên dhatêng mami |
wawi kenthol wong abagus |
yata Ki Kulawirya |
pan kêpopoh bote wong adarbe kayun |
mrih gampang sapênjaluknya |
nulya kêthèngkrèng anitih ||
19. Adhangan dening nomira |
nora pati longgar kaot ngangêti |
angigig panggêluripun |
ni randha bêtayangan |
ngêsas-ngêses acès-cèsan ilêripun |
myat ing Byang Kacêr sinunggar |
kalangkung dènyaya kapengin ||
20. Ês kenthol wawi mring kula |
dèn-aenggal kula sêlak kêpengin |
kang jinalukan anurut |
gumalempang malembang |

Jilid 8 - Kaca : 248

mring ni randha tinamakakên ngalèlur |
moprok malênthèt nèng wokan |
mupuk kewala nèng jawi ||

21. Jinêjêlkên grèwèl mêdal |
nulya kinèn mring Biyang Kacêr malih |
singra malih manggung-manggung |
kêncêng amblês lur-luran |
Ni Sêmbada lir kekeyan akèn wangsul |
anyêdhak jèjèr malumah |
dhadhêsêkan adu cêthik ||
22. Ingungkil Ki Kulawirya |
gumaledhag gumlebag angurêpi |
tindak tumanduk nglêmpuruk |
ngalentroh kadi lintah |
jinongkongakên ngalih mring Byang Kacêr sêngkut |
kyèh swarane balêkukan |
ni randha prêmbeyan nangis ||
23. Sabên ngalih mring ni randha |
datan bisa tumanduk angayati |
mung mring Biyang Kacêr sêngkut |
ajênak nèng pênggalak |
[---] |
gya rinêbut rasa |
sami nyangkêrunding kalih ||
24. Mukok nèng Byang Kacêr (ng)gènnya |
Ni Sêmbada amuwus sarwi nangis |
e lah priye mêne iku |
ngong tan kaduman pisan |
kêbangêtên kenthol Kulawirya iku |
maring ngong nora tumama |
mung Byang Kacêr dèn-acungi ||

488 Pocung

1. Yata wau luwar dènnira aundhung |
Ni randha Sêmbada |
maksih mèwèk mèrbês-mili |
Kulawirya sêmu (ng)guyu-guyu wêlas ||
2. Alon muwus lah bibi aywa wulangun |
kêtrucut manira |
ngong ampêt-ampêt tan kêni |
(ng)gih ngapuntên dika bibi mring ragèngwang ||
3. Randha muwus dhasar dèn-jarag mariku |
nulya Kulawirya |
ni randha angarih-arih |
ingarasan pinindha-nom rekanira ||
4. Alon matur ni randha inggih wong bagus |
panuwun kawula |

Jilid 8 - Kaca : 249

- kèndêla ing tigang ari |
anèng ngriki maksih cuwa tyas-kawula ||
5. Inggih lamun paringa tur kawulèku |
punapa kinêrsan |
kawula anyanyaosi |
lamun datan parêng kawula lênggana ||
6. Duk ingrungru wuwusing randha kadyèku |
abêbêk manahnya |
alon dènnira nauri |
lah (ng)gih bibi mangke manira rêmbugan ||
7. Niki sampun ing wêktu Subuh kêsusu |
bibi alim dika |
pundi patirtanirèki |
nyai randha matur punika ing kulah ||
8. Lamun sampun anuntên paduka wangsul |
sabakdaning salat |
sokur yèn tan salat enjing |
ngong-ladosi kewala anèng ing wisma ||
9. Ngling gumuyu Ki Kulawirya amuwus |
o lah puniku ta |
datan kêna dèn-gagampil |
poting salat jangjinya niku duraka ||
10. Nambung matur de kaum ngriki puniku |
namane Duljaya |
santri jadhug tédhas ngèlmi |
Subuh Luhur Asar tan mawi sêmbahyang ||
11. Inggih namung sabên Mahrib salatipun |
turene Duljaya |
yèn santri taksih nglampahi |
limang wêktu salate santri gorèkan ||
12. Taksih kumprung dèrèng tédhas ngèlminipun |
(n)jêngèk Kulawirya |
(ng)gih mangke kula manggihi |
mring kaum-dika kang gadhah pangrêmêkan ||
13. Rada gêcul kintêne kaum puniku |
nulya mring patirtan |
adus jinabad wus suci |
laju marang pandhapa panggih Jèngraga ||
14. Dhèhèm sêgu Jayèngraga mèsêm muwus |
paman nora jamak |
angêtok kongsi sawêngi |
Kulawirya ngling ih wong dèn-gawe wadal ||
15. Lah sirèku dene atêlês rambutmu |
rowangira sapa |

kuwêlan dhèk mau bêngi |
Jayèngraga gumujêng mung gèbrojolan ||

Jilid 8 - Kaca : 250

16. Mila adus jinabad prujil manipun |
kang paman ris mojar |
payo Subuh maring masjid |
lah Nuripin gugahên kaum Duljaya ||
17. Sru gumuyu Jèngraga dene kadyèku |
kaum ran Duljaya |
slewang-slèwèng jênêngnèki |
Kulawirya ngling arakna kaum Buda ||
18. Payo uwus sêmbahyang Subuh mring tajug |
nulya samya salat |
Duljaya ginugah tangi |
wusnya sami wulu Ki Nuripin adan ||
19. Kaumipun tan nyarakkên lajêng maju |
ngimami kang salat |
Duljaya ngangkat usali |
usaline tan bènêr unining lapal ||
20. Ingkang makmum pasekat usalinipun |
tan makmum niatnya |
usali parlam Subêki |
rakangatin ada-an imaman lilah ||
21. hi tangala Allahu akbar wusipun |
Ki kaum Duljaya |
kayoman kèthèr kang ati |
nulya mudhar ambatalkên ronning-kamal ||

489 Sinom

1. Noli sarwi angrêngrêpa |
suwawi dalêm imami |
kawula makmum kewala |
kang sinabdan tan nauri |
Duljaya nèng wuri |
usaline ekral makmum |
Jayèngraga asora |
santak pamacanirèki |
wusing Patekah surat Anjal-na ||
2. Akire wusing Patekah |
wêwacan surat Watini |
rêkangat kir kinunutan |
wus sujud ro tahyat akir |
gya salam bakda nuli |
pupuji gya dhikiripun |
nulya amaca donga |
pêragat dènnira bêkti |
gya sêlawat nulya samya sêsalaman ||

3. Sawusira bakda salat |
 Ki Kulawiryà ningali |
 mring kaum ran Ki Duljaya |
 bisik-bisik mring Jèngragi |
 lah iku ingkang warni |
 kaum kang ginunggung jadhug |
 dhapure lir bêdhigal |
 tan mèmper dhapuring santri |
 balènthote kokothot matèni dalan ||
4. Kacatur ngèlmune tédhas |
 sêmbahyange sabên Mahrib |
 Mahrib iku tarkadhangan |
 duwe pengrêmèkan ngèlmi |
 Subuh Luhur Ngasar-i |
 [---] |
 Jèngraga mèsêm nabda |
 kados tan pantês pinikir |
 Kulawiryà ris wuwuse mring Duljaya ||
5. Anu rika ingkang aran |
 Dulprawira-wijayèki |
 kang liningan nor turira |
 botên mawi prawirèki |
 Duljaya mawon ugi |
 Ki Kulawiryà gumuyu |
 Jayèngraga alatah |
 myat mring kang dèn-têtakèni |
 kang ginuyu biyas pucêt ulatira ||
6. Ngling malih sirèku paran |
 kang dadya kaum mring ngriki |
 tan doyan ngaji sêmbahyang |
 apa nora (n)durakani |
 Duljaya matur ajrih |
 inggih ing sayêktosipun |
 kula kaum papêksan |
 saking karsanipun nyai |
 tan sagêd ngaos namung apal-apalan ||
7. Donga pan amung Rajukna |
 lan donga nambêlèh pitik |
 liyane puniku datan |
 wontên kang kula-sagêdi |
 mènçêp Kulawiryèki |
 sira iku dadi kaum |
 mung kaum bêbêlèhan |
 wis sira tan bisa ngaji |
 jênêng kaum wani-wani tan sêmbahyang ||
8. Dadi ngong srêngên mring sira |
 duraka jangjining akir |
 lagi jênêngmu Duljaya |
 gèsèh dudu jênêng santri |

Jilid 8 - Kaca : 251

ingkang mawa punapi |
sira nora wêktu-wêktu |
Duljaya tur bêlaka |
yêktosipun jasad-mami |
walèh-walèh punapa saking jrih kula ||

9. Lêbura dosa kawula |
sapalih saprêtêloning |
inggih kawula punika |
asring-asring kèn nilêmi |
kajiyat (n)dara nyai |
randha Sêmbada kêlangkung |
drêmbane mring wong lanang |
tan towang ing siyang ratri |
dados kula tan kobêr-kobêr jinabad ||
10. Ngawiryaya ro sru guyunya |
e lah layak yèn kadyèki |
pangulu pakaning randha |
kadèkna wêdi ing masjid |
umatur kang sinung ling |
inggih saking wrat-wratipun |
tiyang angungsi têtaha |
mikantukkên anak rabi |
Jayèngraga angglêgês myat ingkang paman ||
11. Sarwi bibisik wuwusnya |
dene ana kang ngrakiti |
ki kaum kalawan paman |
tinandhing (m)buh kang pinilih |
kêtanggor gèn dukani |
dhumpyuk kasut padha kasut |
nora dadi abahan |
kang paman anamur liring |
angling malih Kulawiryaya mring Duljaya ||
12. Manira tanya mring rika |
de kanggo dhewe sirèki |
êndi bandhamu kayapa |
Duljaya anjumbul wigih |
o nuwun tan prayoga |
sangêt awon warninipun |
pinêksa pinaripêksa |
Duljaya jrih sêmu isin |
gya liningkap katon nglênggirik ngalèmprak ||
13. Samya kagyat kalihira |
Jèngraga Kulawiryèki |
gumuyu alatah-latah |
we-o-we anggigilani |
nyata ala sayêkti |
kan gigire kêbak wulu |
lir tikus wirog kawak |
layak kangge mring si njai |

Jilid 8 - Kaca : 252

iba yèn mêtotong gêdhene sapira ||

14. Nulya enggal sinasaban |
ginuyu pating cêkikik |
ya wis nulya Duljaya |
manawa nuli pinanggih |
mring gayêranmu nyai |
kang liningan sigra mundur |
Ki Kulawiryana nabda |
mring putra Ki Jayèng ragi |
iki ana rêmbug pakewuh ing manah ||
15. Karêpane nyai randha |
anggon dhèli laku iki |
rêrêm nèng kene tri dina |
kapriye rêmbugirèki |
mangsa bodhowa nanging |
thithik lagyana karsèngsun |
golèk tulak mêlarat |
mupung olèh babah mami |
rada wênang (n)jarag karam anèng paran ||
16. Jèngraga gumuyu nabda |
paman pamine puniki |
ing lampah kawula tilar |
paman kantuna nèng ngriki |
Kulawiryana nauri |
tan (n)tuk dene jaluk rêmbug |
yèn aja-a kèlingan |
tut wuri marang Jèngrêsmi |
gêlêm bae manira yèn sira tinggal ||
17. Têtekadan rêbut paran |
bot-boting langip nèng margi |
tambah kêmlarataningwang |
Jayèngraga angling aris |
kêlamèn anèng ngriki |
sêtun sadintên sadalu |
ingangkah rampungira |
barang karsa kang dumugi |
yèn matura mring kangmas mangsa kenginga ||
18. Kulawiryana ris wuwusnya |
mêsthi bae lamun runtik |
singa pisan iki ngalang |
sawêngi êngkas nulya wis |
aywa mbèncèngi pikir |
padha nganggo gêcul kumpul |
nèk mêngkonone uga |
sêdhêng mari kêsêlnèki |
Jayèngraga angalêgês wuwusira ||
19. Inggih botên ta lah paman |
(n)dadak ngangge dèn-praboti |
tiyang dhasar sampun niyat |

asipêng malih sawêngi |
suwawi ngong-labuhi |
supaya paman pikantuk |
kadugèn ing sakarsa |
mugi sagêda nglampahi |
kang badhe anjuru-dêmungi ni randha ||

490 Jurudêmung

1. Yata ni randha Sêmbada |
sawusira dènya adus |
adandan bêsus kumayu |
mêsês kèwês lir pêrawan |
angango pinatut-patut |
sarwa kêling pênganggenya |
ngore rambut acucundhuk ||

2. Suri têtanggalaning mas |
tinêngahan sêkar mênur |
widatal ginêbêg alus |
pupur kuning gugunungan |
Ni Kacêr ngladèni ibut |
kinèn atata dhaharan |
sasaosan sèmèk esuk ||

3. Andhèr ing bale watangan |
ni randha dènnira lungguh |
anèng pandhapa amubru |
ngling mring Biyang Kacêr tanya |
priye Cêr duk mau dalu |
tuturèn ingkang bëlaka |
lèhmu peyor lan sang bagus ||

4. Bêgja tèmên kêmayangan |
kinarsan marang wong bagus |
matur dene daya lamun |
kinokohan ing asmara |
namung kinèn ngêngkuk-êngkuk |
agênge tan lumrah-lumrah |
apanjang dèdèlêgipun ||

5. Tan kongsi ambubak kawah |
sêlak bulaèran nêmbur |
mring rai kula sadarum |
Ni Kacêr dènya crêmèdan |
bisa amuwuhi umuk |
ni randha kalêsèdan |
kapi-antan kêrêp idu ||

6. Lah priye Cêr budinira |
tyas ngong sangêt kêpenginku |
miyarsa tuturirèku |
kaya pa raose baya |
kang tan lumrah-lumrah iku |
kirane apa bisa-a |

Jilid 8 - Kaca : 253

ngong pikir ing mêngko dalu ||

7. Umatur inggih mênawa |
wontên karsane tinêmbung |
lah ya wus arahên iku |
amrih kêrsane maring wang |
sira mêngko ngong wêlungung |
sok uga Cêr kalakona |
wus aturana dèn-gupuh ||
8. Iya kenthol sakaliyan |
aturana sami kondur |
Ni Kacêr gya lampahipun |
praptêng tajug aturira |
kawula kenthol ingutus |
paduka sami ngaturan |
marang ing wisma sang bagus ||
9. Apan sampun sinaosan |
dhadharan sêsèmèk esuk |
ingantos-antosan dangu |
anulya kang ingaturan |
samy mudhun saking tajug |
praptêng pandhapa alênggah |
Ki Jayèngraga andulu ||
10. Mring randha inyor tumingal |
tanpa ngrasa wong kêpaung |
wus dhaplok ngêpluk kumayu |
mung jaga pakan kaluwak |
arahe kaya kumêncur |
têka mangkono osik tyas |
ni randha aris umatur ||
11. Mring kakalih tamunira |
suwawi kenthol sang bagus |
adhahara mumpung esuk |
ngawirya kalih ris mojar |
(ng)gih nyai sangêt trimèngsun |
Ki Kulawirya liringan |
jêjawatan kalhipun ||
12. Uningèng sêmu Jèngraga |
mèsêm ririh wuwusipun |
jawane bot wong kêbutuh |
turangga cinancang pucang |
blarak kang cêdhak tinubruk |
katon sukêt kalamênta |
kayata paman puniku ||
13. Lir ngêlih sangêt katliyah |
amamah papah tinêmpuh |
kang paman kêkêl gumuyu |
ni randha saya aberag |

Jilid 8 - Kaca : 254

- pangrasane dhawakipun |
kang rinasanan ing suka |
tuwa-tuwa maksih ayu ||
14. Ngêsorkên prawan wulanjar |
maksih ayu nimbok iku |
mangkono pangrasanipun |
sarwi mundur saking ngarsa |
malêbèng wisma gêng pungkur |
lorod ulate kinarya |
Jèngraga tansah gumuyu ||
15. Yata kang tamu ro samya |
sarêng dènnira tuturuh |
dan lêkas bukti pikantuk |
anutug antaranira |
luwaran cinarik sampun |
pinaringkên santrinira |
Nuripin tinuwuk-tuwuk ||
16. Katutugan panganira |
sawêngi ngising ping wolu |
mêngkana ni randha wau |
saos sinjang nèng panampan |
sami sapêngadêgipun |
gya Biyang Kacêr ingundang |
iki aturna kentholmu ||
17. Dene kang sapêtadhahan |
aturana bae masuk |
gus kenthol Kulawiryèku |
kang liningan sigra mêdal |
ambêkta pênampanipun |
praptèng ngarsa lon turira |
punika tur-aturipun ||
18. Nyai nyaosi pasatan |
katura dhatêng sang bagus |
Jayèngraga lingira rum |
lah iya Ni Kacêr tutura |
mring nini randha trimèngsun |
yèn ana karsa manira |
têmtu manira anjaluk ||
19. Ni Kacêr malih turira |
gus kenthol Kulawiryèku |
paduka ngaturan masuk |
marang pun nyai sakêdhap |
Jèngraga angkatag gupuh |
awawi ta enggal paman |
pinanggil marang dyah ayu ||
20. Kusuma sêsakaningrat |
kang pindha bunglon ginatung |
anggundamakên wong turu |

kang karya ewaning manah |
èsême ngêdohkên kayuh |
lan sampun kêdangon paman |
kang wirangrong ngayun-ayun ||

Jilid 8 - Kaca : 255

491 Wirangrong

1. Gumuyu Kulawiryèki |
sadangune dèn-pêpoyok |
anulya mring wisma (ng)guyu-(ng)guyu |
sapraptaning panti |
panggih lawan ni randha |
sampun ingaturan lênggah ||
2. Ni randha turira ris |
sumangga punika kenthol |
salinna busana ingkang patut |
pundi dèn-kêrsani |
Ki Kulawiryia sigra |
acucul salin busana ||
3. Nyamping kêmbang jarak mori |
dhêstar modang sabuk gêdhog |
sarwi binorèhan pinapatut |
mêthènthèng andhandhing |
Ki Kulawiryia mojar |
yèn sêmbada bibi randha ||
4. Santri kula pun Nuripin |
(ng)gih wenèhana panganggo |
ing salila (n)dika anggêr wutuh |
dhengah bathik lurik |
mêsakakên mêningan |
tut-wuri tan kêna têbah ||
5. Ni randha suka turnya ris |
inggi sampun walangatos |
thole santri paduka gih-ghipun |
kula kang nyukupi |
lah Kacêr timbalana |
Nuripin malêbèng wisma ||
6. Kang ingundang nulya prapti |
nèng jogan linggih andheprok |
ni randha lingira sarwi mundhut |
sapêngadêg jarit |
èh Nuripin salinna bêbêd sabuk ikêtira ||
7. Kulambi kalawan kêris |
iya rangkêpên lan golok |
Nuripin agêpah nuwun-nuwun |
aturira aris |
lamun parênging karsa |
kawula nuwun berang ||

8. Berang panguthik kang apik |
 nèng margi yèn wontên bondhot |
 bondhot binabadan tiyang anut |
 pungkuring priyayi |
 ayahan ewuh-aya |
 kédah agêgaman berang ||
9. Kulawirya gumuywangling |
 èh sampun lir omah kobong |
 (n)dadak mraman-mraman ngaji pupung |
 tumungkul Nuripin |
 sarwi akacêmutan |
 ni randha gumuyu nabda ||
10. Iya ywa susah Nuripin |
 ngong duwe bur-buran bëndho |
 duwèke mas dê mang kang wis nganggur |
 panguthike bêcik |
 lah ênya kiye apa |
 landhêp rangkane prayoga ||

Jilid 8 - Kaca : 256

11. Gupuh nampani Nuripin |
 bungah maloto malongok |
 lah dalah utama dene bagus |
 olah agêm pyayi |
 ngiras gawe bêlehan Ki Kulawirya alatah ||
12. Sarwi mojar èh Nuripin |
 kabêgjan sinung panganggo |
 lah iku wasisan panguthikmu |
 sêngkêlitên bêcik |
 wis ta sira mêtawa |
 Nuripin matur sandika ||
13. Ni randha gupuh dènya ngling |
 ah Biyang Kacêr sun-kongkon |
 sira tutukuwa bumbu-bumbu |
 lan midheya daging |
 myang panganan wowohan |
 dahdharan olah-olahan ||
14. Iya Cêr sadina iki |
 ngundanga wong lanang wadon |
 kon-nênambut karya dèn-arampung |
 lan (n)jupuka dhuwit |
 layak ta sanga-têngah |
 ya wus kiranên cukupnya ||
15. Mangsa bodhowa sirèki |
 manira uwus pitados |
 Biyang Kacêr sigra gupuh-gupuh |
 amêmatah kardi |
 ni randha ringas turira |

- marang kenthol Kulawirya ||
16. Putrandika gus Jèngragi |
inggih punapa kang dados |
mênggah kalangênan rêmênipun |
sabêne punapa |
Ki Kulawirya mojar |
yèn kemase Jayèngraga ||
 17. Ingkang dipun karêmêni |
mung gèndhing-gèndhing kemawon |
asangêt ugungan dhasar kogung |
bêrkate priyayi |
wong sarwa kasêmbadan |
tuwin wruha yèn ambêksa ||
 18. Abagus sarwa winasis |
parèstri pating tareplok |
ngunggahi kedanan ambarubul |
sêlur lunga prapti |
samyak laju mawongan |
sandhang pangan mèt priyangga ||
 19. Mila kenthol Jayèngragi |
bature lanang mung loro |
wadonne kumreyab ayu-ayu |
randha wlanjar kêncing |
lagèk tindhik kédanan |
kang wus brai nunjang-nunjang ||
 20. Dalah somah kèh kêkinthil |
samyak (m)bêrung tinggal bojo |
(ng)gih ta yèn sampun putrèng guru |
kèh wani mrakawis |
dêlalahe tan ana |
pan malih lila sinêlang ||
 21. Langkung sagêde pun bibi |
nyaosi kang kapanujon |
pêngarêp ronggèngan mangke dalu |
ni randha matur ris |
inggih mangsa boronga |
mijilkên sabda mring putra ||

Jilid 8 - Kaca : 257

492 Mijil

1. Kula matur pêsaja sayekkti |
sangêt wirong-ingong |
kawuyungan sangêt mring kimase |
Jayèngraga priyayi (n)jêlanthir |
inggih lir punapi |
kenthol raosipun ||
2. Kulawirya sêmu wlas ningali |
mring randha kang wirong |

- ngling (ng)gih bibi kula rah-arahe |
 bokmanawa kalakon dospundi |
 punapi punagi |
 bibi mring ragèngsun ||
3. Ni randha matur punagi-mami |
 sumangga kemawon |
 punapa kang dipun-kêrsakake |
 tan rumaos gêgadhahan-mami |
 Ki Kulawiryèki |
 mathêt sukèng kalbu ||
4. Wus katêmu nême marganing sih |
 gugon (ng)gêgêm gacon |
 Ki Kulawiryà alon wuwuse |
 bibi kularsa mêdal manggihi |
 kemase Jènggragi |
 ni randha umatur ||
5. Mangke kewala mêdal ing jawi |
 wawi guling kenthol |
 sangêt wulangun ngong mring dhèwèke |
 mugi wlasa mring wong kawlasasih |
 dhuh kenthol sêwawi |
 datan kêdah dalu ||
6. Jajal sajêntolan nuli mijil |
 sakêdhap kemawon |
 Ki Kulawiryà alon dêlinge |
 taksih kènjingên gèsèh ing wanci |
 mangke siyang bibi |
 guling yèn wus bêdhug ||
7. Ni randha nging mangke bêdhug malih |
 samya akakêlon |
 sapunika kewala dèn-age |
 sêlak pengin miyat baguse kadi |
 Jênaka asigit |
 dhuh dene abagus ||
8. Dèn (n)dhih-êndhih Ki Kulawiryèki |
 manahe rumaos |
 binêcikan sinaludhah dene |
 dadya kêrsa sarat anuruti |
 sumarah mring nyai |
 tan lêngganèng kayun ||
9. Pan cinandhak cêg landhunganèki |
 jênak mring paturon |
 Ki Kulawiryà amèkèh-mèkèh |
 angling dhuh kang alon mawon bibi |
 yèn tèmah tan osik |
 kasêron pandudut ||

10. Cinulakên gya lambung tinarik |
minggah ing paturon |
nulya tinangkêbakên gêbêre |
sarêng lukar sinjangira kalih |
bêlindhis mêndhilis |
karo ting baringkung ||
11. Nibèng kasur samya ting gulinting |
sigra lajêng gathok |
nyai randha solahe kêkèjèk |
ngulêr-kilan (n)dêngkèng anglawani |
ngulèt amalilit |
amumulêt pupu ||
12. Datan wiwal pêngrangkulirèki |
mêtêl-mêtêl boyok |
ngêsês-ngêsês ngelêd-lêd idune |
kiyêr kincêr mulirik mundêlik |
sirah golag-galig |
ngawêt ngathuh-athuh ||
13. Matur lah andika-sunggar mami |
kenthol kang mêthongkrong |
kang kadya mring Biyang Kacêr kae |
gya sinunggar nyangkuk nimba upih |
tan ana ngèwêgi |
sinru ing panggêlur ||
14. Lir kekeyan ujur ngolah-ngalih |
ni randha mêtêco |
pangkêrêdan mungkrêd gigithoke |
kêmpung slekak pinantog ing titih |
pêngrasa ngindhaki |
gêng panjang lir jujul ||
15. Ngêsah-êsah lir panggrêsahing sih |
saking toging raos |
dhuh bêtndara kenthol ywa ge-age |
Ki Kulawirya sêngkut mèn gati |
ni randha wruh wadi |
anyêngkah kêkêmpung ||
16. Dhuh-dhuh mangke-mangke sampun mijil |
thol mangke kemawon |
lêhêng kula kang rumiyinake |
sampun jêngandika rumiyini |
wawi sarêng mijil |
lakên raosipun ||
17. Dangu dènnira apulang untir |
agrasakkên raos |
yata Nuripin praptèng jawine |
Jayèngraga kagyat aningali |
ngling bilah Nuripin |

Jilid 8 - Kaca : 258

dene mubra-mubru ||

18. Panganggomu apa dèn-wènèhi |
paran nyêlang nganggo |
sapangadêgira iku kabèh |
matur inggih (ng)gènnipun nyukani |
ni randha prak-ati |
tuwa-tuwa sêmu ||
19. Paman-dika lir jaka (n)jêlanthir |
mêmèrètan mompyor |
mulih anèm birai mathènthèng |
Jayèngraga gumujêng galigik |
aturana aglis |
manirarsa têmu ||
20. Kang liningan mentar praptèng panti |
sajawining kobong |
ingulatan tan ana kenthole |
jroning gèbêr banène kapyarsi |
pyak-pyok dèn-aranni |
ewuh amêmasuh ||
21. Nulya mèdal matur ing Jèngragi |
pamanta tan katon |
mung jroning gèbêr wontên banène |
pyar-pyak crak-crok kadya masuh jarit |
latah Jayèngragi |
mamasuh raimu ||
22. Iya masuh nanging masuh bajing |
bajing gèndhu mukok |
matur oh kêtawis sru banène |
cak-cok kadya ngêcêk-êcêk jarit |
yèn (n)guyanga bajing |
sintên kanthinipun ||

Jilid 8 - Kaca : 259

493 Kinanthi

1. Jèngraga saya gumuyu |
nora kaya-a Nuripin |
atimu landhêp dhudhulang |
undangên bae dèn-aglis |
Ki Nuripin sigra-sigra |
malbèng wisma sru dènyya ngling ||
2. Kènthowol Kulawiryèku |
de tan ana anèng ngèndi |
kang lagya apulang tingkah |
kêsusu kalihe sami |
ni randha anggêlak rasa |
akèn nêrod mrih glis gati ||
3. Ni randha kumêsar bingung |
ngêsês anggonne markinding |

wawi dèn-sangêt dèn-rikat |
Kulawirya angantêpi |
kêdangon panêrêgira |
inguwuh wuh mring Nuripin ||

4. Sinauran asru hus-hus |
setan thethekan Nuripin |
wor pangrêngihe ni randha |
Ki Ripin kagyat wus dêling |
anèng jroning pagêbêran |
dinukan panguwuhnèki ||
5. Nuripin sigra lumayu |
mring jawi panggih Jèngragi |
umatur sasolahira |
latah-latah Jayèngragi |
yata kang nèng pagêbêran |
ni randha ngling lah dènaglis ||
6. Ki Kulawirya wus kêju |
kêdangon tan awèh mijil |
tan kongsi rêntahing rasa |
guthul puthêr mungkrêd cilik |
ni randha nuju brol mêdal |
jingkat-jingkat ngolang-ngaling ||
7. Narêthêk anggêgêt untu |
dhogol kasingsal anjêbling |
satêngah mêtù thêr-thêran |
tinilar kumrèwèl mijil |
anjêlih ririh ni randha |
biyang priye kenthol iki ||
8. Lagi mangkene ngalelur |
gêla tèmên ati-mami |
anggêrêng Ki Kulawirya |
guthul mopok anèng jawi |
jinêjêlakên tan kêna |
tutug wêtuning rasèki ||
9. Gumlebag tiba ing kasur |
tan (ng)gulawat angganèki |
lungkrah angunjal ambêkan |
ni randha malerok (ng)liling |
mèsêm-mèsêm Kulawirya |
pan sarwi dènciwêli ||
10. Gumuyu sarwi amuwus |
mangke ta ngong tutur nyai |
yèn (n)dika lamun wêruha |
mring bencilènge Nuripin |
bangêt gêdhene adawa |
yèn matotong kadya poting ||

Jilid 8 - Kaca : 260

11. Lan ngong dede amputipun |
wontên patang mènên niki |
tinandhing lawan Duljaya |
gêng brag-abrage Nuripin |
amêsthi yèn (n)dika sukak |
thothoke sabathok krambil ||

12. Ni randha suka gumuyu |
punapa inggih sayêkti |
Kulawirya (ng)ling (ng)gih nyata |
ni randha umatur malih |
sumangga nèh tinimbangan |
Ki Kulawirya naguhi ||

13. Wusnya dangdan nulya mêtù |
saking pagêbêranêki |
ingungak-ungak pandhapa |
santri Nuripin kaèksi |
ingawe mring Kulawirya |
Nuripin sigra mangarsi ||

14. Panggih lan Kulawiryèku |
linggih nèng salu (ng)ling aris |
Nuripin sira wus bungah |
sandhangamu sarwa bêcik |
kang liningan suka ing tyas |
ya sokur sira sinung sih ||

15. Jupukên kae kêrisku |
jroning gèbêr mring si nyai |
Ki Nuripin sigra mara |
malbèng jroning kobong angling |
ngong kinèn mundhut wangkingan |
ni randha mèsêm ling aris ||

16. Ênya tampanana gupuh |
dèn-marene ananggapi |
nulya Nuripin mêrangkang |
cinandhak tanganirèki |
ginujêg dènjakendra |
Nuripin ilang tyasnèki ||

17. Muwus ta ah niki prèpun |
nyai kula tan mangêrti |
lah niku ajêng punapa |
dene tangan dèncêkêli |
ngling nora têka nuruta |
sadhela payo aguling ||

18. Lah payo atunggal turu |
jare bandhamu ngluwihi |
mara jajalna maring wang |
kaya pa rasane Ripin |
yèn uwis sapatilêman |

mêngko ngong wènèhi malih ||

19. Ki Nuripin bêkah-bêkuh |
ah botên ah botên nyai |
(n)dika culkên tangan-kula |
botên tate nika-niki |
ngong tiyang santri bêlaka |
tani bêttil konthal-kanthil ||
20. Pinêksa-pêksa tan purun |
Nuripin ajêlah-jêlih |
aduh biyung nyai tobat |
alah-alah priye iki |
ya Allah astag-pirolah |
têka (m)buh-êmbuh si nyai ||

Jilid 8 - Kaca : 261

494 Gambuh

1. Ah mangke nyai sampun |
botên ilok mêksa wong tan purun |
nyai randha ngling èh Nuripin sirèki |
tan purun nurut karêpku |
tak dêlênge bae gupoh ||
2. Ta êndi brag-abragmu |
yèn tan awèh bilai sirèku |
Nuripin ngling o ah arusuh si nyai |
pan rinangkus bêbêdipun |
Nuripin amèngkak-mèngkok ||
3. Biniyak jaritipun |
garêjêgan pinêksa dinulu |
pathênthêngan ni randha mêksa angungkih |
wus liningkap bêbêdipun |
têtali kathok binêthot ||
4. Suwèk kokoloripun |
tali sinêndhal pêdhot cumêthut |
binanjurkên sinuwèk brèk o lah blai |
nyai botên dosa têngsun |
sarwi nangis anggêlolo ||
5. Nyai randha amuwus |
tan dènkapak-kapakkên sirèku |
ngong dêlênge bae ngarah apa èh Pin |
nulya katon kang dinulu |
acilik mungkrêt lir gêndhon ||
6. Tanana awakipun |
ukur gêthêg kabuntêl ing jêmbut |
kadya jamur wuku thukul mung siji thil |
gêdhene sajênang grêndhul |
èmpêre lir wudêl bodong ||

7. Nyai randha gumuyu |
kêkêl kêpingkêl-pingkêl gagêtun |
sarwi muwus hêm priye kiye Nuripin |
sêpele têmên duwèkmu |
cêndhak cuplêk kaya cèbong ||
8. Awake tan kadulu |
pa wus dhasar nora nganggo gêmbung |
kaya gêlêm ora-ora ukur kathik |
gatra bae ala nganggur |
ngur aja nganggo mangkonok ||
9. Mawa konthol mêlulu |
anjêngkêrut lir ampês bak wulu |
wis nora kêna pisan-pisan pinikir |
ya ta-lah Ripin bandhamu |
lir papon tumumpang gembol ||
10. Nuripin angruruntuh |
o bok sampun nyai sampun |
Ni Sêmbada nêntak sarwi anasabi |
sapa kang doyan bandhamu |
dèn-rewangi gêmbar-gêmbor ||
11. Wis aywa dadi tyasmu |
ngong lironi sêbite kathokmu |
lah nya iki sruwal buran sêngklat abrit |
Nuripun ature nuwun |
gya mêdal saking kêkobong ||
12. Kulawirya angguguk |
sadangune myarsa sru gumuyu |
myat Nuripin (m)bêkta sruwal sangklat abrit |
ingawe prapta ing ngayun |
Kulawirya atêtakon ||
13. Priye Ripin dhèk mau |
dene olèh opah sruwal bagus |
inggih opahipun kula kèn-nilêmi |
dèn-alêm sadangunipun |
arêna mring darbèkingong ||
14. Kulawirya gumuyu |
(ng)ling nudingi lo goroh si Cêmpud |
pêngrasamu ngong kok-arani tan uning |
grêjêgan lir wong dèn-pênthung |
thok-ethok ngaku angamplok ||
15. Mendah doyan bandhamu |
mung saiprêt mangkêrêt tan patut |
jaba kontholira yèn bisa umanjing |
kur lèh melik bae umuk |
Nuripin ngacêmut cêlom ||

Jilid 8 - Kaca : 262

16. Wis ta (ng)gonên sruwalmu |
panji-panji sing cèkèh tandangmu |
payo mêtù mring jaba panggung Jèngragi |
gya inganggo nulya mêtù |
Jèngraga kagyat duk anon ||
17. Dhèhèm sarwi gumuyu |
bilah ana garwa-dalêm mêtù |
padmi lan pipingitan kajambar mijil |
Kulawirya mèsêm muwus |
hêm dandanan ya wong mono ||
18. Sok lèha bae lothung |
ana kang ginawe têtên lunyu |
tinimbang lan nora nana kang mêtasi |
Jayèngraga ngling gumuyu |
(ng)gih lèrês mumpung pêpayon ||
19. Ki Kulawirya muwus |
payo nakmas padha ala nganggur |
gêgamêlan kang enak gèndhinganèki |
kang putra sumanggèng kayun |
angling mring niyaga gupoh ||
20. Êndi kabèh kancamu |
undangên ngalumpuk mupung esuk |
kang liningan sigra mentar angundangi |
tan dangu pêpak sadarum |
Jèngraga nabuh kêromong ||
21. Kang paman kèndhangipun |
wus kawongan kabèh ricikipun |
Jèngraga gya buka Lara-nangis gèndhing |
niyaga sarêng biyantu |
padha êmbate nê naboh ||
22. Muni gamêlan arum |
wèh asmara mring sakèh kang ngrungu |
sêdhêng pênabuhe srune lirihnèki |
sawasis-wasising dhusun |
tang kêbe dènya nê naboh ||
23. Rêbab suling anganyut |
panuthuking bonang ngênut-ênut |
kèndhang jêjêdan mingkêd iramanèki |
saron pêpinjalan runtut |
surup lima gong lan kênonng ||
24. Yata ni randha wau |
cuwa manahe tan kongsi tutug |
nuding rencang rarywalit kèn-manggil aglis |
mring kaume Duljayèku |
badhe kèn andudukwuloh ||

Jilid 8 - Kaca : 263

495 Mègatruh

1. Kinèn mêtù kêbon aja na kang wêruh |
tan adangu nulya prapti |
ni randha mèsêm amuwus |
lah sokur Dul sira prapti |
payo turonana ingong ||
2. Matur dene lagèk sapênika sampun |
nauri jabakna kang wis |
wong lawan sirèku durung |
age Dul payo aguling |
e lah yèn mêkatên kados ||
3. Inggih wawi nyai lamun dèrèng tuwuk |
kula ladosi sakapti |
andika mapan ingriku |
sigra sami lukar jarit |
Duljaya ngèthèngkrang nyemplo ||
4. Sangsaya sru swarane pating balêkuk |
asor banène kang dhingin |
warni-warni uninipun |
dhasar têtandhêgan maksih |
kadya wong bajong-binajong ||
5. Kêutugan nyai randha karêpipun |
Duljaya bisa nuruti |
kon-suwe kon-sadhela nut |
salin solah tingkah ngênting |
bêtah (ng)gayêr binalotong ||
6. Wus mangkana luwaran dènnira undhung |
nyai randha mêmphis-mêmphis |
sayah pinolah ngêlumpruk |
kaume ngling wawi malih |
saure êng êh (ng)ko mêngko ||
7. Ki Duljaya ni randha sarêng gumuyu |
yata kang sami anggêndhing |
arambah sami nêngipun |
Jêngraga nabuh mratani |
ngrêbab uga (ng)gambang ngromong ||
8. Biyang kacêr sadhela-dhela tinuduh |
salêgane kèn-nyindhèni |
antuk sagêndhingan wangsul |
mring pawon mêmatah kardi |
myang ngladèni asêsaos ||
9. Anèng ngayun wedang pêpangananipun |
gembol wêr sri suruh rawis |
tan kuciwa cawisipun |
nuju suwuk dènnya (ng)gêndhing |

Jilid 8 - Kaca : 264

ngawirya ro ngling guguyon ||

10. Mring niyaga crêmêdan patakonipun |
Jêngraga gumuyu ancling |
ngong tanya sayêktosipun |
iya wong samene iki |
sapa kang wus dadi lêbon ||
11. Mring ni randha Sêmbada kang tunggal ujur |
sapa kang kanggo pribadi |
niyaga samya tumungkul |
pating galêgês mu liring |
èsême sami malengos ||
12. Kang sawiji tan wigih bêlaka matur |
yêktose sampun nglampahi |
sadaya kanca kang nabuh |
tan wontên dèrèng satunggil |
nanging sami tambêl-butoh ||
13. Gilir gêntos tiga-tiga siyang dalu |
Duljaya sakawanèki |
sabên-sabên rintên dalu |
Duljaya kinèn ngèrèni |
namung punika kang kanggo ||
14. Mila kuwat piyambak ambakna kaum |
tan kirangan nyandhang bukti |
sagêd nêbas sabin sajung |
sarta nglampahakên picis |
pangungsènnya wong kabutoh ||
15. Jayêngraga lan kang paman sru gumuyu |
sarwi sasmita ngling aris |
jawane Duljaya iku |
iya ingkang anglurahi |
sakèhe kang para dhogol ||
16. Inggih ta lah paman tan majad lan èlmu |
randha Sêmbada puniki |
tan ngangge nêbut salê mud |
prandene sinungan sugih |
têka tan boros bêrobos ||
17. Pra niyaga samya matur mring sang bagus |
inggih saèstu nglangkungi |
tan têlas-têlas sinambut |
komuk ing sadèsi-dèsi |
nadyan tiyang kitha rawoh ||
18. Mantri-mantri umbul dêmang samya nambut |
arta dandoson mring nyai |
salong botên sagêd nyaur |
anggêr malupuh nuruti |

ambabagol naur dhogol ||

19. Inggih tiyang samantên kajawinipun |
kathah kiwa têngên têbih |
kang samya kinèn malangkruk |
lyan kang giliran wus siti(?) |
kapat Ki Duljaya benggol ||
20. Tiyang ngriki sadhusun radin sadarum |
sami-mêrgi dèn-wèwèhi |
dêlah ki pangulu sampun |
modin miwah santri-santri |
anggêr butoh samya ngrogoh ||
21. Têrkadhang siyang wong dalu tiyang wolu |
satutugnya gênti-gênti |
kasanga Duljaya kaum |
Jèngraga latah miyarsi |
kang mumucung gêntos-gêntos ||

496 Pocung

1. Sru gumuyu Jèngraga Kulawiryèku |
inggih ta lah paman |
pratingkah angluluwihi |
randha Sêmbada dadya ni Drêmbe moha ||
2. Alon muwus kang paman marang sang bagus |
lah payo ngrêbaba |
pathêt sanga Gambir-sawit |
gya Jèngraga ngrêbab sêndhon pathêt sanga ||
3. Gêtêripun ngêmbat kawat ngêntul-êntul |
kosok muput lamba |
yèn rangkêp rikat lêstari |
cêkuthênge jariji nyikil kêมังga ||
4. Anyêngkênuk ngêlus-lus kawat ngêsipun |
gambang kaluturan |
mêgat irama ngulêti |
gêndèr gumrining sêpange anyêlupak ||
5. Sêndhonipun nutug lih-ulihanipun |
Srayuda sabêman |
datan têlangke anggêndhing |
lajêng buka Gambir-sawit rum araras ||
6. Nganyut-anyut wilête srancak ambyantu |
pan padha kêrasa |
Ni Kacêr kinèn nyindhèni |
rêbut silêp lan rêbab ngês wilêtira ||
7. Sarêng pitung gongan minggah gêndhingipun |
kêndhange kosèkan |
kang nabuh samya birai |

8. Wusnya dangu irama ngandhêlong suwuk |
Jèngraga ris nabda |
lowung Biyang Kacêr iki |
ronggèng tèmber-tèmber datan nyamènana ||
9. Lan puniku Ni Kacêr prigêl ing têtumbung |
krêkêle arênyah |
kumêsar ambêlèr ati |
Kulawirya mèsêm manthuk-manthuk mojar ||
10. Iya tuhu nora paribasan lowung |
lugune kêpenak |
swarane pintêr nut gèndhing |
lan rupane rada prakati ulatnya ||
11. Mèsêm muwus Jèngraga mring pamanipun |
inggih lèrês paman |
kalih-dene saupami |
bok ngupaya ronggèng ingkang têtêmênan ||
12. Malhipun inggih ngupaya-a wuluh |
saêros kewala |
asêdhêng kinarya suling |
ragi cuwa ing raras tan sinulingan ||
13. Asru muwus Ki Kulawirya anuduh |
marang wong niyaga |
ngundang ronggèng kang prayogi |
lawan wuluh tan antara dangu prapta ||
14. Ronggèngipun kêkalih lan wuluh katur |
Jèngraga anyandhak |
wuluh kinarya sêsuling |
ingunyêran dèn-èncokakên nêmira ||
15. Tan adangu suling wus dadya tiniyup |
anyamlêng rarasnya |
ngling sapa kang bisa nyuling |
matur inggih wontên satunggil pun Eka ||
16. Dan agupuh Jayèngraga ngrêbab bêsus |
sêndhon pathêt sanga |
ngik-ingik angêcêk ngêlik |
tutupane cumènthêng nyamlêng araras ||
17. Wuwuh nganyut sinulingan sêndhonipun |
mèsêm Jayèngraga |
nutug lih-ulihanèki |
gya lajêng pathêt Sarayuda sabêman ||
18. Alus muwus Jèngraga mring wong nê nabuh |
nya kiye ngrêbaba |

sapa sabêne ngrêbabi |
banjur bae unèkêna Onang-onang ||

19. Kang tinuduh anampani rêbab gupuh |
èngèk-èngèk buka |
nga-nga ngi-nga nga-nga ngi-ngi |
ngèk ngèk ngèk ngèng sênggrèng rang-rong cara desa ||

17 (Ing pakauman ki pangulu lèlênggahan kalihan Jayèngrêsmi)
Ing pakauman ki pangulu lèlênggahan kalihan Jayèngrêsmi. Nuripin sowan, kadangu bab Jayèngraga lan Kulawirya, matur pasaja sadaya kawontênanipun ing karandhan. Jayèngrêsmi botên patos kadugi, namung maklum. Dhatêng ki pangulu Jayèngrêsmi suka pitêdah jêjêging pangulu nêtêpana suci badan, suci lesan lan suci manah. Awrat tiyang dados pangulu katêmpuhing batal makruh, walêr sangkêr makmumipun. Ki pangulu parentah dhatêng rabinipun atur pasugata dhahar. Anakipun èstri satunggal nama Sangidah angladosi, katingal kasmaran dhatêng Jayèngrêsmi, nanging Jayèngrêsmi botên nanggapi jalaran ingkang cinipta botên sanès kajawi Sèh Amongraga ingkang dipun-upadosi. Lorodan katêlasakên Nuripin ngantos kuwarêgên ngêbrok, wêkasan kaparingan santun bêbêd dening ki pangulu. Jayèngrêsmi nglajêngakên pitêdahipun dhatêng ki pangulu bab: Misil, riba lan rêjêki karam. Rêjêki karam nanging taksih samar, upaminipun maesa satunggal ingkang karam wontên 6 bab, i.p. : utak, balung, rah, pringsilan, lêmpong lan wulu. Inkang kalal namung daging. Balung ênèm kalêbêt karam, iso ênèm mutawatosi, krupuk-rambak sagêd katutan wulu. Ugi kaparingan kêtêrangan bab: 1. Ngawruhi wajibing Rasul: sidik, amanat, tabligh, Mokaling Rasul: gidib, kiyanat, kitman. Sêdaya katêrangakên pêprincènipun. Katambah bab rukunipun wudu lan salat, sarta batal karamipun nêndha sarta lampahing tobat saking lampah maksiyat. Ki pangulu badhe ngèstokakên, jalaran sampun rumaos dosa nate nuruti pangajakipun Randha Sêmbada awit saking kapêtipun bêtah arta.
Kaca 267 - 277

Jilid 8 - Kaca : 267

497 Wirangrong

1. Sêjajar tutuping driji |
pangosoke lir gêgorok |
santên kinêthèran kêcèr asru |
kadya banyak ngak-ngik |
sikute anut ngêmbyak |
cêktêngèng kelang-kêlingang ||
2. Gambangane nganal nil-nil |
pipincangan klang-klèng klang klong |
korèke walikan rik-thur rik-thur |
sulinge anjêmprit |
ricik saracak rampak |
kêndhang angaplak kosèkan ||
3. Ronggèng ro sarêng angêlik |
rêbut unggul sruning ulon |
ngês wilêtanira adol ayu |
pan kumayu sami |
Jèngraga Kulawirya |

asêsambèn nyêyamikan ||

4. Samya myarsakkên kang ngêlik |
nimbang gêndhènge ronggèng ro |
Jèngraga lingira man puniku |
tan pati pakolih |
angêrik raosira |
ambalêbêg piniyarsa ||
5. Ngandika mring ronggèng kalih |
sindhèn gantiya nêlung gong |
samyâ gêgêntènan wusnya dangu |
anggêndhèngi gêndhing |
ngandika mring kang paman |
sakeca Kacêr sindènnya ||
6. Kang paman nauri aris |
têmêne iya mangkono |
ambakna blèkènan dudu gambyung |
angungkuli pra jungkit |
ya mêngko kon-ngupaya |
yèn sida jare nayuban ||
7. Talèdhèk ingkang ngluwihi |
kang wus komuk ing wong uwong |
Jèngraga ngandika sira iku |
padha ronggèng ngèndi |
kang liningan turira |
inggih ing ngriki kewala ||
8. Jayèngraga mèsêm angling |
lah payo unèkna Montro |
gupuh pra niyaga buka talu |
arêmpêg kang gêndhing |
tan winuwus kang lagya |
anggêndhing kang sinindhènan ||
9. Nuripin mundur sing ngarsi |
arsa mring Kauman Kulon |
rumasa dinukan tan kadulu |
sêdalû tan panggih |
lawan bendaranira |
Jèngrêsmi kang anèng langgar ||
10. Nuripin sarwi acincing |
ngatokkên sruwal bang marong |
mêrgi turut latar ginaguyu |
bocah kèh nudingi |
lir prajurit grêbêgan |
miwah wong kang tuwa-tuwa ||
11. Pating galêgês ngaruhi |
dene janma anyar-katon |
uruting pomahan tan adangu |

Jilid 8 - Kaca : 268

- Ki Nuripin prapti |
langgaring Pakauman |
ki pangulu tajugira ||
12. Jèngrêsmi lagya alinggih |
anèng surambining suro |
kagyat duk tumingal praptanipun |
Ki santri Nuripin |
ingawe sigra gêpah |
asila mêtês nèng langgar ||
13. Jèngrêsmi ngandika aris |
bilah dene adang onggok |
lèh gawe anyandhang mubra-mubru |
iku lèhmu ngêndi |
Nuripin aturira |
inggih ni randha Sêmbada ||
14. Punika ingkang nyukani |
kêlangkung pèradhah ing wong |
witning ta pamanta winalungsung |
busana sarwadi |
rayi dalêm Jèngraga |
ngaturan salin busana ||
15. Nanging rayinta tan apti |
namung pamanta kemawon |
kang salin busana miwah dhuwung |
inggih saput pranti |
Jèngrêsmi mèsêm nabda |
sokur ana kang sih marma ||
16. Ya pira-pira Nuripin |
ana kang awèh pênganggo |
paran marganira dene sinung |
sapangadêg sami |
Nuripin aturira |
mèsêm-mèsêm kacêmutan ||
17. Jayèngrêsmi angling aris |
lo dene angêmu wados |
matura bêlaka marmanipun |
paman lan Jayèngraga |
lah mara caritakna |
andhèrên priye nèng kana ||
18. Nuripin umatur aglis |
inggih blakanipun yêktos |
kalihe nèng rika pan simunun |
sugun anglangkungi |
mring ni randha Sêmbada |
lungse sêpuhe satêngah ||
19. Sêmunipun ragi brangti |
mring rayi pamanta kenthol |

ni randha wis tuwa prandènipun |
kumêncur sumunthi |
kêmrawan-kêmêprawan |
kang lagya birai sandhang ||

20. Linggèh rongèh kontrang-kantring |
wus rompang pipine kêmpong |
mèndèse kèwêsan adol ayu |
kumayu wus nini |
kedanan ingawirya |
kalangkung angêmas-êmas ||

Jilid 8 - Kaca : 269

498 Maskumambang

1. Jayèngrêsmi mèsêm ngungun angling aris |
lah priye banjurna |
matur prasaja Nuripin |
pamanta Ki Kulawirya ||
2. Anglanggati marang kènyute pun nyai |
sêdaluh tandhakan |
kongsènjing tan kenging mijil |
nutug dènnya pepeyoran ||
3. Rayi-dalêm Jayèngraga datan apti |
sangêt dènnya ewa |
kewala namung nuruti |
mring kang paman karsanira ||
4. Supayane gampila ingkang pinurih |
kawula punika |
dèn-kandhakakên mring nyai |
yèn kawula sring gèlêman ||
5. Kenthol Kulawirya ingkang (ng)gêgorohi |
mring randha supaya |
gadhah karsa maring mami |
nulya kula tinimbalan ||
6. Dèn-apusi mring kenthol Kulawiryèki |
kèn-mundhut wangkingan |
nèng jroning gèbêr winangi |
ni randha anèng jro tilam ||
7. Dipun-cêpêng cêg tangan-kula tinarik |
marang nyai randha |
pinêksa ingajak guling |
kawula nangis gêmbaran ||
8. Dipun-grêjêg gujêngan ingungkil-ungkil |
ical-tyas-kawula |
sruwal kula kongsi sêbit |
duk pirsamurat kawula ||

9. Sru gumuyu randha sarwi anggablogi |
 gya kinèn umêdal |
 sinung sruwal sangklat abrit |
 kang kula-angge punika ||

10. Sangêt gila kawula mulat pun nyai |
 drêmbe mring wong lanang |
 tan towang ing siyang ratri |
 tadhah siyang tiga-tiga ||

11. Jayèngrêsmi mirêng tan pati kêdugi |
 alon angandika |
 mring pangulu Jamalodin |
 lêrês pembatang-manira ||

12. Wontên ngrika-ngriki wus pêkarêmnèki |
 gêndhingan gêndhengan |
 Jèngraga Kulawiryèki |
 gompalane golongannya ||

13. Paman Kulawiryaya adhi Jayèngraga |
 ingugung mring rama |
 sapolahe dèn-ubungi |
 sajêg tan sinungan rêngat ||

14. Mila sampun kirang maklum mring wong kalih |
 alim pakênira |
 umatur Ki Jamalodin |
 kang botên-botên sinabda ||

Jilid 8 - Kaca : 270

15. Langkung bagja amba paduka kèndêli |
 kawula prêsasat |
 binarsihan ingaurip |
 jêjêging pangulu imam ||

16. Kang punika sang bagus mugi paring sih |
 sampurnaning imam |
 andadèkkên pêrlunèki |
 kang makmum-makmum sadaya ||

17. Jayèngrêsmi pangandikanira aris |
 wruhanira paman |
 sampurnane tri prêkawis |
 kang suci tigang prakara ||

18. Ingkang dhingin kudu suci badanèki |
 kapindho lesannya |
 ping tri kudu suci ati |
 lire kang suci badannya ||

19. Sujud rukuk kang tetela ywa gumampil |
 iktidal kang nyata |
 sujud loro dèn-kêtawis |

ywa susu dèn-tumaninah ||

20. Kaping kalih kang suci lisannirèki |
kang sêca ikralnya |
maca Patekah kang titis |
mad kasar kandêl tipisnya ||
21. Kaping tiga sucine kang bangsa ati |
lawan mukaranah |
maknane aywa sarênti |
kang jurudêmung ing lapal ||

499 Jurudêmung

1. Mung puniku insya Allah |
kang paham tumanêm kalbu |
dèn-kawangwang siyang dalu |
sucine kang tri prakara |
yèku pikuling pangulu |
tan kêna wèng-wèng salilab |
marganing praptaning ngèlmu ||
2. Mulyaning dunya akerat |
purna jênênging pangulu |
sah pananggunge ing parlu |
maring kang makmum sadaya |
wus kuwat apêsing makmum |
sêbab sêpangating imam |
suci badan lesan landhung ||
3. Yèn durung sah tri prakara |
abot wong dadi pangulu |
katêmpuh ing batal makruh |
sukêr walêr sangkêrira |
kang makmum mring imamipun |
salat galate sadaya |
wong akèh marang pangulu ||
4. Ki Jamalodin duk myarsa |
mring wirayating sang bagus |
kalangkung padhang tyasipun |
ki pangulu anggêpira |
sumungkêm cipta (ng)guguru |
sangêt sukur suka-rêna |
angsal ngèlmuning pangulu ||
5. Mêngkana ing wayahira |
surya têngahe mèh bêdhug |
anolih mring rabinipun |
kang wadon wruh sêmunira |
kèn-mêdalakên susuguh |
apan wus sakenjing mila |
dènnya lah-olah abikut ||

Jilid 8 - Kaca : 271

6. Di-adining pagunungan |
 ajêjangan bècèk wêdhus |
 anuding nak putunipun |
 kinên mêdalkên sugata |
 ni pangulu anèng ngayun |
 wurine nakira prawan |
 Ni Sangidah wastanipun ||
7. Cangkring kêpanjing sinjangnya |
 akêkêmbèn solok madu |
 borèh sari pupur rêmbug |
 acundhuk sêkar cêpaka |
 gêlunge methok abêsus |
 amêpêg birainira |
 sapolah tingkahe kogung ||
8. (m)Bêkta kênthi cêcêp slaka |
 praptèng sêrambing tajug |
 ni pangulu ngatak sunu |
 Ni Sangidah gya mangarsa |
 anata susunguhipun |
 sila anjongok siduwa |
 rada kêntho kêmênipun ||
9. Gêmuh payudaranira |
 gumantung nglela pokipun |
 wonga-wongane kadulu |
 angegla mènèr adênta |
 pêthot kapidih ing bau |
 (ng)gandhul kasanggèng sêmêkan |
 sasolahe mrih kadulu ||
10. Sêmune sangêt abrangta |
 mring tamu paraning wuyung |
 masang paguting pandulu |
 Jayèngrêsmi wruhing cipta |
 mring solahe kang kêmayu |
 nanging Jayèngrêsmi tyasira |
 mung ketang ingkang rinuruh ||
11. Wusnya anata rinira |
 mundur mèpèt dènnya lungguh |
 ki pangulu aturipun |
 punika sampun sumangga |
 kula aturi tuturuh |
 sêdhêng wancine andhah |
 Jayèngrêsmi nginggihi wuwus ||
12. Pangulu ngatak mring suta |
 mara ta Sangidah gupuh |
 ladènana (n)gyannya wisuh |
 kobok saosna ing ngarsa |
 nulya ni rara mangayun |
 anyandhak nuruhi asta |

ngampêt napas kang kêsusu ||

13. Gumrangsang médal ing grana |
gondhang salit ngêlêt idu |
kèring nyangga bokoripun |
kanan anyêpêng lantingan |
kasêron panyêkêlipun |
guluning kêndhi thêl gugal |
Jèngrêsmi mèsêm andulu ||

Jilid 8 - Kaca : 272

14. Ni rara akacêmutan |
èsmu isin tiwasipun |
ramèbu gumuyu muwus |
ngambila manèh pratala |
sijine kae dèn-gupuh |
nulya mundur marang wisma |
solahe mèsês abêsus ||
15. Ki pangulu aturira |
sumangga punika katur |
kang cinaran lon amuwus |
wawi man lan bibi samya |
nadhah sasarêngan kumpul |
kewala sami krana lah |
kang liningan ture nuwun ||
16. Paduka nadhah priyangga |
kajat kawula tur suhud |
asaos sêkul sananjung |
ki pangulu pan pinêksa |
ingajak nadhah akêmbul |
anulya nut karsanira |
supaya nadhah pikantuk ||
17. Ki pangulu lan rabinya |
ngiras ngaladosi tamu |
ingkang (n)jangan cècèk wêdhus |
nèng takir gadêbog pisang |
kluthuk mrih tan amis prêngus |
ni rara ngadhêp nèng ngarsa |
kang sami nadhah pakantuk ||
18. Nutuk dènnira anadhah |
luwaran samya wiwisuh |
cinarik sadaya uwus |
piningkên santrinira |
Nuripin rampadanipun |
kinên mangan tanpa rewang |
amapan gagah asaguh ||
19. Jangan bècèk kinokohan |
nèng takir gadêbog munjung |
cekoh serop nêsêp duduh |
nyêkodhong tangane rêkah |

kang kiwa nguculi sabuk |
kêrêp pamuluk rosa |
kringête nètès akumyus ||

20. Wal-wêl cuwak mangan iwak |
athêkul tumungkul wêdhung |
(m)balêndhug wadhug malêmbung |
atob hak-hèk maksih mangan |
pêdhot sus-usus jêmêprut |
barêng lan ngêntut gadidak |
alok hêm èh maksih muluk ||
21. Pangulu gumuyu mulat |
ngling punapa kang jumêthut |
nauri tangsul sus-sus |
pêdhot lawan kêbrojolan |
mêdal kèdêdêl ing sêkul |
(n)dika lèrèni sakêdhap |
ngling (ng)gih mangke niki tanggung ||
22. Namung kantong nêmu pulukan |
kang tumingal sru gumuyu |
ni rara guyune namun |
mancêr liring mring tamunya |
cadhang paguting pandulu |
ciptaning tyas kinanthiya |
sihira ing siyang dalu ||

Jilid 8 - Kaca : 273

500 Kinanthi

1. Luwaran kang nadhah tuwuk |
rampadan ingundur aglis |
Nuripin amayag-mayag |
kêmlêkarên tan bisa sik |
Ki Jabalodin alatah |
(n)dika cewok dhi Nuripin ||
2. Nauri (ng)glêrêg amuwus |
(ng)gih kang ngulu magke kêdhik |
sih cêgèh ambêgan-kula |
tan sagêd kumrengkang tangi |
anulya ingayag-ayag |
dèn-agak-agak gyan dhiri ||
3. (n)Jongok mêdal tanganipun |
kêmpusan ambêganèki |
anjongok mukok amutah |
wingking kêpesing (n)dêlindhing |
ting salêmprot wingking ngarsa |
bali kabèh dènya bukti ||
4. Kang myat sru kékêl gumuyu |
Jayèngrêsmi mèsèm angling |
lah wis dèn-aglis adusa |
kana ing sumur kang brêsih |

gya kumrèngkang mekah-mekah |
mring nglêbuh nutugkên ngising ||

5. Ki pangulu wlas gègêtun |
mojar mring rabinirèki |
jupuka jarit dèn-inggal |
karêbèn ginawe salin |
rabine glis maring wisma |
jarit sinungkên Nuripin ||
6. Bêbêde nulya winasuh |
yata kang lènggah nèng mèsjid |
ki pangulu aturira |
mring sang bagus Jayèngrêsmi |
kawula nuwun barêkah |
paduka bab ngèlmi ||
7. Winastan riba puniku |
kawula dèrèng andêling |
Jayèngrêsmi lon lingira |
eling manira ing Pêkih |
kadi wong urup-urupan |
bêras tinuku ing pari ||
8. Sapêpadhane puniku |
lan kasap kang mutawatir |
myang nêbas pari adêgan |
atuku ngijo ing sabin |
nganakakên arta petang |
amrih undhake kang picis ||
9. Lir wong gadhe lan bêratu |
sami margining sêtori |
nêbas bêlanjaning Amat |
kang durung ka-ana misil |
rinampungang ing bicara |
mêstèkkên kang durung yêkti ||
10. Myang totohan ngadu-adu |
jago gêmak lan kêmiri |
sapidhaning bêbotohan |
puniku riba kang misil |
malah-malah dadya karam |
kasil tan sukci binukti ||
11. Pêngulu gêtun angungun |
myarsa linge Jayèngrêsmi |
rumaos kèh lêpatira |
umatur kadi punêndi |
kang prayoga linampahan |
kang botên riba binukti ||
12. Jayèngrêsmi lon amuwus |
kasab misile kang sukci |

- mung tuku kang nuju mangsa |
punapa limrahing rêgi |
tinandho inganti mangsa |
benjing samangsaning wiji ||
13. Bab rêgi wus anèng ngriku |
amawa rêgi pribadi |
dadya tan akarya rêga |
asarèh suci ing ngèlmi |
niku kewala rinosan |
kasab utama kang watir ||
14. Ki pangulu suka sukur |
winulang tekad prayogi |
umatur malih bab karam |
mugi sang bagus sung jarwi |
Jayèngrêsmi wuwusira |
kêjawi kang wus kêtawis ||
15. Ingkang tan pati kadulu |
kayata kêbo sawiji |
karane ulam kang kalal |
ulame kêbo sawiji |
apan nènêm ingkang karam |
utak balung lawan gêtih ||
16. Ringsilan têlpong lan wulu |
kang kalal pan amung daging |
liyening daging pan karam |
thithik kédah ngati-ati |
balung-nom babagan karam |
lan iso-nom mutawatir ||
17. Sabab têlpong asalipun |
kang wiwit tan purun bukti |
lan malih kêrupuk rambak |
kadhang têksih wulunèki |
puniku kang mawi karam |
lir wong puwasa saari ||
18. Kèh batal tan ngrasa iku |
saking sathithiking bukti |
cukil untu (ng)gugut tuma |
myang lingsa batal sayêkti |
tan beda kadya mêngkana |
karam kang amutawatir ||
19. Puniku wajib pangulu |
ngawruhi sarak kang rêsik |
wajibing Rasul têtiga |
kang sidik amanat tablig |
sidik bènêr ing pangucap |
amanat kang pracayèki ||

20. Tablèg kang ngandêl sawêgung |
 mokale tigang prêkawis |
 kang gidib kiyamat kitman |
 gidib goroh têngsnèki |
 cêgah pakoning sarengat |
 puniku wajib nêtêpi ||
21. Kiyanat pala-cidrèku |
 kitman angumpêt lirnèki |
 niku paman kinawruhan |
 pangulu kinarya wakil |
 Rasul imaming agama |
 kang giris ajrih ing jangji ||

Jilid 8 - Kaca : 275

501 Girisa

1. Ki pangulu langkung suka |
 winulang mring tamunira |
 asru ngrêrêpa nor-raga |
 Jayèngrêsmi angandika |
 parluning wulu lan salat |
 puniku dipun-karêksa |
 tan kêna yèn dèn-gêgampang |
 kang dadya praboting imam ||
2. Pêrluning wulu nêmbèn kèhnya |
 ingkang dhihine aniyat |
 kapindho masuh rainya |
 ping tiga amasuh tangan |
 ping pat kuping kalihira |
 ping lima masuh sukunya |
 kang kaping nêmbèn têtibira |
 sunate puniku lima ||
3. Kang dhihin masuh bun-bunan |
 lan ngisêp toya sing grana |
 ping tri masuh githokira |
 ping pat kêmu kurah waja |
 ping lima ngumbah uratnya |
 lire kang tartib punika |
 angluwihi watêsira |
 ing sikut myang dhêdhêngkulnya ||
4. Batale wulu lilima |
 kang dhingin anggêpok urat |
 lan kêtiban najisira |
 ping tri mêtokkên sukênya |
 lan nggêpok dede mukrimnya |
 ping lima wuru kang lêpya |
 niku man pangulu Jabal |
 kang kaliling dalu siyang ||
5. Pêrluning salat wolulas |
 kang dhihin puniku niyat |
 kaping kalih takbirira |

ping tri amaca Patekah |
kaping sêkawan rukuknya |
iktidal lan tumaninah |
ping nê m sujud antaranya |
kang sujud ro tumaninah ||

6. Lungguh sarta tumaninah |
lawan tahyat akirira |
kalawan tumaninahnya |
kaping sanga salam bakda |
kalawan ing tartibira |
jangkêp pêrluning asalat |
sabatale kinawruhan |
sawêlas kang dhihin wuda ||
7. Lan mêngdêm gumuyu dhèhèm |
amumukul lan tumindak |
wacana lawan karuna |
jangkêp bataling asalat |
niku paman dèn-kawangwang |
lamun datan binêningna |
dadya pêngulu karasan |
sêtata kêtawan kewan ||
8. Tinikêl durakanira |
lan durakaning maksiyat |
abot pêngulu siksanya |
kang ngati-ati têtanya |
sarengat saraking imam |
pama kadya wong nêgara |
parabote wong aseba |
minangka wêdhung kampuhnya ||
9. Yèn tan rumat basahannya |
tan tumêkèng panangkilan |
nèng pangayunaning nata |
pêngulu lêga tyasira |
kêduwung kang wus kêtakwan |
kathah kang tan kalêrsan |
kaworan budi maksiyat |
dhêlêg-dhêlêg lon turira ||
10. Kadipundi purnanira |
labêt anandhang maksiyat |
nglampahi panggawe dosa |
Jayèngrêsmi lon ngandika |
punapa jare rinasa |
ki pêngulu aturira |
kawula pajar bêtaka |
awalèh-walèh punapa ||
11. Mêsêm ririh aturira |
duraka kula punika |
kenging panggodhaning randha |

Jilid 8 - Kaca : 276

- nuju kêtowongan blanja |
tan wontên kawula tédha |
kèwêdan nilih tan angsal |
rayat-kula gadhah rêmbag |
anggadhèkkên golok sinjang ||
12. Marang ni randha Sêmbada |
kêdah kawula ingundang |
sarêng panggih lan bok randha |
sojaripun mring kawula |
sampun (n)dika susah-susah |
(ng)gadhèkakên golok sinjang |
sok uga (n)dika gêlêma |
anuroni mring kawula ||
13. Ngong wèhi sabutuh (n)dika |
picis satak kula sukak |
bathi sanak ngajak tanak |
wrating bêtah kula têmpah |
kêlampahan tampi opah |
ngong trimah ni randha bungah |
mèh wêwah tan awèh kesah |
tinimpah anèng djêro-mah ||
14. Wus tutug raosing manah |
kawula pamit agêpah |
dalam punika têtêmah |
batos-kula anggarêsah |
yèn ta kula ladênana |
kêkarêpane ni randha |
pêngajake sabên dina |
dos-pundi ingkang punika ||
15. Jayèngrêsmi duk miyarsa |
mring linge pangulu Jabal |
mojar mèsêm èsmu ewa |
(ng)gih kenging yèn têtêmên sêdya |
ambirat tingkah maksiyat |
sarate tobat Hyang Sukma |
kang tan sêdya mangsulana |
pratingkah kang wus kalakwan ||
16. Yèn tobat kongsi angambah |
pindho ping têlu kaping pat |
tobate muwuhi dosa |
kudu sapisan kewala |
kanggo salawase gêsang |
yèn (n)dika bisa ambirat |
pratingkahe kasalahan |
dilalah angsal hidayat ||
17. Yèn tan sagêd ing atobat |
mêlarat donya ngakerat |
ki pêngulu kalêsédan |
sakêlangkung ajrihira |

mituhu wuwulangira |
Jayèngrêsmi kang kadriya |
alon ature ngrêrêpa |
mugyamba antuka bêrkah ||

Jilid 8 - Kaca : 277

18. Ki Nuripin sawusira |
amasuh gya marang langgar |
marêk mring bêndaharanira |
Jayèngrêsmi lon ngandika |
lah uwis Nuripin sira |
mangetana mring karandhan |
lamun sira tinakonon |
manira maklum mring paman ||
19. Nadyan kongsiya sapasar |
kewala manira antya |
supaya tutuk karsanya |
sabarang aywa kêpalang |
Nuripin matur sandika |
pangulu mèsêm anabda |
(ng)gih dhi Nuripin prayoga |
ngladosi bêndara-(n)dika ||
20. Kula mindhak suka-rêna |
angsal gêgeyongan tama |
winulang ngèlmi kang mulya |
pintên-pintên rinahaban |
prêsasat pun nyai randha |
lan ngawirya kalihira |
angsong bêgja mring kawula |
manggih gambuhing wêwulang ||

502 Gambuh

1. Nuripin sigra mundur |
sinjang ingulihkên mring pangulu |
ki pêngulu nging tan susah dhi Nuripin |
(n)dika pêndhêt wasisan wus |
sampun mawi walangatos ||
2. Ki Nuripin amuwus |
o lah botên punapa dèn-suwun |
ngangge bêbêd rangkêp rubêd tan pakolih |
satunggil mawon (ng)gih êmpun |
kakang mêkatên kemawon ||
3. Ki pêngulu amuwus |
adhi botên lajêng (n)dika-pundhut |
kula sidhêkahakên dhatêng pun adhi |
andika gawe kêkêmul |
pantês mawi rimong-rimong ||
4. Ki Nuripin gumuyu |
hêng mêkotên wakane puniku |
inggih sangêt tarima-kula sinung sih |

iba ganjarane besuk |
ing ak erat ambêtoyong ||

18 (Nutip wangsul dhatêng karandhan)

Nutip wangsul dhatêng karandhan, kadangu ngaturakên bilih Jayèngrêsmi maklum dhatêng ingkang paman. Sasampunipun sami nêdha, cêpak-cêpak badhe salat Luhur. Ki Kutawiry a adus jinabat ing blumbang, dumadakan dipun-susul nyi randha kalihan Kacêr, ginujêg pinêksa untir ing salêbêting toya, nanging botên sagêd damêl marêmipun nyi randha. Kulawiry a sasampunipun wudu enggal dhatêng langgar badhe salat kalihan ingkang putra tuwin Nuripin. Sasampunipun salat lajêng lênggahan, wasana kasusul dening Kacêr kasuwun wangsul dhatêng wisma. Botên sanès namung supados ngladosi salulut kalihan nyi randha ngantos sarampungipun. Ki Kulawiry a badhe dipun-caosi punapa ingkang dipun-pundhut, nanging kasumênèkakên. Ki Kulawiry a wangsul dhatêng langgar pêrlu salat Ngasar, têka katingal têtês kêbês awit saking kasêsanipun, dados gêgujênganipun Jayèngraga lan Nuripin.

Kaca 278 - 284

Jilid 8 - Kaca : 278

502 Gambuh

5. Ki pêngulu ngacêmut |
(ng)gih dhi Nuripin puniki sabuk |
gringsing wayang ngong milala ing nêgari |
wus masêm nging rada alus |
(n)dawêg ing riku nèh anggo ||
6. Ki Nuripin agupuh |
anampani sabuk sarwi muwus |
dhuh lah-dalah nyata utami si kyai |
o pira-pira ing besuk |
ganjarane wuwah-wuwoh ||
7. (ng)Gih sami-saminipun |
donga-dinongakkên akiripun |
Ki Nuripin pamit kinalilan aglis |
langkung ing latar nêrutus |
samêrgi cicing angrimong ||
8. Tan dangu lampahipun |
mangetan mring kêrandhan prapta wus |
ing pandhapa nuju ngawiry a kalih |
satêngah nadhah andulu |
Nuripin nganthukan gupoh ||
9. Wus prapta anèng ngayun |
antara kang bukti samya nutug |
Jayèngraga Kulawiry a sarêng wijik |
ambêng cinarikan dinum |
Nuripin myang wong pêngisor ||
10. Ki Kulawiry a muwus |
dene suwe anggotèk sirèku |
baya ana dukane Ki Jayèngrêsmi |
pêsthi sira adul-adul |

ngomong ing sapolahingong ||

11. Kathik wuwuh jaritmu |
sapa kang awèh dene amênthung |
Ki Nuripin matur mèsêm-mèsêm ajrih |
inggih kawula dinangu |
kula pêsaja kemawon ||
12. Tan dados dukanipun |
malah-malah sangêt maklumipun |
kados sampun kauningan klêthêknèki |
Ki Wiryâ mèsêm atutup |
lathi loro dhêngkul megos ||
13. Sasmitèng putranipun |
angèsèmi ing pasêmonipun |
matur malih dene kang sinjang puniki |
(ng)gènnya nyukani pêngulu |
pêsalin (ng)gèn-kula ngêbrok ||
14. Lajêng sinungkên ulun |
kados saking bungahe lir kaul |
sabab dipun-wulang mring putranta ngèlmi |
kêlangkung asugun-sugun |
lan wontên anake wadon ||
15. Pêrawan ragi ayu |
mèsês sêdhêng mêpêk brainipun |
sêsolahe ginawe-gawe mranani |
kalebate sangêt wuyung |
marang putranta sang anom ||
16. Nanging datan sininggun |
kalèncère angècèr kêmayu |
ayak-yakan lir dhêdhara amèmèti |
tan kepadhan dhêmênipun |
sang bagus tan rêna anon ||
17. Jayèngraga gumuyu |
apa nyata tuturira iku |
bok manira bae tawakna Nuripin |
kirane apa ta payu |
Nuripin umatur kados ||
18. Arame tandhingipun |
apan kêdhik ragi kawon sêpuh |
ninggi kasanggi mêmpeing sadhengah nèng ninggil |
Jayèngraga sru gumuyu |
dicêprat bisa ambanyol ||
19. Lah wis mangana gupuh |
sigra Nuripin mapan asuguh |
sakathahing jangan winor dadi siji |
limang cowok dènnya imbuh |

Jilid 8 - Kaca : 279

akokoh mênçêp sacuwo ||

20. Pamuluke a-ibut |
serap-serop nêsêp-nêsêp duduh |
cuwak mangan iwak mal-mol mêratani |
Ki Kulawirya amuwus |
jêk ngrungu ana wong ngêbrok ||
21. Umatur sami nyamuk |
ênggih kula kang ngêbrok gèk wau |
ngiki bokêng pêngêg mawong sampun mayi |
Kulawirya ngling gumuyu |
cangkêm bak amblabak ngomong ||

503 Balabak

1. Ki Nuripin saya sêngkut amangan |
puluke |
Kulawirya anggêguyu mring Nuripin |
tandhange ||
2. Bok sing tamban bae pamulukirèki |
dilèngèng |
susu-susu kaya wong dèn-buru bajag |
polahe ||
3. Iya-iya yèn kongsi ngêbrok sirèku |
mêngkone |
nora wurung ngong wudani babar pisan |
gêmbunge ||
4. Ki Nuripin malêruk kêdhèp narithil |
ulate |
ah uwis thim yèn kêbrojolan têmênan |
têmahe ||
5. Dadi gawe mundhak muwuhi prêkara |
têmahe |
mêngko bae tak mangan manèh kang warêg |
enake ||
6. Tan dèn-êntèkakên pan kantun sakêdhik |
sisane |
Kulawirya ngling dingarèn nora êntèk |
sêgane ||
7. Matur mênçêp ah botên sampun atuwuk |
wêtênge |
yèn têlasa tan wande angsal sêngkala |
adate ||
8. Kulawirya gumuyu sarwi nudingi |
wuwuse |
landhêp têmên Nuripin wêruh sinêmon |

Jilid 8 - Kaca : 280

si Pothèt ||

9. Kang liningan rèngkod mengo sarwi wisuh |
tangane |
gya sininggahakên ajange sêdaya |
piringe ||
10. Wus luwaran kang samya mangan lorodan |
kabèhe |
Jayèngraga ngandika marang kang paman |
wuwuse ||
11. Lah suwawi paman sami salat Lohor |
sêdhênge |
ingkang paman nauri lah iya sêdhêng |
wêktune ||
12. Jayèngraga mèsêm-mèsêm mring kang paman |
wuwuse |
wawi bêdhèk kasupèn dèrèng jinabad |
yêktine ||
13. Ki Wirya ngling anjumbul o o lah iya |
kêlalèn |
ya ngong adus sadhela mêngko ngong-nusul |
mêngkone ||
14. Sigra gepak mring bëlumbang pambêbêngan |
iline |
sêrèwèhan saking dhawuhan sinidhat |
toyane ||
15. Inggang samya pinara-para tirtanya |
sêmchèh |
(n)jog ing blumbang pambêtêgane awiyar |
ombère ||
16. Pan ing riku pa-adusane ni randha |
sabêne |
kasukane sring asring bèbèk-bèbèkan |
adate ||
17. Asisiwo lan wong lanang nèng balumbang |
aramè |
sabên adus wor-wonor lanang lan wadon |
rusuhe ||
18. Têlung dhèmpèl patang dhèmpèl limang dhèmpèl |
dhangkoke |
apan dadi kabungahane ni randha |
karêpe ||
19. Kalawirya nulya dus anèng bêtêtangan |
kungume |

Jilid 8 - Kaca : 281

nyai randha nêng pawon gêrah arsa dus |
ge-age ||

20. Dasar wontên kang tutur yèn kenthol adus |
samangke |
bungah-bungah nguwuh payo Cêr mreneya |
dèn-age ||

21. Kang liningan gupuh nututi ni randha |
guyune |
kêlikikan dènyarsa adon asmara |
anèng we ||

504 Asmaradana

1. Ki Kulawirya tan uning |
mring ni randha praptanira |
lan Biyang Kacêr ge-age |
cucul tapih sarêng wuda |
(m)balêjêd bubukungan |
karone barêngan ambyur |
ring toya Ki Wirya kagyat ||

2. Sêdhadha jêrone warih |
ngabyag rêbatan anyandhak |
siji cêg guthul mêk konthol |
kenthol Kulawirya latah |
cinènèng ngering nganan |
rada (ng)guyu-(ng)guyu rêngu |
ing batine kami-gilan ||

3. Namur guyu ngling jro ati |
o Allah iki wong apa |
kaya mangkono polahe |
wong padha dubilah setan |
jawane ngong kêsasar |
ing laku rada kêpaung |
kalurung kalbèng loropan ||

4. Sêkala èngêt ing melik |
gampile ingkang tinêdha |
tyas binêtah-bêtahake |
ginujêg jinak gonjakan |
ni randha nyènèng ngarsa |
dinudut puthêr ngalelur |
sabab srêp kakum jro toya ||

5. Ni randha andhêdhêkati |
dèn-pakak-pakakkên wokan |
ingusêlakên ngalèlèh |
kur dumuk-dumuk kewala |
kewuhan tan kêlawan |
Ni Kacêr ngrangkul nêng pungkur |
susu nyunyunge gêpokan ||

6. Kanal-kanol anèng wuri |
 Kulawirya tanganira |
 mring wuri cêg nêkêm gêmbok |
 (m)bêdêdêng tangi guthulnya |
 ni randha bungah-bungah |
 i kenthol guthule mulur |
 wawi sablêsan kewala ||
7. Dêg-adêgan nèng jro warih |
 bokong boyoke Ki Wirya |
 rinakêtan pêmapane |
 ni randha ngrêngih turira |
 sampun lêrês wawi ta |
 nulya pinadal nêd blusuk |
 kèpêrêdan dening toya ||
8. Lagya nêm angrêgan mari |
 mungkrêd nglalêntroh lir lintah |
 ngling ah êmpun mangke malèh |
 misih slulub sibublungan |
 ni randha langkung cuwa |
 andadak wus dènya adus |
 ngasut nyamping sabuk dhêsthar ||
9. Laju ngambil toyastuti |
 nulya gupuh maring langgar |
 kang putra ngangkat parlune |
 kang paman laju sêmbahyang |
 makmum marang kang putra |
 wus paragat dènya wêktu |
 sêsalaman tata lênggah ||
10. Jayèngraga mèsêm angling |
 dene tan cancingan paman |
 kawalêdan ngorod-orod |
 punapa sababe paman |
 Ki Kulawirya nabda |
 sêpuluh wong wus kêbacut |
 ya mangsa sasèn-sasèna ||
11. Yèn rinasakkên wong iki |
 kèh tèmên durakanira |
 yèn ta aja-a kapêngkok |
 nora gêtun sêsandhingan |
 marang wong kêsurupan |
 durung tumon wong kadyèku |
 ngangah-angah kènèng tulaah ||
12. Jèngraga gumuyu angling |
 êng biyang puniku napa |
 dangdanan sampun kèlakon |
 inggih tinêmah kewala |
 bok sampun samudana |
 kang paman kluhuran wuwus |

Jilid 8 - Kaca : 282

mèsêm wêkasan alatah ||

13. Ya satêmêne kadyèki |
nanging rasane tyasingwang |
tan kuwat rong dina manèh |
munga sawêngi kewala |
binêtahkên pinêksa |
sesuk byar bae gya mundur |
minggat ywa nganggo pamitan ||
14. Kiye bakal mêngko bêngi |
jarene nganggo nayuban |
nêkak-nêkakên dhayoh |
manira tan pati rêna |
Jèngraga ris wuwusnya |
lah bok inggih kajêngipun |
kêdah-kêdahe piyambak ||
15. Ki Kulawirya nauri |
yèn ngandikan ring rakanta |
winastan ambandhang berod |
Jayèngraga mèsêm paman |
[---] |
mindhak (m)bêdhandho ing kalbu |
têkading rèh kêtanggungan ||
16. Tiyang sampun dèn-maklumi |
marang putranta kakangmas |
punapa ingkang rinaos |
Ki Kulawirya wus lêjar |
myarsa rêmbaging putra |
lah ya yèn mêngkono sokur |
yata kang anèng pandhapa ||
17. Ni randha mêmatah kardi |
parentah ring kaumira |
èh Duljaya dèn-agupoh |
sakèhe wong lanang-lanang |
mangsa bodhowa sira |
wong kang sêsambatan kudur |
kon-tarub (m)bladhadh pandhapa ||
18. Nyuruhana pra pêtinggi |
umbul bundhêl miwah dêmang |
manira nayuban gêdhèn |
padha aturana têka |
mêrene pra pêrapat |
sagêdhugane atimu |
lah wis andadaka karya ||
19. Kang liningan sigra rakit |
Duljaya pandheganira |
wong sêsambatan kumroyok |
têtarub (m)bladhadh pêndhapa |

Jilid 8 - Kaca : 283

ngirat pring ngambil blarak |
karya cagak pelagipun |
miwah wong ingkang dinuta ||

20. Tan dangu sêkala dadi |
bêrkat rinayap wong kathah |
agupruk lir wong mêmanton |
wong wadon kang olah-olah |
pan samya sêsambatan |
ni randha kawasani pun |
bisa andadak wong kathah ||
21. Bêrkat-bêrkate wong sugih |
sabarang karêpe dadya |
tan gêbutuh gawening wong |
ni randha ngling mring Duljaya |
mêngko sira nuduha |
undangên ronggèng si Madu |
kang sring dadya wirangrongan ||

505 Wirangrong

1. Duljaya ature inggih |
barang parentah linakon |
tan ana kuciwa sarwa rampung |
lir minangka patih |
pinitaya ing karya |
rinêngkuh wus kadya rayat ||
2. Ni randha lingira aris |
lah biyang Kacêr dèn-gupoh |
maringa ing langgar konên kondur |
kentholmu dèn-aglis |
ni Kacêr sigra mentar |
praptèng langgar aturira ||
3. Dhuh kenthol Kulawiryèki |
paduka ngaturan gupoh |
kang ngaturan mojar mring kang sunu |
lah payo dèn-aglis |
pinanggil marang wisma |
Jayèngraga mèsêm mojar ||
4. Kewala kula nèng ngriki |
prayogi paman kemawon |
mangke bakda Ngasar kula nusul |
Ki Wirya gya kering |
prapta anèng pandhapa |
ni randha Sêmbada turnya ||
5. Putra-(n)dika Jayèngragi |
punapa sagêd anggambiyong |
Ki Wirya anabda e lah temtu |
sagêd napa malih |
rêmêne ambêksa |

6. Yèn kemase lêkas ngibing |
moh èstri bokonge kêproh |
wong sarwa sêmbada dhasar de-gus |
bêsus aprak-ati |
nèng krajan Wanamarta |
sakêrsane tan kêpalang ||
7. Ni randha dèn-kêkandhani |
cas-cès ilêre narocos |
wahing agêbrèsan ngêlêd idu |
anyabe mrêkinding |
sisi angop klakêpan |
Ki Wirya gumuyu suka ||
8. Wicarèng tyas baya iki |
uwong nanging dudu uwong |
ambakna doyanan nora nyêbut |
kêranjangan iblis |
wus gêrang kêna ngènjang |
lanate ginawa modar ||
9. Tagihan lir wong madadi |
ngilêr brêbês-mili angop |
ni randha ris mojar kenthol bagus |
suwawi aguling |
kawula yèn tumingal |
mring kenthol tan betah towang ||
10. Mumpung kenthol sudi mampir |
mangsa yèn kêrsa-a andon |
wawi ta wawi ta kula bagus |
mêjên sangêt dening |
anuwun kakangênan |
Ki Wirya mèsêm ngandika ||
11. Dene wau la gèk uwis |
biyang bok darapon aso |
ni randha amêksa ngajak turu |
Ki Wirya anuruti |
gya masuk marang wisma |
tumamèng kobong kalihnya ||
12. Tan kongsi tata alinggih |
samyã wuda srewat-srewot |
ni randha cêg nyandhak guthulipun |
singok dèn-ambungi |
biyang Kacêr ingundang |
prapta lajêng winudanan ||
13. Tumut nguwêl nguli-uli |
ginêrayang alon-alon |
griming mrih (b)bêngkayang dèn-ciciyum |

nêd (m)bêdêdêng tangi |
ni randha bungah-bungah |
gya mêlumah amêkakah ||

14. Tiniyung kinèn ngakahi |
linantarakên ingothong |
Ki Wirya tyasira ragi sêngkut |
myat kang wuda sami |
manahira gambira |
tinamakakên blês ing wokan ||
15. Angathak ngêpok tan kari |
mêncêp cêp-cêp adu cocor |
nêlas polah tingkah yèn ngêlegur |
amalembang maring |
Biyang Kacêr sinunggar |
anutuk sadhengah-dhengah ||
16. Wus dangu dènnira untir |
eca nyèmplo dèn-kêrubut ro |
luwaran dènnira sami undhung |
Ki Kulawiryèki |
anggêledhag ngalèmprak |
lêsu tanpa bayu sayah ||

19 (Nyi randha Sêmbada parentah dhatêng Duljaya badhe ngawontênakên tayuban)
Nyi randha Sêmbada ing siyangipun sampun parentah dhatêng Duljaya supados siyaga badhe ngawontênakên tayuban ing dalunipun. Kadhawuhan ambladhadh pandhapi, ngundang ronggèng sarta ngaturi para lurah pêtinggi dêmang sakiwa-têngên ing Pulung. Sadaya sampun kalêksanan amargi katindakakên dening tiyang kathah.
Ing dalunipun Nyi Randha Sêmbada ngadi busana enggal, sinjang kêling golang-galing, kêmbên solok madukara tigas, sêngkang nata-brangta panunggul intên satunggal, gêlung munthil rinêngga sêkar rêroncèn, cundhuk cêpaka sakronipun, driji sadasa mawi sêsupe sadaya mripat intên mirah musthika sêtya ludira, kalung kacu kumbaya kusta, linggih ing gêlaran alus ngadhêp gêmبول mas, ngêntosi rawhipun kenthol Jayèngraga tuwin Kulawirya sarta tamu ingkang dipun aturi.
Kaca 285 - 286

Jilid 8 - Kaca : 285

505 Wirangrong

17. Ing wanci Ngasar wus akir |
èngêt waktu tangi gupoh |
ni randha abungah-bungah muwus |
wawi kenthol malih |
Ki Kulawirya (ng)grêsah |
niki sampun ngaya-aya ||
18. Lah wus namungna puniki |
kula wis êmbèk amopo |
ngling mèsêm ni randha o lah nuwun |
amêsthi yèn malih |
malah mangke gêjigan |

wêkas-wêkasan tinilar ||

19. Mangke kawula aturi |
sakêrsanta ing pêsangon |
Ki Wirya kewuhan wus pinupus |
sakarêp nuruti |
alon ing wuwusira |
(ng)gih mangke kantênanira ||
20. Saniki kularsa mijil |
wus akir kuwatir yèn pot |
sigra mring balumbang dènnya adus |
wus nulya mring masjid |
Jayèngraga wus bakda |
dènnya mocung wêktu Ngasar ||

506 Pocung

1. Nulya wêktu Ki Kulawirya kang kantun |
salat wêktu Ngasar |
rema kêbês dèn-udhêngi |
Jayèngraga gumuyu myat mring kang paman ||
2. Mêntas adus kêsusu dènnira wêktu |
toya sih dêrawas |
dèrèng atus angêbêsi |
wus antara pêragat dènnira salat ||
3. Tata lungguh Ki Wirya alon amuwus |
winor guyunira |
rada karirên sun iki |
Ki Nuripin mèsêm-mèsêm aturira ||
4. Kula wau makmum salat sarêng rukuk |
gigir kêtrocohan |
botên jawah anêlêsi |
Ki Wirya ngling ah Cêmpud (n)dadak anggarap ||
5. Sru gumuyu Jèngraga sarwi amuwus |
laha dene paman |
bok dèn-pasati rumiyin |
dados botên kathah ingkang katêlêsan ||
6. Naur wuwus ya bènêr nanging kêsusu |
nulya cucul dhêsthar |
pinêrês kinirap aglis |
jinungkatan ingêpuh malêm remanya ||
7. Mèsêm (ng)guyu Jèngraga angling gumuyu |
èh Ripin si paman |
mundhak nom sawanganèki |
patut lamun dèn-kedani ing warandha ||
8. Alon matur inggih saèstu binagus |
Jèngandika paman |
kaot lawan wingi-wingi |

ngore rema kadya Bambang Aswatama ||

9. Kang ginunggung anjumbul gumuyu sêndhu |
(n)dadak ngompak-ompak |
milu anggêdhêg si Baring |
yun sinabêt ing galar Nuripin mingkar ||
10. Sarwi muwus ah aku bae dèn-bubuh |
mandah pinoyoka |
maring wong kêpati-pati |
wong ginunggung prandene amara-tangan ||
11. Yata wau ing wanci wus surya surup |
wawi sêdhêng paman |
wus manjing wêktu Mahêrib |
samyawulu wuse gya Nuripin adan ||
12. Sawusipun sunat nulya ngangkat parlu |
ingkang dadya imam |
putranira Jayèngragi |
tan cinatur ing wêktu kang sami salat ||
13. Yata wau ni randha kang anèng tarub |
busana sarwa nyar |
sinjang kêling golang-galing |
akêkêmbên solok madukara tigas ||
14. Awida rum jênar gêbêgan amubru |
sêngkan nata-brangta |
apanunggul intên siji |
gêlung munthil rinèmbyong sêkar roncenan ||
15. Acucundhuk cêmpaka lawan ronnipun |
jariji sadasa |
kêbak dening ali-ali |
intên mirah musthika sêtya-ludira ||
16. Tikêl balung sêsêr lang-alang sêkarung |
amyang tanganira |
ni randha dènnya alinggih |
nèng klasa lus ngadhêp gembol lèr cêpuk mas ||
17. Kalung kacu kumbaya kusta lus wungu |
tinon sasrapatan |
ni randha mêtèndèr andungik |
ngling gumêndhèng gumêmbrang agandhang-gandhang ||
18. Èh sira Duljaya lèhira anuduh |
marang ing Bakungan |
ngundang si Madu apa wis |
matur inggih sampun wau sinusulan ||
19. Rare pitu nundha-nundha kang lumaku |
kang ngulêm-ngulêman |

Jilid 8 - Kaca : 286

samya saguh sadayèki |
lêrêsipun pun Madu wanci wus têka ||

20. Tan adangu ronggèng lan sapanjakipun |
krompyang-krompyang prapta |
Dul angling lah dene prapti |
ngriki-ngriki bokayu Madu cêlakan ||
21. Alon muwus ni randha iya dèn-maju |
gupuh kang liningan |
lungguh nèng ngarsane nyai |
angling (n)dadak susah anggawa gamêlan ||
22. Mung sirèku bae lawan niyagamu |
kene wong wus ana |
gamêlan gêdhe abêcik |
sakarêpmu tutug anjurudêmunga ||

